1ye janvye rive 31 desanm 2027

Prèv kouvèti asirans pou 2027:

Benefis ak sèvis pou sante w ak kouvèti asirans pou medikaman ou jwenn nan Medicare antanke manm AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)

Dokiman sa a bay detay sou kouvèti asirans Medicare w pou swen sante w ak medikaman w yo ant 1ye janvye ak 31 desanm 2027. **Se yon dokiman legal ki enpòtan. Sere l yon kote pou l rete an sekirite.**

Dokiman sa a esplike benefis ak dwa ou genyen yo. Itilize dokiman sa a pou konprann:

- Prim ki nan plan w lan ak depans pataje yo
- Benefis pou swen medikal ak benefis pou medikaman w yo
- Fason ou kapab depoze yon plent si w pa satisfè ak yon sèvis oswa ak yon tretman
- Fason pou kontakte nou
- Lòt pwoteksyon lwa Medicare yo bay

Si w gen kesyon sou dokiman sa a, rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711). Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Apèl sa a gratis.

Se AmeriHealth Caritas Florida, Inc. ki ofri plan sa a, sètadi AmeriHealth Caritas VIP Care (lè dokiman *Prèv kouvèti asirans* sa a di “nou,” li fè referans ak AmeriHealth Caritas Florida, Inc., epi lè li di “plan an” oswa “plan nou an,” li fè referans ak AmeriHealth Caritas VIP Care). Dokiman sa a disponib gratis nan lang panyòl ak kreyòl ayisyen.

ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al **1-833-467-3502 (TTY 711**) de lunes a viernes, de 8 a. m. a 8 p. m., del 1 de abril al 30 de Septiembre; o los siete días de la semana, de 8 a. m. a 8 p. m., del 1 de Octubre al 31 de marzo. La llamada es gratuita.

ATANSYON: Si w pale kreyòl, ou ka resevwa sèvis pou ede w nan lang pa w san w pa peye pou sa. Rele nan **1-833-467-3502 (TTY 711**) lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, ant 1ye avril ak 30 septanm, oswa sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, ant 1ye oktòb ak 31 mas. Apèl la gratis.

Ekip sèvis pou manm yo genyen sèvis entèprèt gratis ki disponib pou moun ki pa pale anglè yo (nimewo telefòn yo afiche nan do ti liv sa a).

Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo si w bezwen dokiman sa a nan yon lòt fòma, tankou gwo karaktè, ekriti bray oswa fòma odyo.

Benefis yo, franchiz yo ak/oswa ko-peman/ko-asirans yo ka chanje nan dat 1ye janvye 2028.

Fòmilè nou an, rezo famasi nou an ak/oswa rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an kapab chanje nenpòt lè. Si gen chanjman ki fèt ki ka afekte w, n ap fè w konn sa omwen 30 jou alavans.

H6378_002_128618_C_HCR

Apwobasyon OMB 0938-1051 (ekspirasyon: 31 jiyè 2029)

Lis sijè yo

CHAPIT 1: Kòmanse antanke manm 5

SEKSYON 1 Ou se yon manm AmeriHealth Caritas VIP Care 5
SEKSYON 2 Kondisyon pou kalifye pou plan an 6
SEKSYON 3 Sa pou w atann lè ou fèk enskri nan plan nou an 8
SEKSYON 4 Dokiman ki enpòtan pou manm yo 9
SEKSYON 5 Rezime sou pri ki enpòtan yo pou 2027 11
SEKSYON 6 Plis enfòmasyon sou prim plan mansyèl ou a 17
SEKSYON 7 Kenbe dosye w antanke manm plan nou an ajou 18
SEKSYON 8 Fason lòt asirans travay ak plan nou an 18

CHAPIT 2: Nimewo telefòn ak resous 21

SEKSYON 1 Moun ou ka kontakte nan AmeriHealth Caritas VIP Care 21
SEKSYON 2 Fason pou jwenn èd nan men Medicare 25
SEKSYON 3 Pwogram asistans pou asirans sante Eta a (SHIP) 26
SEKSYON 4 Òganizasyon amelyorasyon kalite (QIO) 27
SEKSYON 5 Sekirite sosyal 28
SEKSYON 6 Medicaid 28
SEKSYON 7 Pwogram ki ede moun peye pou medikaman sou preskripsyon yo 30
SEKSYON 8 Railroad Retirement Board (RRB) 34

CHAPIT 3: Fason pou itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri .. 35

SEKSYON 1 Fason pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis antanke manm plan nou an 35
SEKSYON 2 Itilize pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo plan nou an pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis 37
SEKSYON 3 Fason pou jwenn sèvis nan ka ijans, pandan yon katastwòf oswa lè ou bezwen swen rapid 41
SEKSYON 4 Kisa pou w fè si w jwenn yon fakti pou tout sa yon sèvis ki kouvri koute? 44
SEKSYON 5 Sèvis medikal nan yon etid rechèch klinik 44
SEKSYON 6 Règ pou jwenn swen nan yon enstitisyon sante relijye ki pa medikal 46

SEKSYON 7 Règ pou vin pwopriyetè ekipman medikal dirab yo 47

CHAPIT 4: Tablo sou benefis pou swen medikal yo (sa ki kouvri) 49

SEKSYON 1 Konprann sèvis ki kouvri yo 49

SEKSYON 2 Tablo sou benefis pou swen medikal yo montre ki benefis medikal ou jwenn ak kisa yo koute 50

SEKSYON 3 Sèvis ki kouvri deyò AmeriHealth Caritas VIP Care 95

SEKSYON 4 Sèvis ki pa kouvri nan plan nou an (esklizyon) 98

CHAPIT 5: Fason pou itilize kouvèti asirans plan an pou medikaman Pati D yo 101

SEKSYON 1 Règ debaz pou kouvèti asirans pou medikaman Pati D yo nan plan nou an 101

SEKSYON 2 Jwenn medikaman sou preskripsyon w yo nan yon famasi ki nan rezo a oswa atravè sèvis kòmann pa korespondans plan nou an 102

SEKSYON 3 Medikaman w yo dwe fè pati lis medikaman plan nou an..... 106

SEKSYON 4 Medikaman ki gen restriksyon kouvèti sou yo 108

SEKSYON 5 Sa ou kapab fè si youn nan medikaman w yo pa kouvri jan ou ta renmen pou l kouvri a..... 109

SEKSYON 6 Lis medikaman nou an kapab chanje pandan ane a 112

SEKSYON 7 Kalite medikaman nou pa kouvri yo..... 115

SEKSYON 8 Fason pou jwenn medikaman sou preskripsyon yo 116

SEKSYON 9 Kouvèti asirans pou medikaman Pati D yo nan kèk sitiyasyon espesyal..... 116

SEKSYON 10 Pwogram sou sekirite medikaman yo ak jesyon medikaman yo..... 117

CHAPIT 6: Sa ou peye pou medikaman Pati D yo 120

SEKSYON 1 Sa ou peye pou medikaman Pati D yo 120

SEKSYON 2 Etap peman pou medikaman yo pou manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo 122

SEKSYON 3 Dokiman w ki rele *Esplikasyon benefis Pati D* a esplike nan ki etap peman ou ye 123

SEKSYON 4 Pa gen franchiz pou AmeriHealth Caritas VIP Care 124

SEKSYON 5 Etap kouvèti inisyal la 125

SEKSYON 6 Etap kouvèti katastwofik la 133
SEKSYON 7 Sa ou peye pou vaksen Pati D yo 134

CHAPIT 7: Fason ou ka mande nou peye pati pa nou an nan yon fakti pou yon sèvis medikal oswa yon medikaman ki kouvri 136
SEKSYON 1 Sitiyasyon kote ou ta dwe mande nou peye pati pa nou an pou yon sèvis oswa yon medikaman ki kouvri 136
SEKSYON 2 Fason ou ka mande nou ranbouse w oswa peye yon fakti ou te resevwa 139
SEKSYON 3 Nou pral egzamine demann peman w lan epi nou pral reponn wi oswa non 140

CHAPIT 8: Dwa ak responsablite w yo 141
SECTION 1 Our plan must honor your rights and cultural sensitivities 141
SECCIÓN 1 Nuestro plan debe respetar sus derechos y consideraciones culturales como 142
SEKSYON 1 Plan nou an sipoze respekte dwa w yo ak sansibilite kiltirèl ou 143
SEKSYON 2 Responsablite w yo antanke manm plan nou an 149

CHAPIT 9: Si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti asirans lan, apèl ak plent) 151
SEKSYON 1 Sa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon bagay k ap trakase w 151
SEKSYON 2 Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon ak yon èd pèsonalize 152
SEKSYON 3 Ki pwosesis pou w itilize pou pwoblèm ou genyen an 153
SEKSYON 4 Fason pou jere yon pwoblèm ki konsène benefis Medicare w yo 154
SEKSYON 5 Yon gid sou desizyon sou kouvèti asirans yo apèl yo 154
SEKSYON 6 Swen medikal: Fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa fè apèl 158
SEKSYON 7 Medikaman Pati D yo: Fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa fè apèl 166
SEKSYON 8 Fason ou ka mande nou kouvri yon ospitalizasyon ki dire plis tan si w panse yo ba w egzeyat twò bonè 176
SEKSYON 9 Fason ou ka mande nou kontinye kouvri sèten sèvis medikal si w panse kouvèti asirans ou an kanpe twò bonè 181

SEKSYON 10 Fason pou voye apèl ou a nan nivo 3, 4 ak 5 yo 185

SEKSYON 11 Fason ou ka depoze yon plent sou kalite swen yo, kantite tan ou oblije tann nan, sèvis kliyan an oswa lòt bagay ki trakase w 188

SEKSYON 12 Fason pou jere yon pwoblèm ki konsène benefis Medicaid ou yo..... 192

CHAPIT 10: Fason pou soti nan plan nou an..... 193

SEKSYON 1 Fason pou soti nan plan nou an..... 193

SEKSYON 2 Kilè ou ka soti nan plan nou an? 193

SEKSYON 3 Fason pou soti nan plan nou an..... 197

SEKSYON 4 Ou dwe kontinye jwenn atik medikal ou yo, sèvis ou yo ak medikaman w yo atravè plan nou an jiskaske enskripsyon w kanpe..... 198

SEKSYON 5 AmeriHealth Caritas VIP Care dwe kanpe enskripsyon w nan plan nou an nan kèk sitiyasyon..... 198

CHAPIT 11: Avi legal..... 201

SEKSYON 1 Avi sou lwa ki aplikab yo 201

SEKSYON 2 Avi sou entèdiksyon diskriminasyon 201

SEKSYON 3 Avi sou dwa sibwogasyon peyè segondè Medicare yo..... 203

CHAPIT 12: Definisyon 204

CHAPIT 1:
Kòmanse antanke manm

SEKSYON 1 Ou se yon manm AmeriHealth Caritas VIP Care

Seksyon 1.1 Ou enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care, ki se yon plan Medicare pou moun ki gen bezwen espesyal

Ou asire ni nan Medicare ni nan Medicaid:

- **Medicare** se pwogram asirans sante federal la pou moun ki genyen 65 lane oswa plis, pou kèk moun ki poko gen 65 lane ki gen sèten andikap, epi pou moun ki gen maladi ren nan faz tèminal (ensifizans renal).
- **Medicaid** se yon pwogram gouvènman federal la jere ansanm ak Eta a pou ede moun ki pa touche anpil revni ak moun ki pa gen anpil resous yo peye pou depans medikal yo. Kouvèti Medicaid la pa menm nan tout Eta yo epi li depann de kalite pwogram Medicaid ou enskri nan li a. Kèk moun ki gen Medicaid jwenn èd pou peye pou prim Medicare yo ak lòt depans yo genyen. Epitou, gen lòt moun ki jwenn kouvèti pou sèvis ak medikaman Medicare pa kouvri.

Ou chwazi jwenn swen sante Medicare w yo ansanm ak kouvèti pou medikaman w lan atravè plan nou an, sètadi AmeriHealth Caritas VIP Care. Plan nou an kouvri tout sèvis ki nan Pati A ak Pati B. Sepandan, depans pataje yo ansanm ak pwofesyonèl ak etablisman sante ou ka jwenn sèvis nan men yo pa menm ak sa ki disponib nan Original Medicare.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan Medicare Advantage ki espesyalize (yon plan Medicare pou moun ki gen bezwen espesyal). Sa vle di benefis yo se benefis ki prepare pou moun ki bezwen swen sante espesyal. AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan pou moun ki gen Medicare e ki kalifye pou jwenn èd nan men Medicaid.

Etandone ou jwenn èd nan men Medicaid pou depans pataje Medicare Pati A ak Pati B a (franchiz, ko-peman ak ko-asirans), li posib pou w pa peye anyen pou sèvis Medicare w yo. Epitou, Medicaid bay lòt benefis paske li kouvri yon seri sèvis swen sante Medicare pa konn kouvri. Epitou, w ap jwenn yon èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou medikaman Medicare w yo. AmeriHealth Caritas VIP Care pral ede w jere tout benefis sa yo, konsa w ap jwenn sèvis swen sante ou kalifye pou yo ansanm ak èd ou sipoze jwenn nan pou peye pou sèvis sa yo.

Se yon konpayi prive ki jere AmeriHealth Caritas VIP Care. Menm jan ak tout plan Medicare Advantage yo, Medicare apwouve plan Medicare pou moun ki gen bezwen espesyal sa a. Epitou, plan nou an gen yon kontra avèk Ajans pou Administrasyon Swen Sante a nan Eta Florid la pou kowòdone benefis Medicaid ou yo. Nou kontan ba w kouvèti asirans Medicare w la, san wete kouvèti pou medikaman an.

Seksyon 1.2 Enfòmasyon legal sou dokiman *Prèv kouvèti asirans* lan

Dokiman *Prèv kouvèti asirans* sa a fè pati kontra nou pase avè w la sou fason AmeriHealth Caritas VIP Care kouvri swen w yo. Lòt bagay ki fè pati kontra sa a se fòm enskripsyon w, *lis medikaman ki kouvri yo* (fòmilè a) ak nenpòt avi ou jwenn nan men nou konsènan chanjman ki fèt nan kouvèti asirans ou an oswa nan kondisyon ki afekte kouvèti asirans ou an. Yon lòt non nou konn bay avi sa yo se *kondisyon siplemantè* oswa *modifikasyon*.

Kontra sa a anvigè pandan mwa ou enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care ant 1ye janvye 2027 ak 31 desanm 2027.

Medicare pèmèt nou pote chanjman nan plan ou ofri yo chak ane sivil. Sa vle di nou kapab chanje sa sèvis yo koute ak benefis ki nan AmeriHealth Caritas VIP Care yo apre 31 desanm 2027. Epitou, nou kapab chwazi pa ofri plan nou an ankò nan zòn sèvis ou a apre 31 desanm 2027.

Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo) dwe apwouve AmeriHealth Caritas VIP Care. Chak ane, ou kapab kontinye jwenn kouvèti asirans Medicare w la antanke manm plan nou an toutotan nou chwazi kontinye ofri plan nou an, depi Medicare ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante a nan Eta Florid la renouvle apwobasyon yo te bay plan nou an.

SEKSYON 2 Kondisyon pou kalifye pou plan an

Seksyon 2.1 Kondisyon pou kalifye

Ou kalifye pou enskri antanke manm plan nou an si w ranpli tout kondisyon sa yo:

- Ou genyen ni Pati A Medicare ni Pati B Medicare.
- Ou rete nan zòn sèvis jeyografik nou an (ki dekri nan seksyon 2.3). Moun ki nan prizon yo pa konsidere kòm moun ki rete nan zòn sèvis jeyografik nou an, menm si prizon yo a fè pati zòn sa a.
- Ou se yon sitwayen ameriken oswa sa yo rele yon "nasyonal" Etazini, oubyen ou se yon moun ki pa sitwayen ki kalifye.
- Ou ranpli kondisyon espesyal pou kalifye ki dekri anba yo.

Kondisyon espesyal pou kalifye pou plan nou an

Plan nou an se yon plan ki prepare pou satisfè bezwen moun ki jwenn sèten benefis Medicaid (Medicaid se yon pwogram gouvènman federal la jere ansanm ak Eta a pou ede moun ki pa touche anpil revni ak moun ki pa gen anpil resous yo peye pou depans medikal yo). Pou kalifye pou plan nou an, ou sipoze kalifye ni pou benefis Medicare yo ni pou benefis Medicaid yo.

Nòt: Si w vin pa kalifye ankò pou Medicaid nan Florid, men li rezonab pou w panse w ap vin kalifye ankò nan lespas sis mwa, ou toujou kalifye pou enskri nan plan nou an. W ap jwenn esplikasyon sou kouvèti asirans lan ak depans pataje yo pandan peryòd sa a nan chapit 4, seksyon 2.1.

Seksyon 2.2 Medicaid

Medicaid se yon pwogram gouvènman federal la jere ansanm ak Eta a pou ede moun ki pa touche anpil revni ak moun ki pa gen anpil resous yo peye pou depans medikal yo. Se chak Eta ki deside kisa ki konte kòm revni ak resous, kiyès ki kalifye, ki sèvis ki kouvri ak kisa sèvis yo koute. Epitou, Eta yo kapab deside ki fason y ap jere pwogram nan, depi yo respecte enstriksyon federal yo.

Mete sou sa, Medicaid ofri kèk pwogram pou ede moun yo peye pou depans yo fè pou Medicare, tankou prim Medicare yo. Pwogram ekonomi Medicare sa yo (Medicare Savings Programs) ede moun ki pa gen anpil revni ak resous yo depanse mwens chak ane:

- **Qualified Medicare Beneficiary (QMB+):** Ede moun yo peye pou prim Pati A ak Pati B Medicare yo, ansanm ak lòt depans pataje (tankou franchiz yo, ko-asirans lan ak ko-peman yo). Epitou, gen moun ki gen QMB+ ki kalifye pou benefis Medicaid konplè yo (QMB+).
- **Specified Low-Income Medicare Beneficiary Plus (SLMB+):** Li ede moun yo peye pou prim Pati B yo. Moun ki gen SLMB+ yo kalifye pou benefis Medicaid konplè yo.
- **Full Benefit Dual Eligible (FBDE):** Moun sa yo kalifye pou Pati A ak/oswa Pati B Medicare a, epi yo kalifye pou benefis Medicaid konplè yo, men yo pa fè pati gwoup QMB a ni gwoup SLMB a.

Seksyon 2.3 Zòn sèvis plan an pou AmeriHealth Caritas VIP Care

AmeriHealth Caritas VIP Care disponib sèlman pou moun ki rete nan zòn sèvis plan nou an. Pou rete enskri antanke manm plan nou an, ou dwe kontinye abite nan zòn sèvis plan nou an. Zòn sèvis la dekri anba a.

Zòn sèvis nou an genyen konte sa yo ladan l nan Eta Florid: Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole.

Si w gen entansyon demenaje nan yon lòt Eta, ou ta dwe kontakte biwo Medicaid Eta w la pou mande kijan demenajman sa a pral afekte benefis Medicaid ou yo. W ap jwenn nimewo telefòn Medicaid yo nan chapit 2, seksyon 6 dokiman sa a.

Si w demenaje deyò zòn sèvis plan nou an, ou pa p ka rete nan plan sa a. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou konnen si nou gen yon plan nan zòn ou prale a. Lè ou demenaje, nou genyen yon peryòd enskripsyon espesyal ki pèmèt ou antre nan Original Medicare oswa enskri nan yon plan sante oswa nan yon plan medikaman Medicare nan zòn kote ou prale a.

Epitou, si w demenaje oswa si w chanje adrès postal ou, li enpòtan pou w kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal la. Rele Administrasyon Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-800-325-0778).

Seksyon 2.4 Sitwayen ameriken, "nasyonal" Etazini oswa moun ki pa sitwayen ki kalifye

Ou dwe yon sitwayen ameriken oswa sa yo rele yon "nasyonal" Etazini, oubyen ou dwe yon moun ki pa sitwayen ki kalifye, pou w ka vin manm yon plan sante Medicare. Si w pa kalifye pou rete nan plan nou an pou rezon sa a, Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo) pral fè AmeriHealth Caritas VIP Care konn sa. AmeriHealth Caritas VIP Care oblije retire w nan plan an si w pa ranpli kondisyon sa a.

SEKSYON 3 Sa pou w atann lè ou fèk enskri nan plan nou an

Seksyon 3.1 Evalyasyon risk pou sante a

Lè ou fèk enskri nan plan nou an, ou jwenn yon evalyasyon risk pou sante a (Health Risk Assessment, HRA) nan lespas 90 jou apre dat enskripsyon w antre anvigè a.

Nou dwe fè yon HRA pou ou. HRA a ap pèmèt nou prepare plan swen w lan. HRA a gen kesyon pou ede nou konprann yon seri faktè ki gen rapò ak swen medikal ou yo, sante konpòtmantal ou, fason w ap viv la, antesedan medikal fanmi w, detèminan sosyal sante w ak bezwen fonksyonèl ou yo.

Nou pral kontakte w pou fè HRA a. Ekip sèvis pou manm yo gendwa rele w pou fè HRA w la avè w nan telefòn, ou ka mande pou ekip sèvis pou manm yo voye yon kopi sou fòma papye pa lapòs, oubyen ou kapab jwenn li sou sitwèb plan nou an. Nou pral voye plis enfòmasyon sou HRA sa a ba w. Apre sa, nou pral kontakte w chak ane pou jwenn plis enfòmasyon pou konnen si bezwen w yo chanje.

Seksyon 3.2 Ekip swen an ak plan swen an

Yon ekip swen ka ede w jwenn swen ou bezwen yo. Yon ekip swen ka gen ladan l doktè w, yon kowòdinatè swen, espesyalis ki konn trete w yo oswa lòt pwofesyonèl sante ou chwazi.

Ou travay avèk yon ekip swen pou prepare yon plan swen ki pran sa ou pi pito an konsiderasyon. Yon plan swen fè ni ou menm ni doktè w yo ak lòt pwofesyonèl sante w yo konnen ki sèvis ou bezwen ak ki fason ou ka jwenn yo. Li gen ladan l sèvis medikal ou yo, sèvis sante konpòtmantal ou yo, avèk sèvis ak sipò alontèm (Long-Term Services and Supports, LTSS) oswa lòt sèvis ou bezwen.

Plan swen w lan gen bagay sa yo ladan l:

- objektif ou yo nan domèn swen sante ak prioyotite w yo pou objektif sa yo,
- sa ou pi pito an rapò avèk swen sante pèsonèl ou yo,
- deskripsyon sèvis ou yo ak peryòd tan pou w jwenn sèvis sa yo,
- wòl moun ki pran swen w lan, si sa nesesè,
- deskripsyon pwoblèm ou genyen yo, objektif ou yo ak entèvansyon w yo,
- pwogrè ou fè pou atenn objektif ou yo, ak
- planifikasyon swen w yo pou kontinuite swen yo, pou tranzisyon swen yo, elatriye.

Ekip swen w lan pral reyini avè w apre ou fè HRA w la. Li pral poze w kesyon sou sèvis ou bezwen yo. Epitou, li pral sijere w kèk sèvis ou ka anvizaje jwenn. Ekip swen w lan travay avè w pou mete plan swen w lan ajou omwen yon fwa chak ane oswa chak fwa sa nesesè si eta sante w chanje.

SEKSYON 4 Dokiman ki enpòtan pou manm yo

Seksyon 4.1 Kat manm plan nou an

Itilize kat manm ou an chak fwa ou jwenn sèvis plan nou an kouvri oswa chak fwa ou jwenn medikaman sou preskripsyon nan yon famasi ki nan rezo a. Epitou, ou ta dwe montre pwofesyonèl sante w kat Medicaid ou a. Egzanp yon kat manm:



PA itilize kat Medicare w la (kat ki wouj, blan ak ble a) pou jwenn sèvis medikal ki kouvri pandan ou yon manm plan sa a. Si w itilize kat Medicare w la olye ou itilize kat manm AmeriHealth Caritas VIP Care w la, ou ka gen pou peye tout sa sèvis medikal yo koute ak lajan pa w. Sere kat Medicare w la yon kote l ap ka rete an sekirite. Yo gendwa mande w montre kat la si w bezwen sèvis lopital, sèvis ospis oswa si w patisipe nan yon etid rechèch klinik Medicare apwouve (sètadi nan yon esè klinik).

Si kat manm plan nou an domaje, si w pèdi l oswa si yo vòlè l nan men w, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) tousuit epi n ap voye yon nouvo kat ba w.

Seksyon 4.2 Lis pwofesyonèl ak etablisman sante

Lis pwofesyonèl ak etablisman sante a (www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/find-provider) bay tout pwofesyonèl ak etablisman sante ak founisè ekipman medikal dirab ki nan rezo nou an kounye a. **Pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a** se doktè ak lòt pwofesyonèl sante, gwoup medikal, founisè ekipman medikal dirab, lopital ak lòt etablisman sante ki pase yon kontra avèk nou pou aksepte peman nan men nou e pou aksepte nenpòt depans pataje ki nan plan an kòm peman konplè.

Se pou w itilize pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a pou jwenn swen medikal ak sèvis ou bezwen yo. Si w ale yon lòt kote san w pa jwenn yon otorizasyon pou sa, w ap gen pou peye pou tout sa sèvis yo koute. Sèl eksepsyon an se nan ka ijans, lè ou bezwen sèvis rapid epi rezo a pa disponib (sètadi nan sitiyasyon kote li pa rezonab oswa li pa posib pou jwenn sèvis nan rezo a), lè ou bezwen sèvis dyaliz deyò zòn nou an ak nan ka kote AmeriHealth Caritas VIP Care otorize w pou w itilize yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo a.

W ap jwenn dènye lis pwofesyonèl ak etablisman sante ak founisè nou an sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.

Si w pa gen yon *lis pwofesyonèl ak etablisman sante*, ou kapab rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou mande yon kopi (sou fòma elektwonik oswa sou fòma papye). Si w mande yon kopi *lis pwofesyonèl ak etablisman sante* a sou fòma papye, n ap voye l ba w nan lespas twa jou ouvrab.

Seksyon 4.3 Lis famasi

Lis famasi a (www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy) bay famasi ki nan rezo nou an. Famasi ki nan rezo a se famasi ki dakò prepare medikaman sou preskripsyon pou manm plan nou yo. Sèvi ak *lis famasi* a pou jwenn yon famasi ou vle itilize nan rezo a. Ale nan chapit 5, seksyon 2.5, pou konnen nan ki sitiyasyon ou kapab sèvi ak famasi ki pa fè pati rezo plan nou an.

Si w pa gen yon *lis famasi*, ou kapab rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou mande yon kopi. Osinon, ou ka jwenn li sou sitwèb nou an sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.

Seksyon 4.4 Lis medikaman (fòmilè)

Plan nou an gen yon *lis medikaman ki kouvri* (ki konn rele lis medikaman oswa fòmilè). Li fè w konnen ki medikaman sou preskripsyon ki kouvri anba benefis Pati D a nan AmeriHealth Caritas VIP Care. Se plan nou an ki chwazi medikaman ki sou lis sa a avèk èd plizyè doktè ak famasyen. Lis medikaman an ranpli tout kondisyon Medicare tabli yo. Medikaman ki nan pwogram negosyasyon pri medikaman Medicare a ap fè pati lis medikaman w lan, sof si nou retire yo epi nou ranplase yo jan sa esplike nan chapit 5, seksyon 6. Medicare te apwouve lis medikaman AmeriHealth Caritas VIP Care a.

Epitou, lis medikaman an fè w konnen si gen nenpòt règ ki limite kouvèti asirans lan pou yon medikaman.

N ap remèt ou yon kopi lis medikaman an. Pou jwenn enfòmasyon ki konplè e ki ajou sou medikaman ki kouvri yo, ale sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/prescription-drug-benefits oswa rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

SEKSYON 5 Rezime sou pri ki enpòtan yo pou 2027

	Depans ou yo an 2027
Prim ou peye chak mwa pou plan an*	**$0**

	Depans ou yo an 2027
* Prim ou an gendwa pi wo pase montan sa a. Ale nan seksyon 5.1 pou jwenn detay.	
Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a Se maksimòm w ap peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou sèvis Pati A ak B ki kouvri yo. (Ale nan chapit 4, seksyon 1, pou jwenn detay.)	**$9,850** **Ou pa gen pou fè okenn depans ak lajan ki soti nan pòch ou pou rive nan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.**
Vizit kay pwofesyonèl sante prensipal la	**Ko-peman $0 pou chak vizit**
Vizit kay espesyalis	**Ko-peman $0 pou chak vizit**
Sejou lopital Sa gen ladan l diferan kalite sèvis lopital pou pasyan ki entène, tankou swen egi, reyabilitasyon ak swen alontèm. Yon sejou lopital kòmanse nan jou yo entène w ofisyèlman pa mwayen yon preskripsyon doktè epi li fini nan jou yo ba w egzeyat la.	**Ko-peman $0 pou chak sejou**
Kouvèti asirans pou medikaman Pati D (Ale nan chapit 6 pou jwenn detay, pa egzanp sou franchiz pou ane a, etap kouvèti inisyal la ak etap kouvèti katastwofik la.)	**Ko-peman/Ko-asirans pandan etap kouvèti inisyal la:** **Si w kalifye pou èd siplemantè a (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo, ou peye:** **Pou medikaman jenerik ki kouvri yo (san wete medikaman mak ki trete kòm medikaman jenerik): yon ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80**

	Depans ou yo an 2027
	Tout lòt medikaman yo: yon ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40 **Si w <u>pa kalifye pou èd siplemantè a (Extra Help)</u> nan men Medicare pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo, ou peye:** **Medikaman nivo 1 – Medikaman jenerik ki prefere: Ko-peman $0** **Medikaman nivo 2 – Medikaman jenerik: Ko-peman $0 pou yon kantite medikaman ki dire 30 jou** **Medikaman nivo 3 – Medikaman mak ki prefere: 11% nan pri total la** ***(ou pa peye plis pase $35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a)*** **Medikaman nivo 4 – Medikaman ki pa prefere: 25% nan pri total la** ***(ou pa peye plis pase $35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a)*** **Medikaman nivo 5 – Medikaman espesyalize: 33% nan pri total la** ***(ou pa peye plis pase $35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a)*** **Medikaman nivo 50 – Medikaman ki pa nan Pati D: Ko-peman $0** **Depans pataje a depann de kantite èd siplemantè (Extra Help) ou resevwa a. Si w kalifye pou èd siplemantè a (Extra Help), ou peye ko-peman yo aplike nan èd siplemantè a oswa pri ki koresponn ak nivo medikaman an, si pri sa a mwens.**

	Depans ou yo an 2027
	Etap kouvèti katastwofik la: **Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri w yo.**

Depans ou yo ka gen bagay sa yo ladan yo tou:

- Prim plan an (seksyon 5.1)
- Prim Pati B Medicare ou gen pou peye chak mwa a (seksyon 5.2)
- Penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D (seksyon 5.3)
- Montan ajisteman mansyèl ki gen rapò ak revni a (seksyon 5.4)
- Montan nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a (seksyon 5.5)

Seksyon 5.1 Prim plan an

Ou pa peye yon prim plan mansyèl ki separe pou AmeriHealth Caritas VIP Care.

Seksyon 5.2 Prim Pati B Medicare mansyèl

Gen kèk manm ki gen pou peye lòt prim Medicare. Jan sa esplike nan seksyon 2 anwo a, pou kalifye pou plan nou an, ou dwe toujou kalifye ni pou Medicaid ni pou Pati A ak Pati B Medicare. Pou pifò manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo, Medicaid peye pou prim Pati A w la (si w pa kalifye pou li otomatikman) ak prim Pati B w la.

Si Medicaid pa peye prim Medicare w yo pou ou, se pou w kontinye peye pou prim Medicare w yo pou rete nan plan nou an. Sa gen ladan l prim ou pou Pati B. Epitou, ou ka gen pou peye yon prim pou Pati A si w pa kalifye pou jwenn Pati A san prim.

Seksyon 5.3 Penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D

Etandone ou kalifye pou de pwogram yo, penalite pou enskripsyon anreta a pa aplike, depi ou toujou kalifye pou de pwogram yo. Sepandan, si w vin pa kalifye pou de pwogram yo ankò, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta. Penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D a se yon prim siplemantè ou gen pou peye pou kouvèti asirans Pati D a si w te rete san w pa t enskri nan Pati D oswa nan yon lòt kouvèti asirans pou medikaman ki kreditab pandan yon peryòd 63 jou suivi oswa plis apre peryòd enskripsyon inisyal ou a te fini. Yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kreditab se yon kouvèti asirans ki respekte nòm minimòm Medicare a lefètke li sipoze peye an mwayèn yon kantite kòb ki omwen egal ak kouvèti asirans estanda Medicare a. Montan penalite pou enskripsyon anreta

a depann de kantite tan ou te rete san w pa t enskri nan Pati D oswa nan yon lòt kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kreditab. Anjeneral, w ap gen pou peye penalite sa a pou tout tan ou gen kouvèti asirans Pati D a.

Ou **pa** gen pou peye penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D a si:

- Ou jwenn èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou medikaman w yo.
- Ou te fè mwens pase 63 jou suivi san w pa t gen Pati D oswa yon kouvèti asirans ki kreditab.
- Ou te gen yon kouvèti asirans pou medikaman ki kreditab atravè yon lòt sous (tankou yon ansyen anplwayè, yon sendika, TRICARE oswa Veterans Health Administration nan (VA)). Chak ane, konpayi asirans ou an oswa depatman resous imen konpayi w la pral fè w konnen si kouvèti asirans pou medikaman ou genyen an se yon kouvèti asirans ki kreditab. Ou gendwa jwenn enfòmasyon sa a nan yon lèt oswa nan yon fich enfòmasyon ou resevwa nan men plan sa a. Kenbe enfòmasyon sa a paske ou ka bezwen l si w enskri nan yon plan pou medikaman Medicare pi devan.
    - **Nòt:** Nenpòt lèt oswa avi ou resevwa dwe presize ou te gen yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kreditab ki sipoze peye menm kantite ak sa yon plan pou medikaman estanda Medicare peye.
    - **Nòt:** Kat rabè pou medikaman sou preskripsyon yo, klinik gratis yo ak sitwèb ki bay rabè sou medikaman yo pa konsidere kòm yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kreditab.

Medicare detèmine kantite kòb ou gen pou peye kòm penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D. Men fason li fonksyone:

- Dabò, konte kantite mwa konplè ou anreta pou enskri nan yon plan pou medikaman Medicare apre ou te vin kalifye pou enskri. Osinon, konte kantite mwa konplè ou pa t gen yon kouvèti asirans pou medikaman ki kreditab, si peryòd sa a te dire 63 jou oswa plis.
- Apre sa, Medicare detèmine montan mwayen an pou prim plan mansyèl la pou plan pou medikaman Medicare nan peyi a selon sa ki te disponib nan ane pase a (sa ki rele prim pou benefisyè debaz nasyonal la). Pou 2027, montan mwayen prim sa a se te $41.33.
- Pou kalkile penalite mansyèl la, Medicare miltipliye kantite mwa ou te fè san w pa t kouvri a (pousantaj penalite a) pa 1% nan prim pou benefisyè debaz nasyonal la epi li awondi montan sa a nan 10 santim ki pi pre yo. Pa egzanp, si w te fè 14 mwa san w pa t gen Pati D oswa yon lòt kouvèti asirans ki kreditab, penalite a se t ap 14% miltiplye pa $41.33, ki bay yon total $5.78. Apre ou awondi chif sa a, li ba w $5.80. Montan sa a t ap

ajoute **nan prim ou peye chak mwa pou plan an si w gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D a**.

Genyen twa bagay ki enpòtan pou konnen sou penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D ou gen pou peye chak mwa a:

- **Penalite a ka chanje chak ane** paske prim pou benefisyè debaz nasyonal la ka chanje chak ane.
- **Anjeneral, w ap kontinye peye yon penalite** chak mwa toutotan ou enskri nan yon plan ki gen benefis pou medikaman nan Pati D Medicare a, menm si w chanje plan.
- Si w *poko* gen 65 lane epi ou enskri nan Medicare, penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D a ap kalkile yon lòt fason lè ou rive nan laj 65 lane. Lè ou rive nan laj 65 lane, penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D w la pral kalkile sèlman selon kantite mwa ou pa t gen yon kouvèti asirans apre peryòd enskripsyon inisyal ou a lè ou te vin gen laj ki pèmèt ou kalifye pou Medicare.

Si w pa dakò ak penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D w la, ou menm oswa reprezantan w kapab mande yon rekonsiderasyon (fè apèl) pou penalite a. Se yon òganizasyon egzamen endepandan ki pa afilye avèk nou ki mennen pwosesis rekonsiderasyon sa a. Anjeneral, se pou w mande egzamen sa a **nan lespas 60 jou** apre dat ki sou premye lèt ki fè w konnen ou gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta. Sepandan, si w t ap peye yon penalite deja anvan ou te enskri nan plan nou an, anjeneral, ou pa p gen yon lòt posiblite pou mande yon rekonsiderasyon penalite pou enskripsyon anreta sa a.

Seksyon 5.4 Montan ajisteman mansyèl ki gen rapò ak revni a

Si w vin pa kalifye pou plan sa a ankò poutèt revni w chanje, ou ka oblije peye yon kòb anplis pou plan Medicare w la. Kòb sa a rele montan ajisteman mansyèl ki gen rapò ak revni a (Income Related Monthly Adjustment Amount, IRMAA). Montan siplemantè sa a kalkile apati revni brit ki ajiste e ki modifye w la, jan li rapòte sou deklarasyon enpo ou te voye bay IRS la sa gen 2 lane. Si montan sa a depase yon montan yo gentan defini, w ap peye montan prim estanda a ansanm ak IRMAA siplemantè a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou montan siplemantè ou ka gen pou peye selon revni w, ale sou Medicare.gov/health-drug-plans/part-d/basics/costs.

Si w gen pou peye yon IRMAA siplemantè, Administrasyon Sekirite Sosyal la pral voye yon lèt ba w pou fè w konnen kisa montan siplemantè sa a ye. Se pa plan Medicare w la ki pral voye lèt sa a ba w. Yo pral retire montan siplemantè sa a sou benefis sekirite sosyal ou, sou benefis Railroad Retirement Board ou oswa sou benefis Office of Personnel Management ou, kèlkeswa fason ou konn peye prim plan w lan, sof si benefis mansyèl ou a pa ase pa kouvri montan siplemantè ou sipoze peye a. Si benefis ou a pa ase pou kouvri montan siplemantè a, w ap jwenn yon fakti nan men Medicare. **Ou dwe peye IRMAA siplemantè a bay gouvènman**

an. Ou pa ka peye l ansanm ak prim ou peye chak mwa pou plan an. Si w pa peye IRMAA siplemantè a, w ap soti nan plan nou an epi ou pa p gen kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ankò.

Si w pa dakò pou peye yon IRMAA siplemantè, ou ka mande Administrasyon Sekirite Sosyal la egzamine desizyon an. Pou konprann pwosesis sa a, rele Administrasyon Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-800-325-0778).

Seksyon 5.5 Montan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a

Si w patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a, w ap peye prim plan mansyèl ou a (si w gen youn) epi w ap resevwa yon fakti nan men plan sante w la oswa nan men plan pou medikaman w lan pou medikaman sou preskripsyon w yo (olye ou peye famasi a dirèkteman). Fakti mansyèl ou a pran sa ou dwe pou medikaman sou preskripsyon ou resevwa yo, li ajoute kòb ou te toujou dwe pou mwa anvan an, epi li divize total la pa kantite mwa ki rete nan ane a.

Chapit 2, seksyon 7 bay plis esplikasyon sou plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a. Si w pa dakò ak montan ki faktire a nan kad opsyon peman sa a, ou kapab suiv etap ki nan chapit 9 la pou depoze yon plent oswa pou fè apèl.

SEKSYON 6 Plis enfòmasyon sou prim plan mansyèl ou a

Seksyon 6.1 Prim plan mansyèl ou a pa p chanje pandan ane a

Nou pa gen dwa pou n chanje montan prim plan mansyèl nou an pandan ane a. Si prim plan mansyèl la chanje nan ane ki vin apre a, n ap fè w konn sa nan mwa septanm epi nouvo prim nan ap antre anvigè nan dat 1ye janvye.

Sepandan, nan kèk ka, ou ka gen posiblite sispann peye yon penalite pou enskripsyon anreta, si w dwe peye youn, oswa ou ka gen pou kòmanse peye yon penalite pou enskripsyon anreta.

- Si w pèdi èd siplemantè w (Extra Help), ou ka gen pou peye penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D a si w soti nan plan w lan epi ou fè 63 jou suivi oswa plis san w pa gen Pati D oswa yon lòt kouvèti asirans ki kreditab.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou èd siplemantè a (Extra Help) nan chapit 2, seksyon 7.

SEKSYON 7 Kenbe dosye w antanke manm plan nou an ajou

Dosye w antanke manm genyen enfòmasyon ki soti nan fòm enskripsyon w l an, san wete adrès ou ak nimewo telefòn ou. Li montre sa plan w lan kouvri, san wete pwofesyonèl sante prensipal ou a.

Doktè, lopital, famasyen ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezon plan nou an **sèvi ak dosye w antanke manm pou konnen ki sèvis ak medikaman ki kouvri ak ki montan ou sipoze peye kòm depans pataje**. Se pou rezon sa a li enpòtan anpil pou w ede nou kenbe enfòmasyon sa yo ajou.

Si nenpòt nan enfòmasyon ki vin annapre yo chanje, fè nou konn sa:

- Chanjman nan non w, adrès ou oswa nimewo telefòn ou
- Chanjman nan lòt kouvèti asirans sante ou genyen (tankou sa ou jwenn nan men anplwayè w, anplwayè konjwen w oswa anplwayè patnè w, nan asirans aksidan nan travay, oswa nan Medicaid)
- Nenpòt demann dedomajman, tankou sa ki fèt pou lè gen yon aksidan machin
- Si yo entène w nan yon mezon retrèt
- Si w jwenn swen deyò zòn nou an oswa nan yon lopital oswa nan yon sal dijans ki pa fè pati rezo a
- Si moun ki reponsab ou deziyen an (tankou moun k ap pran swen w lan) chanje
- Si w patisipe nan yon etid rechèch klinik (**nòt**: ou pa oblije fè plan nou an konnen si w gen entansyon patisipe nan yon etid rechèch klinik, men nou ankouraje w fè sa)

Si nenpòt nan enfòmasyon sa yo chanje, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou fè nou konn sa.

Li enpòtan pou kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal la si w demenaje oswa si adrès postal ou chanje. Rele Administrasyon Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-800-325-0778).

SEKSYON 8 Fason lòt asirans travay ak plan nou an

Medicare egzije pou n ranmase enfòmasyon sou nenpòt lòt kouvèti asirans pou swen medikal oswa pou medikaman ou genyen pou nou ka kowòdone lòt kouvèti asirans sa a ak benefis ou jwenn yo nan plan nou an. Sa rele **kowòdinasyon benefis**.

Yon fwa chak ane, nou voye yon lèt ba w ki mansyone nenpòt lòt kouvèti asirans pou swen medikal oswa pou medikaman nou okouran de li. Li enfòmasyon nou voye yo avèk anpil atansyon. Si yo kòrèk, ou pa bezwen fè anyen. Si enfòmasyon yo pa kòrèk oswa si w gen yon lòt kouvèti asirans ki pa mansyone, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun

ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**). Ou ka gen pou bay lòt konpayi asirans ou yo nimewo idantifikasyon manm ou nan plan nou an (yon fwa ou te ou konfime idantite yo) pou fakti w yo ka peye kòmsadwa nan lè yo sipoze peye a.

Lè ou gen yon lòt asirans (tankou yon kouvèti asirans sante kolektif atravè anplwayè w), se règ Medicare tabli yo ki pèmèt nou detèmine si sa plan nou an oswa lòt konpayi asirans lan k ap peye an premye. Konpayi asirans ki peye an premye a ("peyè primè" a) peye jiskaske li rive nan limit kouvèti asirans li an. Konpayi asirans ki peye an dezyèm nan ("peyè segondè" a) peye sèlman si gen depans ki rete apre konpayi asirans primè a fin peye pati pa l la. Peyè segondè a gendwa pa peye pou tout depans ki pa kouvri yo. Si w gen yon lòt asirans, fè doktè w, lopital ou ak famasi w konn sa.

Règ sa yo aplike pou yon kouvèti asirans atravè yon plan sante kolektif ou jwenn nan men yon anplwayè oswa yon sendika:

- Si w gen yon kouvèti asirans pou moun ki retrete, se Medicare ki peye an premye.
- Si w te jwenn yon kouvèti asirans nan yon plan sante kolektif atravè anplwayè w oswa atravè anplwayè yon manm fanmi w, konpayi ki peye an premye a depann de laj ou, kantite moun k ap travay pou anplwayè w la ak sitiyasyon w si w gen Medicaire akòz laj ou, akòz yon andikap oswa poutèt ou gen yon maladi ren nan faz tèminal (End-Stage Renal Disease, ESRD):
    - Si w poko gen 65 lane, ou andikape epi ou menm (oswa manm fanmi w lan) toujou ap travay, plan sante kolektif ou a peye dabò si anplwayè w genyen 100 anplwaye oswa plis oswa si gen omwen yon anplwayè ki gen plis pase 100 anplwaye nan yon plan sante ki gen plizyè anplwayè ladan l.
    - Si w gen plis pase 65 lane epi ou menm (oswa konjwen w oswa patnè w) toujou ap travay, plan sante kolektif ou a peye dabò si anplwayè w genyen 20 anplwaye oswa plis oswa si gen omwen yon anplwayè ki gen plis pase 20 anplwaye nan yon plan sante ki gen plizyè anplwayè ladan l.
- Si w gen Medicare paske ou gen ESRD, se plan sante kolektif ou a ki peye dabò pou 30 premye mwa apre ou vin kalifye pou Medicare.

Anjeneral, se kalite kouvèti asirans sa yo peye ki peye an premye pou sèvis ki gen rapò ak chak nan yo:

- Asirans ki pa pran an konsiderasyon kiyès ki gen tò (san wete asirans machin)
- Asirans responsablite sivil (san wete asirans machin)
- Benefis nan pwogram Black Lung lan
- Asirans aksidan nan travay

Medicaid ak TRICARE pa janm peye an premye pou sèvis Medicare kouvri yo. Yo peye sèlman apre Medicare ak/oswa plan sante kolektif anplwayè yo gentan peye.

CHAPIT 2:
Nimewo telefòn ak resous

SEKSYON 1 Moun ou ka kontakte nan AmeriHealth Caritas VIP Care

Pou jwenn èd pou demann ranbousman yo ak fakti yo, oswa si w gen kesyon sou kat manm ou an, rele oswa ekri ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo. N ap byen kontan ede w.

Ekip sèvis pou manm yo – Kowòdone	
Rele	**1-833-467-3502** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ekip sèvis pou manm yo (**1-833-467-3502**, epi moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) genyen sèvis entèprèt nan lòt lang ki gratis pou moun ki pa pale anglè yo.
TTY	**711** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
Faks	**1-833-381-7150**
Ekri	AmeriHealth Caritas VIP Care Member Services P.O. Box 7151 London, KY 40742-7151
Sitwèb	www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti asirans lan oswa fason pou fè apèl pou swen medikal ou yo ak medikaman sou preskripsyon Pati D w yo

Yon desizyon sou kouvèti asirans lan se yon desizyon nou pran konsènan benefis ou yo ak kouvèti asirans ou an, oswa sou montan nou peye pou sèvis medikal ou yo oswa pou medikaman Pati D w yo. Yon apèl se yon demann fòmèl ou voye ban nou pou egzamine epi chanje yon desizyon nou te pran sou kouvèti asirans lan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou kapab mande yon desizyon sou kouvèti asirans lan oswa sou fason ou kapab fè apèl pou swen medikal ou yo oswa pou medikaman Pati D w yo, konsilte chapit 9 la.

Desizyon sou kouvèti asirans lan ak apèl pou swen medikal yo oswa pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo – Kowòdone	
Rele	**1-833-467-3502** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
TTY	**711** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
Faks	**Desizyon sou kouvèti asirans lan pou swen medikal: 1-833-381-7153** **Desizyon sou kouvèti asirans lan pou medikaman Pati D: 1-833-726-7627 (liy nòmal) ak 1-833-698-7787 (liy ijan)** **Apèl pou swen medikal ak medikaman Pati D: 1-855-221-0046**
Ekri	**Desizyon sou kouvèti asirans lan pou swen medikal:** AmeriHealth Caritas VIP Care Prior Authorization Medical Care P.O. Box 7151 London, KY 40742-7151 **Desizyon sou kouvèti asirans lan pou medikaman Pati D:** AmeriHealth Caritas VIP Care Attn: Pharmacy Prior Authorization Member Prescription Coverage Determination 200 Stevens Drive Philadelphia, PA 19113-9806

Desizyon sou kouvèti asirans lan ak apèl pou swen medikal yo oswa pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo – Kowòdone	
	Apèl pou swen medikal ak medikaman Pati D: AmeriHealth Caritas VIP Care Attn: Apèl yo P.O. Box 80109 London, KY 40742-0109
Sitwèb	www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

Fason pou depoze yon plent sou swen medikal ou yo oswa sou medikaman sou preskripsyon Pati D w yo

Ou kapab depoze yon plent sou nou oswa sou youn nan pwofesyonèl ak etablisman sante oswa youn nan famasi ki nan rezo nou an, san wete plent sou kalite swen ou te resevwa yo. Plent sa yo pa gen rapò ak kouvèti asirans lan ni ak litij sou peman. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou kapab depoze yon plent sou swen medikal ou yo oswa sou medikaman Pati D w yo, konsilte chapit 9 la.

Plent sou swen medikal oswa sou medikaman Pati D – Kowòdone	
Rele	**1-833-467-3502** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
TTY	**711** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
Faks	**1-833-381-7150**
Ekri	AmeriHealth Caritas VIP Care Attn: Customer Experience, Grievances, and Complaints P.O. Box 7140 London, KY 40742-7140

Plent sou swen medikal oswa sou medikaman Pati D – Kowòdone	
Sitwèb Medicare	Pou depoze yon plent sou AmeriHealth Caritas VIP Care dirèkteman bay Medicare, ale sou Medicare.gov/my/medicare-complaint.

Fason pou mande nou peye pou sa yon swen medikal oswa yon medikaman ou te resevwa koute

Si w te resevwa yon fakti oswa si w te peye pou kèk sèvis (tankou yon fakti ou te resevwa nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante), lèfini ou panse nou ta dwe peye pou li, ou ka gen pou mande nou ranbouse w oswa peye fakti pwofesyonèl sante a oswa etablisman sante a te voye ba w la. Ale nan chapit 7 la pou jwenn plis enfòmasyon.

Si w te voye yon demann peman ban nou epi nou te refize nenpòt pati nan demann ou an, ou kapab fè apèl pou desizyon nou an. Ale nan chapit 9 la pou jwenn plis enfòmasyon.

Demann peman – Kowòdone	
Rele	**Demann peman pou swen medikal: 1-833-467-3502** **Demann peman pou medikaman: 1-833-792-3767** Si w rele nan nimewo sa yo, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
TTY	**711** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
Ekri	**Demann peman pou swen medikal:** AmeriHealth Caritas VIP Care P.O. Box 7151 London, KY 40742-7151 **Demann peman pou medikaman:** AmeriHealth Caritas VIP Care Attn: Direct Member Reimbursement P.O. Box 516 Essington, PA 19029

Demann peman – Kowòdone	
Sitwèb	www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

SEKSYON 2 Fason pou jwenn èd nan men Medicare

Medicare se pwogram asirans sante federal la pou moun ki genyen 65 lane oswa plis, pou kèk moun ki poko gen 65 lane ki andikape, epi pou moun ki gen maladi ren nan faz tèminal (ensifizans renal pèmanan ki fè yo bezwen dyaliz oswa yon grèf ren).

Ajans federal ki responsab Medicare a se Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid la (CMS). Ajans sa a pase kontra avèk diferan òganizasyon Medicare Advantage, tankou plan nou an.

Medicare – Kowòdone	
Rele	1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. 24 sou 24, 7 jou sou 7
TTY	1-877-486-2048 Nimewo sa a mande yon ekipman telefonik espesyal. Se moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale ki pou sèvi avè l sèlman. Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis.
Tchat sou Entènèt	Pale ak yon moun atravè tchat la sou Medicare.gov/talk-to-someone.
Ekri	Voye yon lèt bay Medicare nan P.O. Box 1270, Lawrence, KS 66044.
Sitwèb	Medicare.gov • Jwenn enfòmasyon sou plan sante ak plan medikaman Medicare ki nan zòn ou an, san wete sou sa yo koute ak sèvis yo bay yo. • Jwenn doktè, lòt pwofesyonèl ak etablisman sante, ak founisè ki patisipe nan Medicare. • Dekouvri sa Medicare kouvri, san wete sèvis prevansyon (tankou depistaj, piki oswa vaksen, ak vizit prevantif ki pou fèt chak ane). • Jwenn enfòmasyon ak fòm pou apèl Medicare yo. • Jwenn enfòmasyon sou kalite swen plan yo bay, sou mezon retrèt, lopital, doktè, ajans sante adomisil, etablisman ki

Medicare – Kowòdone	
	bay dyaliz, sant ospis, etablisman reyabilitasyon pou pasyan ki entène ak lopital pou swen alontèm. • Jwenn sitwèb ak nimewo telefòn ki itil. Epitou, ou ka ale sou Medicare.gov pou fè Medicare konnen nenpòt plent ou genyen konsènan AmeriHealth Caritas VIP Care. **Pou depoze yon plent bay Medicare**, ale sou Medicare.gov/my/medicare-complaint. Medicare pran plent ou yo oserye epi li pral itilize enfòmasyon sa yo pou amelyore kalite pwogram Medicare yo.

SEKSYON 3 Pwogram asistans pou asirans sante Eta a (SHIP)

Pwogram asistans pou asirans sante Eta (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) se yon pwogram gouvènman an tabli ki gen konseye ki fòme nan chak Eta. Li ofri èd, enfòmasyon ak repons pou kesyon ou genyen yo sou Medicare san w pa peye pou sa. Nan Florid, non yo bay SHIP la se Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE).

Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) se yon pwogram Eta a ki endepandan (li pa afilye ak okenn konpayi asirans ni ak okenn plan sante) ki jwenn kòb nan men gouvènman federal la pou bay moun ki gen Medicare konsèy gratis ki gen apò ak asirans sante nan zòn yo ye a.

Konseye k ap travay pou Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) yo ka ede w konprann dwa ou genyen yo nan Medicare rights, depoze plent sou swen oswa tretman medikal ou resevwa yo, oubyen rezoud pwoblèm ou genyen ak fakti Medicare w yo. Epitou, konseye k ap travay pou Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) yo ka ede w lè ou gen kesyon oswa pwoblèm ki gen rapò ak Medicare, yo ka ede w konprann ki plan ou ka chwazi nan Medicare epi yo ka reponn kesyon ou genyen yo si w ta renmen chanje plan.

SHINE (pwogram SHIP nan Florid) – Kowòdone	
Rele	1-800-96-ELDER (1-800-963-5337)
TTY	1-800-955-8770 Nimewo sa a mande yon ekipman telefonik espesyal. Se moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale ki pou sèvi avè l sèlman.

SHINE (pwogram SHIP nan Florid) – Kowòdone	
Ekri	Florida Department of Elder Affairs 4040 Esplanade Way, Suite 270 Tallahassee, FL 32399-7000
Sitwèb	www.floridashine.org

SEKSYON 4 Òganizasyon amelyorasyon kalite (QIO)

Yon òganizasyon amelyorasyon kalite (Quality Improvement Organization, QIO) se yon òganizasyon ki deziyen pou sèvi moun ki gen Medicare yo nan chak Eta. Nan Florid, òganizasyon amelyorasyon kalite a se Acentra Health.

Acentra Health genyen yon gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl sante Medicare peye pou verifye e pou amelyore kalite swen moun ki gen Medicare yo resevwa. Acentra Health se yon òganizasyon ki endepandan. Li pa afilye ak plan nou an.

Kontakte Acentra Health nan nenpòt nan sitiyasyon sa yo:

- Ou gen yon plent sou kalite swen ou te resevwa yo. Pa egzanp, yon pwoblèm ki gen rapò ak kalite swen yo se si w jwenn move medikaman an, si yo fè tès oswa pwosedi ki pa nesesè sou ou, oswa si yo ba w yon dyagnostik ki pa kòrèk.
- Ou panse kouvèti asirans ou jwenn pou ospitalizasyon w kanpe twò bonè.
- Ou panse kouvèti asirans ou jwenn pou swen sante adomisil, pou swen nan etablisman swen enfimyè espesyalize oswa pou sèvis nan yon etablisman reyabilitasyon konplè pou pasyan ki pa entène (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) kanpe twò bonè.

Acentra Health (òganizasyon amelyorasyon kalite a pou Florid) – Kowòdone	
Rele	1-888-317-0751 Soti 9:00 nan maten rive 5:00 nan aprèmidi, lendi pou vandredi, epi soti 10:00 nan maten rive 4:00 nan aprèmidi nan samdi, dimanch ak nan jou ferye. Epitou, ou ka kite yon mesaj 24 sou 24, sèt jou sou sèt.
TTY	711
Ekri	Acentra Health 1650 Summit Lake Drive, Suite 102 Tallahassee, FL 32317

Acentra Health (òganizasyon amelyorasyon kalite a pou Florid) – Kowòdone	
Sitwèb	www.acentraqio.com

SEKSYON 5 Sekirite sosyal

Administrasyon Sekirite Sosyal la detèmine kiyès ki kalifye pou Medicare epi li jere enskripsyon nan Medicare yo. Epitou, Administrasyon Sekirite Sosyal la responsab pou detèmine kiyès ki sipoze peye yon kantite kòb anplis pou kouvèti asirans pou medikaman Pati D a poutèt yo touche plis revni. Si w te jwenn yon lèt nan men Administrasyon Sekirite Sosyal la ki fè w konnen ou gen pou peye kantite kòb anplis sa a, lèfini ou gen kesyon sou montan sa a, oswa si revni w te diminye akòz yon evènman ki te chanje lavi w, ou kapab rele Administrasyon Sekirite Sosyal la pou mande l rekonsidere desizyon an.

Si w demenaje oswa si w chanje adrès postal ou, kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal la pou fè l konn sa.

Administrasyon Sekirite Sosyal – Kowòdone	
Rele	1-800-772-1213 Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Disponib soti 8 è nan maten 7 è nan aswè, lendi pou vandredi. Itilize sèvis telefòn otomatik Administrasyon Sekirite Sosyal la pou jwenn enfòmasyon ki tou anrejistre e pou fè kèk demach 24 sou 24.
TTY	1-800-325-0778 Nimewo sa a mande yon ekipman telefonik espesyal. Se moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale ki pou sèvi avè l sèlman. Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Disponib soti 8 è nan maten 7 è nan aswè, lendi pou vandredi.
Sitwèb	SSA.gov

SEKSYON 6 Medicaid

Medicaid se yon pwogram gouvènman federal la jere ansanm ak Eta a pou ede moun ki pa touche anpil revni ak moun ki pa gen anpil resous yo peye pou depans medikal yo. Nan Florid, pwogram Medicaid la rele Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (Agency for Health Care Administration).

Antanke manm AmeriHealth Caritas VIP Care, ou enskri ni nan Medicare ni nan Medicaid.

Mete sou sa, genyen kèk pwogram Medicaid ofri pou ede moun ki gen Medicare yo peye pou depans yo fè pou Medicare, tankou prim Medicare yo. Pwogram ekonomi Medicare sa yo (Medicare Savings Programs) ede moun ki pa gen anpil revni ak resous yo depanse mwens chak ane:

- **Qualified Medicare Beneficiary (QMB+):** Ede moun yo peye pou prim Pati A ak Pati B Medicare yo, ansanm ak lòt depans pataje (tankou franchiz yo, ko-asirans lan ak ko-peman yo). Epitou, gen moun ki gen QMB+ ki kalifye pou benefis Medicaid konplè yo (QMB+).
- **Specified Low-Income Medicare Beneficiary Plus (SLMB+):** Li ede moun yo peye pou prim Pati B yo. Moun ki gen SLMB+ yo kalifye pou benefis Medicaid konplè yo.
- **Full Benefit Dual Eligible (FBDE):** Moun sa yo kalifye pou Pati A ak/oswa Pati B Medicare a, epi yo kalifye pou benefis Medicaid konplè yo, men yo pa fè pati gwoup QMB a ni gwoup SLMB a.

Si w gen kesyon sou èd ou jwenn nan men Medicaid, kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (Medicaid).

Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (pwogram Medicaid la nan Florid) – Kowòdone	
Rele	1-877-711-3662 Lendi pou jedi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, ak vandredi, soti 8 è nan maten rive 7 è nan aswè.
TDD	1-866-467-4970
Ekri	Agency for Health Care Administration P.O. Box 5197, Mail Stop 62 Tallahassee, FL 32314
Sitwèb	www.flmedicaidmanagedcare.com/home/index

Pwogram Long-Term Care Ombudsman of Florida a ede moun ki enskri nan Medicaid yo lè yo rankontre pwoblèm ki gen rapò ak sèvis oswa ak fakti. Li ka ede w depoze yon reklamasyon oswa yon apèl ak plan nou an.

Pwogram Long-Term Care Ombudsman of Florida a – Kowòdone	
Rele	1-888-831-0404 Lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aprèmidi.

Pwogram Long-Term Care Ombudsman of Florida a – Kowòdone	
TDD	1-850-414-2001
Ekri	Long Term Care Ombudsman 4040 Esplanade Way, Suite 380 Tallahassee, FL 32399-7000
Sitwèb	ombudsman.elderaffairs.org/

Pwogram Long-Term Care Ombudsman of Florida a ede moun jwenn enfòmasyon sou mezon retrèt yo epi li rezoud pwoblèm ki genyen ant mezon retrèt yo ak rezidan yo oswa fanmi yo.

Pwogram Long-Term Care Ombudsman of Florida a – Kowòdone	
Rele	1-888-831-0404 Lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aprèmidi.
TDD	1-850-414-2001
Ekri	Long Term Care Ombudsman 4040 Esplanade Way, Suite 380 Tallahassee, FL 32399-7000
Sitwèb	ombudsman.elderaffairs.org/

SEKSYON 7 Pwogram ki ede moun peye pou medikaman sou preskripsyon yo

Sitwèb Medicare a (Medicare.gov/basics/costs/help/drug-costs) genyen enfòmasyon sou fason ou ka peye mwens pou medikaman sou preskripsyon w yo. Pwogram ki anba yo ka ede moun ki pa gen anpil revni yo.

Èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare

Etandone ou kalifye pou Medicaid, ou kalifye pou èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare epi ou jwenn li pou peye pou depans ki fèt pou plan pou medikaman sou preskripsyon w lan. Ou pa bezwen fè okenn lòt bagay pou jwenn èd siplemantè sa a.

Si w gen kesyon sou èd siplemantè a, rele nan:

- 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048;

- Biwo Administrasyon Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213, soti 8:00 nan maten rive 7:00 nan aswè, lendi pou vandredi. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-800-325-0778; oswa
- Biwo Medicaid Eta w la nan 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970).

Si w panse w ap peye yon montan ki pa kòrèk pou medikaman sou preskripsyon w lan nan famasi a, plan nou an gen yon pwosesis pou ede w jwenn prèv sou montan ou sipoze peye a antanke ko-peman. Si w gentan gen prèvi sou montan ki kòrèk la, nou kapab ede w voye prèv sa a ban nou.

- Tanpri kontakte ekip sèvis pou manm yo pou mande l èd oswa pou bay youn nan dokiman ki mansyone anba yo pou pwouve ki ko-peman ou sipoze peye. Se pou w konnen nenpòt dokiman ki mansyone anba a dwe montre ou kalifye pou medicaid pandan yon mwa apre mwa jen nan ane ki vin anvan an.
    - Yon kopi kat Medicaid ou ki gen non w, dat ou vin kalifye a ak estati w
    - Yon rapò sou yon kontak ki te fèt, ki gen dat yon apèl verifikasyon te fèt nan biwo Medicaid la, ansanm ak non, tit ak nimewo telefòn anplwaye Eta a ki te verifye nivo benefis Medicaid la pou estati Medicaid ou a
    - Yon kopi dokiman ou jwenn nan men Eta a ki konfime estati aktif ou a
    - Yon dokiman ou enprime ki soti nan fiche enskripsyon elektwonik Eta a ki montre estati Medicaid ou a
    - Yon dokiman ou enprime ki soti nan sistèm Medicaid la sou ekran òdinatè w ki montre estati Medicaid ou a
    - Lòt dokiman ou jwenn nan men Eta a ki montre estati Medicaid la
    - Yon avi ki montre ou jwenn revni sekirite siplemantè a (Supplemental Security Income, SSI) e ki gen dat kote revni sa a antre anvigè
    - Yon lèt “enfòmasyon ki enpòtan" ou jwenn nan men Administrasyon Sekirite Sosyal la (Social Security Administration, SSA) ki konfime ou ”kalifye otomatikman pou jwenn yon èd siplemantè’’
- Si w se yon menm ki entène nan yon etablisman, tanpri bay youn oswa plizyè nan dokiman sa yo:
    - Yon dokiman peman ou jwenn nan men etablisman swen alontèm nan ki montre yon peman Medicaid ki fèt pou yon mwa sivil konplè
    - Yon kopi yon dokiman ou jwenn nan men Eta a ki konfime peman ki fèt pou yon etablisman swen alontèm pou ou pou yon mwa sivil konplè
    - Yon dokiman ou enprime ki soti nan sistèm Medicaid la sou ekran òdinatè w ki montre estati enstitisyonèl ou pou yon mwa sivil konplè pou peman Medicaid yo

- Lè nou jwenn prèv ki montre ki ko-peman ou sipoze peye, n ap mete sistèm nou an ajou pou w ka peye montan ki kòrèk la kòm ko-peman pwochen fwa w al chèche medikaman sou preskripsyon w yo. Si w te peye plis pase sa ou te dwe peye pou ko-peman w, n ap ranbouse w pa mwayen chèk oswa atravè yon kredi sou yon ko-peman ou gen pou peye pi devan. Si famasi a pa t pran ko-peman w lan epi ou dwe l yon kòb, n ap voye peman an dirèkteman bay famasi a. Si yon Eta te peye pou ou, nou gendwa voye peman an dirèkteman bay Eta a. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) si w gen kesyon.

Kisa pou w fè si w jwenn èd siplemantè a ak kouvèti asirans nan yon pwogram asistans pou medikaman pou moun ki gen SIDA?

Pwogram asistans pou medikaman pou moun ki gen SIDA a (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) ede moun ki gen VIH/SIDA yo jwenn medikaman pou VIH ki ka sove lavi yo. Epitou, ou ka jwenn èd pou depans pataje ki fèt pou medikaman Pati D Medicare yo ki sou fòmilè ADAP a atravè pwogram asistans pou medikaman pou moun ki gen SIDA a (ADAP) nan Florid.

Nòt: Pou kalifye pou ADAP a nan Eta w la, gen kèk kondisyon pou ranpli. Pa egzanp, ou dwe prezante yon prèv ki montre ou abite nan Eta a ak yon prèv pou estati VIH ou, yon prèv ki montre revni w pa anpil (jan Eta a defini sa) ak yon prèv ki montre ou pa asire/ou pa gen ase asirans. Si w chanje plan, fè moun k ap ede w enskri nan ADAP a nan zòn ou an konn sa pou w ka kontinye jwenn èd. Pou jwenn enfòmasyon sou kondisyon pou ranpli pou kalifye yo, sou medikaman ki kouvri yo oswa sou fason ou ka enskri nan pwogram nan, rele pwogram asistans pou medikaman pou moun ki gen SIDA nan Florid la (AIDS Drug Assistance Program, ADAP).

Pwogram asistans pou medikaman pou moun ki gen SIDA nan Florid la (ADAP) – Kowòdone	
Rele	1-850-245-4422 Soti 8 è nan maten rive 5 è nan aprèmidi, lendi pou vandredi
Ekri	HIV/AIDS Section 4052 Bald Cypress Way Tallahassee, FL 32399
Sitwèb	www.floridahealth.gov/diseases-and-conditions/aids/adap/index.html

Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare yo

Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a se yon opsyon peman ki mache ansanm ak kouvèti asirans pou medikaman ou genyen kounye a. Li distribye peman ou fè pou medikaman plan nou an kouvri yo ak lajan ki soti nan pòch ou a pandan **tout ane sivil la**

(janvye rive desanm) pou ede w jere depans sa yo. Nenpòt moun ki gen yon plan pou medikaman Medicare oswa yon plan sante Medicare ki mache ak yon kouvèti asirans pou medikaman (tankou yon plan Medicare Advantage ki mache ak yon kouvèti asirans pou medikaman) kapab sèvi ak opsyon peman sa a. **Opsyon peman sa a ka ede w jere depans ou fè yo, men li pa p fè w depanse mwens ni li pa p bese pri medikaman w yo. Si w patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a epi ou rete nan menm plan Pati D a, patisipasyon w ap renouvle otomatikman pou 2027; ou pa bezwen voye yon nouvo demann ki montre ou chwazi patisipe nan plan peman an pou kontinye patisipe an 2027.** Si w jwenn yon èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare e si w jwenn èd nan men SPAP ou ak ADAP ou, depi ou kalifye pou sa, sa pi itil pase patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon peman sa a, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) oswa ale sou Medicare.gov.

Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a – Kowòdone	
Rele	**1-833-467-3502** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ekip sèvis pou manm yo (**1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**)) genyen sèvis entèprèt nan lòt lang ki gratis pou moun ki pa pale anglè yo.
TTY	**711** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
Faks	**1-855-822-9400**
Ekri	AmeriHealth Caritas VIP Care P.O. Box 7139 London, KY 40742
Sitwèb	www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

SEKSYON 8 Railroad Retirement Board (RRB)

Railroad Retirement Board la se yon ajans federal endepandan ki jere kèk pwogram benefis konplè pou moun k ap travay nan ray tren nan peyi a ak fanmi yo. Si w jwenn Medicare atravè Railroad Retirement Board la, fè l konnen si w demenaje oswa si w chanje adrès postal ou. Si w gen kesyon sou benefis ou jwenn nan men Railroad Retirement Board la, kontakte ajans lan.

Railroad Retirement Board (RRB) – Kowòdone	
Rele	1-877-772-5772 Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Peze “0” pou ale ak yon reprezantan RRB a soti 9 è nan maten 3 è 30 nan aprèmidi, lendi, madi, jedi ak vandredi, oswa soti 9 è nan maten rive midi nan mèkredi. Peze “1” pou ale nan liy asistans otomatik RRB a e pou jwenn enfòmasyon ki tou anrejistre 24 sou 24, san wete nan wikenn ak nan jou ferye yo.
TTY	1-312-751-4701 Nimewo sa a mande yon ekipman telefonik espesyal. Se moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale ki pou sèvi avè l sèlman. Si w rele nan nimewo sa a, apèl la pa gratis.
Sitwèb	RRB.gov

CHAPIT 3:
Fason pou itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri

SEKSYON 1 Fason pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis antanke manm plan nou an

Chapit sa a esplike sa ou dwe konnen sou fason ou ka itilize plan nou an pou jwenn swen medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri. Pou jwenn plis detay sou swen medikal ak lòt sèvis plan nou an kouvri, konsilte tablo sou benefis pou swen medikal yo nan chapit 4 la.

Seksyon 1.1 Pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a ak sèvis ki kouvri yo

- **Pwofesyonèl ak etablisman sante yo** se doktè ak lòt pwofesyonèl sante ki jwenn yon lisans nan men Eta a pou bay sèvis ak swen medikal. Ekspresyon sa a gen ladan l lopital ak lòt etablisman sante tou.
- **Pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a** se doktè ak lòt pwofesyonèl sante, gwoup medikal, lopital ak lòt etablisman sante ki pase yon kontra avèk nou pou aksepte peman nan men nou kòm peman konplè. Nou pran dispozisyon pou pwofesyonèl ak etablisman sante sa yo bay manm ki nan plan nou sèvis ki kouvri. Pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo nou an faktire nou dirèkteman pou swen yo ba w yo. Lè w jwenn sèvis ki kouvri nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki nan rezo a, ou pa peye anyen.
- **Sèvis ki kouvri yo** se swen medikal, sèvis swen sante, founiti, ekipman ak medikaman sou preskripsyon plan nou an kouvri. W ap jwenn sèvis ki kouvri yo pou swen medikal yo nan tablo sou benefis pou swen medikal yo nan chapit 4. W ap jwenn enfòmasyon sou sèvis ki kouvri yo pou medikaman sou preskripsyon yo nan chapit 5.

Seksyon 1.2 Kèk règ debaz pou plan nou an kouvri swen medikal ou yo ak lòt sèvis

Antanke plan sante Medicare, AmeriHealth Caritas VIP Care dwe kouvri tout sèvis Original Medicare kouvri yo epi li gendwa ofri lòt sèvis anplis sila yo ki kouvri nan Original Medicare.

Anjeneral, AmeriHealth Caritas VIP Care kouvri swen medikal ou resevwa yo, depi:

- **Swen ou resevwa yo fè pati tablo sou benefis pou swen medikal plan nou an** ki nan chapit 4.

- **Swen ou jwenn yo konsidere kòm swen ki nesesè pou rezon medikal.** Nesesè pou rezon medikal vle di sèvis yo, founiti yo, ekipman yo oswa medikaman yo nesesè pou evite, dyagnostike oswa trete pwoblèm sante w la, epi yo ann akò avèk nòm pratik medikal ki aksepte yo.
- **Ou gen yon pwofesyonèl sante prensipal ki nan rezo a (yon PCP) ki ba w swen e ki sipèvize swen w yo.** Antanke manm plan nou an, ou dwe chwazi yon PCP nan rezo a (ale nan seksyon 2.1 pou jwenn plis enfòmasyon).
  - Ou pa bezwen pou PCP w refere w si w bezwen swen ijans oswa si w bezwen sèvis rapid. Pou konnen ki lòt kalite swen ou kapab jwenn san ou pa bezwen pou PCP w apwouve sa alavans, ale nan seksyon 2.2.
- **Ou sipoze resevwa swen w yo nan men yon pwofesyonèl sante ki fè pati rezo a** (gade seksyon 2). Nan pifò ka yo, plan an pa p kouvri swen ou jwenn nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a (ki pa fè pati rezo plan nou an). Sa vle di ou gen pou peye pwofesyonèl oswa etablisman sante a pou tout sa sèvis ou jwenn yo koute. Genyen 3 eksepsyon:
  - Plan nou an kouvri swen ijans oswa swen ou bezwen rapid ou jwenn nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a. Pou jwenn plis enfòmasyon epi pou konnen kisa swen ijans oswa swen ou bezwen rapid yo ye, ale nan seksyon 3.
  - Si w bezwen swen medikal Medicare egzije pou plan nou an kouvri, men pa gen okenn espesyalis ki bay jan de swen sa yo nan rezo nou an, ou kapab jwenn swen sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante pou menm depans pataje ou t ap peye nòmalman nan rezo a. Yon otorizasyon alavans ap nesesè. PCP w oswa espesyalis ou ap gen pou l bay enfòmasyon sou pwoblèm sante w la ak plan tretman ki pwopoze a pou plan an ka detèmine si sèvis la nesesè pou rezon medikal. Plan an gendwa kouvri swen kontini pou yon manm ki gentan ap suiv yon tretman li jwenn nan men yon pwofesyonèl ki pa fè pati rezo a, men yon otorizasyon alavans ap nesesè pou sa. Nan sitiyasyon sa a, n ap kouvri sèvis sa yo kòm si w te jwenn yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki nan rezo a. Pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka jwenn yon apwobasyon pou yon doktè ki deyò rezo a, ale nan seksyon 2.4.
  - Plan nou an kouvri sèvis dyaliz ren ou jwenn nan yon etablisman dyaliz Medicare sètifye lè ou pa nan zòn sèvis plan nou an pou yon ti tan oswa lè etablisman sante ki konn ba w sèvis sa a pa disponib oswa lè ou pa ka jwenn li pou yon peryòd tan. Depans pataje ou peye bay plan nou an pou dyaliz la pa ka janm plis pase depans pataje ki nan Original Medicare. Si w deyò zòn sèvis plan nou an epi ou jwenn dyaliz nan yon etablisman sante ki pa fè pati rezo plan nou an, depans pataje w la pa ka plis pase depans pataje ou peye nan rezo a. Sepandan, si etablisman sante ki nan rezo a ki konn ba w dyaliz la pa disponib pou yon peryòd tan, lèfini ou chwazi

jwenn sèvis nan zòn sèvis nou an nan yon etablisman ki pa fè pati rezo plan nou an, depans pataje w pou dyaliz la kapab pi wo.

SEKSYON 2 Itilize pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo plan nou an pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis

Seksyon 2.1 Ou dwe chwazi yon pwofesyonèl sante prensipal (PCP) pou ba w swen e pou sipèvize swen w yo

Kisa yon PCP ye e kisa l fè pou ou?

Lè ou vin yon manm nan plan nou an, ou dwe chwazi yon pwofesyonèl sante kòm PCP (primary care provider) nan *lis pwofesyonèl ak etablisman sante* nou an. Genyen diferan kalite doktè ki kapab sèvi kòm PCP w. Anjeneral, PCP yo espesyalize nan medsin fanmi, nan medsin jeneral oswa nan medsin entèn. Epitou, nou ka gen lòt espesyalis ki disponib antanke PCP si sa nesesè oswa si sa apwopriye. Si yo parèt antanke PCP nan *lis pwofesyonèl ak etablisman sante* a, lèfini ou ranpli kondisyon yo (si sa aplikab) epi PCP a aksepte nouvo pasyan, ou kapab mande pou youn nan doktè ki kalifye sa yo sèvi kòm PCP w.

PCP w pral planifye epi kowòdone swen w yo. Mete sou sa, li pral:

- Konnen antesedan sante w yo epi mete dosye w ajou
- Reponn kesyon ou genyen yo sou sante w
- Ba w enfòmasyon sou manje ki bon pou ou yo ak nenpòt rejim ou ta dwe suiv
- Ba w vaksen ak tès depistaj ou bezwen yo
- Ede w jwenn swen nan men lòt pwofesyonèl sante, si sa nesesè
- Detekte pwoblèm yo anvan yo vin pi grav
- Travay pou defann dwa w yo antanke pasyan
- Bay tretman prevantif pou pwoblèm tankou dyabèt, tansyon ki wo ak maladi kè
- Pou kèk sèvis, PCP w oswa espesyalis ou ka bezwen mande plan nou an yon apwobasyon anvan li ba w sèvis la (sa rele yon “otorizasyon alavans”). Nan ka sa yo, PCP w oswa espesyalis ou ap gen pou l bay enfòmasyon sou pwoblèm sante w la ak plan tretman ki pwopoze a pou AmeriHealth Caritas VIP Care ka detèmine si sèvis la nesesè pou rezon medikal. Epitou, PCP w se pwen kominikasyon santral la pou tout sèvis ou resevwa yo. Li pral kominike oswa konsilte lòt pwofesyonèl sante ki nan plan an konsènan swen w yo e pou konnen kijan swen sa yo ap mache. Etandone PCP w ba w swen medikal epi li kowòdone yo tou, ou ta dwe fè lòt doktè voye tout ansyen dosye medikal ou yo nan kabinè PCP w.

Fason pou chwazi yon PCP

Ou ta dwe chwazi yon doktè swen prensipal (PCP) ou alèz avè l pou li ka trete w epi jere tout swen sante ou bezwen yo. Ou ka chanje PCP w nenpòt lè. Si w ta renmen konnen ki doktè ki disponib pou sèvi kòm PCP, ou ta dwe konsilte *lis pwofesyonèl ak etablisman swen sante* ki enprime nou an, fè yon rechèch nan *lis pwofesyonèl ak etablisman swen sante* sou Entènèt nou an oswa rele ekip sèvis pou manm yo pou verifye ki doktè ki patisipe nan rezo a. Tanpri, lè ou chanje PCP w, sonje ou ta dwe pran randevou osito sa posib pou mete ajou tout otorizasyon pou sèvis ki aplikab yo.

Si w pa chwazi okenn PCP nan 14 premye jou yo apre ou enskri, lèfini AmeriHealth Caritas VIP Care te eseye kontakte w yon fason ki rezonab (nan telefòn oswa pa lapòs) pou ede w chwazi yon PCP, men li pa t rive jwenn ou, AmeriHealth Caritas VIP Care pral asiyen yon PCP ba w, epi apre sa li pral fè w ak PCP w konn sa. Si yon PCP asiyen pou ou, sa pa p gen yon enpak negatif sou dwa ou ka genyen yo nan kad tranzisyon an.

Fason pou chanje PCP w

Ou ka chanje PCP w pou nenpòt rezon, nenpòt lè. Epitou, li posib pou PCP w kite rezo pwofesyonèl sante plan nou an, konsa w ap gen pou chwazi yon nouvo PCP. Si PCP w kite rezo pwofesyonèl ak etablisman sante plan nou an oswa si l pa patisipe ladan l ankò, n ap fè w konnen chanjman sa a epi n ap pwopoze yon lòt PCP oswa n ap ede w chwazi yon nouvo PCP. Ekip sèvis pou manm yo ap voye yon lèt ba w epi l ap rele w tou pou enfòme w sou chanjman sa a. Byenke objektif ou ak entansyon nou se enfòme w sou chanjman sa a, chanjman sa yo konn fèt bridsoukou oswa san yon pa avèti nou lontan alavans. Si sa ta rive, n ap asiyen w youn nouvo PCP. Lè ou jwenn enfòmasyon sou chanjman sa a, si w pa vle PCP nou te asiyen pou ou a, ou kapab chwazi yon lòt PCP ki disponib ki patisipe nan plan an.

Chanjman sa a pral antre anvigè nan lespas senk jou ouvrab apre nou resevwa demann ou fè pou chanje PCP w. N ap otorize manm yo k ap suiv yon tretman nan men yon pwofesyonèl sante ki vin pa patisipe nan plan nou an ankò pou yon kontinye suiv tretman yo te gentan kòmanse a ak pwofesyonèl sante sa a jiskaske tretman an fini oswa jiskaske yo chwazi yon nouvo pwofesyonèl sante. Fini tretman an oswa fè transizyon ak yon lòt pwofesyonèl sante pa dwe pran plis pase sis mwa apre dat pwofesyonèl sante a sispann patisipe nan plan nou an.

Seksyon 2.2 Swen medikal ak lòt sèvis ou kapab jwenn san PCP w pa refere w

Ou kapab jwenn sèvis ki mansyone anba yo san PCP w pa ba w yon apwobasyon alavans pou sa.

- Swen sante woutin pou fi, tankou egzamen tete, mamografi depistaj (radyografi nan tete), fwoti vajinal ak egzamen pèlvis, depi ou jwenn yo nan men yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a.
- Piki kont grip la, vaksen kont COVID-19 la, vaksen kont epatit B a ak vaksen kont nemoni a, depi ou jwenn yo nan men yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a.

- Sèvis ijans, kit ou jwenn yo nan yon etablisman sante ki fè pati rezo a, kit ou jwenn yo nan men yon etablisman sante ki pa fè pati rezo a.
- Sèvis plan an kouvri ou bezwen rapid kote ou bezwen yon atansyon medikal imedyat (san pa gen ijans) si w deyò zòn sèvis plan nou an pou yon ti tan oswa si li pa rezonab pou w jwenn sèvis yo nan men yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a akòz lè a, kote ou ye a ak sikonstans yo. Pa egzanp, sèvis moun ka bezwen rapid se maladi ak blesi moun pran sanzatann, oswa lè yon pwoblèm sante ki te la deja vin pi rèd bridsoukou. Vizit woutin kay doktè ki nesesè pou rezon medikal yo (tankou egzamen ki fèt chak ane a) pa konsidere kòm sèvis moun bezwen rapid, menm si w deyò zòn sèvis plan nou an oswa si rezo plan nou an pa disponib pou yon ti tan.
- Sèvis dyaliz ren ou jwenn nan yon etablisman dyaliz Medicare sètifye lè ou deyò zòn sèvis plan nou an pou yon ti tan. Si sa posib, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) anvan ou kite zòn sèvis la pou nou ka ede w pran dispozisyon pou jwenn dyaliz antretyen ou bezwen an pandan ou pa nan zòn ou an.
- Vizit kay espesyalis
- Swen sante mantal pou pasyan ki pa entène
- Sèvis vizyon ak dantè woutin

Seksyon 2.3 Fason pou jwenn swen nan men espesyalis ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a

Yon espesyalis se yon doktè ki bay sèvis swen sante pou yon maladi oswa pou yon pati nan kò a an patikilye. Genyen anpil diferan kalite espesyalis. Pa egzanp:

- Onkològ yo bay pasyan ki gen kansè yo swen
- Kadyològ yo bay pasyan ki gen maladi kè yo swen
- Òtopedis yo bay pasyan ki gen kèk kalite pwoblèm nan zo, atikilasyon oswa mis swen

Manm nan, reprezantan manm nan oswa doktè/pwofesyonèl sante k ap trete l la kapab rele oswa ekri nan telefòn, nan faks oswa pa lapòs pou mande yon sèvis ki sipoze gen yon otorizasyon alavans. Epitou, doktè/pwofesyonèl sante k ap trete pasyan yo kapab mande yon otorizasyon sou pòtay pou pwofesyonèl sante yo ki sekirize.

Se ekip jesyon itilizasyon an (Utilization Management, UM), avèk èd doktè li gen lisans, ki bay otorizasyon alavans yo. Desizyon sou otorizasyon alavans yo baze sou yon seri direktiv ki aksepte nan tout peyi a (kritè sou nesesite medikal UM yo). Ekip UM nan ka apwouve sèvis ou mande yo lè kritè nesesite medikal UM yo ranpli.

Lè gen yon desizyon pou refize, modifye oswa apwouve yon kouvèti asirans pou yon admisyon lopital, yon sèvis, yon pwosedi oswa yon ospitalizasyon ki dire plis tan, pou yon

montan, yon kantite tan oswa yon kantite sèvis ki mwens pase sa ou mande a, se direktè medikal la oswa moun li deziyen an ki pran desizyon sa a apre li fin evalye bezwen sante manm nan ak karakterisik ki nan sistèm livrezon lokal la epi, si sa nesesè, apre li fin konsilte doktè k ap trete w la. Direktè medikal la oswa moun li deziyen an ki pran yon desizyon pou refize, modifye oswa apwouve yon kouvèti asirans pou yon admisyon lopital, yon sèvis, yon pwosedi oswa yon ospitalizasyon ki dire plis tan, pou yon montan, yon kantite tan oswa yon kantite sèvis ki mwens pase sa ou mande a se doktè oswa lòt pwofesyonèl sante ki gen ase konesans medikal ak lòt konpetans, ki konnen kritè Medicare tabli pou kouvri sèvis yo, e ki gen yon lisans ki ajou e ki pa gen restriksyon pou egzèse medsin nan Eta kote plan manm nan ye a.

Pou kèk sèvis, PCP w oswa espesyalis ou ka bezwen mande plan nou an yon apwobasyon anvan li ba w sèvis la. Sa rele yon “otorizasyon alavans”. Nan ka sa yo, PCP w oswa espesyalis ou ap gen pou l bay enfòmasyon sou pwoblèm sante w la ak plan tretman ki pwopoze a pou plan an ka detèmine si sèvis la nesesè pou rezon medikal. Tanpri gade chapit 4 la pou konnen ki sèvis ki mande yon otorizasyon alavans.

Lè yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki nan rezo a kite plan nou an

Nou gendwa pote chanjman nan lopital, doktè ak espesyalis (sètadi nan pwofesyonèl ak etablisman sante yo) ki fè pati rezo plan nou an pandan ane a. Si doktè w oswa espesyalis ou kite plan nou an, ou gen dwa ak pwoteksyon sa yo:

- Menm si rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an ka chanje pandan ane a, Medicare egzije pou w toujou gen posiblite jwenn swen nan men doktè ak espesyalis ki kalifye.
- Si yon pwofesyonèl sante kite plan nou an, n ap fè w konn sa pou w gen tan pou chwazi yon nouvo pwofesyonèl sante.
    - Si pwofesyonèl sante prensipal ou a oswa si pwofesyonèl sante konpòtmantal ou a kite plan nou an, n ap fè w konn sa si w t al lakay li nan 3 ane ki sot pase yo.
    - Si nenpòt nan lòt pwofesyonèl sante w yo kite plan nou an, n ap fè w konnen si pwofesyonèl sante sa a te asiyen pou ou, si w t ap jwenn swen nan men l resaman, oswa si w t al lakay li nan 3 mwa ki sot pase yo.
- N ap ede w chwazi yon nouvo pwofesyonèl sante ki kalifye nan rezo a pou w kontinye jwenn swen.
- Si w t ap suiv yon tretman medikal oswa yon terapi avèk ansyen pwofesyonèl sante w la, ou gen dwa pou mande kontinye jwenn tretman oswa terapi ki nesesè pou rezon medikal. Nou pral travay avè w pou w kontinye jwenn swen.
- N ap ba w enfòmasyon sou peryòd enskripsyon ki disponib yo ak opsyon ou ka genyen yo pou chanje plan.

- Lè yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a oswa yon benefis pa disponib oswa lè li pa sifi pou satisfè bezwen medikal ou yo, n ap pran dispozisyon pou fè w jwenn benefis ki kouvri ki nesesè pou rezon medikal deyò rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an pou depans pataje ki aplike nan rezo a. Yon otorizasyon alavans ka nesesè.
- Si w aprann doktè w oswa espesyalis ou pral kite plan nou an, kontakte nou pou nou ka ede w chwazi yon nouvo pwofesyonèl sante pou jere swen w yo.
- Si w panse nou pa t ba w yon pwofesyonèl sante ki kalifye pou ranplase pwofesyonèl sante ou te genyen an oswa si w panse pwofesyonèl sante w pa byen jere swen w yo, ou gen dwa pou depoze yon plent pou kalite swen bay QIO a, pou depoze yon reklamasyon pou kalite swen bay plan nou an, oswa pou fè tou de aksyon sa yo (gade chapit 9 la).

Seksyon 2.4 Fason pou jwenn swen nan men pwofesyonèl ak etablisman sante ki deyò rezo a

Nan pifò ka yo, plan an pa p kouvri okenn swen ou resevwa nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a (ki pa fè pati rezo plan nou an). Genyen twa eksepsyon:

- Plan an kouvri swen ijans oswa swen ou bezwen rapid ou jwenn nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa e pou konnen kisa swen ijans oswa swen ou bezwen rapid yo ye, konsilte seksyon 3 a nan chapit sa a.
- Plan an kouvri sèvis dyaliz ren ou jwenn nan yon etablisman dyaliz Medicare sètifye lè ou deyò zòn sèvis plan nou an pou yon ti tan.
- Si w bezwen swen medikal Medicare egzije pou plan nou an kouvri, men pwofesyonèl sante ki nan rezon nou an pa kapab ba w swen sa yo, ou kapab jwenn swen sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a.

SEKSYON 3 Fason pou jwenn sèvis nan ka ijans, pandan yon katastwòf oswa lè ou bezwen swen rapid

Seksyon 3.1 Jwenn swen lè ou gen yon ijans medikal

Yon **ijans medikal** se yon sitiyasyon kote ou menm oswa nenpòt lòt moun ki pa yon pwofesyonèl medikal, ki pridan e ki gen yon konesans nòmal sou kesyon sante ak medsin, panse ou gen sentòm medikal ki mande yon atansyon medikal imedyat pou w pa mouri (oswa pou w pa pèdi pitit ou nan vant ou si w se yon fi ki ansent), pou w pa pèdi yon manm kò w oswa pou w pa pèdi yon fonksyon nan manm kò sa a, oswa pou w pa pèdi yon fonksyon kò a oswa pou l pa vin domaje anpil. Sentòm medikal sa yo se kapab yon maladi, yon blesi, yon gwo doulè oswa yon pwoblèm sante k ap vin pi mal byen rapid.

Si w gen yon ijans medikal:

- **Jwenn èd osito sa posib.** Rele 911 oswa ale nan sal dijans oswa nan lopital ki pi pre w la. Rele yon abilans si sa nesesè. Ou pa bezwen pou PCP w apwouve w oswa refere w dabò. Ou pa bezwen al kay yon doktè ki nan rezo a. Ou ka jwenn swen medikal ijans chak fwa sa nesesè, nenpòt kote nan peyi Etazini, nan tèritwa l yo oswa nan lòt peyi, nan men nenpòt pwofesyonèl sante ki gen yon lisans nan Eta a, menm si li pa fè pati rezo nou an.
- **Asire w plan nou an konnen sitiyasyon ijans lan osito sa posib.** Nou bezwen fè yon suivi pou swen ijans ou resevwa yo. Ou menm oswa yon lòt moun ta dwe rele nou pou fè n konnen ou te resevwa swen ijans. An jeneral, sa ta dwe fèt nan lespas 48 èdtan. Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan nimewo ki nan do ti liv sa a.

Sèvis ki kouvri yo pou yon ijans medikal

Plan nou an kouvri sèvis anbilans lan nan sitiyasyon kote nenpòt lòt mwayen transpò pou mennen w nan sal dijans lan ka mete sante w an danje. Epitou, nou kouvri sèvis medikal yo pandan ijans lan.

Doktè k ap ba w swen ijans yo pral deside ki lè eta sante w vin estab e kilè pa gen ijans ankò.

Apre ijans lan fin pase, ou gen dwa pou jwenn swen suivi pou asire w eta sante w rete estab. Doktè w yo pral kontinye trete w jiskaske doktè w yo kontakte nou pou planifye lòt swen ou bezwen yo. Plan nou an pral kouvri swen suivi w yo.

Si pwofesyonèl ki ba w swen ijans yo pa fè pati rezo a, nou pral pran dispozisyon pou w jwenn swen nan men lòt pwofesyonèl sante ki fè pati rezo a osito eta sante w ak sitiyasyon an pèmèt sa.

Kisa k pral rive si sitiyasyon an pa t yon ijans medikal vre?

Li pa toujou fasil pou konnen si w gen yon ijans medikal. Pa egzan, ou gendwa ale nan sal dijans lan paske ou panse gen gwo danje pou sante w, men doktè a gendwa di pa t gen okenn ijans medikal. Si pa t gen ijans, men se toutbon ou te panse te gen gwo danje pou sante w, depi sa te rezonab, n ap kouvri swen w yo.

Sepandan, apre doktè a di pa gen ijans, n ap kouvri swen siplemantè ou resevwa yo *sèlman* si w jwenn yo nan youn nan 2 fason sa yo:

- Ou ale kay yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a pou jwenn swen siplemantè sa yo.
- Swen siplemantè ou resevwa yo konsidere kòm sèvis ou bezwen rapid epi ou suiv règ ki anba yo pou jwenn swen rapid sa yo.

Seksyon 3.2 Jwenn swen lè ou bezwen sèvis rapid

Yon sèvis ki mande yon atansyon medikal imedyat (men ki pa yon ijans) se yon sèvis ou bezwen rapid si w deyò zòn sèvis plan nou an pou yon ti tan oswa si li pa rezonab pou w jwenn sèvis la nan men yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a akòz lè a, kote ou ye a ak sikonstans yo. Pa egzanp, sèvis moun ka bezwen rapid se maladi ak blesi moun pran sanzatann, oswa lè yon pwoblèm sante ki te la deja vin pi rèd bridsoukou. Sepandan, vizit woutin kay doktè ki nesesè pou rezon medikal yo, tankou egzamen ki fèt chak ane a, pa konsidere kòm sèvis moun bezwen rapid, menm si w deyò zòn sèvis plan nou an oswa si rezo plan nou an pa disponib pou yon ti tan.

Si w bezwen swen rapid, men ou pa konnen si se yon ijans, rele PCP w dabò. Si w pa kapab jwenn PCP w, rele liy enfimyè 24/7 la nan **1-833-835-6250 (TTY 711)**. PCP w oswa enfimyè w pral ede w deside si w bezwen al nan sal dijans lan, kay PCP w oswa nan yon sant swen rapid ki toupre w.

Si w gen yon ijans medikal:

Jwenn èd osito sa posib. Rele 911 oswa ale nan sal dijans oswa nan lopital ki pi pre w la. Rele yon abilans si sa nesesè. Ou pa bezwen pou PCP w apwouve w oswa refere w dabò.

Asire w ou enfòme plan nou an konsènan sitiyasyon ijans lan osito sa posib. Nou bezwen fè yon suivi pou swen ijans ou resevwa yo. Ou menm oswa yon lòt moun ta dwe rele nou pou fè n konnen ou te resevwa swen ijans. An jeneral, sa ta dwe fèt nan lespas 48 èdtan. Sepandan, ou pa p gen pou peye pou sèvis ijans yo si w pa di nou sa rapid. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**). Si w vle ban nou yon koutfil, nou disponib lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant dat 1ye avril ak 30 septanm, oswa sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant dat 1ye oktòb ak 31 mas. Si w rele nan nimewo sa yo, apèl la gratis. Ou kapab jwenn swen ijans ki kouvri lè ou bezwen sa nan peyi Etazini oswa sou tèritwa l yo.

Plan nou an kouvri sèvis ijans ak swen rapid tout kote deyò peyi Etazini nan ka sa yo: sèvis ijans, san wete sèvis ijans oswa swen ou bezwen rapid ak transpò ijans nan abilans soti kote ijans lan rive pou ale nan etablisman tretman medikal ki pi pre a. Plan an pa kouvri transpò pou soti nan yon lòt peyi epi retounen Etazini. Plan an pa kouvri tretman ki pwogram oswa ki planifye alavans yo (san wete dyaliz pou yon pwoblèm sante ou genyen deja) ak/oswa pwosedi elektif yo.

Seksyon 3.3 Jwenn swen pandan yon katastwòf

Si gouvènè Eta w la, sekretè sante ak sèvis sosyal Etazini an oswa prezidan Etazini an deklare yon katastwòf oswa yon eta ijans nan zòn jeyografik ou ye a, w ap toujou gen dwa pou jwenn swen nan men plan nou an.

Ale sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka jwenn swen ou bezwen yo pandan yon katastwòf.

Si w pa kapab itilize yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki nan rezo a pandan yon katastwòf, plan nou an ap pèmèt ou jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a pou depans pataje ki aplike nan rezo a. Si w pa kapab itilize yon famasi ki nan rezo a pandan yon katastwòf, ou ka gen posiblite al chèche medikaman sou preskripsyon w yo nan yon famasi ki deyò rezo a. Ale nan chapit 5, seksyon 2.5.

SEKSYON 4 Kisa pou w fè si w jwenn yon fakti pou tout sa yon sèvis ki kouvri koute?

Si w te peye pou yon sèvis ki kouvri oswa si w jwenn yon fakti pou yon sèvis medikal ki kouvri, ou ka mande nou peye pati pa nou an nan sa sèvis ki kouvri a koute. Konsilte chapit 7 la pou jwenn enfòmasyon sou sa ou ka fè.

Seksyon 4.1 Si sèvis yo pa kouvri nan plan nou an

AmeriHealth Caritas VIP Care kouvri tout sèvis ki nesesè pou rezon medikal ki mansyone nan tablo sou benefis pou swen medikal yo ki nan chapit 4 la. Si w jwenn sèvis ki pa kouvri nan plan nou an oswa si w jwenn sèvis ki pa sèvis ijans ni sèvis ki nesesè rapid deyò rezo a san otorizasyon, w ap gen pou peye pou tout sa sèvis yo koute.

Pou sèvis ki kouvri yo ki mache ak yon limit benefis, ou ka gen pou peye pou tout sa sèvis yo koute tou apre ou fin itilize tout benefis la pou kalite sèvis sa a ki kouvri. Nenpòt kantite kòb ou peye pou yon sèvis apre ou atenn limit benefis la pa p konte pou kalkile maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a.

SEKSYON 5 Sèvis medikal nan yon etid rechèch klinik

Sekson 5.1 Kisa yon etid rechèch klinik ye

Yon etid rechèch klinik (oswa yon *esè klinik*) se yon mwayen doktè yo ak syantifik yo itilize pou teste nouvo swen medikal, pa egzanp pou konnen si yon nouvo medikaman pou kansè mache byen. Gen sèten etid rechèch klinik Medicare apwouve. Anjeneral, etid rechèch klinik Medicare apwouve yo mande volontè pou patisipe nan etid la. Lè ou patisipe nan yon etid rechèch klinik, ou ka ret enskri nan plan nou an epi ou ka kontinye jwenn lòt swen w yo (ki pa gen rapò ak etid la) atravè plan nou an.

Si w patisipe nan yon etid Medicare apwouve, Original Medicare peye pou majorite depans ki fèt pou sèvis ki kouvri ou jwenn nan kad etid la. Si w di nou w ap patisipe nan yon etid klinik ki kalifye, sèl sa w ap gen pou peye se depans pataje ki aplike nan rezo a pou sèvis ou resevwa yo nan etid sa a. Si w te peye plis, pa egzanp si w gentan peye montan

depans pataje Original Medicare a, n ap ranbouse w diferans ki genyen ant sa ou te peye a ak depans pataje ki aplike nan rezo a. W ap gen pou bay dokiman ki montre konbyen kòb ou te peye.

Si w vle patisipe nan yon etid rechèch klinik Medicare apwouve, ou pa bezwen di nou sa ni ou pa bezwen jwenn okenn apwobasyon nan men nou oswa nan men PCP w. Pwofesyonèl sante ki ba w swen nan kad etid rechèch klinik la pa oblije fè pati rezo plan nou an. (Sa pa aplike pou benefis ki kouvri yo ki mande pou yon etid klinik oswa yon rejis evalye benefis la, san wete kèk kalite benefis ki mande yon kouvèti asirans ak devlòpman prèv (NCD-CED) ak etid pou egzansyon aparèy eksperimantal (IDE). Benefis sa yo ka mande yon otorizasyon alavans epi ou ka gen pou respekte lòt règ ki nan plan an tou.

Byenke ou pa bezwen pèmisyon plan nou an pou patisipe nan yon etid rechèch klinik, nou ankouraje w enfòme nou alavans si w chwazi patisipe nan yon etid klinik Medicare kalifye.

Si w patisipe nan yon etid Medicare pa apwouve, se ou k ap gen pou peye pou tout depans ki fèt pou w patisipe nan etid la.

Seksyon 5.2 Kiyès ki peye pou sèvis yo nan yon etid rechèch klinik

Kou ou enskri nan yon etid rechèch klinik Medicare apwouve, Original Medicare kouvri atik ak sèvis woutin ou jwenn nan kad etid la, tankou:

- Chanm aj manje si w entène lopital, menm jan Medicare t ap peye pou sa si w pa t patisipe nan etid la.
- Yon operasyon oswa yon lòt pwosedi medikal si li fè pati etid rechèch la.
- Tretman pou efè segondè ak konplikasyon ou sibi akòz nouvo swen ou resevwa yo.

Apre Medicare peye pati pa l la nan sa sèvis sa yo koute, plan nou an ap peye rès la. Menm jan ak tout sèvis ki kouvri yo, ou pa p peye anyen pou sèvis ki kouvri ou jwenn nan kad etid rechèch klinik la.

Lè w ap patisipe nan yon etid rechèch klinik, **ni Medicare ni plan nou an pa p peye pou okenn nan bagay ki vin annapre yo**:

- Anjeneral, Medicare pa p peye pou nouvo atik oswa sèvis y ap teste nan etid la, sof si Medicare t ap kouvri atik la oswa sèvis la menm si w pa t patisipe nan etid la.
- Atik oswa sèvis yo bay sèlman pou jwenn done men ki pa sèvi direkteman pou ba w swen sante. Pa egzanp, Medicare pa p peye pou yon tomodansitometr ki fèt chak mwa nan kad etid la si pwoblèm sante w la mande pou yon sèl tomodansitometri fèt anjeneral.
- Atik ak sèvis pwomotè rechèch la bay moun k ap patisipe nan etid la gratis.

Jwenn plis enfòmasyon sou patisipasyon nan etid rechèch klinik yo

Jwenn plis enfòmasyon sou patisipasyon nan etid rechèch klinik yo nan piblikasyon Medicare ki gen tit *Medicare and Clinical Research Studies*, ki disponib sou Medicare.gov/coverage/clinical-research-studies. Epitou, ou ka rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.

SEKSYON 6 Règ pou jwenn swen nan yon enstitisyon sante relijye ki pa medikal

Seksyon 6.1 Enstitisyon sante relijye ki pa medikal

Yon enstitisyon sante relijye ki pa medikal se yon etablisman ki bay swen pou yon pwoblèm sante ki konn trete nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize. Si manm nan pa vle jwenn swen nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize akòz kwayans relijye l yo, n ap kouvri swen yo nan yon enstitisyon sante relijye ki pa medikal. Benefis sa a disponib pou sèvis Pati A pou pasyan ki entène sèlman (sèvis swen sante ki pa medikal).

Seksyon 6.2 Fason pou jwenn swen nan yon enstitisyon sante relijye ki pa medikal

Pou jwenn swen nan men yon enstitisyon sante relijye ki pa medikal, ou dwe siyen yon dokiman legal ki fè konnen konsyans ou pa pèmèt ou jwenn yon tretman medikal ki **pa gen yon eksepsyon pou li**.

- Yon swen oswa yon tretman medikal **ki pa gen yon eksepsyon pou li** se nenpòt swen oswa tretman medikal ki *volontè* e ki *pa obligatwa* selon lwa federal yo, lwa etatik yo oswa lwa lokal yo.
- Yon tretman medikal ki gen yon eksepsyon pou li se nenpòt swen oswa tretman medikal ou jwenn ki pa volontè oswa ki *obligatwa* selon lwa federal yo, lwa etatik yo oswa lwa lokal yo.

Pou plan nou an kouvri yo, swen ou resevwa nan men yon etablisman sante relijye ki pa medikal yo dwe ranpli kondisyon ki vin annapre yo:

- Etablisman ki ba w swen yo dwe gen yon sètifikasyon li jwenn nan men Medicare.
- Plan nou an annik kouvri pati ki *pa relijye* yo nan swen yo.
- Si w jwenn sèvis nan men enstitisyon sa a anndan yon etablisman, kondisyon ki vin annapre yo aplike.
  - Ou dwe soufri yon pwoblèm sante ki t ap pèmèt ou jwenn sèvis ki kouvri antanke pasyan ki entène nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize.

- *epi* – Ou dwe jwenn yon apwobasyon alavans nan men plan nou an anvan ou entène nan etablisman an. Si w pa jwenn li, plan an pa p kouvri sejou ou fè nan etablisman an.

Limit Medicare tabli pou kouvèti asirans pou lopital pandan pasyan an entène yo aplike. W ap jwenn limit Medicare tabli pou kouvèti asirans pou lopital pandan pasyan an entène yo nan tablo sou benefis yo nan chapit 4 la.

SEKSYON 7 Règ pou vin pwopriyetè ekipman medikal dirab yo

Seksyon 7.1 Ou pa p vin pwopriyetè sèten ekipman medikal dirab apre ou voye yon sèten kantite peman nan kad plan nou an

Ekipman medikal dirab (durable medical equipment, DME) se kapab bagay tankou ekipman ak founiti oksijèn, chèz woulant, wòkè, sistèm matla elektrik, beki, founiti pou moun ki gen dyabèt, aparèy ki pale pou ou, ponp pèfizyon sewòm, nebilizè ak kabann lopital yon pwofesyonèl sante mande pou yon moun ka itilize yo lakay li. Manm nan toujou pwopriyetè kèk kalite DME, tankou pwotèz. Gen lòt kalite DME ou dwe lwe.

Nan Original Medicare, moun ki lwe sèten kalite DME vin pwopriyetè ekipman yo apre yo peye ko-peman yo pou atik la pandan 13 mwa. **Anjeneral, antanke manm AmeriHealth Caritas VIP Care, ou pa p vin pwopriyetè DME ou lwe yo, kèlkeswa kantite ko-peman ou te peye pou atik la pandan ou manm plan nou an.** Ou pa p vin pwopriyetè atik la, menm si w te voye 12 peman suivi pou DME a nan Original Medicare anvan ou te enskri nan plan nou an. Nan kèk ka ki limite, n ap transfere DME a pou w ka vin pwopriyetè l. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou jwenn plis enfòmasyon.

Kisa k pral rive ak peman ou te fè pou ekipman medikal dirab yo si w enskri nan Original Medicare?

Si w pa t vin pwopriyetè DME a pandan ou te nan plan nou an, w ap gen pou voye 13 nouvo peman suivi apre ou enskri nan Original Medicare pou vin pwopriyetè DME a. Peman ou te voye pandan ou te enskri nan plan nou an pa konte pami 13 peman sa yo.

Egzanp 1: Ou te voye 12 peman suivi oswa mwens pou atik la nan Original Medicare. Apre sa, ou enskri nan plan nou an. Peman ou te voye yo nan Original Medicare pa konte. W ap gen pou voye 13 peman bay plan nou an anvan ou vin pwopriyetè atik la.

Egzanp 2: Ou te voye 12 peman suivi oswa mwens pou atik la nan Original Medicare. Apre sa, ou enskri nan plan nou an. Ou pa t vin pwopriyetè atik la pandan ou te nan plan nou an. Apre sa, ou retounen nan Original Medicare. W ap gen pou voye 13 nouvo peman suivi pou vin pwopriyetè atik la apre ou enskri nan Original Medicare. Peman ou te fè deja yo (kit ou te nan plan nou an, kit ou te nan Original Medicare) pa p konte.

Seksyon 7.2 Règ pou ekipman, founiti ak mentnans ekipman oksijèn

Si w kalifye pou kouvèti asirans lan pou ekipman oksijèn Medicare a, AmeriHealth Caritas VIP Care ap kouvri:

- Lokasyon ekipman oksijèn nan
- Sa ki nesesè pou bay oksijèn nan ak sa ki anndan oksijèn nan
- Tib ak akseswa pou bay oksijèn nan ak sa ki anndan oksijèn nan
- Mentnans ak reparasyon ekipman oksijèn nan

Si w kite AmeriHealth Caritas VIP Care oswa si w pa bezwen ekipman oksijèn nan pou rezon medikal ankò, w ap gen pou remèt ekipman oksijèn nan.

Kisa k ap rive si w kite plan nou an pou retounen nan Original Medicare?

Original Medicare egzije pou yon founisè oksijèn ba w sèvis pandan 5 an. Pandan 36 premye mwa yo, se lwe ou lwe ekipman an. Pou 24 mwa ki rete yo, founisè a ba w ekipman an ak mentnans lan (men ou toujou gen pou peye depans pataje ki aplikab la pou oksijèn nan). Apre 5 an, ou ka chwazi rete ak menm konpayi a oswa sèvi ak yon lòt konpayi. Lè sa a, peryòd 5 an an rekòmanse, menm si w rete ak menm konpayi a, epi ou gen pou peye ko-peman pou 36 premye mwa yo yon lòt fwa ankò. Si w enskri nan plan nou an oswa si w kite l, peryòd 5 an an rekòmanse.

CHAPIT 4:
Tablo sou benefis pou swen medikal yo (sa ki kouvri)

SEKSYON 1 Konprann sèvis ki kouvri yo

Tablo sou benefis pou swen medikal yo se yon lis sèvis ki kouvri pou ou antanke manm AmeriHealth Caritas VIP Care. Epitou, seksyon sa a bay enfòmasyon sou sèvis medikal ki pa kouvri yo epi li esplike ki limit ki genyen pou kèk sèvis.

Seksyon 1.1 Ou pa peye anyen pou sèvis ki kouvri yo

Etandone ou jwenn èd nan men Medicaid, ou pa peye anyen pou sèvis ki kouvri yo toutotan ou respekte règ plan nou an tabli pou jwenn swen w yo (konsilte chapit 3 a pou jwenn plis enfòmasyon sou règ plan nou an tabli pou jwenn swen w yo).

Seksyon 1.2 Ki maksimòm w ap peye pou sèvis medikal ki kouvri nan Pati A ak Pati B Medicare?

Nòt: Etandone manm nou yo jwenn èd nan men Medicaid tou, prèske pa gen manm ki janm rive peye montan maksimòn ki ka soti nan pòch yo. Ou pa gen pou fè okenn depans ak lajan ki soti nan pòch ou a pou rive nan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.

Plan Medicare Advantage yo gen limit sou kantite kòb ou gen pou peye ak lajan ki soti nan pòch ou a chak ane pou sèvis medikal ki kouvri yo nan Pati A ak Pati B Medicare. Limit sa a rele maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a (maximum out-of-pocket, MOOP) pou sèvis medikal. **Pou ane sivil 2027 la, montan MOOP a se $9,850.**

Montan ou peye pou ko-peman yo ak ko-asirans lan pou sèvis ki kouvri yo konte pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a. Montan ou peye pou medikaman Pati D yo pa konte pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a. Mete sou sa, genyen kèk sèvis kote montan ou peye pou yo a pa konte pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a. Sèvis sa yo genyen yon asterisk bò kote yo nan tablo sou benefis pou swen medikal yo. Si w rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a, sètadi **$9,850**, ou pa p gen pou peye okenn depans ak lajan ki soti nan pòch ou a pou rès ane a pou sèvis ki kouvri nan Pati A ak Pati B. Sepandan, ou dwe kontinye peye prim Pati B Medicare w yo (sof si se Medicaid oswa yon lòt òganizasyon ki peye prim Pati B w yo pou ou).

SEKSYON 2 Tablo sou benefis pou swen medikal yo montre ki benefis medikal ou jwenn ak kisa yo koute

Tablo sou benefis pou swen medikal yo ki nan paj ki vin annapre yo bay yon lis sèvis AmeriHealth Caritas VIP Care kouvri (chapit 5 lan bay enfòmasyon sou kouvèti asirans pou medikaman Pati D yo). Sèvis ki nan tablo sou benefis pou swen medikal yo kouvri sèlman lè kondisyon sa yo ranpli:

- Ou dwe resevwa sèvis Medicare kouvri yo selon enstriksyon Medicare bay pou kouvèti asirans lan.
- Sèvis ou jwenn nan (tankou swen medikal, sèvis, founiti, ekipman ak medikaman Pati B) *dwe* nesesè pou rezon medikal. Nesesè pou rezon medikal vle di sèvis yo, founiti yo oswa medikaman yo nesesè pou evite, dyagnostike oswa trete pwoblèm sante w la, epi yo ann akò avèk nòm pratik medikal ki aksepte yo.
- Pou moun ki fèk enskri yo, plan swen kowòdone MA w la dwe bay yon peryòd tranzisyon ki gen yon minimòm 90 jou. Pandan peryòd sa a, nouvo plan MA a pa ka mande yon otorizasyon alavans pou yon tretman ou te gentan kòmanse suiv, menm si se pou yon sèvis ou te kòmanse jwenn nan men yon pwofesyonèl sante ki deyò rezo a.
- Ou resevwa swen w yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. Nan pifò ka yo, swen ou resevwa nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a pa kouvri, sof si se swen ijans oswa swen rapid, oubyen sof si plan nou an bay yon otorizasyon. Sa vle di w ap peye pwofesyonèl oswa etablisman sante a pou tout sa sèvis ou jwenn deyò rezo a koute.
- Ou gen yon pwofesyonèl sante prensipal (yon PCP) ki ba w swen e ki sipèvize swen w yo.
- Kèk nan sèvis ki nan tablo sou benefis pou swen medikal yo kouvri *sèlman* si doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki nan rezo a jwenn yon apwobasyon nan men nou dabò (sa konn rele yon otorizasyon alavans). Nan tablo sou benefis pou swen medikal yo, sèvis ki kouvri yo ki mande yon apwobasyon alavans gen yon ti nòt anba paj la ki ekri ak karaktè italik. Epitou, sèvis sa yo ki pa mansyone nan tablo sou benefis pou swen medikal yo se sèvis ki mande yon otorizasyon alavans:
    - Terapi oksijèn ipèbarik
    - Baypas gastrik/Gastwoskopi bann vètikal
    - Chiriji nan po je a
    - Pwosedi ki ka konsidere kòm pwosedi kosmetik
    - Sèvis grèf
    - Chiriji nan varis

- Enstitisyon sante relijye ki pa medikal (RNHCI)

- Si plan swen kowòdone w la apwouve yon demann otorizasyon alavans pou yon tretman, apwobasyon an dwe valab pou tout tan sa rezonab e pou tout tan sa nesesè pou rezon medikal, pou swen w yo pa kanpe, selon kritè ki aplikab pou kouvèti asirans lan, antesedan medikal ou yo ak rekòmandasyon pwofesyonèl sante k ap trete w la.

Lòt bagay ki enpòtan pou konnen sou kouvèti asirans ou an:

- Ou asire ni nan Medicare ni nan Medicaid. Medicare kouvri swen sante yo ak medikaman sou preskripsyon yo. Medicaid kouvri depans pataje w la pou sèvis Medicare yo, san wete ko-asirans lan ak franchiz yo. Epitou, Medicaid kouvri kèk sèvis Medicare pa kouvri, tankou sèvis adomisil ak nan kominote a.
- Menm jan ak tout lòt plan sante Medicare yo, nou kouvri tout sa Original Medicare kouvri (si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Original Medicare kouvri yo ak sa yo koute, gade ti liv ki rele *Medicare & You 2027* la). Ou ka konsilte l sou sitwèb Medicare.gov oswa ou ka rele nan 1-800-MEDICARE (**1-800-633-4227**) pou mande yon kopi. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **1-877-486-2048**.
- Epitou, nou kouvri sèvis prevantif ki kouvri san sa pa koute w anyen nan Original Medicare san w pa peye pou sa.
- Si Medicare kòmanse kouvri nenpòt nouvo sèvis an 2027, ni Medicare ni plan nou an ap kouvri sèvis sa yo.
- Si w vin pa kalifye pou asistans medikal la (Medicaid) ankò, men ou panse w ap vin jwenn li ankò nan lespas sis mwa, n ap kontinye ba w tout benefis Medicare ki kouvri nan plan Medicare Advantage la. Sepandan, pandan peryòd sa a, nou pa p kouvri okenn benefis Medicaid ki fè pati plan Eta Medicaid la ni nou pa p peye prim Medicare yo ni depans pataje Eta a t ap sipoze peye si te toujou kalifye pou Medicaid. Montan ou peye pou sèvis Medicare kouvri yo ka ogmante pandan peryòd sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon e pou enskri, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502 (TTY 711)**.

Ou pa paye anyen pou sèvis ki nan tablo sou benefis pou swen medikal yo toutotan ou ranpli kondisyon pou kouvèti asirans ki dekri anwo yo.

Enfòmasyon ki enpòtan sou benefis yo pou moun ki enskri ki gen yon pwoblèm sante kwonik:

- Si w te resevwa yon dyagnostik pou nenpòt nan pwoblèm sante kwonik ki mansyone anba yo epi ou ranpli sèten kondisyon, ou gendwa kalifye pou jwenn benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo.
    - Pwoblèm kadyovaskilè, pwoblèm sante mantal ki kwonik e ki andikape w, maladi gastwo-entestinal ki kwonik (sèlman maladi fwa nan etap final), pwoblèm poumon ki kwonik (sèlman bwonkonemopati obstriktif kwonik),

ensifizans kadyak konjestif, maladi tisi konjonktif, demans, dyabèt melitis, sitiyasyon kote ou twò gwo, obezite ak sendwòm metabolik, ak estwok.

- Pwoblèm sante a dwe menase lavi manm nan oswa li dwe mete gwo limit sou sante oswa sou fonksyon manm nan; manm nan dwe gen yon gwo risk pou l entène lopital oswa pou l sibi lòt konsekans ki negatif pou sante l la; epi manm nan dwe bezwen yon sèvis kowòdinasyon swen ki entansif. Plan an pral repase yon seri kritè objektif pou detèmine si manm nan kalifye; manm nan dwe ranpli kondisyon ki vin annapre yo pou pi piti:
  - Ou te entène lopital youn oswa plizyè fwa akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l pou sante konpòtmantal tou) nan 12 mwa ki sot pase yo.
  - Ou te jwenn swen nan yon sant swen rapid oswa nan sal dijans lan akòz pwoblèm sante kwonik ou a nan 12 mwa ki sot pase yo.
  - Ou te fè de vizit oswa plis san w pa t entène akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l vizit kay pwoblèm sante prensipal ou a oswa kay yon espesyalis) nan 12 mwa ki sot pase yo.
  - Ou se yon pasyan ki bezwen vizit sante adomisil akòz pwoblèm sante kwonik ou a.
  - Ou se yon pasyan ki genyen youn oswa plizyè pwoblèm sante kwonik, epi ki bezwen youn oswa plizyè ekipman medikal (DME) dirab san ou pa entène (sa limite nan chèz woulant motorize/mànyèl nan gwoup 3, aparèy vantilasyon non-envazif (NIV), machin bipap, aparèy ensiflasyon-èksiflasyon mekanik, oswa matla nan gwoup 2 oswa nan gwoup 3).

- Pou jwenn plis detay, konsilte liy ki rele *Benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo* nan tablo sou benefis pou swen medikal yo ki anba a.
- Kontakte nou pou konnen egzakteman ki benefis ou gendwa kalifye pou yo.

Pòm sa a montre ki sèvis ki sèvis prevantif nan tablo sou benefis pou swen medikal yo.

Tablo sou benefis pou swen medikal yo

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Depistaj pou anevris awòtik abdominal Yon ekografi depistaj ki fèt yon sèl fwa pou moun ki gen risk. Plan nou an kouvri depistaj sa a sèlman si w gen kèk faktè risk epi si doktè w, asistans doktè w (PA), enfimyè pratisyen w (NP) oswa enfimyè espesyalis klinik ou (CNS) refere w.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou manm ki kalifye yo pou depistaj prevantif sa a.
Akiponkti pou doulè kwonik nan pati ki anba do a Men sèvis ki kouvri yo: Jiska 12 vizit kouvri nan lespas 90 jou nan ka sa yo: Nan kad benefis sa a, men kijan nou defini doulè kwonik nan pati ki anba do a: • Li dire 12 semèn oswa plis • Li pa espesifik paske li pa gen yon kòz sistemik ki ka idantifye (sètadi li pa asosye ak yon maladi metastatik, enflamatwa, enfeksyez, elatriye) • Li pa gen rapò ak okenn operasyon chirijikal • Li pa gen rapò ak yon gwosès Yon lòt 8 sesyon anplis ap kouvri pou pasyan ki jwenn amelyorasyon. Pa dwe gen plis pase 20 tretman akiponkti nan yon sèl ane. Tretman an dwe kanpe si pasyan an pa jwenn amelyorasyon oswa si l vin pi mal. **Egzijans pou pwofesyonèl sante a:** Doktè yo gendwa bay sèvis akiponkti si yo respekte egzijans Eta a tabli yo nan domèn sa a. Yon asistan doktè (PA), yon enfimyè pratisyen (NP)/yon enfimyè espesyalis klinik (CNS) ak yon anplwaye oksilyè kapab bay sèvis akiponkti si yo respekte tout egzijans Eta a tabli yo nan domèn sa a	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit akiponkti Medicare kouvri yo. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit akiponkti woutin yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Akiponkti pou doulè kwonik nan pati ki anba do a (suit) epi yo genyen: • yon diplòm mastè oswa yon doktora nan akiponkti oswa nan medsin oryantal yo jwenn nan yon lekòl ki jwenn yon akreditasyon nan men Accreditation Commission on Acupuncture and Oriental Medicine (ACAOM); ak • yon lisans ki ajou, ki konplè, ki aktif e ki pa gen okenn restriksyon sou li pou pratike akiponkti nan yon Eta, yon tèritwa oswa yon Commonwealth (tankou Pòtoriko) ki nan peyi Etazini, oswa nan District of Columbia. Anplwaye oksilyè ki bay sèvis akiponkti a dwe jwenn yon sipèvizyon ki apwopriye nan men yon doktè, yon PA ak/oswa yon NP/CNS, jan règlemantasyon nou yo mande sa. *Epitou, plan an kouvri 6 vizit akiponkti woutin siplemantè chak ane.	
Sèvis anbilans Sèvis anbilans yo, kit se pou yon ijans, kit se pou yon sitiyasyon ki pa gen ijans, san wete nan avyon, nan elikoptè ak nan machin anbilans, pou ale nan etablisman sante ki apwopriye ki pi pre a ki ka bay swen si manm ki jwenn swen sa yo gen yon pwoblèm sante ki fè nenpòt lòt mwayen transpò te ka mete sante li an danje, oswa si plan nou an otorize sa. Si sèvis anbilans ki kouvri a pa sèvi pou yon sitiyasyon ijans, ta dwe gen dokiman ki montre manm nan gen yon pwoblèm sante ki fè nenpòt lòt mwayen transpò te ka mete sante li an danje e ki montre transpò nan anbilans lan nesesè. *Yon otorizasyon alavans ka nesesè pou sèvis anbilans Medicare nan machin, nan avyon oswa nan elikoptè. Li pa nesesè pou sèvis anbilans nan ka ijans.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis anbilans yo.
Vizit prevantif ki pou fèt chak ane Si w gen Pati B a depi plis pase 12 mwa, ou ka jwenn yon	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Vizit prevantif ki pou fèt chak ane (suit) vizit prevantif chak ane oswa ou ka mete plan prevansyon pèsonalize w la ajou selon eta sante w ak faktè risk ou yo. Sèvis sa a kouvri yon fwa chak 12 mwa. **Nòt:** Premye vizit prevantif ki pou fèt chak ane ou resevwa a pa ka fèt toutotan 12 mwa poko fin pase apre vizit prevantif ki rele *Byenveni nan Medicare* a. Sepandan, ou pa oblije fè vizit ki rele *Welcome to Medicare* a pou ou ka jwenn yon vizit prevantif ki pou fèt chak ane ki kouvri apre ou te gen Pati B pou 12 mwa.	pou vizit prevantif ki pou fèt chak ane a.
Mezi mas osez Pou moun ki kalifye yo (anjeneral, se moun ki gen risk pou yo pèdi mas osez oswa ki gen risk pou yo fè osteyopowoz), sèvis sa yo kouvri chak 24 mwa oswa pi souvan si sa nesesè pou rezon medikal: pwosedi pou detekte mas osez la, pou detekte yon pèt osez oswa pou detèmine kalite zo a, san wete entèpretasyon doktè a fè pou rezilta yo.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou mezi mas osez Medicare kouvri a.
Depistaj kansè tete (mamografi) Men sèvis ki kouvri yo: • Yon mamografi debaz ant laj 35 ak 39 lane • Yon mamografi depistaj chak 12 mwa pou fi ki gen 40 lane oswa plis • Yon egzamen tete klinik yon fwa chak 24 mwa	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou mamografi depistaj ki kouvri yo.
Sèvis reyabilitasyon kadyak Sèvis pwogram reyabilitasyon kadyak ki konplè, san wete egzèsis, edikasyon ak konsèy, kouvri pou manm ki ranpli sèten kondisyon, ak yon òdonans doktè. Plan nou an kouvri pwogram konplè sa yo si w te gen omwen youn nan pwoblèm sante sa yo:	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis reyabilitasyon kadyak Medicare kouvri yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis reyabilitasyon kadyak (suit) • Kriz kadyak nan 12 mwa ki sot pase yo • Operasyon baypas atè kowonè • Anjin pwatrin (doulè nan pwatrin) • Reparasyon oswa ranplasman valv kadyak • Anjyoplasti kowonè (yon pwosedi medikal yo itilize pou ouvri yon atè ki bloke) oswa pwosedi pou mete yon estent kowonè (yon pwosedi yo itilize pou kenbe yon atè ouvè) • Grèf kè oswa grèf kè ak poumon • Ensifizans kadyak kwonik ki estab Limit nan sa ki kouvri a: Ou ka jwenn jiska 36 sesyon reyabilitasyon kadyak. Ou ka jwenn jiska 2 sesyon chak jou (chak dire inèdtan) epi pwogram nan ka dire jiska 36 semèn. Si w kalifye, ou gendwa jwenn 36 sesyon siplemantè sou yon peryòd tan ki pi long. *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	
Vizit pou rediksyon risk maladi kadyovaskilè (terapi pou maladi kadyovaskilè) Nou kouvri yon vizit chak ane kay doktè prensipal ou pou ede w redui risk ou genyen pou fè yon maladi kadyovaskilè. Pandan vizit sa a, doktè w gendwa pale avè w sou fason pou pran aspirin (si sa apwopriye) ak sou tansyon w, epi li gendwa ba w konsèy pou w manje manje ki bon pou sante w.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis prevansyon maladi kadyovaskilè nan terapi konpòtmantal entansif.
Tès depistaj maladi kadyovaskilè Analiz san pou detekte yon maladi kadyovaskilè (oswa yon anomali ki mache ak yon risk maladi kadyovaskilè ki wo) yon fwa chak 5 lane (60 mwa).	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou tès pou maladi kadyovaskilè ki kouvri yon fwa chak 5 lane.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Depistaj kansè sèvikal ak kansè vajinal Men sèvis ki kouvri yo: • Fwoti vajinal ak egzamen pèlvis yon fwa chak 24 mwa pou tout fi yo • Yon fwoti vajinal chak 12 mwa si w gen yon gwo risk pou w gen yon kansè sèvikal oswa yon kansè vajinal, oubyen si w nan laj pou fè pitit epi ou te jwenn yon rezilta ki pa nòmal nan yon fwoti vajinal nan 3 ane ki sot pase yo	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou fwoti vajinal ak egzamen pèlvis Medicare kouvri yo.
Sèvis chiwopratik Men sèvis ki kouvri yo: • Nou annik kouvri manipilasyon mànyèl ki fèt nan kolòn vètebral la pou korije yon liksasyon enkonplè. • *Jiska 12 vizit chiwopratik woutin ki nesesè pou rezon medikal (san Medicare) chak ane.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit chiwopratik Medicare kouvri yo. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit chiwopratik woutin yo.
Depistaj kansè kolorektal Men ki tès depistaj ki kouvri: • Kolonoskopi a pa gen laj minimòm ni maksimòm, epi li kouvi yon fwa chak 120 mwa (10 lane) pou pasyan ki pa gen yon gwo risk yo, oswa chak 48 mwa apre yon sigmoydoskopi fleksib pou yon pasyan ki pa gen gwo risk pou l gen kansè kolorektal, oswa yon fwa chak 24 mwa pou pasyan ki gen gwo risk apre yon kolonoskopi depistaj. • Kolonografi pa mwayen tomografi enfòmatik pou pasyan ki gen 45 lane oswa plis ki pa gen yon gwo risk pou yo gen kansè kolorektal e ki kouvri lè omwen 59 mwa fin pase apre mwa kote yo te fè dènye kolonografi depistaj pa mwayen tomografi enfòmatik yo a oswa lè 47 mwa fin pase apre mwa kote yo te fè dènye sigmoydoskopi fleksib depistaj yo a oswa dènye	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou egzamen depistaj kansè kolorektal Medicare kouvri yo. Si doktè w jwenn epi retire yon polip oswa yon lòt tisi pandan kolonoskopi a oswa pandan sigmoydoskopi fleksib la, egzamen depistaj la vin tounen yon egzamen dyagnostik.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Depistaj kansè kolorektal (suit) kolonoskopi depistaj yo a. Pou pasyan ki gen gwo risk pou gen kansè kansè kolorektal yo, yon kolonografi depistaj pa mwayen tomografi enfòmatik gendwa kouvri apre omwen 23 mwa fin pase apre mwa kote yo te fè dènye kolonografi depistaj pa mwayen tomografi enfòmatik yo a oswa apre mwa kote yo te fè dènye kolonoskopi depistaj yo a. • Sigmoydoskopi fleksib pou pasyan ki genyen 45 lane oswa plis. Yon fwa chak 120 mwa pou pasyan ki pa gen gwo risk apre pasyan an fè yon kolonoskopi depistaj. Yon fwa chak 48 mwa pou pasyan ki gen gwo risk apre dènye sigmoydoskopi fleksib yo a oswa apre dènye kolonografi pa mwayen tomografi enfòmatik yo a. • Tès depistaj pou detekte san kache nan poupou pou pasyan ki genyen 45 lane oswa plis. Yon fwa chak 12 mwa. • Tès ADN nan poupou ki gen plizyè sib pou pasyan ki genyen ant 45 ak 85 lane e ki pa ranpli kondisyon pou yo konsidere kòm pasyan ki gen gwo risk. Yon fwa chak 3 lane. • Tès byomakè nan san pou pasyan ki genyen ant 45 ak 85 lane e ki pa ranpli kondisyon pou yo konsidere kòm pasyan ki gen gwo risk. Yon fwa chak 3 lane. • Tès depistaj kansè kolorektal yo gen ladan yo yon kolonoskopi depistaj suivi apre yon tès depistaj kansè kolorektal nan poupou ki pa envazif Medicare kouvri bay yon rezilta pozitif. • Tès depistaj kansè kolorektal yo gen ladan yo sigmoydoskopi fleksib depistaj ki planifye oswa kolonoskopi depistaj ki mande pou yo retire yon tisi oswa lòt matyè, oswa yon lòt pwosedi ki gen rapò oswa ki fèt akòz konsiltasyon klinik ki fèt pou tès depistaj la.	
Sèvis dantè Anjeneral, sèvis dantè prevantif yo (tankou netwayaj, egzamen dantè woutin ak radyografi dantè) pa kouvri nan	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis dantè

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis dantè (suit) Original Medicare. Sepandan, Medicare peye pou sèvis dantè nan kèk sikonstans limite, pa egzanp lè sèvis la fè pati yon tretman moun nan resevwa pou yon lòt pwoblèm medikal. Pa egzanp, se kapab rekonstriksyon machwè a apre yon frakti oswa yon blesi, yon ekstraksyon dan ki fèt pou prepare yon tretman radyasyon pou yon kansè ki gen rapò ak machwè a, oswa yon egzamen bouch ki fèt anvan yon grèf ògàn. Men ki lòt bagay nou kouvri ankò: ***Sèvis dantè prevantif:** Benefis dantè prevantif yo gen sèvis sa yo ladan yo: • Egzamen bouch – 1 chak 6 mwa • Netwayaj – 1 chak 6 mwa • Tretman fliyorid – 1 chak 6 mwa • Radyografi dantè o 1 radyografi pou tout bouch la ak 1 radyografi panoramik chak 5 ane o Jiska 6 radyografi entèpwoksimal oswa peri-apikal chak ane ***Sèvis dantè konplè:** Benefis pou swen dantè konplè total ki konbine yo pa ka depase $2,000 chak ane. Benefis pou swen dantè konplè yo gen ladan yo sèvis ki vin annapre yo pou yon limit konbine $2,000 chak ane: • Ti restorasyon (plonbaj). • Andodonti: Gen limitasyon ki aplike nan sèvis yo. 1 pou chak dan pou tout lavi a. Yon radyografi nesesè anvan ak apre operasyon an. • Pawodonti: Gen limitasyon ki aplike nan sèvis yo. Detatraj ak kiraj seman radikilè a – 1 pou chak 24 mwa pou chak kadran. Debridman yon fwa chak ane. Detatraj lè gen	Medicare kouvri yo. Sèvis dantè prevantif ki mansyone yo gen yon ko-peman $0.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis dantè (suit) yon enflamasyon jansiv la yon fwa chak ane. • Ratelye (1 pou chak akad chak 5 an). • Reparasyon ratelye ak rebazaj (1 chak ane). • Mini-enplan (nan akad ki anba a sèlman) ak yon ratelye ki chita sou enplan (nan akad ki anba a sèlman) (1 chak 5 lane). • Kouwòn (1 chak 5 ane, pou chak dan. Pa dwe gen plis pase 4 nan chak ane sivil ni pa dwe gen plis pase 2 kouwòn nan chak akad chak ane. • Ekstraksyon – 1 pou chak dan pou tout lavi a. • Lòt chiriji bikal, gen limitasyon ki aplike. • Anestezi a kouvri nan sitiyasyon sa yo: Ekstraksyon dan sajès; 2 ekstraksyon chirijikal oswa plis nan 2 kadran oswa plis; 4 ekstraksyon chirijikal oswa plis nan 1 kadran; dokimantasyon sou anksyete sitiyasyonèl; dokimantasyon ak deskripsyon sou nesesite medikal la ak dosye medikal pou kore nesesite a (maladi kè, enfimitre motris serebral, malkadi oswa lòt pwoblèm sante ki fè pasyan an pa konfòm). • Ou kapab sèvi avèk oksid nitre pou kèk kalite sèvis dantè ki kouvri, tankou plonbay, kouwòn, terapi kannal radikilè ak ekstraksyon (sa pa aplike pou dan sajès yo) ak lòt ankò. Pon fiks ki chita sou enplan ak tout lòt enplan dantè yo, sof mini-enplan yo, pa kouvri. *Yon otorizasyon alavans nesesè pou sèvis dantè konplè yo.*	
Depistaj depresyon Nou kouvri yon despitaj depresyon chak ane. Depistaj la dwe fèt kay doktè prensipal la ki kapab	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou yon vizit depistaj

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Depistaj depresyon (suit) bay yon tretman suivi oswa ki ka refere manm nan.	depresyon chak ane.
Depistaj dyabèt Nou kouvri depistaj sa a (san wete tès glikoz lè pasyan an ajen) si w gen nenpòt nan twa faktè risk sa yo: tansyon ki wo (ipètansyon), antesedan nivo kolestewòl ak trigliserid ki pa nòmal (dislipidemi), obezite oswa antesedan nivo sik ki wo nan san an (glikoz). Tès yo ka kouvri tou si w ranpli kèk lòt kondisyon, tankou si w peze twòp oswa si gen dyabèt nan fanmi w. Ou gendwa kalifye pou jiska 2 depistaj dyabèt chak 12 mwa apre dat dènye tès depistaj dyabèt ou te fè a.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou tès depistaj dyabèt Medicare kouvri yo.
Fòmasyon pou aprann jere dyabèt poukont ou, sèvis ak founiti pou moun ki gen dyabèt Pou tout moun ki gen dyabèt (kit yo itilize ensilin, kit yo pa itilize ensilin), men sèvis ki kouvri yo: • Founiti pou siveye nivo glikoz ki nan san w: glikomèt, bann tès glikoz, lansèt ak aparèy lansèt, ak solisyon kontwòl glikoz pou verifye si bann tès yo ak monitè yo bay rezilta ki egzak. • Pou moun ki gen dyabèt e ki gen yon maladi pye dyabetik ki grav: yon pè soulye terapetik ki pèsonalize pou chak ane sivil (ansanm ak pyès pou mete anndan soulye yo ki mache ak soulye sa yo) ak 2 lòt pè pyès pou mete anndan soulye yo, oswa yon pè soulye pwofondè ak 3 pè pyès pou mete anndan soulye yo (sa pa gen ladan l pyès pou mete anndan soulye yo ki ka rete e ki pa pèsonalize), san wete sèvis ajisteman an. • Fòmasyon pou ede moun aprann jere dyabèt poukont yo nan kèk kondisyon. • Glikomèt (Continuous Glucose Monitors, CGM) ak founiti ki mache ak yo.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou founiti pou moun ki gen dyabèt ki gen mak prefere a. Ko-asirans 20% pou: • Founiti pou moun ki gen dyabèt ki pa gen mak prefere • Tout glikomèt yo (ni sa ki prefere ni sa ki pa refere) ak founiti ki mache avèk yo Sepandan, ou ta dwe prezante kat Medicaid ou bay famasyen w lan oswa pwofesyonèl sante w la pou l ka voye yon fakti pou ko-asirans 20% sa a bay

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Fòmasyon pou aprann jere dyabèt poukont ou, sèvis ak founiti pou moun ki gen dyabèt (suit) Se kèk fabrikan sèlman ki kouvri pou founiti ak sèvis pou moun ki gen dyabèt yo. *Mak ki pa prefere yo ak tout glikomèt kontini yo mande yon otorizasyon alavans.*	plan Medicaid ou a. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou fòmasyon pou ede moun aprann jere dyabèt poukont yo Medicare kouvri.
Ekipman medikal dirab (DME) ak founiti ki mache ak yo (Pou jwenn yon definisyon sou ekipman medikal dirab la, konsilte chapit 12 la ak chapit 3 a) Atik ki kouvri yo gen ladan yo, san limit, chèz woulant, beki, matla elektrik, beki, founiti pou moun ki gen dyabèt, kabann lopital yon pwofesyonèl sante mande pou yon moun ka itilize yo lakay li, ponp pèfizyon sewòm, aparèy ki pale pou ou, ekipman pou bay oksijèn, nebilizè ak wòkè. Nou kouvri tout DME ki nesesè pou rezil medikal depi Original Medicare kouvri yo. Si founisè nou an nan zòn ou pa gen pwodui pou yon mak oswa yon fabrikan an patikilye, ou kapab mande l si li ka pase yon kòmann espesyal pou ou. W ap jwenn dènye lis founisè nou an sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl. Pa gen fabrikan ki prefere. *Yon otorizasyon alavans ka nesesè pou:* • *Ekipman medikal dirab Medicare kouvri ki koute plis pase $750.* • *Atik pou lwe ak atik ou ka lwe pou achte.* *Yon otorizasyon alavans nesesè pou:* • *Acha chèz woulant (ni sa ki elektrik ni sa ki mànyèl) ak tout akseswa pou chèz woulant yo (konpozan), kèlkeswa sa chak atik koute.* • *Sipleman nitrisyonèl anteral.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou ekipman medikal dirab Medicare kouvri yo. Depans pataje w la pou ekipman pou bay oksijèn Medicare yo se $0 chak mwa. Depans pataje w la pa p chanje apre ou gen 36 mwa depi ou enskri.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Swen ijans Swen ijans se sèvis: • Ou jwenn nan men yon pwofesyonèl sante ki kalifye pou bay sèvis ijans • Ki nesesè pou evalye oswa pou estabilize yon pwoblèm medikal ki ijan Yon ijans medikal se yon sitiyasyon kote ou menm oswa nenpòt lòt moun ki pa yon pwofesyonèl medikal, ki pridan e ki gen yon konesans nòmal sou kesyon sante ak medsin, panse ou gen sentòm medikal ki mande yon atansyon medikal imedyat pou w pa mouri (oswa, si w se yon fi ki ansent, pou w pa pèdi pitit ou nan vant ou), pou w pa pèdi yon manm kò w oswa pou w pa pèdi yon fonksyon nan yon manm kò w. Sentòm medikal sa yo se kapab yon maladi, yon blesi, yon gwo doulè oswa yon pwoblèm sante k ap vin pi mal byen rapid. Depans pataje pou sèvis ijans ki nesesè ou resevwa deyò rezo a se menm depans pataje ou genyen lè ou resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a. Ou asire pou swen ijans nan lemonnantye jiskaske ou rive nan yon limit konbine $50,000 (USD) chak ane pou sèvis ijans, sèvis swen rapid, sèvis ijans nan anbilans ou jwenn deyò peyi Etazini an ak tèritwa l yo. Si w gen yon ijans deyò peyi Etazini an ak tèritwa l yo, w ap gen pou peye pou sèvis ou jwenn yo nan moman ou jwenn yo. Ou dwe voye yon demann ranbousman bay plan nou an. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri konsilte chapit 7 la. Nou gendwa pa ranbouse w pou depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a. Rezon ki fè sa se paske tarif nou gen kontra pou yo gendwa pi ba pase tarif pwofesyonèl sante yo mande deyò peyi Etazini an ak tèritwa l yo. Ou gen pou peye pou nenpòt depans ki plis pase tarif nou gen kontra pou yo e pou nenpòt depans pataje ki aplike pou ou antanke manm. • Sa gen ladan l swen ijans oswa swen ou bezwen rapid ansanm ak transpò ijans nan anbilans soti kote ijans lan rive pou ale nan etablisman tretman medikal ki pi pre a.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou swen ijans Medicare kouvri yo. Si w jwenn swen ijans nan yon lopital ki deyò rezo a epi ou bezwen swen antanke pasyan ki entène apre yo fin estabilize pwoblèm sante ijans ou an, ou dwe mande plan nou an yon otorizasyon pou resevwa swen sa yo antanke pasyan ki entène nan lopital ki deyò rezo a epi depans pataje w la se pral depans pataje ou t ap gen pou peye nan yon lopital ki nan rezo a.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Swen ijans (suit) • Plan an pa kouvri transpò pou soti nan yon lòt peyi epi retounen Etazini. • Plan an pa kouvri tretman ki pwogram oswa ki planifye alavans yo (san wete dyaliz pou yon pwoblèm sante ou genyen deja) ak/oswa pwosedi elektif yo. • Sèvis ou jwenn nan men dantis yo pa kouvri.	
Pwogram edikasyon sou sante ak prevansyon SilverSneakers® se yon benefis fitnès ki pèmèt manm yo ale nan etablisman fitnès SilverSneakers® ki patisipe yo, jwenn resous pou byennèt yo sou Entènèt epi patisipe nan kou fitnès.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis fitnès la.
Sèvis odisyon Evalyasyon odisyon ak ekilib pou dyagnostik ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w pou detèmine si w bezwen yon tretman medikal se sèvis ki kouvri san w pa entène lè ou jwenn yo nan men yon doktè, yon odyolojis oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki kalifye. **Nou kouvri:** *Benefis aparèy pou tande sou preskripsyon an gen ladan l jiska de [2] aparèy pou tande (1 aparèy pou tande pou chak zòrèy) chak 3 ane pou teknoloji aparèy pou tande ki nan nivo Select atravè NationsHearing, san sa pa koute manm nan anyen. Tout aparèy pou tande NationsHearing ofri yo genyen: • Yon peryòd evalyasyon ki dire 60 jou ak yon garanti 100% ranbousman (san pa gen okenn frè pou peye pou retounen aparèy la) • 1 ajisteman aparèy pou tande pou chak aparèy pou tande • 3 randevou suivi nan lespas yon ane apre dat ajisteman an	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis odisyon yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis odisyon (suit) • Yon kantite pil k ap dire 3 ane (pou aparèy pou tande ki pa ka rechaje yo, jiska 60 pil chak ane pou chak zòrèy) • Yon garanti fabrikan ki konplè pandan 3 ane, avèk posiblite pou ranplase aparèy pou tande a yon sèl fwa si w pèdi l oswa si li domaje • Moul pou zòrèy (premye fwa a sèlman, lè sa nesesè) • Yon sipò kontini san limit pou manm yo atravè NationsHearing Chak lè manm nan achte yon aparèy pou tande ki gen mak NationsHearing, li ka jwenn twa [3] vizit suivi pou ajisteman ki nesesè yo. Twa [3] vizit yo disponib nan lespas yon ane apre dat premye ajisteman ki f` et pou yon aparèy pou tande ki gen mak NationsHearing manm nan achte pandan li enskri nan plan an.	
Depistaj VIH Pou moun ki mande yon tès depistaj VIH oswa ki gen plis risk pou yo gen yon enfeksyon VIH, men sa nou kouvri: • Yon egzamen depistaj chak 12 mwa. Si w ansent, men sa nou kouvri: • Jiska 3 egzamen depistaj pandan yon gwosès.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou manm ki kalifye yo pou depistaj prevantif Medicare kouvri a.
Swen sante adomisil Anvan ou ka jwenn sèvis sante adomisil, yon doktè dwe sètifye ou bezwen sèvis sante adomisil epi se li ki pral mande pou w jwenn sèvis sante adomisil nan men yon ajans sante adomisil. Ou dwe nan sitiyasyon kote ou pa kapab soti lakay ou oswa kote soti lakay ou difisil anpil. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Sèvis yon enfimyè espesyalize ak sèvis yon èd sante adomisil ki entèmitan oswa atanpasyèl (pou benefis swen sante adomisil la ka kouvri, total sèvis enfimyè espesyalize a ak sèvis èd sante adomisil la pa dwe depase 8 èdtan pa	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou swen sante adomisil Medicare kouvri yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Swen sante adomisil (suit) jou ak 35 èdtan pa semèn) • Fizyoterapi, ègoterapi ak òtofoni • Sèvis medikal ak sèvis sosyal • Ekipman ak founiti medikal *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*	
Terapi pèfizyon adomisil Terapi pèfizyon adomisil la gen ladan l administrasyon medikaman oswa pwodui byolojik bay yon moun ki lakay li nan sewòm oswa anba po li. Bagay ki nesesè pou bay yon pèfizyon adomisil se medikaman an (pa egzanp yon antiviral oswa iminoglobilin), ekipman an (pa egzanp yon ponp) ak founiti (pa egzanp tib ak katetè). Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Sèvis pwofesyonèl, san wete sèvis enfimyè, ann akò ak plan swen nou an • Fòmasyon ak edikasyon pou pasyan an ki pa kouvri nan benefis pou ekipman medikal dirab la • Siveyans adistans • Sèvis siveyans pou bay terapi pèfizyon adomisil la ak medikaman pèfizyon adomisil la nan men yon founisè terapi pèfizyon adomisil ki kalifye *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou terapi pèfizyon adomisil la.
Swen nan ospis Ou kalifye pou benefis pou ospis la lè doktè w ak direktè medikal ospis la te ba w yon pwonostik tèminal ki sètifye ou gen yon maladi tèminal epi ou rete 6 mwa oswa mwens pou w viv si maladi a kontinye nòmalman. Ou kapab jwenn swen nan men nenpòt pwogram ospis Medicare sètifye. Plan nou an oblije pou l ede w jwenn pwogram ospis Medicare sètifye nan zòn sèvis plan nou an, san wete pwogram nou posede, pwogram nou kontwole oswa pwogram nou gen yon enterè	Lè ou enskri nan yon pwogram ospis Medicare sètifye, se Original Medicare ki peye pou sèvis ospis ou yo ak sèvis Pati A ak Pati B ki gen rapò ak pwonostik tèminal ou a, men se pa

Swen ospis (suit) finansye nan yo. Doktè ospis ou a se kapab yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a oswa ki deyò rezo a. Men sèvis ki kouvri yo: • Medikaman pou kontwole sentòm yo e pou soulaje doulè • Swen repi alontèm • Swen adomisil Lè ou entène nan yon ospis, ou gen dwa pou rete nan plan nou an. Si w kontinye nan plan nou an, ou dwe kontinye peye prim plan yo. **Pou sèvis ospis yo ak sèvis ki kouvri nan Pati A oswa nan Pati B Medicare ki gen rapò ak pwonostik tèminal ou a:** Original Medicare (olye se plan nou an) pral peye pwofesyonèl oswa etablisman sante ki ba w sèvis ospis yo ak nenpòt sèvis Pati A ak Pati B ou jwenn ki gen rapò ak pwonostik medikal ou a. Pandan ou nan pwogram ospis la, pwofesyonèl oswa etablisman sante ki ba w sèvis ospis yo pral faktire Original Medicare pou sèvis Original Medicare peye pou yo. W ap resevwa yon fakti pou depans pataje Original Medicare a. **Pou sèvis ki kouvri nan Pati A oswa nan Pati B Medicare ki pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou a:** Si w bezwen sèvis ki pa sèvis ijans ni ki pa sèvis rapid men ki kouvri nan Pati A oswa nan Pati B Medicare, lèfini sèvis sa yo pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou a, sa ou pral peye pou sèvis sa yo ap varye si w itilize yon pwofesyonèl sante ki nan rezo plan nou an epi si w respekte règ plan nou tabli yo (pa egzanp si w sipoze jwenn yon otorizasyon alavans). • Si w jwenn sèvis ki kouvri yo nan men yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a epi ou respekte règ tabli an tabli yo pou jwenn sèvis yo, w ap peye montan depans pataje plan nou an sèlman pou sèvis ou jwenn nan rezo a. • Si w jwenn sèvis yo nan men yon pwofesyonèl sante ki deyò rezo a, w ap peye depans pataje pou Original Medicare a. **Pou sèvis AmeriHealth Caritas VIP Care kouvri ki men ki pa kouvri nan Pati A oswa nan Pati B Medicare:** AmeriHealth Caritas	AmeriHealth Caritas VIP Care.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Swen ospis (suit) VIP Care ap kontinye kouvri sèvis plan an kouvri yo ki pa kouvri nan Pati A oswa nan Pati B, kit yo gen rapò ak pwonostik tèminal ou a, kit yo pa gen rapò avè l. W ap peye montan depans pataje plan nou an pou sèvis sa yo. **Pou medikaman ki gendwa kouvri nan benefis Pati D plan nou an:** Si medikaman sa yo pa gen rapò avèk pwoblèm sante tèminal ki fè w nan ospis, w ap peye depans pataje a. Si yo gen rapò avèk pwoblèm sante tèminal ki fè w nan ospis, w ap peye depans pataje Original Medicare a. Medikaman yo pa janm kouvri nan ospis la ak nan plan nou an anmenmtan. Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte chapit 5, seksyon 9.4. **Nòt:** Si w bezwen swen ki pa swen ospis (swen ki pa gen rapò ak pwonostik medikal ou a), kontakte nou pou n pran dispozisyon pou fè w jwenn sèvis sa yo.	
Vaksinasyon Men ki sèvis ki kouvri nan Pati B Medicare: • Vaksen kont nemoni • Piki (oswa vaksen) kont grip/enfliyenza yon fwa nan chak sezon grip/enfliyenza nan sezon prentan ak ivè, ak piki (oswa vaksen) kont grip/enfliyenza siplemantè si sa nesesè pou rezon medikal • Vaksen kont epatit B yo si w poko janm resevwa tout seri vaksen an nèt, si w pa konnen ki vaksen ou gentan pran oswa si w gen yon lòt pwoblèm sante ki fè w gen yon gwo risk oswa yon risk imedyat pou pran epatit B • Vaksen kont COVID-19 • Lòt vaksen si w gen risk epi yo ann akò ak règ kouvèti asirans ki nan Pati B Medicare Epitou, nou kouvri pifò lòt vaksen pou adilt nan benefis pou medikaman Pati D nou an. Konsilte chapit 6, seksyon 8, pou jwenn plis enfòmasyon.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vaksen kont nemonim grip/enfliyenza, epatit B ak COVID-19 yo.
Swen lopital pandan pasyan an entène	Pa gen ko-asirans,

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Swen lopital pandan pasyan an entène (suit) Sa gen ladan l swen egi pou pasyan ki entène, sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki entène, sèvis swen alontèm nan lopital ak lòt kalite sèvis lopital pandan pasyan an entène. Swen lopital pandan pasyan an entène yo kòmanse nan jou yo entène w lopital la anba yon òdonans doktè. Jou ki anvan jou yo ba w egzeyat la se dènye jou ou antanke pasyan ki entène. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Chanm demi-prive (oswa chanm prive si li nesesè pou rezon medikal) • Repa, san wete pou rejim espesyal • Sèvis enfimyè regilye • Sa inite swen espesyal yo koute (tankou inite swen entansif oswa inite swen kowonaryen) • Medikaman • Analiz nan laboratwa • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji • Founiti chirijikal ak medikal ki nesesè • Aparèy ki itilize yo, tankou chèz woulant • Depans ki fèt pou sal operasyon an ak sal revèy la • Fizyoterapi, ègoterapi ak òtofoni • Sèvis pou abi sibstans pou pasyan ki entène • Nan kèk kondisyon, kalite grèf ki vin annapre yo kouvri: kòne, ren, ren-pankreyas, kè, fwa, poumon, kè/poumon, mwèl zo, selil souch, ak entesten/grèf miltiviseral Si w bezwen yon grèf, n ap pran dispozisyon pou yon sant transplantasyon Medicare apwouve egzamine dosye w pou deside si w se yon kandida pou grèf la. Pwofesyonèl ak etablisman sante ki bay sèvis grèf yo gendwa nan menm zòn avè w oswa deyò zòn sèvis la. Si sèvis grèf ki nan rezo nou an pa fè pati kominote ki bay swen an, ou ka chwazi ale nan yon sant ki nan zòn ou, depi pwofesyonèl ak etablisman sante lokal k ap ba w grèf la dispoze aksepte	ko-peman ni franchiz pou swen nan lopital pou pasyan ki entène Medicare kouvri yo pou chak admisyon. Si w jwenn swen ki otorize antanke pasyan ki entène nan yon lopital ki deyò rezo a apre yo fin estabilize pwoblèm sante ijans ou an, sa ou pral peye se depans pataje ou t ap peye nan yon lopital ki nan rezo a.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Swen lopital pandan pasyan an entène (suit) tarif Original Medicare bay la. Si AmeriHealth Caritas VIP Care bay sèvis grèf nan yon etablisman ki deyò kominote ki bay swen an pou grèf moun jwenn nan kominote w la epi ou chwazi jwenn grèf ou a nan etablisman sa a ki pi lwen, n ap pran dispozisyon oswa n ap peye pou w jwenn yon lojman ki apwopriye ak transpò pou ou ak yon lòt moun pou akonpaye w. • San, san wete estokaj ak administrasyon Plan an kòmanse kouvri san konplè ak konsantre globil wouj sèlman ak katriyèm pent san ou bezwen. Ou dwe peye sa 3 premye pent san ou jwenn nan yon ane sivil la koute oswa se ou menm oswa yon lòt moun ki dwe bay san an. Plan an kouvri tout lòt konpozan san an apati premye pent lan. • Sèvis doktè **Nòt:** Pou ou ka entène, pwofesyonèl sante w la dwe ekri yon òdonans pou yo entène w fòmèlman nan lopital la. Menm si w rete nan lopital la pandan yon nuit, yo gendwa toujou konsidere w kòm yo pasyan ki pa entène. Si w pa fin konnen si w se yon pasyan ki entène oswa ki pa entène, mande anplwaye lopital yo sa. • Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte fèy enfòmasyon Medicare ki rele *Benefis Medicare pou swen lopital* la, ki disponib sou Medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf, oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048. *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	
Sèvis pou pasyan ki entène nan yon lopital sikyatrik Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo sèvis swen sante mantal ki mande yon ospitalizasyon. Genyen yon limit 190 jou pou sèvis pou pasyan ki entène nan yon lopital sikyatrik. Limit 190 jou a pa aplike pou sèvis sante mantal pou pasyan ki entène nan yon inite sikyatrik nan yon lopital jeneral.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou swen nan lopital sikyatrik pou pasyan ki entène Medicare kouvri yo pou chak admisyon.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis pou pasyan ki entène nan yon lopital sikyatrik (suit) Benefis pou swen pou pasyan ki pa entène w yo ap kòmanse nan premye jou a chak fwa ou entène oswa transfere nan yon etablisman. Yon transfè nan yon etablisman reyabilitasyon pou pasyan ki entène, nan yon etablisman swen egi alontèm (Long Term Acute Care, LTAC) oswa nan yon etablisman sikyatrik pou pasyan ki entène se yon transfè ki konsidere kòm yon nouvo admisyon. *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	
Ospitalizasyon Sèvis ki kouvri ou jwenn nan yon lopital oswa nan yon SNF pandan yon ospitalizasyon antanke pasyan ki entène ki pa kouvri Si w fin itilize tout benefis ou yo antanke pasyan ki entène oswa si sejou antanke pasyan ki entène a pa rezonab oswa si l pa nesesè, nou pa p kouvri ospitalizasyon w antanke pasyan ki entène. Nan kèk ka, n ap kouvri sèten sèvis ou jwenn pandan ou lopital oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize (skilled nursing facility, SNF). Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Sèvis doktè • Tès dyagnostik (tankou analiz nan laboratwa) • Radyografi, radyòm ak terapi izotòp, san wete materyèl teknisyen yo ak sèvis yo • Pansman chirijikal • Atèl, plat ak lòt aparèy yo itilize pou redui frakti oswa debwatman • Pwotèz ak òtèz (ki pa dantè) ki ranplase tout oswa yon pati nan yon ògàn entèn kò a (san wete tisi kontigi yo), oswa tout oswa yon pati nan fonksyon yon ògàn entèn kò a ki sispann fonksyone nètale oswa ki pa fonksyone byen, san wete ranplasman oswa reparasyon aparèy sa yo • Atèl pou janm, bra, do oswa kou; bandaj ènyè, ak janm, bra ak je atifisyèl, san wete ajisteman, reparasyon ak ranplasman ki nesesè paske aparèy la kase, li ize, li pèdi, oswa paske eta fizik pasyan an chanje	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis pou pasyan ki entène ki kouvri yo pandan yon ospitalizasyon antanke pasyan ki entène ki pa kouvri.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Ospitalizasyon Sèvis ki kouvri ou jwenn nan yon lopital oswa nan yon SNF pandan yon ospitalizasyon antanke pasyan ki entène ki pa kouvri (suit) • Fizyoterapi, òtofoni ak ègoterapi	
***Benefis pou repa** Benefis pou repa apre egzeyat la kouvri 14 repa pou yon semèn pou yon manm ki pa kapab soti lakay li nan lespas 30 jou apre li egzeyate nan yon etablisman kote li te entène oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize, jiska kat fwa chak ane. Li nesesè pou doktè a refere manm nan.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou manm ki kalifye yo pou benefis pou repa apre egzeyat la.
Terapi nitrisyon medikal Benefis sa a se yon benefis pou moun ki gen dyabèt, maladi ren (men ki pa sou dyaliz) oswa apre yon grèf ren lè se doktè w ki mande l. Nou kouvri 3 èdtan nan sèvis konsèy endividyèl pandan premye ane ou jwenn sèvis terapi nitrisyon medikal la nan Medicare (sa gen ladan l plan nou an, nenpòt lòt plan Medicare Advantage oswa Original Medicare) epi 2 èdtan chak ane apre sa. Si pwoblèm sante w, tretman w oswa dyagnostik ou chanje, ou ka gen posiblite jwenn plis èdtan nan tretman an depi doktè a mande sa. Yon doktè dwe preskri sèvis sa yo epi li dwe renouvle òdonans li an chak ane si w toujou bezwen tretman w lan nan ane sivil ki vin annapre a.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou manm ki kalifye yo pou sèvis terapi nitrisyon medikal Medicare kouvri yo.
Pwogram prevansyon dyabèt Medicare (MDPP) **Sèvis MDPP yo kouvri pou moun ki kalifye yo nan tout plan sante Medicare yo.** MDPP se yon entèvansyon pou chanjman konpòtman ki afekte sante ki estriktire. Li bay yon fòmasyon pratik pou pote chanjman alontèm nan rejim alimantè a, pou ogmante aktivite fizik la e pou aprann rezoud pwoblèm nan objektif pou simonte obstak ki anpeche megri epi	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis MDPP a.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Pwogram prevansyon dyabèt Medicare (MDPP) (suit) viv yon fason ki bon pou sante w.	
Medikaman Medicare Pati B yo Kategori medikaman Pati B ki anba yo kapab mande terapi pa etap Pati B a. Ale sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/provider/resources/clinical pou jwenn yon lis medikaman ki ka mande terapi pa etap Pati B a. **Medikaman sa yo kouvri nan Pati B Original Medicare a. Manm yo jwenn yon kouvèti asirans pou medikaman sa yo atravè plan nou an. Men medikaman ki kouvri yo:** • Medikaman pasyan an pa adminsitre bay tèt li poukont li ak medikaman ki enjekte oswa ki pèfize pandan w ap resevwa sèvis nan men doktè w, nan yon lopital antanke pasyan ki pa entène oswa nan yon sant sant chirijikal anbilatwa • Ensilin ou jwenn atravè yon ekipman medikal dirab (tankou yon ponp ensilin ki nesesè pou rezon medikal) • Lòt medikaman ou pran pa mwayen yon ekipman medikal dirab (tankou yon nebilizè) depi plan nou an otorize yo • Medikaman pou Alzheimer ki rele Leqembi® (non jenerik la se lekanemab), ki se yon medikaman yo bay nan sewòm. Anplis sa medikaman yo koute, ou ka gen pou fè lòt egzamen ak tès anvan ak/oswa pandan tretman an epi sa gendwa fè depans ou yo ogmante. Mande doktè w ki egzamen ak tès ou ka bezwen fè nan kad tretman w lan. • Faktè kowagilasyon ou bay tèt ou nan enjeksyon si w gen emofili • Medikaman pou grèf/Medikaman iminosipresè: Medicare kouvri terapi medikaman pou grèf la si Medicare te peye pou grèf ògàn ou an. Ou dwe gen Pati A lè ou jwenn grèf ki kouvri a epi ou dwe gen Pati B lè ou jwenn medikaman iminosipresè yo. Kouvèti asirans Pati D Medicare a kouvri medikaman iminosipresè yo si Pati B pati kouvri yo • Medikaman pou ostewopowoz ki enjektab, si w pa ka soti lakay ou, si w gen yon frakti zo kote yon doktè sètifye li gen rapò ak ostewopowoz pòs-menopòz, depi ou pa	Kèk medikaman gen yon ko-asirans 20% nan Pati B a. Sepandan, ou ta dwe bay famasyen w kat Medicaid ou a pou l faktire ko-asirans 20% sa a bay òganizasyon ki ba w Medicaid ou a. Depans pataje pou ensilin nan gen yon ko-peman $35 pou yon kantite k ap dire yon mwa. Franchiz la pa aplike pou ensilin ki kouvri a.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Medikaman Medicare Pati B yo (suit) kapab bay tèt ou medikaman an • Kèk kalite antijèn: Medicare kouvri antijèn yo si yon doktè prepare yo epi yon moun ki jwenn bonjan enstriksyon (se kapab ou menm antanke pasyan) ki bay yo anba yon sipèvizyon ki apwopriye • Kèk kalite medikaman pou kansè pou pran nan bouch: Medicare kouvri kèk kalite medikaman pou kansè ou pran nan bouch si menm medikaman an disponib sou fòm enjektab oswa si medikaman an se yon pwomedikaman pou medikaman enjektab la li ye (yon fòm medikaman ou pran nan bouch ki vin dekonpoze apre ou vale l pou l bay menm engredyan aktif ki nan medikaman enjektab la). Ofiramezi gen nouvo medikaman pou kansè pou pran nan bouch ki vin disponib, Pati B gendwa kouvri yo. Si Pati B pa kouvri yo, Pati D ap fè l. • Medikaman pou kè plen pou pran nan bouch: Medicare kouvri medikaman pou kè plen pou pran nan bouch si w itilize yo nan kad yo tretman chimyoterapetik kont kansè lè yo adminsitre anvan, pandan oswa nan lespas 48 èdtan apre yon chimyoterapi, oswa lè yo itilize yo nan kad yon ranplasman terapetik konplè pou yon medikaman pou kè plen pou pran nan sewòm • Sèten medikaman pou maladi ren nan faz tèminal (End-Stage Renal Disease, ESRD) pou pran nan bouch ki kouvri nan Pati B Medicare a • Medikaman kalsimimetik ak medikaman aglitinasyon fosfat nan sistèm peman ESRD a, san wete medikaman pou pran nan sewòm ki rele Parsabiv® ak medikaman pou pran nan bouch ki rele Sensipar® • Sèten medikaman pou dyaliz adomisil, san wete eparin, antidòt pou eparin nan lè sa nesesè pou rezon medikal, ak medikaman anestezik lokal • Ajan ki estimile eritwopoyèz la: Medicare kouvri eritwopoyetin nan enjeksyon si w gen yon maladi ren nan faz final (End-Stage Renal Disease, ESRD) oswa si w bezwen medikaman sa a pou trete yon anemi ki gen rapò ak sèten lòt pwoblèm sante (tankou Epogen®, Procrit®, Retacrit®, Epoetin Alfa, Aranesp®, dabepoyetin alfa,	

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Medikaman Medicare Pati B yo (suit) Mircera® oswa metoksi poliyetilènglikòl epoyetin beta) • Iminoglobilin nan sewòm pou tretman maladi imino-defisyans primè adomisil • Nitrisyon paranteral ak anteral (nan sewòm ak nan tib) Lyen sa a ap pèmèt ou jwenn yon lis medikaman Pati B ki ka mande terapi pa etap la: www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/provider/resources/clinical Epitou, nou kouvri kèk vaksen nan Pati B ak pifò vaksen pou adilt nan benefis pou medikaman Pati D nou an. Chapit 5 lan esplike benefis pou medikaman Pati D nou an ak règ ou sipoze suiv yo pou nou kouvri medikaman sou preskripsyon w yo. Chapit 6 la esplike sa ou peye pou medikaman Pati D yo atravè plan nou an. *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*	
***Liy asistans enfimyè** Liy enfimyè 24/7 la se yon sèvis ki disponib pou tout manm yo 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Sèvis sa a la pou bay manm yo yon resous k ap reponn kesyon yo genyen yo sou sante e pou rekòmande yo nivo swen yo ka bezwen an. **Pou kontakte liy enfimyè ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7 la, rele nan 1-833-835-6250 (TTY 711).**	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou liy asistans enfimyè a.
Depistaj obezite ak terapi pou ede moun megri yon fason ki dirab Si mas endis kòporèl ou a nan 30 oswa plis, nou kouvri konsèy entansif pou ede w megri. Konsèy sa yo kouvri si w jwenn yo nan yon etablisman swen prensipal kote yo ka kowòdone ak plan prevansyon konplè w la. Pale ak doktè oswa pwofesyonèl sante prensipal ou a pou jwenn plis enfòmasyon.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou depistaj obezite prevantif prevantif ak terapi.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis nan kad pwogram tretman pou opyoyid Nan plan nou an, manm yo ki gen yon twoub abi opyoyid (opioid use disorder, OUD) ka jwenn yon kouvèti asirans pou sèvis yo jwenn pou trete OUD a atravè yon pwogram tretman pou opyoyid (Opioid Treatment Program, OTP) ki gen sèvis ki vin annapre yo ladan l: • Agonis opyoyid ak medikaman pou tretman asiste pa mwayen medikaman (medication-assisted treatment, MAT) depi Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman Etazini an (U.S. Food and Drug Administration, FDA) apwouve yo. • Dispensasyon ak administrasyon medikaman MAT (si sa aplikab) • Konsèy pou abi sibstans • Terapi endividyèl ak terapi an gwoup • Depistaj toksikoloji • Aktivite akèy nan pwogram nan • Evalyasyon peryodik	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis yo nan kad pwogram tretman pou opyoyid la.
Tès dyagnostik pou pasyan ki pa entène ak sèvis ak founiti terapetik Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Radyografi • Radyoterapi (radyòm ak izotòp), san wete materyèl teknisyen yo ak founiti yo • Founiti chirijikal, tankou pansman • Atèl, plat ak lòt aparèy yo itilize pou redui frakti oswa debwatman • Analiz nan laboratwa • San, san wete estokaj ak administrasyon Plan an kòmanse kouvri san konplè ak konsantre globil wouj sèlman ak katriyèm pent san ou bezwen. Ou dwe peye sa 3 premye pent san ou jwenn nan yon ane sivil la koute oswa se ou menm oswa yon lòt moun ki dwe bay san an. Plan an kouvri tout lòt konpozan san an apati premye pent lan. • Tès dyagnostik ki pa fèt nan laboratwa, tankou	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou pwosedi/tès dyagnostik Medicare kouvri yo. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis laboratwa Medicare kouvri yo. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis radyoloji dyagnostik Medicare kouvri yo. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis radyoloji dyagnostik

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Tès dyagnostik pou pasyan ki pa entène ak sèvis ak founiti terapetik (suit) tomodansitometri, MRI, EKG ak eskàn PET lè doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl sante mande yo pou trete yon pwoblèm medikal • Lòt tès dyagnostik pou pasyan ki pa entène *Se pa tout pwosedi dyagnostik, tès ak sèvis laboratwa ki mande yon otorizasyon alavans. Pifò sèvis laboratwa yo pa mande yon otorizasyon alavans. Kèk sèvis laboratwa ki espesyalize (pa egzanp sèvis laboratwa pou tès jenetik) gendwa mande yon otorizasyon alavans. Mande pwofesyonèl sante w la rele plan an pou verifye si w bezwen yon otorizasyon.* *Se pa tout pwosedi dyagnostik/terapetik/radyolojik ak sèvis radyografi ki mande yon otorizasyon alavans. Pifò sèvis radyografi yo pa mande yon otorizasyon alavans. Yon otorizasyon alavans nesesè pou kèk kalite sèvis radyografi ki espesyalize. Mande pwofesyonèl sante w la rele plan an pou verifye si w bezwen yon otorizasyon.*	Medicare kouvri yo. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis radyografi Medicare kouvri yo.
Obsèvasyon nan lopital san pasyan an pa entène Sèvis obsèvasyon se sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène yo ye. Yo la pou detèmine si yo bezwen entène w antanke pasyan oswa si yo ka egzeyate w. Pou sèvis obsèvasyon nan lopital san pasyan an pa entène yo ka kouvri, yo dwe ranpli yon seri kritè Medicare tabli epi yo dwe konsidere kòm sèvis ki rezonab e ki nesesè. Sèvis obsèvasyon yo kouvri sèlman lè moun ki mande yo se yon doktè oswa yon lòt moun ki otorize selon lwa Eta a bay pou lisans yo ak selon règleman lopital la tabli pou pèsonèl li a pou entène pasyan nan lopital oswa pou mande tès pou pasyan ki pa entène. **Nòt:** Si pwofesyonèl sante a pa t ekri yon òdonans pou yo entène w antanke pasyan nan lopital la, ou pa konsidere kòm yon pasyan ki entène epi w ap peye montan depans pataje ki aplike pou sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène. Menm si w rete nan lopital la pandan yon nuit, yo gendwa toujou	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis obsèvasyon nan lopital san pasyan an pa entène Medicare kouvri yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Obsèvasyon nan lopital san pasyan an pa entène (suit) konsidere w kòm yo pasyan ki pa entène. Si w pa fin konnen si w se yon pasyan ki entène oswa ki pa entène, mande anplwaye lopital yo sa. Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte fèy enfòmasyon Medicare ki rele *Benefis Medicare pou swen lopital* la, ki disponib sou Medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf, oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.	
Sèvis lopital pou pasyan ki pa entène Nou kouvri sèvis ki nesesè pou rezon medikal ou jwenn nan yon depatman anbilatwa lopital la pou dyagnostike oswa pou trete yon maladi oswa yon blesi. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Sèvis nan yon depatman ijans oswa nan yon klinik anbilatwa, tankou sèvis obsèvasyon oswa operasyon pou pasyan ki pa entène. • Tès laboratwa ak tès dyagnostik lopital la faktire • Swen sante mantal, san wete swen nan yon pwogram ospitalizasyon pasyèl, depi yon doktè sètifye ou t ap bezwen yon tretman pou pasyan ki entène si w pa t jwenn swen sa yo • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji lopital la faktire • Founiti medikal, tankou atèl ak plat • Kèk kalite medikaman ak pwodui byolojik ou pa kapab bay tèt ou **Nòt:** Si pwofesyonèl sante a pa t ekri yon òdonans pou yo entène w antanke pasyan nan lopital la, ou pa konsidere kòm yon pasyan ki entène epi w ap peye montan depans pataje ki aplike pou sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène. Menm si w rete nan lopital la pandan yon nuit, yo gendwa toujou konsidere w kòm yo pasyan ki pa entène. Si w pa fin konnen si w se yon pasyan ki entène oswa ki pa entène, mande	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis lopital pou pasyan ki pa entène Medicare kouvri yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis lopital pou pasyan ki pa entène (suit) anplwaye lopital yo sa. *Règ ki aplike pou otorizasyon alavans lan pou sèvis lopital pou pasyan ki pa entène yo parèt nan deskripsyon an pou chak benefis pou pasyan ki pa entène ki nan tablo sa a. Se pa tout sèvis prevansyon oswa sèvis dyagnostik pasyan an resevwa san li pa entène ki mande yon otorizasyon alavans.*	
Swen sante mantal pou pasyan ki pa entène Men sèvis ki kouvri yo: Sèvis sante mantal ou jwenn nan men yon sikyat oswa yon doktè ki jwenn yon lisans nan men Eta a, yon sikològ klinik, yon asistan sosyal klinik (CSW), yon enfimyè espesyalis klinik (CNS), yon konseye pwofesyonèl ki gen lisans (LPC), yon terapet ki gen lisans pou kesyon maryaj ak fanmi (LMFT), yon enfimyè pratisyen (NP), yon asistan doktè (PA) oswa yon lòt pwofesyonèl sante mantal Medicare kalifye ki otorize selon lwa Eta a tabli yo. • Seyans terapi endividyèl Medicare kouvri • Seyans terapi gwoup Medicare kouvri • Konsèy pou abi sibstans • Terapi endividyèl ak terapi an gwoup • Depistaj toksikoloji	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou swen sante mantal pou pasyan ki pa entène Medicare kouvri yo.
Sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa entène Sèvis ki kouvri yo se fizyoterapi, ègoterapi ak òtofoni. Sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa entène yo disponib nan diferan etablisman, tankou nan depatman anbilatwa ki nan lopital, nan kabinè terapet endepandan ak nan etablisman reyabilitasyon konplè pou pasyan ki pa entène (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facilities, CORF). *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa entène Medicare kouvri yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis pou twoub abi sibstans pou pasyan ki pa entène • Seyans terapi endividyèl Medicare kouvri • Seyans terapi gwoup Medicare kouvri *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis pou abi sibstans pou pasyan ki pa entène Medicare kouvri yo.
Operasyon pou pasyan ki pa entène, san wete sèvis yo jwenn nan yon etablisman anbilatwa nan yon lopital ak nan yon sant chirijikal anbilatwa **Nòt:** Si w pral opere nan yon lokal ki fè pati yon lopital, ou ta dwe mande pwofesyonèl sante w si w pran konsidere kòm yon pasyan ki entène oswa ki pa entène. Si pwofesyonèl sante a pa t ekri yon òdonans pou yo entène w antanke pasyan nan lopital la, ou pa konsidere kòm yon pasyan ki entène epi w ap peye montan depans pataje ki aplike pou operasyon pou pasyan ki pa entène. Menm si w rete nan lopital la pandan yon nuit, yo gendwa toujou konsidere w kòm yo pasyan ki pa entène. *Yon otorizasyon alavans ka nesesè pou sèvis ou jwenn nan yon sant chirijikal anbilatwa.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit nan yon etablisman anbilatwa nan yon lopital Medicare kouvri yo. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit nan sant chirijikal anbilatwa Medicare kouvri yo.
***Pwodui yo vann san preksipsyon (OTC) ak sipò pou aktivite ki fèt nan lavi chak jou a** Manm yo jwenn yon alokasyon konbine $150 chak mwa pou depanse pou atik yo vann san preskripsyon ki kalifye tankou vitamin, medikaman pou doulè, remèd pou rim ak plis bagay ankò. Kòb la chaje chak mwa sou yon kat debi plan an bay. • Manm yo kapab achte sou katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo. • Pa gen limit sou kantite atik oswa kòmann yo. • Nenpòt kòb ki pa t itilize ap ekspire nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an. Naloksòn kouvri antanke benefis pou pwodui yo vann san preskripsyon nan Pati C a. Terapi ranplasman nikotin (NRT) ki ofri a pa gen menm fonksyon ak yon medikaman Pati D, ki yo vann li san preskripsyon, kit li sou fòmilè a.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou pwodui yo vann san preskripsyon ki kouvri yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
***Pwodui yo vann san preksipsyon (OTC) ak sipò pou aktivite ki fèt nan lavi chak jou a (suit)** ***Aparèy pou sekirite kay la ak saldeben an** Tout manm yo kapab sèvi avèk alokasyon konbine an pou achte aparèy ki kalifye pou sekirite kay la ak saldeben an, tankou ba pou apiye yo, manch pòt, tapi ki pa glise, chèz sekirite ak aparèy pou modifye saldeben an. Manm yo kapab achte sou katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire nan fen chak mwa oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.	
Sèvis ospitalizasyon pasyèl ak sèvis entansif pou pasyan ki pa entène *Yon ospitalizasyon pasyèl* se yon pwogram estriktire pou yon tretman sikyatrik aktif yo bay antanke sèvis lopital pou pasyan ki pa entène oswa nan yon sant sante mantal kominotè ki pi entans pase swen ou jwenn nan kabinè doktè w, terapet ou, terapet ki gen lisans pou kesyon maryaj ak fanmi w (lceinsed marriage and family therapist, LMFT) oswa konseye pwofesyonèl ki gen lisans ou, epi se yon lòt posiblite ou genyen olye yo entène w nan yon lopital. *Sèvis entansif pou pasyan ki pa entène* se yon pwogram estriktire pou yon terapi sante konpòtmantal (mantal) yo bay nan yon depatman anbilatwa nan yon lopital, nan yon sant sante mantal kominotè, nan yon sant sante ki kalifye anba règ federal yo oswa nan yon klinik sante riral e ki pi entans pase swen ou jwenn nan kabinè doktè w, terapet ou, terapet ki gen lisans pou kesyon maryaj ak fanmi w (lceinsed marriage and family therapist, LMFT) oswa konseye pwofesyonèl ki gen lisans ou, men ki mwens entans pase ospitalizasyon pasyèl la. *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou ospitalizasyon pasyèl entansif ak sèvis pou pasyan ki pa entène Medicare kouvri yo.
Sèvis doktè/pratisyen, san wete vizit kay doktè Men sèvis ki kouvri yo: • Swen medikal oswa sèvis chirijikal ki nesesè pou rezon medikal ou jwenn nan kabinè yon doktè, nan yon sant	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit kay doktè prensipal Medicare kouvri yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis doktè/pratisyen, san wete vizit kay doktè (suit) chirijikal anbilatwa, nan yon depatman anbilatwa nan yon lopital, oswa nenpòt lòt kote. • Konsiltasyon, dyagnostik ak tretman nan men yon espesyalis • Egzamen odisyon ak ekilib debaz nan men PCP w oswa espesyalis ou, si doktè w mande sa pou detèmine si w bezwen yon tretman medikal • Kèk sèvis telemedsin se konsiltasyon, dyagnostik ak tretman nan men yon doktè oswa yon pratisyen, pou pasyan ki rete nan kèk zòn andeyò oswa nan lòt zòn Medicare apwouve • Sèvis telemedsin pou vizit ki gen rapò ak maladi ren nan faz final ki fèt chak mwa a pou manm ki sou dyaliz lakay yo nan yon sant dyaliz renal ki nan yon lopital oswa nan yon sant dyaliz renal pou aksè kritik ki nan yon lopital, nan yon etablisman dyaliz renal oswa lakay manm nan • Sèvis telemedsin pou dyagnostike, evalye oswa trete sentòm ki mache ak stwok, kèlkeswa kote manm nan ye a • Sèvis telemedsin pou manm ki gen yon twoub abi sistans oswa yon twoub sante mantal ki parèt ak yon lòt pwoblèm sante, kèlkeswa kote yo ye a • Sèvis telemedsin pou dyagnostike, evalye epi trete yon twoub sante mantal • Sèvis telemedsin pou vizit sante mantal nan yon klinik sante riral ak nan yon sant sante ki kalifye anba règ federal yo • Egzamen vityèl rapid (pa egzanp nan telefòn oswa pa mwayen videyokonferans) ak doktè w pou 5-10 minit **si**: o Ou pa yon nouvo pasyan **epi** o Egzamen rapid la pa gen rapò ak yon vizit ki te fèt nan kabinè doktè a nan 7 dènye jou ki sot pase yo **epi** o Egzamen rapid la pa fè w oblije ale nan kabinè doktè a nan lespas 24 èdtan oswa li pa fè w oblije pran randevou nan dat ki pi bonè ki disponib la • Evalyasyon videyo/imaj ou te voye bay doktè w, ak entèpretasyon ak suivi doktè w fè nan lespas 24 èdtan **si**: o Ou pa yon nouvo pasyan **epi**	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou chak vizit kay espesyalis Medicare kouvri.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis doktè/pratisyen, san wete vizit kay doktè (suit) o Evalyasyon an pa gen rapò ak yon vizit ki te fèt nan kabinè doktè a nan 7 dènye jou ki sot pase yo **epi** o Evalyasyon an pa fè w oblije ale nan kabinè doktè a nan lespas 24 èdtan oswa li pa fè w oblije pran randevou nan dat ki pi bonè ki disponib la • Konsiltasyon doktè w fè ak lòt doktè nan telefòn, sou Entènèt oswa nan sistèm dosye medikal elektwonik la • Yon dezyèm opinyon nan men yon lòt pwofesyonèl sante ki nan rezo a anvan yon operasyon	
Sèvis podyatri Men sèvis ki kouvri yo: • Dyagnostik ak tretman medikal oswa chirijikal pou blesi ak maladi pye (tankou zòtèy mato ak epin kalkaneyèn) • Swen pye woutin pou manm ki gen kèk pwoblèm medikal ki afekte manm enferyè kò a *Plan nou an kouvri 6 vizit woutin pou swen pye chak ane.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou chak sèvis podyatri woutin ak sèvis podyatri Medicare kouvri.
Pwofilaksi pre-ekspozisyon (PrEP) pou prevansyon VIH Si w pa gen VIH, men doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl sante detèmine ou gen plis risk pou pran VIH, nou kouvri medikaman pwofilaksi pre-ekspozisyon an (pre-exposure prophylaxis, PrEP) ak sèvis ki mache avè l yo. Si w kalifye, men sèvis ki kouvri yo: • Medikaman PrEP enjektab oswa pou pran nan bouch FDA apwouve, san wete kòb yo mande pou enjekte medikaman an, si sa aplikab • Jiska 8 sesyon konsèy endividyèl (san wete evalyasyon risk VIH la, rediksyon risk VIH la ak konsèy pou pran medikaman yo kòmsadwa) chak 12 mwa • Jiska 8 depistaj VIH chak 12 mwa • Yon depistaj viris epatit B yon sèl fwa	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis PrEP a.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Egzamen depistaj kansè pwostat Pou gason ki genyen 50 lane oswa plis yo, men sèvis ki kouvri yo yon fwa chak 12 mwa: • Egzamen rektal dijital • Tès antijèn espesifik pou pwostat la (PSA)	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou yon tès PSA chak ane.
Pwotèz ak òtèz ak founiti ki mache ak yo Aparèy (sof aparèy dantè) ki ranplase tout oswa yon pati nan yon pati oswa nan yon fonksyon kò a Sa gen ladan l, san limit, tès, ajisteman oswa fòmasyon pou itilize pwotèz la ak òtèz la, ansanm ak sak kolostomi ak lòt founiti ki gen yon rapò dirèk ak swen kolostomi yo, pèsmekè, atèl, soulye pwostetik, manm atifisyèl ak pwotèz tete (san gen ladan l brasyè chirijikal apre yon mastektomi). Sa gen ladan l sèten founiti ki gen rapò ak pwotèz ak òtèz yo, ansanm ak reparasyon ak/oswa ranplasman pwotèz ak òtèz yo. Sa gen ladan l tou kèk sèvis apre yo retire yon katarat oswa apre yon operasyon katarat. Ale nan seksyon *Swen vizyon* pi devan nan tablo sa a pou jwenn plis detau. *Yon otorizasyon alavans nesesè pou pwotèz ak founiti medikal Medicare kouvri yo, kit yo lwe, kit yo achte.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou pwotèz Medicare kouvri yo ak founiti ki mache ak yo.
Sèvis reyabilitasyon pilmonè Pwogram reyabilitasyon pilmonè konplè yo kouvri pou manm ki gen bwonkonemopati kwonik obstriktif (chronic obstructive pulmonary disease, COPD) soti nan nivo modere rive nan nivo grav anpil, depi doktè k ap trete maladi respiratwa kwonik la ekri yon òdonans pou mande reyabilitasyon pilmonè a. *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis reyabilitasyon pilmonè Medicare kouvri yo.
Depistaj ak konsèy pou redui abi alkòl Nou kouvri yon depistaj abi alkòl pou adilt ki abize alkòl yo (san wete fi ki ansent) san yo pa depandan parapò ak alkòl la., Si w teste pozitif pou abi alkòl, ou kapab jwenn jiska 4 sesyon konsèy an pèsòn ki rapid chak ane (depi ou	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis prevansyon pou depistaj ak konsèy pou redui abi alkòl Medicare

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Depistaj ak konsèy pou redui abi alkòl (suit) konpetan epi ou ka prete atansyon pandan sesyon konsèy la) nan men yon doktè prensipal oswa yon pwofesyonèl sante ki kalifye nan yon etablisman swen prensipal.	kouvri a.
Depistajs kansè poumon pa mwayen tomografi enfòmatik ak yon dòz ki ba (LDCT) Pou moun ki kalifye yo, yon LDCT kouvri chak 12 mwa. **Manm ki kalifye yo** se moun ki genyen ant 50 ak 77 lane ki pa gen okenn siy oswa sentòm kansè poumon, men ki te konn fimen tabak nan yon nivo ki reprezante omwen 20 pake-ane e ki toujou ap fimen, oswa ki te kite fimen nan 15 dènye ane ki sot pase yo, ki te jwenn yon òdonans pou LDCT a pandan yon vizit konsèy ak desizyon pataje sou depistaj kansè poumon ki ranpli kondisyon Medicare tabli yo pou vizit sa yo nan men yon doktè oswa yon pwofesyonèl sante ki pa yon doktè men ki kalifye. *Pou depistaj kansè poumon LDCT yo apre premye depistaj LDCT a:* manm yo dwe jwenn yon òdonans pou depistaj kansè poumon LDCT a pandan yon vizit nan men yon doktè oswa yon pwofesyonèl sante ki pa yon doktè men ki kalifye. Si yon doktè oswa yon pwofesyonèl sante ki pa yon doktè men ki kalifye chwazi bay yon vizit konsèy ak desizyon pataje sou depistaj kansè poumon pou fè yon depistaj kansè poumon LDCT pi devan, vizit la dwe ranpli kondisyon Medicare tabli yo pou vizit sa yo.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit konsèy ak desizyon pataje sou depistaj kansè poumon Medicare kouvri yo oswa pou LDCT a.
Depistaj enfeksyon viris epatit C Nou kouvri yon depistaj epatit C si doktè prensipal ou a oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki kalifye mande sa epi ou ranpli youn nan kondisyon sa yo: • Ou gen yon risk ki wo paske ou pran oswa ou te deja pran dwòg ilegal ki enjekte nan kò a.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou depistaj viris epatit C Medicare kouvri a.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Depistaj enfeksyon viris epatit C (suit) • Ou te pran yon transfizyon san anvan 1992. • Ou te fèt ant 1945 ak 1965. Si w te fèt ant 1945 ak 1965 men yo pa konsidere w kòm yon moun ki gen yon risk ki wo, nou kouvri depistaj la yon sèl fwa. Si w gen yon risk ki wo (pa egzanp si w kontinye pran dwòg ilegal ki enjekte nan kò a apre ou te jwenn yon rezilta negatif nan dènye tès depistaj epatit C ou te fè a), nou kouvri yon depistaj chak ane.	
Depistaj enfeksyon ki transmèt nan rapò seksyèl (STI) ak konsèy pou evite STI Nou kouvri depistaj enfeksyon ki transmèt nan rapò seksyèl yo (sexually transmitted infection, STI) pou klamidi, blenoraji, sifilis ak epatit B. Depistaj sa yo kouvri pou fi ki ansent yo ak sèten moun ki gen plis risk pou yo pran yon STI lè se yon pwofesyonèl sante prensipal ki mande tès yo. Nou kouvri tès sa yo yon fwa chak 12 mwa oswa nan kèk moman pandan yon gwosès. Epitou, nou kouvri jiska 2 sesyon konsèy konpòtmantal endividyèl ki entansif, ki fèt an pèsòn e ki dire 20 a 30 minit chak ane pou adilt ki aktif nan domèn seksyèl e ki gen plis risk pou yo pran yon STI. Nou kouvri sesyon konsèy sa yo antanke sèvis prevantif sèlman si se yon pwofesyonèl sante ki bay yo epi si yo fèt nan yon etablisman swen prensipal, tankou nan kabinè doktè w.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis prevansyon pou depistaj STI ak konsèy pou redui STI Medicare kouvri a.
Sèvis pou trete maladi ren Men sèvis pou maladi ren ak sèvis dyaliz yo: • Sèvis edikasyon sou maladi ren pou aprann manm yo pran swen ren yo e pou ede yo pran bonjan desizyon sou swen yo. Pou manm ki gen yon maladi ren kwonik nan etap IV yo, lè doktè yo refere yo, nou kouvri jiska 6 sesyon sèvis edikasyon sou maladi ren pou tout lavi a • Tretman dyalis pou pasyan ki pa entène (san wete tretman dyaliz lè ou pa nan zòn sèvis la pou yon ti tan, jan chapit 3	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou edikasyon sou maladi ren an. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou dyaliz ren Medicare kouvri a.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis pou trete maladi ren (suit) a esplike sa, oswa lè pwofesyonèl sante ki konn ba w sèvis sa a pa disponib oswa ou pa a jwenn li pou yon ti tan) • Tretman dyaliz pou pasyan ki entène (si yo entène w nan yon lopital pou w jwenn swen espesyal) • Fòmasyon pou bay tèt ou dyaliz (san gen ladan l fòmasyon pou tèt ou ak nenpòt moun k ap ede w jwenn tretman dyaliz la lakay ou) • Ekipman dyaliz adomisil ak founiti ki mache ak yo • Sèten sèvis sipò adomisil (tankou, lè sa nesesè, vizit nan men yon asistan dyaliz ki fòme pou verifye kijan ou fè dyaliz lakay ou, pou jwenn èd nan sitiyasyon ijans e pou verifye ekipman dyaliz ou ak kantite dlo ou itilize a) Kèk medikaman dyaliz kouvri nan Pati B Medicare a. Pou jwenn enfòmasyon sou medikaman Pati B ki kouvri yo, ale nan seksyon **Medikaman nan Pati B Medicare a** nan tablo sa a.	
Swen nan etablisman swen enfimyè espesyalize (SNF) (Pou jwenn yon definisyon sou swen nan etablisman swen enfimyè espesyalize a, ale nan chapit 12. Pafwa, etablisman swen enfimyè espesyalize yo rele SNF (skilled nursing facilities).) Benefis sa a limite nan yon maksimòm 100 jou pou chak peryòd benefis. Ou pa oblije te entène lopital anvan sa. Swen gad oswa swen adomisil up bay nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize pa kouvri. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Chanm demi-prive (oswa chanm prive si li nesesè pou rezon medikal) • Repa, san wete pou rejim espesyal • Sèvis enfimyè espesyalize • Fizyoterapi, ègoterapi ak òtofoni • Medikaman yo ba w nan kad plan swen w lan (sa gen ladan l sibstans ki prezan natirèlman nan kò a, tankou faktè	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou sèvis SNF yo pou chak admisyon. Plan nou an kouvri yon maksimòm 100 jou nan yon SNF pou chak fwa ou entène.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Swen nan etablisman swen enfimyè espesyalize (SNF) (suit) kowagilasyon) • San, san wete estokaj ak administrasyon Plan an kòmanse kouvri san konplè ak konsantre globil wouj sèlman ak katriyèm pent san ou bezwen. Ou dwe peye sa 3 premye pent san ou jwenn nan yon ane sivil la koute oswa se ou menm oswa yon lòt moun ki dwe bay san an. Plan an kouvri tout lòt konpozan san an apati premye pent lan. • Founiti medikal ak chirijikal SNF yo toujou konn bay • Analiz nan laboratwa SNF yo toujou konn bay • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji SNF yo toujou konn bay • Itilizasyon aparèy, tankou chèz woulant, SNF yo toujou konn bay • Sèvis doktè/pratisyen Anjeneral, ou jwenn swen SNF yo nan yon etablisman ki fè pati rezo a. Nan kèk kondisyon ki mansyone anba a, ou ka gen posiblite peye depans pataje ki aplike nan rezo a pou yon etablisman ki deyò rezo a, depi etablisman an aksepte montan plan nou an dispoze peye. • Yon mezon retrèt oswa yon kominote retrèt ki bay swen kontinye kote ou te abite anvan ou t ale lopital (depi li bay swen enfimyè espesyalize) • Yon SNF kote konjwen w oswa patnè w rete lè ou soti nan lopital la *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	
Konsèy pou kite fimen epi sispann itilize tabak Konsèy pou kite fimen epi sispann itilize tabak yo kouvri pou pasyan ki pa entène yo ak sa ki entène yo lè yo ranpli kondisyon sa yo: • Yo sèvi ak tabak, kit yo gen siy oswa sentòm yon maladi ki gen rapò ak tabak, kit yo pa genyen	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis prevansyon pou kite fimen epi sispann itilize tabak Medicare

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Konsèy pou kite fimen epi sispann itilize tabak (suit) • Yo konpetan epi yo ka prete atansyon pandan yo resevwa konsèy yo • Se yon doktè ki kalifye oswa yon lòt pwofesyonèl sante Medicare rekonèt ki bay konsèy yo Nou kouvri 2 tantativ pou kite fimen chak ane (chak tantativ dwe gen yon maksimòm 4 sesyon entèmedyè oswa entansif, epi pasyan an jwenn jiska 8 sesyon chak ane) *Epitou, nou kouvri 4 vizit siplemantè pou kite fimen epi sispann itilize tabak chak ane.	kouvri yo.
***Benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik** Manm ki kalifye pou SSBCI yo kapab sèvi avèk benefis konbine $150 yo jwenn chak mwa a, sètadi benefis pou pwodui yo vann san preskripsyon yo, sipò pou akitivite ki fèt nan lavi chak jou a, aparèy pou sekirite kay la ak saldeben an ak SSBCI yo, pou jwenn èd pou depans yo fè nan lavi chak jou a. Yo jwenn benefis sa a sou yon kat debi plan an bay yo. Ou kapab sèvi ak benefis sa a pou: • Manje ki bon pou sante w • Sipò jeneral pou lavi w (p. eg. pou lwaye kay la, ipotèk kay la, bòdwo kouran, dlo ak gaz) Pou kalifye pou SSBCI, manm nan dwe genyen omwen youn nan pwoblèm sante kwonik ki vin annapre yo: • pwoblèm kadyovaskilè • pwoblèm sante mantal ki kwonik e ki andikape moun nan • maladi gastwo-entestinal ki kwonik (sa limite nan maladi fwa nan faz tèminal) • pwoblè poumon ki kwonik (sa limite nan bwonkonemopati kwonik obstriktif) • ensifizans kadyak konjestif	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis SSBCI yo si w kalifye.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
***Benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo (suit)** • maladi tisi konjonktif • demans • dyabèt melitis • sitiyayson kote moun nan twò gwo, obezite ak sendwòm metabolik • stwok Epitou: Pwoblèm sante a dwe menase lavi manm nan oswa li dwe mete gwo limit sou sante oswa sou fonksyon manm nan; manm nan dwe gen yon gwo risk pou l entène lopital oswa pou l sibi lòt konsekans ki negatif pou sante l la; epi manm nan dwe bezwen yon sèvis kowòdinasyon swen ki entansif. Plan an pral egzamine yon seri kritè objektif pou detèmine si manm nan kalifye. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou verifye si li kalifye, manm nan ta dwe kontakte plan an. Gen limit ki aplike. **Mete sou sa, manm nan dwe ranpli omwen youn nan kondisyon ki vin annapre yo:** • Ou te entène lopital youn oswa plizyè fwa akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l pou sante konpòtmantal tou) nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou te jwenn swen nan yon sant swen rapid oswa nan sal dijans lan akòz pwoblèm sante kwonik ou a nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou te fè de vizit oswa plis san w pa t entène akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l vizit kay pwoblèm sante prensipal ou a oswa kay yon espesyalis) nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou se yon pasyan ki bezwen vizit sante adomisil akòz pwoblèm sante kwonik ou a. • Ou se yon pasyan ki genyen youn oswa plizyè pwoblèm sante kwonik, epi ki bezwen youn oswa plizyè ekipman medikal dirab san ou pa entène (sa limite nan chèz woulant motorize/mànyèl nan gwoup 3, aparèy	

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
***Benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo (suit)** vantilasyon non-envazif (NIV), machin BiPAP, aparèy ensiflasyon-èksiflasyon mekanik, oswa matla nan gwoup 2 oswa nan gwoup 3). Kòb ki rete a ap ekspire nan fen chak mwa oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.	
Terapi egzèsis anba sipèvisyon (SET) Terapi egzèsis anba sipèvisyon an (supervised exercise therapy, SET) kouvri pou manm yo ki gen maladi atè periferik sentomatik (symptomatic peripheral artery disease, PAD) Jiska 36 sesyon sou yon peryòd 12 mwa kouvri si egzijans ki aplike pou pwogram SET a ranpli. Pwogram SET a dwe: • Gen sesyon ki dire 30 a 60 minit, yon pwogram fòmasyon pa mwayen egzèsis terapetik pou PAD kay pasyan ki gen klodikasyon • Dewoule nan yon lokal pou pasyan ki pa entène nan yon lopital oswa nan kabinè doktè a • Gen anplwaye oksilyè ki kalifye pou bay li e ki fòme pou terapi egzèsis pou PAD a dekwa pou pwogram nan ka pote plis avantaj pase danje • Dewoule anba sipèvizyon dirèk yon doktè, yon asistan doktè (PA) oswa yon enfimyè pratisyen (NP)/enfimyè espesyalis klinik (CNS) ki dwe fòme nan teknik asistans vital debaz ak avanse yo SET a ka kouvri pou plis pase 36 sesyon sou yon peryòd 12 semèn epi li ka gen 36 sesyon siplemantè sou plis tan si yon pwofesyonèl sante jije sa nesesè pou rezon medikal. *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit SET Medicare kouvri a.
***Telemedsin** Nou ofri tout manm posiblite pou yo pale avèk yon doktè ki	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
***Telemedsin (suit)** patisipe nan telefòn, sou òdinatè yo oswa sou aparèy mobil yo 24 sou 24, 7 jou sou 7, pandan tout ane a. Manm yo kapab konsilte yon doktè pou jwenn swen medikal, konsèy oswa sèvis sikyatrik. Epitou, manm yo ka pran yon randevou telemedsin pou pi devan. Kontakte ekip sèvis pou manm yo pou jwenn plis enfòmasyon.	pou benefis telemedsin nan.
***Transpò** 36 trajè ale sèlman pou ale nan etablisman plan an apwouve chak ane (p. eg. kabinè, doktè a, famasi ak lopital). Sa ka gen ladan l transpò nan machin, nan minibis oswa nan kamyonèt selon sa ki apwopriye pou sitiyasyon an ak bezwen manm yo. Se pou ou mande transpò a omwen yon jou biznis alavans, sof nan sikonstans espesyal. Transpò a otorize pou ale nan etablisman plan an apwouve sèlman (p. eg. kabinè doktè a, famasi ak lopital). Limit la se 50 mil pou chak trajè ale sèlman.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou benefis transpò ki dekri a.
Sèvis ki nesesè rapid Yon sèvis plan an kouvri ki mande yon atansyon medikal imedyat, men ki pa yon ijans, se yon sèvis ou bezwen rapid si w deyò zòn sèvis plan nou an pou yon ti tan oswa, lè ou nan zòn sèvis plan nou an, si li pa rezonab pou w jwenn sèvis la nan men yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a akòz lè a, kote ou ye a ak sikonstans yo. Plan nou an dwe kouvri sèvis ki nesesè rapid yo epi li dwe faktire w depans pataje ki aplike pou rezo a sèlman. Pa egzanp, sèvis moun ka bezwen rapid se maladi ak blesi moun pran sanzatann, oswa lè yon pwoblèm sante ki te la deja vin pi rèd bridsoukou. Vizit woutin kay doktè ki nesesè pou rezon medikal yo (tankou egzamen ki fèt chak ane a) pa konsidere kòm sèvis moun bezwen rapid, menm si w deyò zòn sèvis plan nou an oswa si rezo plan nou an pa disponib pou yon ti tan. Depans pataje pou sèvis rapid ki nesesè yo manm nan resevwa	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou swen ou bezwen rapid Medicare kouvri yo.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Sèvis ki nesesè rapid (suit) deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a. Ou kouvri pou sèvis ki nesesè rapid nan lemonnantye — Limit konbine $50,000 (USD) chak ane pou sèvis ijans, sèvis swen rapid ak sèvis ijans nan anbilans ou jwenn deyò peyi Etazini an ak tèritwa l yo. Sa gen ladan l sèvis ki nesesè pou trete yon maladi, yon blesi oswa yon pwoblèm medikal ki pa yon ijans, ki parèt sanzatann e ki mande yon atansyon medikal imedyat.	
Swen vizyon Men sèvis ki kouvri yo: • Sèvis doktè pou pasyan ki pa entène pou dyagnostik ak tretman maladi ak blesi je, san wete tretman pou dejeneresans makilè ki gen rapò ak laj. Original Medicare pa kouvri egzamen woutin pou je yo (refraksyon je) pou linèt/lantiy kontak. • Pou moun ki gen gwo risk pou yo gen glokòm, nou kouvri yon depistaj glokòm chak ane. Moun ki gen gwo risk pou yo gen glokòm se moun ki gen fanmi ki gen glokòm, moun ki gen dyabèt, Afwo-Ameriken ki genyen 50 lane oswa plis, ak Ispano-Ameriken ki genyen 65 lane oswa plis. • Pou moun ki gen dyabèt, yon depistaj retinopati dyabetik kouvri yon fwa chak ane. • Yon pè linèt oswa lantiy kontak apre chak operasyon katarat ki gen ladan l insere yon vè entra-okilè. Si w gen 2 operasyon katarat ki separe, ou pa kapab rezève benefis la apre premye operasyon an epi achte 2 linèt apre dezyèm operasyon an. *Plan nou an ofri yon kouvèti asirans siplemantè pou vizyon ki gen ladan l:	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou swen vizyon Medicare kouvri yo. Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou kouvèti asirans pou swen vizyon woutin ki dekri nan seksyon sa a.

Sèvis ki kouvri	Sa ou peye
Swen vizyon (suit) • Yon egzamen vizyon woutin chak ane, ak • Yon maksimòm $250 konbine pou linèt oswa lantiy kontak. Ou sipoze resevwa swen w yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. N ap annik peye pou sèvis vizyon ki kouvri yo si w jwenn yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki espesyalize nan vizyon ki fè pati rezo a. Nan pifò ka yo, si w jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a, w ap gen pou peye pou sa.	
Vizit prevantif ki rele Welcome to Medicare Plan nou an kouvri vizit prevantif ki rele *Welcome to Medicare* a yon sèl fwa. Vizit la gen ladan l egzamine sante w, ba w edikasyon ak konsèy sou sèvis prevantif ou bezwen yo (tankou sèten depistaj ak piki (oswa vaksen)), epi refere w pou w jwenn lòt swen si sa nesesè. **Enpòtan:** Nou kouvri vizit prevantif ki rele *Welcome to Medicare* a sèlman pandan 12 premye mwa apre ou vin gen Pati B Medicare a. Lè ou pran randevou w la, fè kabinè doktè w la konnen ou vle vizit prevantif ki rele *Welcome to Medicare* a.	Pa gen ko-asirans, ko-peman ni franchiz pou vizit prevantif ki rele *Welcome to Medicare* a.

SEKSYON 3 Sèvis ki kouvri deyò AmeriHealth Caritas VIP Care

Byenke AmeriHealth Caritas VIP Care pa kouvri sèvis ki vin annapre yo, yo disponib atravè Medicaid:

Pou tout sèvis HCBS ki ofri nan plan Eta a tou, ou dwe fin itilize tout benefis plan Eta a nètale anvan ou ka jwenn sèvis HCBS yo. Mete sou sa, ou sipoze fin itilize tout benefis Medicare yo ak lòt resous ki disponib, tankou limit ki aplike nan asirans prive w. Finalman, genyen yon seri sèvis HCBS ou pa kapab jwenn anmenmtan.

Lis ki anba a bay yon apèsi jeneral sou sa ki kouvri yo.

Sèvis ki kouvri nan Florida Medicaid
Sèvis alèji
Sant chirijikal anbilatwa
Sèvis anestezi
Sèvis swen asiste
Analiz konpòtmantal
Sèvis konplemantè pou sante konpòtmantal.
Sant nesans ak sèvis fanmsaj
Sèvis kadyovaskilè
Pwogram korespondans lekòl sètifye
Pwogram korespondans konte pou sèvis abi sibstans sètifye
Sèvis chiwopratik
Sèvis sante konpòtmantal nan kominote a
Sèvis nan Depatman Sante Konte a (CHD)
Sèvis dantè
Sèvis dyaliz
Ekipman medikal dirab (DME) ak founiti medikal

Sèvis ki kouvri nan Florida Medicaid
Sèvis entèvansyon bonè
Sèvis evalyasyon ak jesyon
Sèvis egzanpsyon planin
Sèvis nan sant sante ki kalifye anba règ federal yo
Sèvis gastwo-entestinal
Sèvis jenito-irinè
Sèvis odisyon
Sèvis sante adomisil
Sèvis ospis
Lopital - Pasyan ki entène
Lopital - Pasyan ki pa entène
Lopital - Sante mantal Eta
Sèvis tegimantè
Sèvis nan etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF/IID)
Sèvis laboratwa
Sèvis medikal nan kad akèy nan fwaye (MFC)
Newoloji
Etablisman swen enfimyè
Sèvis chiriji bikal ak maksilofasyal
Sèvis òtopedik
Sèvis jesyon doulè
Sèvis podyatri

Sèvis ki kouvri nan Florida Medicaid
Sèvis medikaman sou preskripsyon
Swen pwolonje pedyatrik ki preskri (PPEC)
Pwogram swen ki enkli tout bagay pou granmoun aje yo (PACE)
Sèvis radyoloji ak medsin nikleyè
Redireksyon
Sèvis repwodiksyon
Sèvis respiratwa
Sèvis nan sant sante riral
Pwogram sèvis nan lekòl – Pwogram Depatman Sante Konte a (CHD)
Swen terapetik espesyalize nan fwaye dakèy
Sèvis nan pwogram sikyatrik pou pasyan ki entène nan tout Eta a
Jesyon dosye sible - Sante timoun
Jesyon dosye sible - Timoun ki fè fas ak yon risk pou sibi abi ak neglijans
Jesyon dosye sible - Sante mantal
Sèvis terapi - Èg oterapi
Sèvis terapi - Fizyoterapi
Sèvis terapi - Inaloterapi
Sèvis terapi - Òtofoni
Sèvis grèf
Transpò - Ijans
Transpò - San ijans
Sèvis aparèy pou ede w wè

Sèvis ki kouvri nan Florida Medicaid
Sèvis swen je
Egzansyon pou sèvis adomisil ak nan kominote a (HCBS)
Distoni familyal
iBudget
Etablisman swen alontèm
Modèl

SEKSYON 4 Sèvis ki pa kouvri nan plan nou an (esklizyon)

Seksyon sa a esplike ki sèvis ki eskli.

Tablo ki anba a mansyone sèvis ak atik ki pa janm kouvri nan plan nou an, kèlkeswa sitiyasyon an, ak sa ki kouvri nan plan nou an nan kèk sikonstans espesyal sèlman.

Si w jwenn sèvis ki eskli (ki pa kouvri), ou dwe peye pou yo ak pwòp lajan pa w, sof nan sikonstans espesyal ki mansyone anba yo. Menm si w jwenn sèvis ki eskli yo nan yon sal dijans, plan nou an pa p kouvri yo ni li pa p peye pou yo. Sèl eksepsyon an se si w fè apèl epi, apre apèl la, nou vin deside sèvis la se yon sèvis medikal nou te dwe peye pou li oswa nou te dwe kouvri akòz sitiyasyon w (pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka fè apèl pou yon desizyon nou te pran pou n pa kouvri yon sèvis medikal, konsilte chapit 9, seksyon 6.3).

Sèvis Medicare pa kouvri yo	Kouvri nan kèk ka sèlman
Operasyon oswa pwosedi kosmetik	Kouvri nan ka blesi aksidantèl oswa pou amelyore fonksyònman yon manm kò a ki malfòme Kouvri pou tout etap rekonstriksyon yon tete apre yon mastektomi, epi pou tete ki pa afekte a pou li kapab simetrik ak lòt la
Swen gad Swen gad yo se swen pèsonèl ki pa mande yon atasyon kontini nan men yon pwofesyonèl medikal oswa paramedikal ki fòme, tankou swen pou ede w fè aktivite ki pou	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon

Sèvis Medicare pa kouvri yo	Kouvri nan kèk ka sèlman
fèt chak jou yo, tankou benyen oswa met rad sou ou	
Pwosedi medikal ak chirijikal, ekipman ak medikaman eksperimantal Pwosedi ak atik eksperimantal yo se atik ak pwosedi kominote medikal la pa aksepte anjeneral, selon sa Original Medicare detèmine	Gendwa kouvri nan Original Medicare nan kad yon etid rechèch klinik Medicare apwouve oswa gendwa kouvri nan plan nou an (konsilte chapit 3, seksyon 5, pou jwenn plis enfòmasyon sou etid rechèch klinik yo)
Montan yo mande pou swen ou resevwa nan men fanmi pwòch ou oswa nan men moun ki rete nan fwaye w	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon
Swen enfimyè aplentan lakay ou	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon
Sèvis sante adomisil	Medicare kouvri swen enfimyè espesyalize a tan pasyèl oswa entèmitan ki nesesè pou rezon medikal
Sèvis pou aktivite debaz ki pou fèt nan kay la, tankou ti netwayaj ak fè manje ki pa mande anpil tan	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon
Sèvis natiropat (ki itilize tretman natirèl oswa tretman altènatif)	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon
Swen dantè ki pa swen woutin	Swen dantè ki nesesè pou trete yon maladi oswa yon blesi yo gendwa kouvri antanke swen pou pasyan ki entène oswa ki pa entène
Soulye òtopedik oswa aparèy sipò pou pye	Soulye ki fè pati yon atèl pou janm e ki fè pati depans ki fèt pou atèl la. Soulye òtopedik oswa terapetik pou moun ki gen maladi pye dyabetik
Atik pèsonèl nan chanm lopital ou oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize, tankou telefòn oswa televizyon	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon
Chanm prive nan yon lopital	Kouvri sèlman lè sa nesesè pou rezon medikal
Keratotomi radyal ak chiriji LASIK	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon
Pwosedi pou retire yon esterilizasyon ak founiti kontraseptif san preskripsyon	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon

Sèvis Medicare pa kouvri yo	Kouvri nan kèk ka sèlman
Sèvis ki konsidere kòm sèvis ki pa ni rezonab ni nesesè, selon nòm Original Medicare tabli yo	Pa janm kouvri nan okenn kondisyon

CHAPIT 5:
Fason pou itilize kouvèti asirans plan an pou medikaman Pati D yo

Kijan ou ka jwenn enfòmasyon sou sa medikaman w yo koute?

Etandone ou kalifye pou Medicaid, ou kalifye pou èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare epi ou jwenn li pou peye pou depans ki fèt pou plan pou medikaman sou preskripsyon w lan. Etandone ou nan pwogram èd siplemantè a, kèk nan enfòmasyon ki nan dokiman sa a ki rele *Prèv kouvèti asirans* lan konsènan sa medikaman sou preskripsyon Pati D yo koute gendwa pa aplike pou ou. Nou te voye yon lòt dokiman ba w ki rele *Kondisyon siplemantè nan Prèv kouvèti asirans lan pou moun ki jwenn Extra Help pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo* (li konn rele tou *Kondisyon siplemantè pou moun ki pa gen anpil revni* oswa *Kondisyon siplemantè LIS*), ki ba w plis enfòmasyon sou kouvèti asirans pou medikaman w yo. Si w pa gen dokiman sa a, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) epi mande *Kondisyon siplemantè LIS* la (w ap jwenn nimewo telefòn pou ekip sèvis pou manm yo nan do dokiman sa a).

SEKSYON 1 Règ debaz pou kouvèti asirans pou medikaman Pati D yo nan plan nou an

Konsilte tablo sou benefis pou swen medikal yo nan chapit 4 la pou konnen benefis pou medikaman Pati B Medicare yo ak benefis pou medikaman nan ospis yo.

Anplis medikaman Medicare kouvri yo, gen kèk medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan benefis Medicaid ou a. Tanpri kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (Medicaid) pou jwenn enfòmasyon sou kouvèti asirans pou medikaman Medicaid la. W ap jwenn nimewo telefòn Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Medicaid) yo nan chapit 2, seksyon 6 dokiman sa a.

Anjeneral, plan nou an kouvri medikaman w yo toutotan ou respekte règ sa yo:

- Ou dwe gen yon pwofesyonèl sante (yon doktè, yon dantis oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki ka preskri medikaman) ki ekri w yon preskripsyon ki valab selon lwa ki aplikab yo nan Eta a.
- Pwofesyonèl sante ki preskri w medikaman an pa dwe sou lis esklizyon ni sou lis preklizyon Medicare a.

- Anjeneral, ou dwe itilize yon famasi ki nan rezo a pou al chèche medikaman sou preskripsyon w yo (konsilte seksyon 2) oswa ou kapab jwenn yo atravè sèvis kòmann pa korespondans plan w lan.
- Medikaman w lan dwe fè pati lis medikaman plan nou an (konsilte seksyon 3).
- Medikaman w lan dwe sèvi pou yon endikasyon ki aksepte pou rezon medikal. Yon “endikasyon ki aksepte pou rezon medikal” se yon itilizasyon yon medikaman FDA apwouve oswa ki gen referans pou kore l (konsilte chapit 3 pou jwenn plis enfòmasyon sou endikasyon ki aksepte pou rezon medikal yo).
- Medikaman w lan ka bezwen yon apwobasyon nan men plan nou an selon diferan kritè anvan ou ka dakò pou n kouvri l (konsilte seksyon 4 pou jwenn plis enfòmasyon.)

SEKSYON 2 Jwenn medikaman sou preskripsyon w yo nan yon famasi ki nan rezo a oswa atravè sèvis kòmann pa korespondans plan nou an

Nan pifò ka yo, medikaman sou preskripsyon w yo kouvri *sèlman* si w al chèche yo nan yon famasi ki fè pati rezo plan nou an (konsilte seksyon 2.5 pou jwenn enfòmasyon sou sitiyasyon kote nou kouvri medikaman sou preskripsyon lè ou al chèche yo nan yon famasi ki deyò rezo a).

Yon famasi ki nan rezo a se yon famasi ki pase yon kontra avèk plan nou an pou bay medikaman ki kouvri w yo. Ekspresyon “medikaman ki kouvri” a vle di tout medikaman Pati D ki sou lis medikaman plan nou an.

Seksyon 2.1 Famasi ki nan rezo a

Jwenn yon famasi ki nan rezo a nan zòn ou an

Pou jwenn yon famasi ki nan rezo a, konsilte *lis famasi* w lan, ale sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy epi/oswa rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

Ou kapab ale nan nenpòt famasi ki fè pati rezo nou an.

Si famasi w kite rezo a

Si famasi ou konn itilize a kite rezo plan nou an, w ap gen pou jwenn yon nouvo famasi nan rezo a. Pou jwenn yon lòt famasi nan zòn ou an, rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou l ede w oswa konsilte *lis famasi* a. Osinon, ou ka jwenn li sou sitwèb nou an sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.

Famasi espesyalize

Gen kèk medikaman sou preskripsyon ou ka jwenn sèlman nan famasi espesyalize. Famasi espesyalize yo se:

- Famasi ki bay medikaman pou terapi pèfizyon adomisil.
- Famasi ki bay moun ki rete nan etablisman swen alontèm (long-term care, LTC) yo swen. Anjeneral, etablisman LTC yo (tankou mezon retrèt) gen pwòp famasi yo. Si w gen difikilte pou jwenn medikaman Pati D w yo nan yon etablisman LTC, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).
- Famasi ki sèvi pwogram sèvis sante endyen/tribal/endyen iben an (ki pa disponib Pòtoriko). Sof nan ka ijans, se Amerendyen yo oswa moun natifnatal Alaska yo sèlman ki ka sèvi ak famasi sa yo nan rezo nou an.
- Famasi ki dispanse medikaman FDA limite nan kèk kote oswa ki mande kèk prekosyon espesyal, yon kowòdinasyon ak pwofesyonèl sante a oswa yon fòmasyon pou aprann itilize yo. Pou jwenn yon famasi ki nan rezo a, konsilte *lis famasi* w lan, ale sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy epi/oswa rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

Seksyon 2.2 Sèvis kòmann pa korespondans plan nou an

Sèvis kòmann pa korespondans plan nou an pèmèt ou kòmande yon kantite medikaman **ki dire jiska 90 jou**.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka mande medikaman sou preskripsyon w yo pa korespondans, tanpri kontakte ekip sèvis famasi pou manm yo nan **1-833-792-3767 (TTY 711)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Si w sèvi ak yon famasi pa korespondans ki pa fè pati rezo plan nou an, medikaman sou preskripsyon w lan pa p kouvri.

Anjeneral, w ap resevwa kòmann ou fè nan famasi pa korespondans yo nan lespas 10 jou. Si kòmann ou an anreta, tanpri kontakte nou nan **1-833-792-3767 (TTY 711)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt, pou mande yon eksepsyon tanporè pou jwenn yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan nan yon famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo.

Nouvo preskripsyon famasi a jwenn dirèkteman nan men kabinè doktè w.

Famasi a ap prepare epi remèt ou medikaman pou nouvo preskripsyon li jwenn nan men pwofesyonèl sante w yo, san li pa mande w sa dabò, si youn nan kondisyon sa yo ranpli:

- Ou te itilize sèvis kòmann pa korespondans lan deja, oswa
- Ou te enskri pou jwenn livrezon otomatik pou tout nouvo preskripsyon famasi a jwenn dirèkteman nan men pwofesyonèl sante w yo. Pou mande pou famasi a livre

otomatikman medikaman w yo pou tout nouvo preskripsyon w yo, ou kapab kontakte famasi ki vann pwodui pa korespondans ou an. W ap jwenn li grasa zouti pou chèche famasi ki sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy.

Si w jwenn yon medikaman sou preskripsyon ou pa t vle pa lapòs, lèfini pèsòn pa t kontakte w pou mande w sa anvan yo te voye l ba w, ou gendwa kalifye pou jwenn yon ranbousman.

Si w te deja itilize sèvis kòmann pa korespondans lan epi ou pa vle pou famasi a prepare epi voye chak nouvo medikaman sou preskripsyon otomatikman, kontakte famasi ki vann pwodui pa korespondans lan. W ap jwenn li grasa zouti pou chèche famasi ki sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy.

Si w poko janm itilize sèvis livrezon pa korespondans lan epi/oswa ou deside kanpe livrezon otomatik la, famasi a pral kontakte w chak fwa li jwenn yon nouvo preskripsyon nan men yon pwofesyonèl sante pou mande w si w vle pou l prepare epi voye medikaman an ba w. Li enpòtan pou w reponn famasi a chak fwa li kontakte w pou fè l konnen si w vle pou l voye nouvo medikaman sou preskripsyon an, pou l fè yon ti tann oswa pou l anile l.

Pou mande pou famasi a pa livre otomatikman medikaman w yo pou tout nouvo preskripsyon li jwenn nan men pwofesyonèl sante w, kontakte famasi ki vann pwodui pa korespondans ou an. W ap jwenn li grasa zouti pou chèche famasi ki sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy.

Renouvèlman medikaman sou preskripsyon pa korespondans yo.

Pou renouvèlman medikaman sou preskripsyon w yo, ou gen posiblite enskri nan pwogram preparasyon medikaman otomatik la. Nan kad pwogram sa a, nou kòmanse trete pwochen renouvèlman w lan otomatikman lè enfòmasyon nou genyen yo montre medikaman ki nan men w l an prèske fini. Famasi a pral kontakte w anvan li voye chak medikaman ki renouvle pou verifye si w bezwen plis medikaman, epi w ap kapab anile renouvèlman an si w gen ase medikaman oswa si w pa pran medikaman an ankò.

Si w chwazi pa sèvi ak pwogram preparasyon medikaman otomatik la men ou toujou ta renmen pou famasi ki vann pwodui pa korespondans lan voye medikaman w yo ba w, kontakte famasi w la 7-10 jou anvan medikaman w lan fini nan men w. Sa pral pèmèt li voye medikaman w yo atan.

Pou soti nan pwogram nou an ki prepare medikaman w yo otomatikman, kontakte famasi ki vann pwodui pa korespondans ou an. W ap jwenn li grasa zouti pou chèche famasi ki sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy.

Si w te resevwa yon medikaman ki renouvle otomatikman alòske ou pa t vle resevwa l, ou gendwa kalifye pou jwenn yon ranbousman.

Seksyon 2.3 Fason ou ka jwenn yon kantite medikaman k ap dire anpil tan

Plan nou an ofri 2 metòd pou jwenn yon kantite k ap dire anpil tan nan medikaman antretyen ki sou lis medikaman plan nou an (yon medikaman antretyen se yon medikaman ou pran regilyèman pou yon pwoblèm sante ki kwonik oswa ki dire anpil tan).

1. Gen kèk famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo nan rezo nou an ki pèmèt ou jwenn yon kantite medikaman antretyen ki dire anpil tan. *Lis famasi* w la (www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy) fè w konnen ki famasi nan rezo nou an ki ka ba w yon kantite medikaman antretyen ki dire anpil tan. Epitou, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou jwenn plis enfòmasyon.
2. Osinon, ou ja jwenn medikaman antretyen atravè pwogram kòmann pa korespondans nou an (konsilte seksyon 2.2 pou jwenn plis enfòmasyon).

Seksyon 2.4 Fason pou itilize yon famasi ki pa nan rezo plan nou an

Anjeneral, nou kouvri medikaman ki prepare nan famasi ki deyò rezo a *sèlman* lè ou pa kapab sèvi ak yon famasi ki nan rezo a. Nou genyen famasi ki nan rezo a deyò zòn sèvis nou an kote ou ka al chèche medikaman sou preskripsyon w yo antanke manm plan nou an. **Kontakte ekip sèvis pou manm yo dabò nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711)** pou konnen si gen yon famasi ki nan rezo a toupre w.

Nou kouvri medikaman sou preskripsyon ki prepare nan famasi ki deyò rezo a sèlman nan sikonstans sa yo:

- Si medikaman sou preskripsyon an gen rapò ak yon ijans medikal oswa ak swen ou bezwen rapid.
- Si w pa kapab jwenn yon medikaman ki kouvri nan yon delè ki rezonab oswa nan zòn sèvis nou an paske pa gen famasi ki nan rezo a nan yon distans ki rezonab nan machin e ki bay yon sèvis 24 sou 24.
- Si w ap eseye jwenn yon medikaman sou preskripsyon yo pa konn estoke nan famasi ki vann pwodui pa korespondans oswa nan famasi pa korespondans ki nan rezo a e ki aksesib (sa gen ladan l medikaman ki koute chè anpil yo ak medikaman ki inik yo).
- Si se youn nan medikaman ki kouvri ki ka administre nan kabinè doktè a.
- Lè gouvènman an deklare yon katastwòf federal oswa yon eta ijans, pou ou ka itilize etablisman ki deyò rezo a dekwa pou sèvis ou a pa kanpe.

Anjeneral, si w oblije sèvi ak yon famasi ki deyò rezo a, w ap gen pou peye tout sa medikaman sou preskripsyon w lan koute (olye ou annik peye depans pataje nòmal ou a) lè w al chèche l nan famasi a. Ou ka mande nou ranbouse w pou pati pa nou an nan depans lan (konsilte

chapit 7, seksyon 2, pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka mande plan nou an pou l ranbouse w). Ou ka gen pou peye diferans ki genyen ant sa ou peye pou medikaman an nan famasi ki deyò rezo a ak sa nou t ap kouvri nan yon famasi ki fè pati rezo a.

SEKSYON 3 Medikaman w yo dwe fè pati lis medikaman plan nou an

Seksyon 3.1 Lis medikaman an fè w konnen ki medikaman Pati D ki kouvri

Plan nou an gen yon *lis medikaman ki kouvri* (yon fòmilè). Nan dokiman *Prèv kouvèti asirans* sa a, **nou rele l lis medikaman.**

Se plan nou an ki chwazi medikaman ki sou lis sa a avèk èd plizyè doktè ak famasyen. Lis la ranpli kondisyon Medicare tabli yo epi Medicare te apwouve l.

Lis medikaman an annik montre medikaman ki kouvri nan Pati D Medicare a. Anplis medikaman Medicare kouvri yo, gen kèk medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan benefis Medicaid ou yo. Tanpri kontakte pwogram Medicaid Eta w la pou jwenn enfòmasyon sou medikaman Medicaid kouvri yo.

Anjeneral, nou kouvri yon medikaman sou lis medikaman plan nou an toutotan ou respekte lòt règ ki aplike pou kouvèti asirans lan ki esplike nan chapit sa a epi ou itilize medikaman an pou yon endikasyon ki aksepte pou rezon medikal. Yon endikasyon ki aksepte pou rezon medikal se yon itilizasyon yon medikaman:

- lè FDA apwouve l pou dyagnostik oswa pou pwoblèm sante yo ba w preskripsyon pou li a, oswa
- ki gen referans pou kore l, tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Micromedex DRUGDEX Information System.

Lis medikaman an gen ladan l medikaman mak, medikaman jenerik ak pwodui byolojik (sa ka gen ladan l pwodui byosimilè).

Yon medikaman mak se yon medikaman sou preskripsyon yo vann anba yon mak ki pou fabrikan medikaman an. Pwodui byolojik yo se yon seri medikaman ki pi konplèks pase medikaman nòmal yo. Sou lis medikaman an, lè nou fè referans ak yon medikaman, se kapab yon medikaman oswa yon pwodui byolojik.

Yon medikaman jenerik se yon medikaman sou preskripsyon ki gen menm engredyan aktif ak medikaman mak la. Pwodui byolojik yo gen lòt pwodui ki ka ranplase yo ki rele pwodui byosimilè. Anjeneral, medikaman jenerik yo ak pwodui byosimilè yo gen menm efikasite ak medikaman mak ak pwodui byolojik orijinal yo epi yo konn koute mwens. Gen medikaman jenerik ki disponib pou ranplase anpil medikaman mak epi gen pwodui byosimilè ki ka ranplase kèk pwodui byolojik orijinal. Gen kèk pwodui byosimilè ki entèchanjab. Nan ka sa a, selon lwa Eta yo, famasi a kapab ranplase pwodui byolojik orijinal la ak pwodui byosomilè a

san li pa bezwen yon nouvo preskripsyon, menm jan li ka ranplase yon medikaman mak ak yon medikaman jenerik.

Konsilte chapit 12 pou wè definisyon diferan kalite medikaman ki ka sou lis medikaman an.

Medikaman ki pa sou lis medikaman an

Plan nou an pa kouvri tout medikaman sou preskripsyon yo.

- Nan kèk ka, lalwa pa pèmèt okenn plan Medicare pou kouvri kèk kalite medikaman (pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte seksyon 7).
- Nan lòt ka, se nou ki deside pa mete yon medikaman sou lis medikaman an.
- Nan kèk ka, ou ka gen posiblite jwenn yon medikaman ki pa sou lis medikaman an (pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte chapit 9).

Seksyon 3.2 *Senk nivo depans pataje pou medikaman ki sou lis medikaman an*

Chak medikaman ki sou lis medikaman plan nou an fè pati youn nan senk nivo depans pataje nou itilize yo. Anjeneral, plis nivo a wo, se plis w ap peye pou medikaman an.

- Nivo 1 – Medikaman prefere jenerik
- Nivo 2 – Medikaman jenerik
- Nivo 3 – Medikaman mak prefere
- Nivo 4 – Medikaman ki pa prefere
- Nivo 5 – Medikaman espesyalize
- Nivo 50 – Medikaman ki pa nan Pati D

Si w ta renmen konnen nan ki nivo depans pataje medikaman w ye, konsilte lis medikaman plan nou an. Chapit 6 la ap fè w konnen ki montan w ap peye pou medikaman yo nan chak nivo depans pataje.

Seksyon 3.3 Fason ou ka konnen si yon medikaman fè pati lis medikaman an

Si w ta renmen konnen si yon medikaman fè pati lis medikaman nou an, ou ka sèvi ak metòd sa yo:

- Konsilte dènye lis medikaman ki disponib sou fòma elektwonik.
- Ale sou sitwèb plan nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl. Lis medikaman ki sou sitwèb la se toujou lis ki pi ajou a.

- Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou mande si yon medikaman fè pati lis medikaman plan nou an oswa pou mande yon kopi lis la.

- Sèvi ak “zouti benefis an tan reyèl” plan nou an (www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/care/formulary) pou chèche medikaman sou lis medikaman an, pou jwenn yon estimasyon sou sa ou pral peye e pou konnen si gen lòt medikaman sou lis medikaman an ki ka ranplase medikaman w lan pou trete menm pwoblèm sante a. Osinon, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

SEKSYON 4 Medikaman ki gen restriksyon kouvèti sou yo

Seksyon 4.1 Rezon ki fè kèk medikaman gen restriksyon

Pou sèten medikaman sou preskripsyon, gen yon seri règ espesyal ki defini kijan ak nan ki sikonstans plan nou an kouvri yo. Yon ekip doktè ak famasyen te vini ak règ sa yo pou ankouraje ni ou menm ni pwofesyonèl sante w itilize medikaman sa a yon fason ki efikas. Pou konnen si yon medikaman ou konn pran oswa yon medikaman ou ta renmen pran gen restriksyon sou li, konsilte lis medikaman an.

Si yon medikaman ki gen sekirite e ki koute mwens ap gen menm efikasite medikal ak yon medikaman ki koute pi chè, règ plan nou an tabli yo ankouraje ni ou menm ni pwofesyonèl sante w itilize sa ki koute mwens lan.

Se pou w konnen gen medikaman ki ka parèt plizyè fwa nan lis medikaman nou an. Rezon ki fè sa se paske yon sèl medikaman ka gen diferans nan dòz li, kantite li oswa fòm pwofesyonèl sante w preskri a, epi ka gen diferan restriksyon oswa diferan depans pataje ki aplike pou diferan vèsyon medikaman an (pa egzanp, 10 mg parapò ak 100 mg; yon medikaman pou pran yon fwa pa jou oswa 2 fwa pa jou, yon medikaman ki disponib sou fòm konprime oswa sou fòm likid).

Seksyon 4.2 Kalite restriksyon ki aplike yo

Anjeneral, si gen yon restriksyon sou medikaman w lan, sa vle di ou menm oswa pwofesyonèl sante w dwe fè kèk demach anplis pou nou ka kouvri medikaman an. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou konnen kisa ou menm oswa pwofesyonèl sante w dwe fè pou n kouvri medikaman an. **Si w ta renmen nou retire restriksyon an pou ou, ou dwe suiv pwosesis desizyon sou kouvèti asirans lan epi mande nou fè yon eksepsyon.** Nou ka dakò oswa nou ka refize retire restriksyon an pou ou (konsilte chapit 9).

Fason pou jwenn yon apwobasyon alavans nan men plan an

Pou kèk kalite medikaman, ou menm oswa pwofesyonèl sante w dwe jwenn yon apwobasyon alavans nan men plan nou an selon kèk kritè espesyal anvan nou aksepte kouvri medikaman an pou ou. Pwosesis sa a rele **otorizasyon alavans**. Nou itilize pwosesis sa a pou asire sekirite medikaman yo e pou gide moun ki vle pran kèk kalite medikaman pou yo itilize yo yon fason ki apwopriye. Si w pa jwenn apwobasyon sa a, plan nou an gendwa pa kouvri medikaman w lan. Si w ta renmen jwenn kritè plan nou an itilize pou otorizasyon alavans yo, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) oswa ale sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/prescription-drug-benefits.

Eseye yon lòt medikaman dabò

Egzijans sa a ankouraje w eseye yon medikaman ki koute mwens men ki konn gen menm efikasite anvan plan nou an kouvri yon lòt medikaman. Pa egzanp, si medikaman A ak medikaman B sèvi pou trete menm pwoblèm sante a, lèfini medikaman A koute mwens kòb, plan nou an gendwa egzije pou w eseye medikaman A dabò. Si medikaman A pa fonksyone, plan nou an ap kouvri medikaman B. Egzijans sa a pou eseye yon lòt medikaman dabò rele **terapi pa etap**. Si w ta renmen jwenn kritè plan nou an itilize pou terapi pa etap la, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) oswa ale sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/pharmacy-benefits.

Limit sou kantite yo

Pou kèk kalite medikaman, nou limite ki kantite ou ka jwenn nan medikaman an chak lè w al chèche l nan famasi a. Pa egzanp, si yo konsidere ou dwe pran yon sèl konprime pa jou nan yon medikaman pou w rete an sekirite, nou gendwa limite kouvèti asirans lan pou medikaman sou preskripsyon w lan nan yon maksimòm yon konprime pa jou.

SEKSYON 5 Sa ou kapab fè si youn nan medikaman w yo pa kouvri jan ou ta renmen pou l kouvri a

Genyen kèk sitiyasyon kote lis medikaman nou an pa gen yon medikaman sou preskripsyon ou pran oswa yon medikaman sou preskripsyon ou menm ak pwofesyonèl sante w panse ou ta dwe pran, oubyen kote medikaman sa a gen restriksyon sou li. Pa egzanp:

- Medikaman ak gendwa pa kouvri ditou. Yon vèsyon jenerik medikaman an ka kouvri men vèsyon mak ou vle pran an pa kouvri.
- Medikaman an kouvri men gen kèk règ oswa restriksyon siplemantè pou li ka kouvri.

- Medikaman an kouvri men li nan yon nivo depans pataje ki fè depans pataje w la pi chè pase sa ou panse li ta dwe ye.

Si medikaman w lan nan yon nivo depans pataje ki fè li koute pi chè pase sa ou panse li ta dwe koute, konsilte seksyon 5.1 pou konnnen sa ou ka fè.

Si medikaman w lan pa sou lis medikaman an oswa si l gen restriksyon sou li, men ki diferan bagay ou ka fè:

- Ou ka gen posiblite jwenn yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan.
- Ou ka chwazi yon lòt medikaman pito.
- Ou ka mande yon **eksepsyon** pou plan nou ak kouvri medikaman an oswa pou l retire restriksyon ki sou medikaman an.

Ou ka gen posiblite jwenn yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan

Nan kèk ka, plan nou an oblije bay yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan si se yon medikaman ou gentan kòmanse pran. Kantite sa a ba w ase tan pou w pale sou pwofesyonèl sante w la sou chanjman ki pou fèt la.

Pou ou ka kalifye pou jwenn yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan, medikaman ou konn pran an **pa dwe sou lis medikaman plan nou an ankò** OSWA **li dwe gen yon restriksyon sou li**.

- **Si w fèk enskri antanke manm**, n ap kouvri yon kantite medikaman k ap dire **90 jou** apre ou fèk enskri antanke manm nan plan nou an.
- **Si w te nan plan nou an ane pase**, n ap kouvri yon kantite medikaman pou **90 premye jou** yo nan ane sivil la.
- Kantite sa a ap dire yon maksimòm **30 jou**. Si yo ba w yon preskripsyon pou mwens jou, n ap pèmèt ou al chèche l plizyè fwa nan famasi a jiskaske ou rive nan yon kantite medikaman ki dire **30 jou** maksimòm. Se pou w al chèche medikaman sou preskripsyon an nan yon famasi ki9 nan rezo a (se pou w konnen yon famasi swen alontèm gendwa bay medikaman an nan kantite ki pi piti pou evite gaspiyaj).
- **Pou manm yo ki nan plan nou an depi plis pase 90 jou, ki rete nan yon etablisman swen alontèm e ki bezwen yon medikaman tousuit:**
  N ap kouvri yon kantite medikaman k ap dire **31 jou** pou ka ijans oswa pou mwens tan si preskripsyon an valab pou mwens jou. Kantite sa a vin ajoute sou kantite medikaman ou ka jwenn pou yon ti tan ki mansyone anwo a.
- Manm yo ki gen yon chanjman nan nivo swen yo (kote yo resevwa swen yo) ap gen posiblite jwenn yon kantite medikaman k ap dire **30 jou** yon sèl fwa si yo fèk egzeyate pou ale lakay yo, epi k ap gen posiblite jwenn yon kantite medikaman tranzisyon k ap dire jiska **31 jou** si yo fèk entène nan yon etablisman LTC. Pa egzanp, yon manm ki:

- Egzeyate nan yon lopital pou l antre nan yon etablisman LTC kapab gen yon lis medikaman ki fè pati fòmilè lopital la lè li resevwa egzeyat la, epi lis sa a gendwa planifye pou yon ti kantite tan piti (souvan pou mwens pase 8 èdtan).
- Egzeyate nan yon lopital pou l retounen lakay li.
- Soti nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize anba Pati A Medicare (kote peman yo gen ladan yo tout depans ki fèt nan famasi a) e ki bezwen rekòmanse itilize fòmilè plan Pati D l la.
- Soti nan yon etablisman LTC pou retounen viv nan kominote a.

Si w gen kesyon sou posiblite pou w jwenn yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

Pandan w ap itilize yon kantite medikaman ou jwenn pou yon ti tan, ou ta dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou deside sa ou pral fè lè medikaman w yo fini. Ou genyen 2 opsyon:

Opsyon 1. Ou ka chwazi yon lòt medikaman pito

Mande pwofesyonèl sante w la si gen yon lòt medikaman plan nou an kouvri ki te ka byen mache pou ou. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou mande yon lis medikaman ki kouvri ki sèvi pou trete menm pwoblèm sante a. Lis sa a ka ede pwofesyonèl sante w jwenn yon medikaman ki kouvri ki gendwa mache pou ou.

Opsyon 2. Ou ka mande yon eksepsyon.

Ou menm ak pwofesyonèl sante w ka mande plan nou an pou l fè yon eksepsyon epi kouvri medikaman an jan ou ta renmen pou l kouvri a. Si pwofesyonèl sante w fè konnen gen rezon medikal ki fè ou ka mande nou yon eksepsyon, pwofesyonèl sante w ka ede w mande yon eksepsyon. Pa egzanp, ou ka mande plan nou an kouvri yon medikaman ki pa sou lis medikaman plan nou an. Epitou, ou ka mande plan nou an fè yon eksepsyon epi kouvri yon medikaman san restriksyon.

Si ou menm ak pwofesyonèl sante sante w ta renmen mande yon eksepsyon, konsilte chapit 9, seksyon 7.4, pou konnen sa ou ta dwe fè. Li esplike machasuiv yo ak delè Medicare tabli yo pou nou ka trete demann ou an yon fason ki rapid e ki jis.

Seksyon 5.1 Sa ou ka fè si medikaman w nan yon nivo depans pataje ou panse ki twò wo

Si medikaman w nan yon nivo depans pataje ou panse ki twò wo, men kèk bagay ou kapab fè:

Ou ka chwazi yon lòt medikaman pito

Si medikaman w nan yon nivo depans pataje ou panse ki twò wo, pale sou sa ak pwofesyonèl sante w la. Li posib pou yon lòt medikaman ki nan yon nivo depans pataje ki pi ba mache

byen pou ou. Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou mande yon lis medikaman ki kouvri ki sèvi pou trete menm pwoblèm sante a. Lis sa a ka ede pwofesyonèl sante w jwenn yon medikaman ki kouvri ki gendwa mache pou ou.

Ou ka mande yon eksepsyon.

Ou menm ak pwofesyonèl sante w ka mande plan nou an pou l fè yon eksepsyon nan nivo depans pataje ki aplike pou medikaman an pou w peye mwens pou li. Si pwofesyonèl sante w fè konnen gen rezon medikal ki fè ou ka mande nou yon eksepsyon, pwofesyonèl sante w ka ede w mande yon eksepsyon pou règ la.

Si ou menm ak pwofesyonèl sante sante w ta renmen mande yon eksepsyon, konsilte chapit 9, seksyon 7.4. pou konnen sa ou ta dwe fè. Li esplike machasuiv yo ak delè Medicare tabli yo pou nou ka trete demann ou an yon fason ki rapid e ki jis.

Medikaman yo ki nan nivo 5 nou an pa kalifye pou jan de eksepsyon sa a. Nou pa redui montan depans pataje a pou medikaman ki nan nivo sa a.

SEKSYON 6 Lis medikaman nou an kapab chanje pandan ane a

Pifò chanjman ki fèt nan kouvèti asirans pou medikaman yo fèt nan kòmanse chak ane (1ye janvye). Sepandan, li posib pou plan nou an pote kèk chanjman nan lis medikaman an pandan ane a tou. Pa egzanp, plan nou an gendwa:

- **Ajoute oswa retire kèk medikaman nan lis medikaman an.**
- **Deplase yon medikaman nan yon nivo depans pataje ki pi wo oswa ki pi ba.**
- **Ajoute oswa retire yon restriksyon ki aplike pou n kouvri yon medikaman.**
- **Ranplase yon medikaman mak ak yon vèsyon jenerik pou medikaman an.**
- **Ranplase yon pwodui byolojik ak yon vèsyon byosimilè ki entèchanjab pou pwodui byolojik la.**

Nou dwe respete egzijans Medicare tabli yo anvan nou ka pote chanjman nan lis medikaman plan nou an.

Enfòmasyon sou chanjman ki fèt nan kouvèti asirans pou medikaman yo

Lè gen chanjman ki fèt nan lis medikaman an, nou pibliye kèk enfòmasyon sou chanjman sa yo sou sitwèb nou an. Epitou, nou mete lis medikaman sou Entènèn nou an ajou regilyèman. Pafwa, w ap jwenn yon avi dirèk si nou te pote yon chanjman pou yon medikaman ou konn pran.

Chanjman nan kouvèti asirans pou medikaman yo ki afekte w pandan ane plan sa a

- **Lè nou ajoute yon nouvo medikaman nan lis medikaman an epi lè nou retire yon medikaman bridsoukou oswa lè nou ranplase yon medikaman ak yon lòt medikaman ki menm jan avè l sou lis medikaman an.**
    - Nou gendwa retire yon medikaman ki menm jan ak yon lòt medikaman sous lis medikaman an bridsoukou, nou gendwa deplase medikaman sa a nan yon lòt nivo depans pataje, nou gendwa ajoute nouvo restriksyon, oswa nou gendwa fè toude aksyon sa yo. Nouvo vèsyon medikaman an ap nan menm nivo depans pataje a oswa nan yon nivo ki pi ba, epi l ap gen menm restriksyon yo oswa mwens restriksyon.
    - N ap pote chanjman sa yo bridsoukou sèlman si nou ajoute yon nouvo vèsyon jenerik pou yon medikaman mak oswa si nou ajoute sèten nouvo vèsyon byosimilè pou yon pwodui byolojik original ki te deja sou lis medikaman an.
    - Nou ka pote chanjman sa yo bridsoukou epi fè w konn sa pi devan, menm si w pran medikaman nou te retire a oswa sa nou te chanje a. Si w pran medikaman ki menm jan ak lòt la lè nou fè chanjman an, n ap fè w konnen ki chanjman nou te pote.
- **Lè nou ajoute yon medikaman nan lis medikaman an epi lè nou retire yon medikaman oswa lè nou ranplase yon medikaman ak yon lòt medikaman ki menm jan avè l sou lis medikaman an.**
    - Lè nou ajoute yon lòt vèsyon pou yon medikaman ki nan lis medikaman an, nou gendwa retire yon medikaman ki menm jan avè l nan lis medikaman, nou gendwa deplase l nan yon lòt nivo depans pataje, nou gendwa ajoute restriksyon, oswa nou gendwa poze toude aksyon sa yo. Vèsyon medikaman nou ajoute a ap nan menm nivo depans pataje a oswa nan yon nivo ki pi ba, epi l ap gen menm restriksyon yo oswa mwens restriksyon.
    - N ap pote chanjman sa yo sèlman si nou ajoute yon nouvo vèsyon jenerik pou yon medikaman mak oswa si nou ajoute sèten nouvo vèsyon byosimilè pou yon pwodui byolojik original ki te deja sou lis medikaman an.
    - N ap enfòme w omwen 30 jou anvan nou fè chanjman an oswa n ap fè w konnen chanjman an epi n ap kontinye kouvri vèsyon medikaman ou t ap pran an pou ou ka al chèche l yon dènye fwa pou yon kantite k ap dire 30 jou sèlman.
- **Lè nou retire medikaman ki pa gen sekirite ak lòt medikaman ki sou lis medikaman an paske yo retire yo sou mache a.**
    - Pafwa, yo ka konsidere yon medikaman pa gen sekirite oswa yo ka retire l sou mache a pou yon lòt rezon. Si sa rive, n ap retire medikaman an sou lis medikaman an tousuit. Si w konn pran medikaman sa a, n ap fè w konn sa apre nou fè chanjman an.

- **Lè nou fè lòt chanjman nan medikaman ki sou lis medikaman an.**
    - Nou gendwa pote lòt chanjman ki afekte medikaman ou pran yo pandan ane a. Pa egzanp, nou ka fè sa si FDA bay yon avètisman oswa si gen yon seri nouvo enstriksyon klinik Medicare rekonèt ki parèt.
    - N ap enfòme w omwen 30 jou anvan nou fè chanjman sa yo oswa n ap fè w konnen chanjman an epi n ap kontinye kouvri medikaman ou t ap pran an pou ou ka al chèche l yon dènye fwa pou yon kantite k ap dire 30 jou sèlman.

Si nou pote nenpòt nan chanjman sa yo nan nenpòt nan medikaman ou pran yo, mande pwofesyonèl ki te preskri w li ki opsyon k ap pi bon pou ou, pa egzanp chwazi yon lòt medikaman pito pou trete pwoblèm sante w la oswa mande yon desizyon sou kouvèti asirans lan pou respekte nenpòt nouvo restriksyon ki sou medikaman ou pran an. Ou menm oswa pwofesyonèl ki preskri w medikaman an ka mande nou yon eksepsyon pou n kontinye kouvri medikaman an oswa vèsyon medikaman ou t ap pran an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans lan, san wete yon eksepsyon, konsilte chapit 9.

Chanjman nan lis medikaman an ki pa afekte w pandan ane plan sa a

Nou gendwa pote kèk chanjman nan lis medikaman an ki pa dekri anwo a. Nan ka sa yo, chanjman an pa p aplike sou ou si w t ap pran medikaman an lè chanjman an fèt. Sepandan, gen anpil chans pou chanjman sa yo afekte w apati 1ye janvye nan pwochen ane plan an si w rete nan menm plan an.

Anjeneral, men ki chanjman ki pa p afekte w pandan ane plan aktyèl la:

- Nou mete medikaman w lan nan yon nivo depans pataje ki pi wo.
- Nou ajoute yon nouvo restriksyon sou fason ou ka itilize medikaman w lan.
- Nou retire medikaman w lan sou lis medikaman an.

Si nenpòt nan chanjman sa yo fèt pou yon medikaman ou pran (sof si se retire yo retire l sou mache a, si yon medikaman jenerik ki vin ranplase yon medikaman mak oswa si se yon lòt chanjman ki dekri nan seksyon anwo yo), chanjman an pa p afekte itilizasyon w lan ni pati pa w nan sa ou peye pou pri medikaman an anvan 1ye janvye nan ane ki vin apre a.

Nou pa p enfòme w dirèkteman konsènan chanjman sa yo pandan ane plan aktyèl la. W ap gen pou konsilte lis medikaman an pou pwoche ane plan an (lè lis la vin disponib pandan peryòd enskripsyon ouvè a) pou verifye si gen chanjman ki fèt nan medikaman ou konn pran yo ki pral afekte w nan ane plan ki vin apre a.

SEKSYON 7 Kalite medikaman nou pa kouvri yo

Genyen kèk kalite medikaman sou preskripsyon ki *eskli*. Sa vle di Medicare pa peye pou medikaman sa yo.

Si w fè apèl epi nou remake medikaman ou mande a pa eskli nan Pati D a, n ap peye pou li oswa n ap kouvri li (pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka fè apèl pou yon desizyon, konsilte chapit 9). Si medikaman an esklike, se ou ki pou peye pou li ak pwòp lajan pa w.

Men 3 règ jeneral ki aplike pou medikaman plan medikaman Medicare yo pa kouvri nan Pati D a:

- Kouvèti asirans pou medikaman Pati D plan nou an pa ka kouvri yon medikaman ki t ap kouvri nan Pati A oswa nan Pati B Medicare.
- Plan nou an pa ka kouvri yon medikaman ou achte deyò peyi Etazini oswa tèritwa l yo.
- Plan nou an pa ka kouvri yon itilizasyon yon medikaman ki pa konfòm ak endikasyon ki otorize a lè pa gen okenn referans pou kore itilizasyon sa a, tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Micromedex DRUGDEX Information System. Yon *endikasyon ki pa otorize* se nenpòt itilizasyon yon medikaman ki depaman ak sa ki endike sou etikèt medikaman an, sètadi yon itilizasyon ki depaman ak endikasyon FDA apwouve yo.

Mete sou sa, selon lalwa, Medicare pa kouvri kategori medikaman ki mansyone anba yo. Sepandan, kèk nan medikaman sa yo gendwa kouvri pou ou nan kouvèti asirans pou medikaman Medicaid ou a. Tanpri kontakte pwogram Medicaid Eta w la pou jwenn enfòmasyon sou medikaman Medicaid kouvri yo. Konsilte chapit 2, seksyon 6, pou jwenn kowòdone Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (Florida Medicaid).

- Medikaman ki pa medikaman sou preskripsyon (sa yo vann san preskripsyon)
- Medikaman ki sèvi pou ogmante fètilite
- Medikaman ki sèvi pou soulaje sentòm tous oswa rim
- Medikaman ki sèvi pou rezon kosmetik oswa pou fè cheve yo pouse
- Vitamin ak pwodui mineral sou preskripsyon, sof vitamin prenatal ak preparasyon fliyorid
- Medikaman lo sèvi pou tretman twoub seksyèl oswa erektil
- Medikaman ki sèvi pou tretman anoreksi, pou megri oswa pou gwosi
- Medikaman pou pasyan ki pa entène kote fabrikan an egzije pou ou achte tès oswa sèvis siveyans nan men fabrikan an sèlman pou ou li ka vann ou medikaman an

Si w jwenn yon èd siplemantè (Extra Help) pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo, pwogram èd siplemantè sa a pa p peye pou medikaman ki pa kouvri nòmalman yo. Si w jwenn yon kouvèti asirans pou medikaman atravè Medicaid, pwogram Medicaid Eta w la gendwa kouvri kèk medikaman sou preskripsyon ki pa konn kouvri nan yon plan medikaman Medicare. Kontakte pwogram Medicaid Eta w la pou detèmine ki medikaman ki ka kouvri (w ap jwenn nimewo telefòn yo ak lòt kowòdone pou Medicaid nan chapit 2, seksyon 6).

SEKSYON 8 Fason pou jwenn medikaman sou preskripsyon yo

Si w bezwen yon medikaman sou preskripsyon, bay enfòmasyon w yo ki gen rapò ak plan nou an (enfòmasyon ou jwenn sou kat manm ou an) nan famasi ou chwazi a nan rezo a. Famasi ki nan rezo a ap faktire plan nou an otomatikman pou nou peye pati pa nou nan sa medikaman w lan koute. W ap bezwen peye pati *pa w* nan sa medikaman an koute bay famasi a lè w al chèche medikaman sou preskripsyon w lan.

Si w pa gen enfòmasyon w yo ki gen rapò ak plan nou an avè w, ou menm oswa famasi a ka rele plan nou an pou jwenn enfòmasyon sa yo, oubyen ou ka mande famasi a chèche enfòmasyon sa yo nan sistèm li.

Si famasi a pa rive jwenn enfòmasyon li bezwen yo, **ou ka gen pou peye tout sa medikaman sou preskripsyon an koute lè w al chèche l**. Apre sa, ou ka **mande nou ranbouse w pou pati pa nou an nan depans lan**. Konsilte chapit 7, seksyon 2, pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka mande plan nou an pou l ranbouse w.

SEKSYON 9 Kouvèti asirans pou medikaman Pati D yo nan kèk sitiyasyon espesyal

Seksyon 9.1 Nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize pou yon sejou plan nou an kouvri

Anjeneral, si yo entène w lopital oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize pou yon sejou plan nou an kouvri, n ap kouvri sa medikaman sou preskripsyon w yo koute pandan sejou w la. Yon fwa ou soti nan lopital la oswa nan etablisman swen enfimyè espesyalize a, plan nou an ap kouvri medikaman sou preskripsyon w yo toutotan yo respekte tout règ ki dekri nan chapit sa a pou kouvèti asirans lan.

Seksyon 9.2 Antanke rezidan yon etablisman swen alontèm (LTC)

Anjeneral, etablisman swen alontèm yo (long-term care, LTC) (tankou mezon retrèt yo) gen pwòp famasi pa yo oswa yo itilize yon famasi an patikilye pou bay tout rezidan yo medikaman yo bezwen yo. Si w rete nan yon etablisman LTC, ou gendwa jwenn medikaman sou preskripsyon w yo atravè famasi etablisman an oswa atravè famasi li itilize a, depi li fè pati rezo nou an.

Konsilte *lis famasi* w la *(*www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy) pou verifye si famasi etablisman LTC w la oswa famasi li itilize a fè pati rezo nou an. Si li pa nan rezo a oswa si w bezwen plis enfòmasyon oswa èd, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**). Si w nan yon etablisman LTC, nou dwe asire nou ou kapab jwenn benefis Pati D w yo regilyèman atravè rezo famasi LTC nou an.

Si w rete nan yon etablisman LTC epi ou bezwen yon medikaman ki pa sou lis medikaman an oswa ki gen yon restriksyon sou li, konsilte seksyon 5 pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka jwenn yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan oswa nan ka ijans.

Seksyon 9.3 Si w nan yon ospis Medicare sètifye

Ospis la ak plan nou an pa p kouvri menm medikaman an anmenmtan. Si w enskri nan yon ospis Medicare epi ou bezwen sèten medikaman (pa egzanp medikaman pou kè plen, laksatif, medikaman pou doulè oswa medikaman pou anksyete) ki pa kouvri nan ospis ou a paske yo pa gen rapò ak maladi tèminal ou a ak pwoblèm sante ki gen rapò ak maladi sa a, plan nou an dwe jwenn yon notifikasyon nan men pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an oswa nan men ospis ou a pou nou ka konnen medikaman an pa gen rapò ak maladi tèminal la anvan plan nou an ka kouvri medikaman sa a. Pou evite reta pou jwenn medikaman sa yo ki ta dwe kouvri nan plan nou an, mande ospis ou a oswa pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an pou l bay yon notifikasyon anvan yo prepare medikaman sou preskripsyon w lan.

Si w revoke chwa ou fè pou ospis la oswa si ospis la ba w egzeyat, plan nou an ta dwe kouvri medikaman w yo jan sa esplike nan dokiman sa a. Pou evite reta nan yon famasi lè benefis pou ospis Medicare w la fini, pote dokiman yo bay famasi a pou li ka verifye ou revoke chwa w oswa yo ba w egzeyat.

SEKSYON 10 Pwogram sou sekirite medikaman yo ak jesyon medikaman yo

Nou egzamine fason manm nou yo itilize medikaman yo pou verifye yo jwenn swen ki apwopriye e ki gen sekirite.

Nou egzamine sa chak lè w al chèche yon medikaman sou preskripsyon. Epitou, nou egzamine dosye nou yo regilyèman. Pandan egzamen sa a, nou chèche konnen si gen jan de pwoblèm sa yo:

- Erè nan medikaman yo
- Medikaman ki ka pa nesesè paske ou gentan ap pran yon lòt medikaman ki menm jan pou trete menm pwoblèm sante a
- Medikaman ki ka pa gen sekirite oswa ki ka pa apwopriye akòz laj ou oswa sèks ou
- Sèten konbinezon medikaman ki ka danjere pou ou si w pran yo anmenmtan

- Preskripsyon pou medikaman ki gen engredyan ou fè alèji ak yo
- Erè nan montan (nan dòz) yon medikaman ou konn pran
- Kantite medikaman opyoyid pou doulè ki danjere

Si nou remake ka gen yon pwoblèm nan fason ou itilize medikaman w yo, nou pral travay avèk pwofesyonèl sante w la pou korije pwoblèm nan.

Seksyon 10.1 Pwogram jesyon medikaman an (DMP) pou ede manm yo sèvi ak medikaman opyoyid yo an sekirite

Nou gen yon pwogram ki la pou ede manm yo sèvi ak medikaman opyoyid sou preskripsyon yo ak lòt medikaman moun konn abize souvan an sekirite. Pwogram sa a rele pwogram jesyon medikaman (Drug Management Program, DMP). Si w itilize medikaman opyoyid epi ou jwenn yo nan men plizyè pwofesyonèl sante ki preskri w yo oswa nan plizyè famasi, oubyen si w te fè yon ovèdòz ak opyoyid sa pa gen lontan, nou gendwa pale avèk pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon w pou asire nou fason w ap itilize medikaman opyoyid yo apwopriye e li nesesè pou rezon medikal. Pandan n ap travay avèk pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon w yo, si nou deside fason w ap itilize medikaman opyoyid oswa benzodyazepin sou preskripsyon ka danjere, nou gendwa limite fason ou ka jwenn medikaman sa yo. Si nou ete w nan DMP nou an, men ki limit nou kapab enpoze:

- Egzije pou w jwenn tout medikaman opyoyid oswa benzodyazepin sou preskripsyon w yo nan yon sèten famasi
- Egzije pou w jwenn tout medikaman opyoyid oswa benzodyazepin sou preskripsyon w yo nan men yon sèten pwofesyonèl sante ki pou preskri yo
- Limite kantite medikaman opyoyid oswa benzodyazepin n ap kouvri pou ou

Si nou prevwa limite fason w ap jwenn medikaman sa yo oswa kantite ou kapab jwenn nan, n ap voye yon lèt ba w alavans. Lèt la pral esplike w si nou limit kouvèti asirans lan pou medikaman sa yo pou ou oswa si w ap gen pou jwenn medikaman sou preskripsyon sa yo nan men yon sèl pwofesyonèl sante ki pou preskri yo oswa nan yon sèl famasi. Ou pral gen posiblite fè nou konnen ki pwofesyonèl sante ou prefere pou ba w preskripsyon yo oswa nan ki famasi ou prefere al chèche yo, ansanm ak nenpòt lòt enfòmasyon ou panse ki enpòtan pou n konnen. Yon fwa ou jwenn posiblite reponn, si nou deside limite kouvèti asirans lan pou medikaman sa yo, nou pral voye yon lòt lèt ba w pou konfime limit la. Si w panse nou te fè yon erè oswa si w pa dakò avèk desizyon nou an oswa avèk limit nou enpoze a, ou menm ak pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon yo gen dwa pou fè apèl. Si w fè apèl, nou pral egzamine dosye w epi nou pral ba w yon nouvo desizyon. Si nou kontinye refize nenpòt pati nan demann ou fè ki gen rapò ak limit ki aplike nan fason ou ka jwenn medikaman yo, nou pral voye dosye w otomatikman bay yon egzaminatè endepandan ki pa fè pati plan nou an. Konsilte chapit 9 pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka fè apèl.

Nou pa p mete w nan DMP nou an si w gen sèten pwoblèm sante, tankou doulè ki gen rapò ak kansè oswa anemi falsifòm, si w jwenn swen nan yon ospis, swen palyatif oswa swen pou fen lavi w, oubyen si w rete nan yon etablisman swen alontèm.

Seksyon 10.2 Pwogram jesyon terapi medikaman an (MTM) pou ede manm yo jere medikaman yo

Nou genyen yon pwogram ki la pou ede manm nou yo ki gen yon seri bezwen ki konplèks nan domèn sante. Pwogram nou an rele pwogram jesyon terapi medikaman (Medication Therapy Management, MTM). Pwogram sa a se yon pwogram ki volontè e ki gratis. Yon ekip famasyen ak doktè te mete sou pye pwogram nan pou ede nou fè manm nou jwenn plis avantaj nan medikaman yo pran yo.

Kèk manm ki genyen sèten maladi kwonik epi ki pran medikaman ki plis pase yon sèten montan pou pri medikaman yo oswa ki nan yon DMP pou itilize opyoyid yo pran yo an sekirite ka gen posiblite jwenn sèvis atravè yon pwogram MTM. Si w kalifye pou pwogram nan, yon famasyen oswa yon lòt pwofesyonèl sante pral byen egzamine tout medikaman w yo. Pandan egzamen an, ou kapab pale sou medikaman w yo, sa yo koute ak nenpòt pwoblèm oswa kesyon ou ka genyen parapò ak medikaman sou preskripsyon w yo oswa medikaman ou pran san preskripsyon yo. Ou pral jwenn yon rezime alekri ki pral gen yon lis aksyon ki rekòmande pou w jwenn pi bon rezilta nan medikaman w yo. Epitou, ou pral jwenn yon lis ki gen tout medikaman ou pran yo, ki kantite ou pran, kilè ou sipoze pran yo e pou ki rezon ou pran yo. Mete sou sa, manm yo ki nan pwogram MTM a pral jwenn enfòmasyon sou fason yo ka jete medikaman sou preskripsyon yo an sekirite lè medikaman sa yo se sibstans kontwole yo ye.

Li t ap bon pou w pale avèk doktè w sou lis aksyon ki rekòmande yo ak lis medikaman w lan. Pote rezime a avè w lè ou prale kay doktè w oswa nenpòt lè ou gen pou pale avèk doktè w, famasyen w oswa lòt pwofesyonèl sante. Kenbe lis medikaman w lan ajou epi kenbe l sou ou (pa egzanp avèk pyès idantite w) pou sizoka ou ta bezwen ale lopital oswa nan sal dijans lan.

Si nou gen yon pwogram ki adapte ak bezwen w yo, nou pral enskri w ladan l otomatikman epi nou pral voye enfòmasyon ba w. Si w deside pa patisipe, fè nou konn sa epi nou pral retire w. Si w gen kesyon sou pwogram sa a, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

CHAPIT 6:
Sa ou peye pou medikaman Pati D yo

SEKSYON 1 Sa ou peye pou medikaman Pati D yo

Nan chapit sa a, lè nou sèvi ak mo “medikaman” an, nou fè referans ak medikaman sou preskripsyon Pati D yo. Se pa tout medikaman ki medikaman Pati D. Gen kèk medikaman ki pa ka kouvri nan Pati D selon lalwa. Kèk nan medikaman ki eskli nan kouvèti asirans Pati D a kouvri nan Pati A oswa nan Pati B Medicare.

Pou konprann enfòmasyon ki gen rapò ak peman an, ou bezwen konnen ki medikaman ki kouvri, ki kote ou dwe mande prepare medikaman sou preskripsyon w yo ak ki règ ou dwe suiv lè w al chèche medikaman ki kouvri w yo. Chapit 5 lan esplike règ sa yo. Lè ou itilize “zouti benefis an tan reyèl” plan nou an pou detèmine ki kouvèti asirans ki aplike pou medikaman yo (www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/formulary), pri ou wè a se yon estimasyon sou depans ou gendwa fè ak lajan ki soti nan pòch ou a. Epitou, pou jwenn enfòmasyon ki disponib nan “zouti benefis an tan reyèl” la, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

Kijan ou ka jwenn enfòmasyon sou sa medikaman w yo koute?

Etandone ou kalifye pou Medicaid, ou kalifye pou èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare epi ou jwenn li pou peye pou depans ki fèt pou plan pou medikaman sou preskripsyon w lan. Etandone ou nan pwogram èd siplemantè a, **kèk nan enfòmasyon ki nan dokiman sa a ki rele *Prèv kouvèti asirans* lan konsènan sa medikaman sou preskripsyon Pati D yo koute gendwa pa aplike pou ou.** Nou te voye yon lòt dokiman ba w ki rele *Kondisyon siplemantè nan Prèv kouvèti asirans lan pou moun ki jwenn Extra Help pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo* (li konn rele tou *Kondisyon siplemantè pou moun ki pa gen anpil revni* oswa *Kondisyon siplemantè LIS*), ki ba w plis enfòmasyon sou kouvèti asirans pou medikaman w yo. Si w pa gen dokiman sa a, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) epi mande *Kondisyon siplemantè LIS* la.

Seksyon 1.1 Kategori depans ou gendwa fè ak lajan ki soti nan pòch ou a pou medikaman ki kouvri yo

Genyen 3 diferan kategori depans ou ka fè ak lajan ki soti nan pòch ou a pou medikaman Pati D ki kouvri yo:

- **Franchiz** la se kantite kòb ou dwe peye pou medikaman yo anvan plan nou an kòmanse peye pati pa l la.
- **Ko-peman** an se yon montan fiks ou peye chak fwa w al chèche yon medikaman sou preskripsyon.
- **Ko-asirans** lan se yon pousantaj ou peye sou pri total la chak fwa w al chèche yon medikaman sou preskripsyon.

Seksyon 1.2 Fason Medicare kalkile depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a

Medicare genyen kèk règ sou sa ki konte ak sa ki pa konte pou depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a. Men règ ou dwe suiv yo pou kontwole depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch ou a.

Peman sa yo fè pati depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a

Depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a **gen ladan l** peman ki mansyone anba yo (depi yo se peman pou medikaman Pati D ki kouvri epi ou te suiv règ ki esplike nan chapit 5 lan pou kouvèti asirans pou medikaman yo):

- Kantite kòb ou peye pou medikaman yo lè ou nan etap peman pou medikaman ki vin annapre yo:
  - Etap kouvèti inisyal la
- Nenpòt peman ou te fè pandan ane sivil sa a antanke manm yon lòt plan medikaman Medicare anvan ou te enskri nan plan nou an
- Nenpòt peman yon manm fanmi w oswa yon zanmi w te fè pou medikaman w yo
- Nenpòt peman ki te fèt pou medikaman w yo lè se pwogram èd siplemantè (Extra Help) Medicare a, yon plan sante ki soti nan yon anplwayè oswa nan yon sendika, yon sèvis sante endyen, yon pwogram asistans medikaman pou moun ki gen SIDA ak pifò òganizasyon karitatif ki te peye

Lè ou transfere nan etap kouvèti katastwofik la:

Lè ou menm (oswa moun ki peye pou ou yo) fin depans yon total $2,400 ak lajan ki soti nan pòch ou a pandan ane sivil la, ou transfere soti nan etap kouvèti inisyal la rive nan etap kouvèti katastwofik la.

Peman sa yo pa fè pati depans ou fè ak lajan yo pa soti nan pòch ou a

Depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a **pa gen ladan l** kalite peman sa yo:

- Medikaman ou achte deyò peyi Etazini ak tèritwa l yo
- Medikaman ki pa kouvri nan plan nou an
- Medikaman ou jwenn nan yon famasi ki deyò rezo a ki pa ranpli kondisyon plan nou an tabli pou kouvèti asirans deyò rezo a
- Medikaman ki pa nan Pati D, san wete medikaman sou preskripsyon ki kouvri nan Pati A oswa nan Pati B ak lòt medikaman Medicare pa kouvri
- Peman pou medikaman w yo lè se sèten plan asirans ak pwogram sante gouvènman an finanse, tankou TRICARE ak Administrasyon pou Sante Veteran an (Veterans Health Administration, VA) ki peye pou yo
- Peman pou medikaman w yo lè se yon lòt moun oswa yon lòt òganizasyon ki gen yon obligasyon legal pou l peye pou sa medikaman sou preskripsyon yo koute (pa egzanp yon asirans aksidan nan travay)
- Peman fabrikan medikaman yo fè nan kad yon pwogram rabè fabrikan

Rapèl: Si nenpòt lòt òganizasyon, tankou sa ki mansyone anwo yo, peye yon pati oswa tout depans ki fèt ak lajan ki sipoze soti nan pòch ou a pou medikaman w yo, ou gen obligasyon pou rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou fè plan nou an konn sa.

Fason ou ka suiv depans total ki fèt ak lajan ki soti nan pòch ou a

- Dokikman ki rele *Esplikasyon benefis Pati D* (Explanation of Benefits, EOB) ou resevwa a ba w total depans ou ka fè ak lajan ki soti nan pòch ou a. Lè montan sa a rive nan $2,400, dokiman *EOB Pati D* a esplike w ou kite etap kouvèti inisyal la pou antre nan etap kouvèti katastwofik la.
- **Veye pou nou genyen enfòmasyon nou bezwen yo.** Ale nan seksyon 3.1 pou konnen sa ou kapab fè pou enfòmasyon nou genyen yo sou tout sa ou depanse se enfòmasyon ki konplè e ki ajou.

SEKSYON 2 Etap peman pou medikaman yo pou manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo

Genyen **3 etap peman pou medikaman yo** pou kouvèti asirans medikaman w lan nan AmeriHealth Caritas VIP Care. Kantite kòb ou peye a pou chak medikaman sou preskripsyon depann ki eta ou ye a lè w al chèche yon medikaman sou preskripsyon. Chapit sa a bay detay sou chak etap. Men eta sa yo:

- **Etap 1: Etap franchiz pou ane a**

- **Etap 2: Etap kouvèti inisyal la**
- **Etap 3: Etap kouvèti katastwofik la**

SEKSYON 3 Dokiman w ki rele *Esplikasyon benefis Pati D* a esplike nan ki etap peman ou ye

Plan nou an suiv sa ki depanse pou medikaman sou preskripsyon w yo ak peman ou fè yo lè w al chèche medikaman sou preskripsyon w yo nan famasi a. Konsa, nou kapab konnen kilè ou soti nan yon etap peman pou medikaman pou antre nan yon lòt etap. Nou suiv 2 kalite depans:

- **Depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a:** se kantite kòb ou te peye a. Li gen ladan l sa ou te peye lè ou te jwenn yon medikaman Pati D ki kouvri, nenpòt peman fanmi w oswa zanmi w te fè pou medikaman w yo, ak nenpòt peman ki te fèt pou medikaman w yo lè se pwogram èd siplemantè (Extra Help) Medicare a, yon plan sante ki soti nan yon anplwayè oswa nan yon sendika, yon sèvis sante endyen, yon pwogram asistans medikaman pou moun ki gen SIDA, yon òganizasyon karitatif ak pifò pwogram asistans famasetik Eta a (State Pharmaceutical Assistance Programs, SPAP) ki te peye.
- **Depans total ki fèt pou medikaman an:** se kantite total tout peman ki fèt pou medikaman Pati D ki kouvri w yo. Li gen ladan l sa plan nou an te peye, sa ou te peye ak sa lòt pwogram oswa lòt òganizasyon te peye pou medikaman Pati D ki kouvri w yo.

Si w te jwenn youn oswa plizyè medikaman sou preskripsyon atravè plan nou an pandan mwa anvan an, n ap voye yon dokiman *EOB Pati D* ba w. Dokiman *EOB Pati D* a genyen enfòmasyon sa yo:

- **Enfòmasyon pou mwa sa a.** Rapò sa a bay detay sou peman ki fèt pou medikaman sou preskripsyon ou te jwenn pandan mwa anvan an. Li montre depans total ki fèt pou medikaman an, sa plan nou an te peye ak sa ou menm ak lòt moun oswa òganizasyon te peye pou ou.
- **Total pou ane a depi 1ye janvye.** Li montre depans total ak peman total ki te fèt pou medikaman yo depi ane a te kòmanse.
- **Enfòmasyon sou pri medikaman yo.** Li afiche pri total medikaman an ak enfòmasyon sou chanjman nan pri yo depi premye fwa ou t al chèche medikaman w lan pou chak demann ranbousman ki fèt pou menm kantite medikaman sou preskripsyon an.
- **Lòt medikaman sou preskripsyon ki koute mwens ki disponib.** Li bay enfòmasyon sou lòt medikaman ki disponib pou yon depans pataje ki pi ba pou chak demann ranbousman ki fèt pou medikaman sou preskripsyon w yo, si sa aplikab.

Seksyon 3.1 Ede nou kenbe enfòmasyon sou peman ki fèt pou medikaman w yo ajou

Nou itilize yon seri dosye nou jwenn nan men famasi yo pou suiv sa ki depanse ak peman ki fèt pou medikaman w yo. Men sa ou kapab fè pou ede nou gen enfòmasyon ki kòrèk e ki ajou:

- **Montre kat manm ou chak fwa w al chèche yon medikaman sou preskripsyon.** Sa pèmèt nou konnen ki medikaman sou preskripsyon ou jwenn ak sa ou peye.
- **Veye pou nou genyen enfòmasyon nou bezwen yo.** Sa ka rive ou peye pou tout sa yon medikaman sou preskripsyon koute. Nan ka sa yo, nou pa p jwenn enfòmasyon nou bezwen pou n suiv depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a otomatikman. Ban nou kopi resi w yo pou ede nou suiv depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a. **Kèk egzanp kote ou ta dwe ban nou yon kopi resi yo te ba w pou medikaman w lan:**
    - Lè ou achte yon medikaman ki kouvri nan yon famasi ki nan rezo a pou yon pri espesyal oswa lè ou sèvi ak yon kat rabè ki pa fè pati benefis plan nou an.
    - Lè ou peye yon ko-peman pou yon medikaman yo bay nan kad yon pwogram asistans fabrikan an kreye pou pasyan yo.
    - Chak fwa ou achte yon medikaman ki kouvri nan yon famasi ki deyò rezo a oswa chak fwa ou peye pri konplè a pou yon medikaman ki kouvri nan yon sitiyasyon espesyal.
    - Si w jwenn yon fakti pou yon medikaman ki kouvri, ou kapab mande plan nou an peye pati pa l la. Si w ta renmen jwenn enstriksyon sou fason ou ka fè sa, konsilte chapit 7, seksyon 2.
- **Voye enfòmasyon sou peman lòt moun oswa lòt òganizasyon fè pou ou ban nou.** Lè sèten lòt moun oswa òganizasyon peye pou ou, sa konte pou n kalkile depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch ou a tou. Pa egzanp, se kapab lè yon pwogram asistans pou medikaman pou moun ki gen SIDA (AIDS drug assistance program, ADAP), yon sèvis sante endyen oswa yon òganizasyon karitatif peye pou ou. Kenbe dokiman sou peman sa yo epi voye yo ban nou pou n kapab suiv depans ki fèt yo.
- **Egzamine rapò ekri nou te voye ba w la.** Lè ou jwenn dokiman *EOB Pati D* a, egzamine l pou verifye enfòmasyon yo konplè e yo kòrèk. Si w panse gen kèk enfòmasyon ki manke oswa si w gen kesyon, kontakte ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**). Veye pou w kenbe rapò sa yo.

SEKSYON 4 Pa gen franchiz pou AmeriHealth Caritas VIP Care

Pa gen franchiz pou AmeriHealth Caritas VIP Care. Ou kòmanse nan etap kouvèti inisyal la lè w al chèche premye medikaman sou preskripsyon w lan pou ane a. Gade seksyon 5 lan pou jwenn enfòmasyon sou sa ki kouvri pandan etap kouvèti inisyal la.

SEKSYON 5 Etap kouvèti inisyal la

Seksyon 5.1 Sa ou peye pou yon medikaman depann de medikaman an ak kote w al chèche medikaman sou preskripsyon w lan

Pandan etap kouvèti inisyal la, plan nou an peye pati pa l la sou sa medikaman ki kouvri w yo koute epi ou peye pati pa w la (montan ko-peman oswa ko-asirans ou). Pati pa w nan depans ki fèt la pran depann de medikaman an ak kote w al chèche medikaman sou preskripsyon w lan.

Plan nou an genyen senk nivo depans pataje

Chak medikaman ki sou lis medikaman plan nou an fè pati youn nan senk nivo depans pataje nou itilize yo. Anjeneral, plis nivo depans pataje a wo, se plis w ap peye pou medikaman an:

- Nivo 1 – Medikaman prefere jenerik
- Nivo 2 – Medikaman jenerik
- Nivo 3 – Medikaman mak prefere (ou pa peye plis pase $35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a)
- Nivo 4 – Medikaman ki pa prefere (ou pa peye plis pase $35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a)
- Nivo 5 – Medikaman espesyalize (ou pa peye plis pase $35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a)
- Nivo 50 – Medikaman ki pa nan Pati D

Si w ta renmen konnen nan ki nivo depans pataje medikaman w ye, konsilte lis medikaman plan nou an.

Chwa ou genyen pou famasi yo

Kantite kòb ou peye a pou yon medikaman la varye tou si w jwenn medikaman w nan:

- Yon famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo nan rezo a.
- Yon famasi ki pa fè pati rezo plan nou an. Nou kouvri medikaman sou preskripsyon ki prepare nan famasi ki deyò rezo a sèlman nan kèk sitiyasyon. Konsilte chapit 5, seksyon 2.5 pou konnen nan ki sitiyasyon nou kouvri medikaman sou preskripsyon lè ou al chèche yo nan yon famasi ki deyò rezo a.
- Famasi ki vann pwodui pa korespondans plan nou an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou famasi ou ka chwazi yo ak sou fason ou kapab jwenn medikaman sou preskripsyon w yo, konsilte chapit 5 lan ak *lis famasi* plan nou an (www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/network-pharmacy).

Seksyon 5.2 Sa ou depanse pou yon kantite medikaman ki kouvri k ap dire *yon mwa*

Pandan etap kouvèti inisyal la, pati pa w la nan depans ki fèt pou yon medikaman ki kouvri se yon ko-peman oswa yon ko-asirans.

Montan ko-peman an oswa ko-asirans lan depann de nivo depans pataje a.

Pafwa, pri medikaman an pi ba pase ko-peman w lan. Nan ka sa yo, ou peye pri ki pi ba a pou medikaman an olye ou peye ko-peman an.

Sa ou depanse pou yon kantite medikaman Pati D ki kouvri k ap dire *yon mwa*

Nivo	**Depans pataje nan yon famasi estanda ki vann pwodui bay konsomatè yo nan rezo a** (kantite medikaman ki dire 30 jou)	**Depans pataje nan yon famasi pa korespondans** (kantite medikaman ki dire 30 jou)	**Depans pataje nan yon etablisman swen alontèm (LTC)** (kantite medikaman ki dire 31 jou)	**Depans pataje deyò rezo a** (kouvèti asirans lan aplike nan kèk sitiyasyon sèlman (konsilte chapit 5 pou jwenn plis detay)) (kantite medikaman ki dire 30 jou)
Nivo depans pataje 1 (Medikaman jenerik prefere)	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.
Nivo depans pataje 2 (Medikaman jenerik)	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.

Nivo	**Depans pataje nan yon famasi estanda ki vann pwodui bay konsomatè yo nan rezo a** (kantite medikaman ki dire 30 jou)	**Depans pataje nan yon famasi pa korespondans** (kantite medikaman ki dire 30 jou)	**Depans pataje nan yon etablisman swen alontèm (LTC)** (kantite medikaman ki dire 31 jou)	**Depans pataje deyò rezo a** (kouvèti asirans lan aplike nan kèk sitiyasyon sèlman (konsilte chapit 5 pou jwenn plis detay)) (kantite medikaman ki dire 30 jou)
Nivo depans pataje 3 (Medikaman mak prefere)	Ko-asirans 11% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 11% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 11% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 11% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40

Nivo	**Depans pataje nan yon famasi estanda ki vann pwodui bay konsomatè yo nan rezo a** (kantite medikaman ki dire 30 jou)	**Depans pataje nan yon famasi pa korespondans** (kantite medikaman ki dire 30 jou)	**Depans pataje nan yon etablisman swen alontèm (LTC)** (kantite medikaman ki dire 31 jou)	**Depans pataje deyò rezo a** (kouvèti asirans lan aplike nan kèk sitiyasyon sèlman (konsilte chapit 5 pou jwenn plis detay)) (kantite medikaman ki dire 30 jou)
Nivo depans pataje 4 (Medikaman ki pa prefere)	Ko-asirans 25% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 25% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 25% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 25% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40

Nivo	**Depans pataje nan yon famasi estanda ki vann pwodui bay konsomatè yo nan rezo a** (kantite medikaman ki dire 30 jou)	**Depans pataje nan yon famasi pa korespondans** (kantite medikaman ki dire 30 jou)	**Depans pataje nan yon etablisman swen alontèm (LTC)** (kantite medikaman ki dire 31 jou)	**Depans pataje deyò rezo a** (kouvèti asirans lan aplike nan kèk sitiyasyon sèlman (konsilte chapit 5 pou jwenn plis detay)) (kantite medikaman ki dire 30 jou)
Nivo depans pataje 5 (Medikaman espesyalize)	Ko-asirans 33% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 33% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 33% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 33% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou tout lòt medikaman yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40
Nivo depans pataje 50 (Medikaman ki pa nan Pati D)	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.

Nòt: Si w kalifye pou èd siplemantè a (Extra Help), ou peye ko-peman yo aplike nan èd siplemantè a oswa pri ki koresponn ak nivo medikaman an, si pri sa a mwens.

Ou pa p peye plis pase $35 pou yon kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri, kèlkeswa nivo depans pataje a.

Konsilte seksyon 8 pou jwenn plis enfòmasyon sou depans pataje a pou vaksen Pati D yo.

Seksyon 5.3 Si doktè w preskri yon kantite ki mwens pase yon mwa, ou ka pa oblije peye pou yon kantite ki dire yon mwa

Anjeneral, montan ou peye pou medikaman an koresponn ak yon kantite ki dire yon mwa. Sa ka rive pou ou menm oswa doktè w bezwe yon kantite medikaman ki mwens pase yon mwa (pa egzanp lè w ap eseye yon medikaman pou premye fwa). Epitou, ou ka mande doktè w pou l preskri w oswa ou ka mande famasyen w pou l dispanse w yon kantite ki mwens pase yon mwa si sa ede w pi byen planifye pwochen dat kote ou pral chèche medikaman w yo.

Si w jwenn yon kantite ki mwens pase yon mwa pou sèten medikaman, ou pa p gen pou peye pou yon kantite ki dire yon mwa.

- Si w gen yon ko-asirans pou peye, w ap peye yon *pousantaj* sou depans total ki fèt pou medikaman an. Etandone ko-asirans lan depann de depans total ki fèt medikaman an, ou pral peye mwens paske depans total ki fèt pou medikaman an ap mwens.
- Si w gen yon ko-peman pou peye pou medikaman an, w ap peye sèlman pou kantite jou ou jwenn pou medikaman an olye ou peye pou yon mwa konplè. Nou kalkile montan ou peye pa jou pou medikaman w lan (tarif depans pataje a pou chak jou) epi nou miltipliye l pa kantite jou ou jwenn pou medikaman an.

Seksyon 5.4 Sa ou depanse pou yon kantite medikaman Pati D ki kouvri ki dire anpil tan (jiska 90 jou)

Pou kèk medikaman, ou kapab jwenn yon kantite ki dire anpil tan. Yon kantite ki dire anpil tan se yon kantite medikaman ki ase pou jiska 90 jou.

Sa ou depanse pou yon kantite *ki dire anpil tan* koresponn ak yon kantite medikaman Pati D ki kouvri ki dire jiska 90 jou

Nivo	**Depans pataje estanda nan famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo (nan rezo a)** (kantite medikaman ki dire 90 jou)	**Depans pataje nan yon famasi pa korespondans** (kantite medikaman ki dire 90 jou)
Nivo depans pataje 1 (Medikaman jenerik prefere)	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.
Nivo depans pataje 2 (Medikaman jenerik)	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.
Nivo depans pataje 3 (Medikaman mak prefere)	Ko-asirans 11% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou medikaman mak yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 11% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou medikaman mak yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40
Nivo depans pataje 4 (Medikaman ki pa prefere)	Ko-asirans 25% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou medikaman mak yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40	Ko-asirans 25% oswa **si w kalifye pou yon èd siplemantè (Extra Help):** Pou medikaman jenerik oswa medikaman mak ki trete tankou medikaman jenerik: Ko-peman $0 oswa $1.65 oswa $5.80 Pou medikaman mak yo: Ko-peman $0 oswa $5 oswa $14.40

Nivo	Depans pataje estanda nan famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo (nan rezo a) (kantite medikaman ki dire 90 jou)	Depans pataje nan yon famasi pa korespondans (kantite medikaman ki dire 90 jou)
Nivo depans pataje 5 (Medikaman espesyalize)	Pa gen okenn kantite ki dire anpil tan ki disponib pou medikaman ki nan nivo espesyalize a.	Pa gen okenn kantite ki dire anpil tan ki disponib pou medikaman ki nan nivo espesyalize a.
Nivo depans pataje 50 (Medikaman ki pa nan Pati D)	Ou gen yon ko-peman $0.	Ou gen yon ko-peman $0.

Nòt: Si w kalifye pou èd siplemantè a (Extra Help), ou peye ko-peman yo aplike nan èd siplemantè a oswa pri ki koresponn ak nivo medikaman an, si pri sa a mwens.

Ou pa p peye plis pase $70 pou yon kantite k ap dire 2 mwa oswa $105 pou yon kantite k ap dire 3 mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri, kèlkeswa nivo depans pataje a.

Seksyon 5.5 Ou rete nan etap kouvèti inisyal la jiskaske depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a pou ane a rive nan $2,400

Ou rete nan etap kouvèti inisyal la jiskaske depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a a rive nan $2,400. Lè sa a, ou transfere nan etap kouvèti katastwofik la.

Dokiman *EOB Pati D* ou resevwa a ede w suiv konbyen kòb ou menm, plan nou an ak lòt moun oswa òganizasyon te depanse pou ou pandan ane a. Se pa tout manm yo k ap rive nan limit $2,400 pou lajan ki soti nan pòch ou a nan ane a.

Si w atenn montan sa a, n ap fè w konn sa. Konsilte seksyon 1.3 pou jwenn plis enfòmasyon sou fason Medicare kalkile depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a.

SEKSYON 6 Etap kouvèti katastwofik la

Pandan etap kouvèti katastwofik la, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri w yo. Ou antre nan etap kouvèti katastwofik la lè depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a rive nan limit $2,400 pou ane sivil la. Yon fwa ou rive nan etap kouvèti katastwofik la, ou rete nan etap peman sa a jiskaske ane sivil la fini.

- Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri w yo.

SEKSYON 7 Sa ou peye pou vaksen Pati D yo

Mesaj enpòtan sou sa ou peye pou vaksen yo – Gen kèk vaksen ki konsidere kòm benefis medikal epi ki kouvri nan Pati B. Gen lòt vaksen ki konsidere kòm medikaman Pati D. W ap jwenn vaksen sa yo nan lis medikaman plan nou an. Plan nou an kouvri pifò vaksen pou adilt Pati D yo san sa pa koute w anyen. Konsilte lis medikaman plan nou an oswa rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou jwenn enfòmasyon sou kouvèti asirans lan ak sou depans pataje a pou vaksen yo.

Kouvèti asirans nou bay pou vaksen Pati D yo gen de pati ladan l:

- Premye pati a se sa **vaksen an** koute menm.
- Dezyèm pati a se sa **ba w vaksen an** koute (yo konn rele sa administrasyon vaksen an).

Sa yon vaksen Pati D ap koute w depann de 3 bagay:

1. **Si yon òganizasyon ki rele Advisory Committee on Immunization Practices (ACIP) rekòmande vaksen an pou adilt yo.**
   - Pifò vaksen pou adilt Pati D yo se vaksen ACIP rekòmande epi yo pa p koute w anyen.
2. **Ki kote ou jwenn vaksen an.**
   - Se kapab yon famasi oswa kabinè doktè a ki dispanse vaksen an ba w.
3. **Kiyès ki ba w vaksen an.**
   - Se kapab yon famasyen oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki ba w vaksen an nan famasi a. Osinon, se kapab yon pwofesyonèl sante ki ba w li nan kabinè doktè a.

Sa ou peye lè ou jwenn vaksen Pati D a ka varye selon sikonstans yo ak **etap peman pou medikaman** ou ladan l lan.

- Lè ou jwenn yon vaksen, ou ka gen pou peye sa vaksen an koute ak kòb pwofesyonèl sante a mande pou l ba w vaksen an. Ou ka mande plan nou an ranbouse w pou pati pa nou an nan depans lan. Pou pifò vaksen pou adilt Pati D yo, sa vle di n ap ranbouse w tout sa ou te peye.
- Gen lòt sitiyasyon kote ou jwenn vaksen epi ou peye pati pa w la sèlman nan benefis Pati D w la. Pou pifò vaksen pou adilt Pati D yo, ou pa p peye anyen.

W ap jwenn 3 egzanp sou fason ou ka jwenn yon vaksen Pati D anba a.

Sitiyasyon 1: Ou jwenn vaksen Pati D a nan yon famasi ki nan rezo a (ou ka gen posiblite sa a selon kote ou abite a; gen kèk Eta ki pa pèmèt famasi yo bay sèten vaksen).

- Pou pifò vaksen pou adilt Pati D yo, ou pa p peye anyen.
- Pou lòt vaksen Pati D yo, ou peye ko-asirans ou pou vaksen an bay famasi a, san wete kòb li mande w pou ba w vaksen an.
- Plan nou ap ap peye pou rès depans lan.

Sitiyasyon 2: Ou jwenn vaksen Pati D a kay doktè w.

- Lè ou jwenn vaksen an, ou ka gen pou peye pou tout sa vaksen an koute ak kòb pwofesyonèl sante a mande pou l ba w vaksen an.
- Apre sa, ou kapab mande plan nou an pou l peye pati pa l la nan depans ki fèt la selon enstriksyon ki dekri nan chapit 7 la.
- Pou pifò vaksen pou adilt Pati D yo, w ap jwenn yon ranbousman pou tout sa ou te peye. Pou lòt vaksen Pati D, w ap jwenn yon ranbousman pou montan ou te peye a mwens ko-asirans ki aplike pou vaksen an (san wete kòb yo mande pou adminitrasyon vaksen an).

Sitiyasyon 3: Ou achte vaksen Pati D a nan yon famasi ki nan rezo a epi ou pote l kay doktè w pou yo ba w li nan kabinè a.

- Pou pifò vaksen pou adilt Pati D yo, ou pa p peye anyen pou vaksen an menm.
- Pou lòt vaksen Pati D, ou peye ko-asirans ou bay famasi a pou vaksen an menm.
- Lè doktè w ba w vaksen an, ou ka gen pou peye tout kòb li mande pou sèvis sa a.
- Apre sa, ou kapab mande plan nou an pou l peye pati pa l la nan depans ki fèt la selon enstriksyon ki dekri nan chapit 7 la.
- Pou pifò vaksen pou adilt Pati D yo, w ap jwenn yon ranbousman pou tout sa ou te peye. Pou lòt vaksen Pati D, w ap jwenn yon ranbousman pou montan ou te peye a mwens ko-asirans ki aplike pou adminitrasyon vaksen an

CHAPIT 7:
Fason ou ka mande nou peye pati pa nou an nan yon fakti pou yon sèvis medikal oswa yon medikaman ki kouvri

SEKSYON 1 Sitiyasyon kote ou ta dwe mande nou peye pati pa nou an pou yon sèvis oswa yon medikaman ki kouvri

Pwofesyonèl ak etablisman sante yo ki nan rezo nou an faktire plan nou an dirèkteman pou sèvis ak medikaman ki kouvri yo. Si w resevwa yon fakti pou tout sa yon swen medikal oswa yon medikaman ou te jwenn koute, voye fakti sa a ban nou pou nou ka peye l. Lè ou voye fakti a ban nou, n ap egzamine li epi n ap deside si nou ta dwe kouvri sèvis la oswa medikaman an. Si nou deside nou ta dwe kouvri l, n ap peye pwofesyonèl oswa etablisman sante a dirèkteman.

Si w gentan peye pou yon sèvis oswa yon atik Medicare plan nou an kouvri, ou kapab mande plan nou an pou l **ranbouse** w. Ou gen dwa pou plan nou an rabouse w lè ou te peye plis pase pati pa w nan sa sèvis medikal la oswa medikaman an te koute, depi plan nou an kouvri l. Li posib pou gen yon delè pou w respekte pou w ka jwenn ranbousman an. Konsilte seksyon 2 nan chapit sa a. Lè ou voye yon fakti ou gentan peye ban nou, n ap egzamine li epi n ap deside si nou ta dwe kouvri sèvis la oswa medikaman an. Si nou deside nou ta dwe kouvri l, n ap ranbouse w pou sèvis la oswa medikaman an.

Li posib tou pou w resevwa yon fakti nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki mande w peye pou tout sa swen medikal ou te jwenn yo koute oswa ki mande w peye plis pase pati pa w nan depans pataje a. Eseye rezoud sitiyasyon sa a avèk pwofesyonèl oswa etablism sante a dabò. Si sa pa mache, voye fakti a ban nou olye ou peye l. N ap egzamine fakti a epi n ap deside si nou ta dwe kouvri sèvis la. Si nou deside nou ta dwe kouvri l, n ap peye pwofesyonèl oswa etablisman sante a dirèkteman. Si nou deside pa peye, n ap fè pwofesyonèl oswa etablisman sante a konn sa. Ou pa ta janm dwe peye plis pase depans pataje ki otorize nan plan an. Si pwofesyonèl oswa etablisman sante sa a gen yon kontra avèk nou, ou toujou gen dwa pou jwenn yon tretman.

Men kèk sitiyasyon kote ou ka gen pou mande plan nou an pou l ranbouse w oswa pou l peye yon fakti ou te resevwa:

1. Lè ou te jwenn swen medikal ijans oswa swen medikal ou te bezwen rapid nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa nan rezo plan nou an

- Ou kapab jwenn swen ijans oswa swen ou bezwen rapid nan men nenpòt pwofesyonèl oswa etablisman sante, kit li fè pati rezo a, kit li deyò rezo a. Nan ka sa yo, mande pwofesyonèl oswa etablisman sante a voye yon fakti bay plan nou an.
- Si w peye tout kòb la nèt ak lajan pa w lè ou jwenn swen w yo, ou mèt mande nou ranbouse w. Voye fakti a ban nou epi, si w te peye yon kòb, voye dokiman ki montre ou te peye.
- Ou gendwa jwenn yon fakti nan men pwofesyonèl oswa etablisman sante a ki mande w peye yon kòb ou pa panse ou dwe. Voye fakti sa a ban nou epi, si w te peye yon kòb, voye dokiman ki montre ou te peye.
    - Si gen yon kòb nou dwe pwofesyonèl oswa etablisman sante a, n ap peye l dirèkteman.
    - Si w gentan peye pou sèvis la, n ap ranbouse w.

2. Lè yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante voye yon fakti ba w men ou panse ou pa ta dwe peye l

Pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a ta dwe toujou voye fakti yo bay plan nou an dirèkteman. Sepandan, sa ka rive yo fè erè epi yo mande w peye pou sèvis ou te jwenn yo.

- Lè ou resevwa yon fakti nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki nan rezo a, voye fakti a ban nou. N ap kontakte pwofesyonèl oswa etablisman sante a dirèkteman pou n rezoud sitiyasyon an.
- Si w gentan peye pwofesyonèl oswa etablisman sante a pou fakti a, voye l ban nou ansanm ak dokiman ki montre ou te peye. Mande nou ranbouse w pou sèvis ki kouvri ou te jwenn yo.

3. Si w te enskri nan plan nou an yon fason retwo-aktif

Pafwa, lè yon moun enskri nan plan nou an, enskripsyon an gen yon efè retwo-aktif (sa vle di premye jou enskripsyon an gentan pase epi dat enskripsyon an ka menm tonbe nan ane anvan an).

Si w te enskri nan plan nou an yon fason retwo-aktif epi si w te peye pou yon sèvis oswa yon medikaman ki kouvri ak lajan ki soti nan pòch ou a apre dat enskripsyon w lan, ou ka mande nou ranbouse w pou pati pa nou an nan depans ki fèt la. W ap bezwen voye kèk dokiman ban nou, tankou resi ak fakti, pou nou ka jere ranbousman an.

4. Lè ou jwenn yon medikaman sou preskripsyon nan yon famasi ki deyò rezo a

Si w te ale nan yon famasi ki deyò rezo a, famasi a ka pa gen posiblite voye demann ranbousman an ban nou dirèkteman. Lè sitiyasyon sa a rive, w ap gen pou peye pou tout sa medikaman sou preskripsyon an koute.

Kenbe resi w epi voye yon kopi ban nou lè ou mande nou ranbouse w pou pati pa nou an nan sa medikaman an te koute. Sonje nou kouvri famasi ki deyò rezo a sèlman nan kèk sikonstans. Konsilte chapit 5, seksyon 2.5, pou jwenn plis enfòmasyon sou sikonstans sa yo. Nou gendwa pa ranbouse w diferans ki genyen ant sa ou te peye pou medikaman an nan famasi ki deyò rezo a ak sa nou t ap peye nan yon famasi ki fè pati rezo a.

5. Lè ou peye pou tout sa yon medikaman sou preskripsyon koute paske ou pa gen kat manm plan nou an avè w

Si w pa gen kat manm plan nou an avè w, ou kapab mande famasi a pou l rele plan nou an oswa pou l chèche enfòmasyon ki gen rapò ak enskripsyon w nan plan nou an nan sistèm li. Si famasi a pa rive jwenn enfòmasyon sa yo tousuit, ou ka gen pou peye pou tout sa medikaman sou preskripsyon an koute ak lajan pa w.

Kenbe resi w epi voye yon kopi ban nou lè ou mande nou ranbouse w pou pati pa nou an nan sa medikaman an te koute. Nou gendwa pa ranbouse w tout kòb la si pri ou te peye a plis pase pri nou te negosye pou medikaman sou preskripsyon an.

6. Lè ou peye pou tout sa yon medikaman sou preskripsyon koute nan lòt sitiyasyon

Ou gendwa peye pou tout sa yon medikaman sou preskripsyon koute paske ou vin wè gen yon rezon ki fè medikaman an pa kouvri.

- Pa egzanp, li posib pou medikaman an pa sou lis medikaman plan nou an, oubyen li posib pou l gen yon egzijans oswa yon restriksyon ki aplike, epi ou pa t okouran oswa ou panse li pa ta dwe aplike pou ou. Si w deside pran medikaman an tousuit, ou ka gen pou peye pou tout sa li koute.
- Kenbe resi w epi voye yon kopi ban nou lè ou mande nou ranbouse w. Nan kèk sitiyayson, nou ka bezwen plis enfòmasyon nan men doktè w pou ranbouse w pou pati pa nou an nan sa medikaman an te koute. Nou gendwa pa ranbouse w tout kòb la si pri ou te peye a plis pase pri nou te negosye pou medikaman sou preskripsyon an.

Lè ou voye yon demann peman ban nou, n ap egzamine li epi n ap deside si nou ta dwe kouvri sèvis la oswa medikaman an. Pwosesis sa a rele **desizyon sou kouvèti asirans**. Si nou deside nou ta dwe kouvri l, n ap peye pou pati pa nou an nan sa sèvis la oswa medikaman an koute. Si nou refize demann peman w lan, ou ka fè apèl pou desizyon nou an. Chapit 9 la gen enfòmasyon sou fason ou ka fè apèl.

SEKSYON 2 Fason ou ka mande nou ranbouse w oswa peye yon fakti ou te resevwa

Pou mande nou ranbouse w, ou kapab rele nou oswa voye yon demann alekri. Si w voye yon demann alekri, tanpri voye fakti w epi, si w te peye, voye dokiman ki montre ou te peye. Li t ap bon pou w fè yon kopi fakti w ak resi w pou kenbe yo nan dosye w yo. **Ou dwe voye demann ranbousman w lan ban nou nan lespas douz mwa** apre dat ou te jwen sèvis la, atik la oswa medikaman an.

Ou kapab ranpli fòm demann ranbousman nou an pou mande nou peye, konsa n ap kapab jwenn tout enfòmasyon nou bezwen yo pou pran yon desizyon.

- Byenke ou pa oblije sèvi ak fòm nan, sa ap ede nou trete enfòmasyon yo pi rapid.
- Si w pa sèvi ak fòm nan, tanpri voye enfòmasyon sa yo:
  - Non konplè manm nan
  - Nimewo idantifikasyon manm nan
  - Adrès postal/imèl manm nan
  - Resi a oswa kopi resi a pou sèvis la
  - Non/Nimewo idantifikasyon pwofesyonèl sante a
  - Nimewo telefòn pwofesyonèl sante a
  - Dat sèvis la
  - Dyagnostik la, si w konnen l
- Si demann nan konsène yon medikaman, voye enfòmasyon sa yo tou:
  - Non medikaman an
  - Resi a oswa kopi resi a pou sèvis la oswa medikaman an
  - Famasi ki te prepare medikaman an
  - Nimewo telefòn famasi a
  - Dat medikaman an te prepare
  - Dyagnostik la, si w konnen l
  - Non/Nimewo idantifikasyon pwofesyonèl sante a
  - Nimewo telefòn pwofesyonèl sante a
- Telechaje yon kopi fòm nan sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl oswa rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) epi mande fòm nan.

Voye demann peman w lan ansanm ak nenpòt fakti oswa resi peman ban nou nan adrès sa a:

Pou sèvis medikal:	Pou medikaman:
AmeriHealth Caritas VIP Care P.O. Box 7151 London, KY 40742-7151	AmeriHealth Caritas VIP Care Attn: Direct Member Reimbursement P.O. Box 516 Essington, PA 19029

SEKSYON 3 Nou pral egzamine demann peman w lan epi nou pral reponn wi oswa non

Lè nou jwenn demann peman w lan, n ap fè w konnen si n bezwen plis enfòmasyon nan men w. Sinon, n ap egzamine demann ou an epi n ap pran yon desizyon sou kouvèti asirans lan.

- Si nou deside swen medikal la oswa medikaman an kouvri, lèfini ou te respekte tout règ ki aplikab yo, n ap peye pati pa nou an nan sa sèvis la oswa medikaman an koute. Si w gentan peye pou sèvis la oswa medikaman an, n ap voye yon ranbousman ba w pou pati pa nou an nan depans ki fèt la. Si w te peye pou tout sa medikaman an koute, nou gendwa pa ranbouse w pou tout depans ou te fè a (pa egzanp si w te jwenn yon medikaman nan yon famasi ki deyò rezo a oswa si pri ou te peye pou medikaman an plis pase pri nou te negosye a). Si w poko peye pou sèvis la oswa pou medikaman an, n ap voye peman an dirèkteman bay pwofesyonèl oswa etablisman sante a.
- Si nou deside swen medikal la oswa medikaman an *pa* kouvri, oswa si w *pa* t respekte tout règ ki aplikab yo, nou pa p peye pati pa nou an nan sa sèvis la oswa medikaman an koute. N ap voye yon lèt ba w pou esplike w rezon ki fè nou pa p peye ak dwa ou genyen pou fè apèl pou desizyon sa a.

Seksyon 3.1 Si nou fè w konnen nou pa p peye pou tout oswa yon pati nan swen medikal la oswa medikaman an koute, ou kapab fè apèl

Si w panse refize nou te refize demann peman w lan se yon erè, oswa si w panse montan nou te peye a pa kòrèk, ou kapab fè apèl. Si w fè apèl, sa vle di w ap mande nou chanje desizyon nou te pran an lè nou te refize demann peman w lan. Pwosesis apèl la se yon pwosesis fòmèl ki gen kèk machasuiv ki detaye ak kèk delè ki enpòtan. Si w ta renmen konnen kijan ou ka fè apèl, konsilte chapit 9 la nan dokiman sa a.

CHAPIT 8:
Dwa ak responsablite w yo

SECTION 1 Our plan must honor your rights and cultural sensitivities

Section 1.1 We must provide information in a way that works for you and consistent with your cultural sensitivities (in languages other than English, braille, large print, or other alternate formats, etc.)

Our plan is required to ensure that all services, both clinical and non-clinical, are provided in a culturally competent manner and are accessible to all enrollees, including those with limited English proficiency, limited reading skills, hearing incapacity, or those with diverse cultural and ethnic backgrounds. Examples of how our plan may meet these accessibility requirements include, but aren't limited to, provision of translator services, interpreter services, teletypewriters, or TTY (text telephone or teletypewriter phone) connection.

Our plan has free interpreter services available to answer questions from non-English speaking members. We can also give you information in braille, in large print, or other alternate formats at no cost if you need it. We're required to give you information about our plan's benefits in a format that's accessible and appropriate for you. To get information from us in a way that works for you, call Member Services at **1-833-467-3502** (TTY users call **711**).

Our plan is required to give female enrollees the option of direct access to a women's health specialist within the network for women's routine and preventive health care services.

If providers in our plan's network for a specialty aren't available, it's our plan's responsibility to locate specialty providers outside the network who will provide you with the necessary care. In this case, you'll only pay in-network cost sharing. If you find yourself in a situation where there are no specialists in our plan's network that cover a service you need, call our plan for information on where to go to get this service at in-network cost sharing.

If you have any trouble getting information from our plan in a format that's accessible and appropriate for you, seeing a women's health specialist or finding a network specialist, call to file a grievance with Member Services at **1-833-467-3502** (TTY users call **711**). You can also file a complaint with Medicare by calling 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) or directly with the Office for Civil Rights 1-800-368-1019 or TTY 1-800-537-7697.

SECCIÓN 1 Nuestro plan debe respetar sus derechos y consideraciones culturales como

Sección 1.1 Debemos brindarle información de una manera conveniente para usted y en consonancia con sus consideraciones culturales (en idiomas distintos del inglés, en braille, en letra grande u otros formatos alternativos, etc.)

Nuestro plan debe garantizar que todos los servicios, tanto clínicos como no clínicos, se brinden de forma culturalmente competente y sean accesibles para todas las personas inscritas, incluidas aquellas con una competencia limitada en inglés, comprensión lectora limitada, discapacidad auditiva, o aquellas personas con orígenes culturales y étnicos diversos. Entre los ejemplos sobre cómo nuestro plan puede cumplir con estos requisitos de accesibilidad, se encuentran, entre otros, ofrecer servicios de traducción, servicios de interpretación, teletipos, o dispositivos TTY (teletipo o teléfono con teclado).

Nuestro plan cuenta con servicios gratuitos de interpretación de idiomas para responder las preguntas de los miembros que no hablan inglés. Además, de ser necesario, podemos brindarle información en braille, en letra grande u otros formatos alternativos sin costo. Tenemos la obligación de darle información sobre los beneficios de nuestro plan en un formato que sea accesible y apropiado para usted. Para obtener información de nosotros en una manera que sea conveniente para usted, llame a Servicios al Miembro al **1-833-467-3502** (los usuarios de TTY deben llamar al **711**).

Nuestro plan debe ofrecer a las mujeres inscritas la opción de tener acceso directo a especialistas en salud para la mujer dentro de los servicios de atención médica rutinaria y preventiva para mujeres.

Si los proveedores de la red de nuestro plan relacionados con una especialidad no se encuentran disponibles, es responsabilidad del plan localizar a proveedores de especialidad fuera de la red que le brinden la atención necesaria. En este caso, usted solo pagará el costo compartido que corresponde a la red. Si se encuentra en una situación en la que no se encuentra disponible un especialista dentro la red de nuestro plan que cubra un servicio que necesite, es necesario que llame a nuestro plan para obtener información sobre cómo obtener este servicio de costo compartido dentro de la red.

Si tiene algún problema para obtener información de nuestro plan en un formato que sea accesible y apropiado para usted, consultar un especialista en la salud de la mujer o encontrar un especialista de la red, llame para presentar una queja formal ante Servicios al Miembro al **1-833-467-3502** (los usuarios de TTY deben llamar al **711**). También puede presentar una queja ante Medicare a través del 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) o directamente a la Oficina de Derechos Civiles al 1-800-368-1019 o por TTY al 1-800-537-7697.

SEKSYON 1 Plan nou an sipoze respekte dwa w yo ak sansibilite kiltirèl ou

Seksyon 1.1 Nou sipoze ba w enfòmasyon yon fason ki apwopriye pou ou e ki respekte sansibilite kiltirèl ou (nan lang ki pa anglè, nan ekriti bray, nan gwo karaktè oswa nan lòt fòma, pa egzanp)

Plan nou an gen obligasyon pou asire li tout moun ki enskri yo resevwa tout sèvis yo, kit se sèvis klinik, kit se sèvis ki pa klinik, yon fason ki konpetan selon kilti yo ak yon fason ki aksesib. Sa gen ladan l sèvis pou moun ki pa fò nan anglè, ki limite nan kapasite pou yo fè lekti, ki gen pwoblèm pou tande oswa ki soti nan diferan kilti ak gwoup etnik. Kèk egzanp sou sa plan nou an ka fè pou satisfè jan de bezwen sa yo nan domèn aksesibilite, san pa gen limit nan egzanp sa yo, se bay sèvis tradiksyon, sèvis entèpretasyon, tele-enprimè oswa koneksyon nan sèvis TTY (telefòn tèks oswa telefòn tele-enprimè).

Plan nou an gen sèvis entèpretasyon ki gratis pou reponn kesyon moun ki pa pa anglè yo genyen yo. Epitou, depi ou bezwen sa, nou ka ba w enfòmasyon oswa dokiman nan ekriti bray, nan gwo karaktè oswa nan lòt fòma san sa pa koute w anyen. Nou gen obligasyon pou n ba w enfòmasyon sou benefis ki fè pati plan nou an nan yon fòma ki aksesib e ki apwopriye pou ou. Pou jwenn enfòmasyon yon fason ki adapte ak bezwen w yo nan men nou, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY la ka rele nan **711**).

Plan nou an gen obligasyon pou bay fi ki enskri yo posiblite pou yo gen yon aksè dirèk nan yon espesyalis sante fi ki fè pati rezo a pou yo ka jwenn sèvis swen sante woutin ak sèvis swen sante prevansyon pou fi.

Si pa gen pwofesyonèl sante ki disponib nan rezo plan nou an pou yon espesyalite, plan nou an sipoze jwenn yon pwofesyonèl espesyalize ki pa fè pati rezo a pou l ba w swen ou bezwen yo. Nan ka sa a, w ap annik peye pou depans pataje ou t ap peye pou yon sèvis ou jwenn nan rezo a. Si w rive nan yon sitiyasyon kote pa gen espesyalis nan rezo plan nou an pou ba w sèvis ou bezwen an, rele plan an pou jwenn enfòmasyon sou kote ou ka jwenn sèvis sa a pou depans pataje ou t ap peye pou yon sèvis ou jwenn nan rezo a.

Si w gen difikilte pou jwenn enfòmasyon nan men plan nou an yon fason ki aksesib e ki apwopriye pou ou, pou al kay yon espesyalis sante fi oswa pou jwenn yon espesyalis nan rezo a, rele pou depoze yon reklamasyon bay ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY la ka rele nan **711**). Epitou, ou ka rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou depoze yon plent bay Medicare oswa ou ka rele Biwo pou Dwa Sivil la dirèkteman nan 1-800-368-1019 oswa nan TTY 1-800-537-7697.

Seksyon 1.2 Nou dwe fè tout sa ki posib pou ede w jwenn sèvis ak medikaman ki kouvri nan yon delè ki apwopriye

Ou gen dwa pou chwazi yon pwofesyonèl sante prensipal (primary care provider, PCP) nan rezo plan nou an pou l ba w e pou l pran dispozisyon pou w jwenn sèvis ki kouvri ou bezwen yo. Nou pa mande pou li refere w pou w ka jwenn swen nan men pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a.

Ou gen dwa pou jwenn randevou ak sèvis ki kouvri nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante plan nou an *nan yon delè ki rezonab*. Sa gen ladan l dwa pou w jwenn sèvis nan men espesyalis nan moman ou bezwen swen sa yo. Epitou, ou gen dwa pou jwenn medikaman sou preskripsyon w yo, kit se pou premye fwa, kit se pou yon renouvèlman, nan nenpòt famasi ki nan rezo nou an san w pa tann anpil tan.

Si w panse ou pa t jwenn swen medikal oswa medikaman Pati D w yo nan yon delè ki rezonab, chapit 9 la esplike w sa ou kapab fè.

Seksyon 1.3 Nou dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante pèsonèl ou yo

Lwa federal yo ak lwa Eta yo pwoteje konfidansyalite dosye medikal ou yo ak enfòmasyon sante pèsonèl ou yo. Nou pwoteje enfòmasyon sante pèsonèl ou yo jan lwa sa yo mande sa.

- Enfòmasyon sante pèsonèl ou yo se enfòmasyon pèsonèl ou te ban nou lè ou te enskri nan plan sa a ansanm ak dosye medikal ou yo ak lòt enfòmasyon medikal ak enfòmasyon sante.
- Ou gen yon seri dwa sou enfòmasyon sa yo epi ou gen dwa pou kontwole fason nou itilize enfòmasyon sante sa yo. Nou ba w yon avi ki rele *Avi sou pratik konfidansyalite* a ki esplike w ki dwa ou genyen ak sa nou fè pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante w yo (www.amerihealthcaritasvipcare.com/content/dam/amerihealth-caritas/vip-care/pdf/fl/notice-of-privacy-practices.pdf.coredownload.inline.pdf).

Kisa nou fè pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante w yo?

- Nou veye pou okenn moun ki pa otorize pa ni konsilte ni chanje dosye w yo.
- Sof nan sikonstans ki mansyone anba yo, si nou ta gen entansyon bay nenpòt moun ki pa p ba w swen oswa ki pa p peye pou swen w yo enfòmasyon sou sante w, *nou gen obligasyon pou jwenn yon pèmisyon alekri nan men w oswa nan men yon moun ou bay yon otorizasyon legal pou l pran desizyon pou ou dabò*.
- Gen kèk eksepsyon ki ka fè nou pa oblije jwenn pèmisyon w alekri dabò. Lalwa pèmèt oswa egzije eksepsyon sa yo.
    - Nou gen obligasyon pou n divilge enfòmasyon sante bay ajans gouvènman k ap verifye kalite swen yo.

- Etandone ou se yon manm plan nou an atravè Medicare, nou gen obligasyon pou n bay Medicare enfòmasyon sante w yo, san wete enfòmasyon sou medikaman sou preskripsyon Pati D w yo. Si Medicare divilge enfòmasyon w yo nan objektif rechèch oswa nan lòt objektif, l ap fè sa ann akò ak lwa ak règlemantasyon federal yo. Sa vle di li pa p pataje okenn enfòmasyon ki t ap pèmèt lòt moun idantifye w yon fason ki inik.

Ou kapab wè ki enfòmasyon nou genyen nan dosye w epi ou kapab konnen kijan nou pataje l ak lòt moun oswa òganizasyon

Ou gen dwa pou konsilte dosye medikal plan nou an genyen pou ou e pou jwenn yon kopi dosye w yo. Nou gen dwa pou n mande w peye yon kòb pou fè kopi. Epitou, ou gen dwa pou mande nou ajoute oswa korije enfòmasyon nan dosye medikal ou yo. Si w mande nou fè sa, n ap travay avèk pwofesyonèl sante w la pou deside ki chanjman nou dwe fè.

Ou gen dwa pou konnen kijan nou te pataje enfòmasyon sante w yo ak lòt moun oswa òganizasyon nan nenpòt objektif ki pa yon aktivite woutin.

Si w gen kesyon oswa si gen kèk bagay ki trakase w sou konfidansyalite enfòmasyon sante pèsonèl ou yo, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

Seksyon 1.4 Nou dwe ba w enfòmasyon sou plan nou an, rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an ak sèvis ki kouvri w yo

Antanke manm AmeriHealth Caritas VIP Care, ou gen dwa pou jwenn diferan kalite enfòmasyon nan men nou.

Si w ta renmen jwenn nenpòt nan kalite enfòmasyon ki vin annapre yo, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**):

- **Enfòmasyon sou plan nou an**. Pa egzanp, sa gen ladan l enfòmasyon sou sitiyasyon finansye plan nou an.
- **Enfòmasyon sou rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an ak famasi nou yo.** Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl ak etablisman sante yo ak famasi ki nan rezo nou an, ak sou fason nou peye pwofesyonèl ak etablisman sante yo nan rezo nou an.
- **Enfòmasyon sou kouvèti asirans ou ak règ ou dwe respekte yo lè ou sèvi ak kouvèti asirans ou.** Chapit 3 ak 4 bay enfòmasyon sou sèvis medikal yo. Chapit 5 ak 6 bay enfòmasyon sou kouvèti asirans pou medikaman Pati D yo.
- **Enfòmasyon sou rezon ki fè yon bagay pa kouvri ak sa ou ka fè pou sa.** Chapit 9 la bay enfòmasyon sou fason ou ka mande yon esplikasyon alekri sou rezon ki fè yon sèvis medikal oswa yon medikaman Pati D pa kouvri oswa sou rezon ki fè kouvèti

asirans ou an gen restriksyon. Epitou, chapit 9 la esplike fason ou kapab mande nou chanje yon desizyon, sètadi fason ou kapab fè apèl.
- **Enfòmasyon sou dwa ak responsablite manm yo, konpayi a ak pwofesyonèl sante l yo.** Ou gen dwa pou fè rekòmandasyon konsènan règleman konpayi a tabli sou dwa ak responsablite manm yo.
- **Plis enfòmasyon sou nouvo teknoloji medikal yo.**

Seksyon 1.5 Ou gen dwa pou konnen ki tretman ki disponib pou ou e pou patisipe nan desizyon ki gen rapò ak swen w yo

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon ki konplè nan men doktè w yo ak lòt pwofesyonèl sante. Pwoblèm sante w yo dwe esplike w kisa pwoblèm sante w ye ak ki tretman ou kapab chwazi, epi yo dwe fè sa *yon fason ou ka konprann*.

Epitou, ou gen dwa pou patisipe nan tout desizyon ki gen rapò ak swen sante w yo nètale. Ou genyen dwa ki vin annapre yo k ap ede w pran desizyon avèk doktè w yo sou tretman k ap pi apwopriye pou ou:

- **Konnen tout chwa ou genyen yo.** Ou gen dwa pou yo fè w konnen ki tretman yo rekòmande pou pwoblèm sante w, kèlkeswa sa yo koute, menm si yo pa kouvri nan plan nou an. Epitou, ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou pwogram plan nou an ofri pou ede manm yo jere epi itilize medikaman yo an sekirite.
- **Konnen ki risk ki genyen.** Ou gen dwa pou yo fè w konnen ki risk ki mache ak swen w yo. Si yon swen medikal oswa yon tretman yo pwopoze w fè pati yon etid rechèch, yo dwe di w sa alavans. Ou toujou gen chwa pou w refize nenpòt tretman eksperimantal.
- **Dwa pou w di “non.”** Ou gen dwa pou refize nenpòt tretman ki rekòmande. Sa gen ladan l swa pou w soti nan lopital la oswa nan yon lòt etablisman sante, menm si doktè w konseye w rete. Epitou, ou gen dwa pou sispann pran medikaman w yo. Si w refize yon tretman oswa si w sispann pran medikaman w yo, ou aksepte tout responsablite w pou konsekans yo sou kò w.

Ou gen dwa pou bay enstriksyon sou sa ki pou fèt si w pa kapab pran desizyon medikal pou tèt ou.

Pafwa, sa rive pou yon moun vin pa kapab pran desizyon sou swen sante l yo pou tèt li akòz yon aksidan oswa yon maladi grav. Ou gen dwa pou di sa ki pou fèt si w t ap tonbe nan sitiyasyon sa a. Sa vle, *si w vle*, ou kapab:

- Ranpli yon fòm pou bay **yon lòt moun yon otorizasyon legal pou l pran desizyon medikal pou ou** si w janm vin pa kapab pran desizyon sa yo pou tèt ou.
- **Bay doktè w yo enstriksyon alekri** sou fason ou ta renmen pou yo jere swen medikal ou yo si vin pa kapab pran desizyon pou tèt ou.

Dokiman legal w ap itilize pou fè konnen sa ou vle alavans se yon dokiman rele **enstriksyon medikal alavans**. Dokiman tankou **testaman devi** ak **pwokirasyon pou swen sante** se enstriksyon medikal alavans yo ye.

Fason ou kapab prepare yon dokiman enstriksyon medikal alavans:

- **Jwenn yon fòm.** Ou kapab jwenn yon fòm enstriksyon medikal alavans nan men avoka w, nan men yon asistan sosyal oswa nan kèk magazen ki vann pwodui pou moun k ap travay nan biwo. Pafwa, ou kapab jwenn fòm enstriksyon medikal alavans nan men òganizasyon ki bay moun enfòmasyon sou Medicare.
- **Ranpli fòm nan epi siyen l.** Kèlkeswa kote ou te jwenn fòm nan, se yon dokiman legal li ye. Anvizaje pou mande yon avoka ede w prepare l.
- **Bay moun ki dwe resevwa l yon kopi fòm nan.** Remèt doktè w ak moun ou nonmen sou fòm nan pou pran desizyon pou ou si w pa kapab yon kopi fòm nan. Epitou, ou ka bay zanmi pwòch ou yo ak manm fanmi w yon kopi. Kenbe yon kopi lakay ou.

Si w konnen ou pral entène lopital epi ou te siyen yon dokiman enstriksyon medikal alavans, **pote yon kopi avè w lè ou ale lopital**.

- Lopital la pral mande w si w te siyen yon fòm enstriksyon medikal alavans e si w genyen l avè w.
- Si w pa t siyen okenn fòm enstriksyon medikal alavans, lopital la gen fòm ki disponib epi li pral mande w si w vle siyen youn.

Ranpli yon dokiman enstriksyon medikal alavans se chwa w (menm si w entène lopital). Selon lalwa, pèsòn pa ka refize ba w swen ni fè diskriminasyon kont ou poutèt ou te siyen oswa poutèt ou pa t siyen yon dokiman enstriksyon medikal alavans.

Si yo pa respekte enstriksyon ou te bay yo

Si w te siyen yon dokiman enstriksyon medikal alavans epi ou panse yon doktè oswa yon lopital pa t respekte enstriksyon ki ladan l yo, ou kapab depoze yon plent bay Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (Florida Medicaid):

Agency for Health Care Administration (Florida Medicaid)
P.O. Box 5197
Mail Stop #62

Tallahassee, FL 32314
1-877-711-3662

Seksyon 1.6 Ou gen dwa pou depoze plent epi pou mande nou rekonsidere desizyon nou te pran yo

Si w gen yon pwoblèm, yon bagay k ap trakase w oswa yon plent epi ou bezwen mande pou n kouvri yon bagay, oswa si w ta renmen fè apèl, chapit 9 la nan dokiman sa a esplike w sa ou kapab fè. Kèlkeswa sa ou deside fè, kit se mande yon desizyon sou kouvèti asirans lan, kit se fè apèl, kit se depoze yon plent, **nou gen obligasyon pou n trete w san patipri**.

Seksyon 1.7 Si w panse nou pa t trete w san patipri oswa nou pa t respekte dwa w yo

Nou gen obligasyon pou n trete w avèk respè e pou n pran diyite w ak konsiderasyon. Si w panse nou pa t trete w san patipri oswa nou pa t respekte dwa w yo akòz ras ou, andikap ou, relijyon w, sèks ou, sante w, gwoup etnik ou, kwayans ou yo, laj ou oswa peyi kote ou soti a, rele **Biwo pou Dwa Sivil** la ki fè pati Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la nan 1-800-368-1019 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-800-537-7697), oswa rele Biwo pou Dwa Sivil lokal ou a.

Si w panse nou pa t trete w san patipri oswa nou pa t respekte dwa w yo, *men* sa *pa* gen rapò ak diskriminasyon, ou kapab jwenn èd pou jere pwoblèm sa a diferan fason:

- **Rele ekip sèvis pou manm plan nou an nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711)**
- **Rele SHIP lokal ou a** nan 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337)
- **Rele Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048)

Seksyon 1.8 Fason ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo diferan rason:

- **Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711**).
- **Rele SHIP lokal ou a** nan 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337)
- **Kontakte Medicare**
    - Ale sou Medicare.gov pou li piblikasyon ki rele *Medicare Rights & Protections* (ki disponib sou: Medicare Rights & Protections)
    - Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048)

SEKSYON 2 Responsablite w yo antanke manm plan nou an

Gen kèk bagay ki mansyone anba a ou bezwen fè antanke manm plan nou an. Si w gen kesyon, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

- **Chèche konnen sèvis ki kouvri ou bezwen yo ak règ ou dwe respekte yo pou jwenn sèvis ki kouvri sa yo**. Itilize dokiman sa a ki rele *Prèv kouvèti asirans* pou aprann sa ki kouvri ak règ ou dwe respekte yo pou jwenn sèvis ki kouvri.
    - Chapit 3 ak 4 yo bay enfòmasyon sou sèvis medikal yo.
    - Chapit 5 ak 6 yo bay enfòmasyon sou kouvèti asirans pou medikaman Pati D yo.
- **Si w gen yon lòt kouvèti asirans pou swen sante oswa pou medikaman anplis plan nou an, ou gen obligasyon pou fè nou konn sa.** Chapit 1 an esplike kijan nou kowòdone benefis sa yo.
- **Fè doktè w ak lòt pwofesyonèl sante w yo konnen ou enskri nan plan nou an.** Montre kat manm plan nou an chak fwa ou jwenn swen medikal oswa medikaman Pati D.
- **Bay doktè w yo ak lòt pwofesyonèl sante enfòmasyon, poze yo kesyon epi fè sa yo mande w fè pou ede yo ba w swen.**
    - Pou jwenn swen ki pi bon yo, esplike doktè w yo ak lòt pwofesyonèl sante ki pwoblèm sante ou genyen. Suiv plan tretman ak enstriksyon ou menm ak doktè w yo te mete nou dakò sou yo.
    - Veye pou doktè w yo konnen tout medikaman w ap pran yo, san wete medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin ak remèd fèy.
    - Si w gen kesyon, poze yo epi chèche jwenn repons ou ka konprann. Ou gen responsablite pou chèche konprann pwoblèm sante w yo e pou patisipe nan travay ki pou fèt pou atenn objektif tretman ou te defini avèk pwofesyonèl sante w yo, selon tout sa ou kapab.
- **Se pou w gen konsiderasyon.** Nou atann pou manm nou yo respekte dwa lòt pasyan yo. Epitou, nou atann pou w aji yon fason k ap pèmèt kabinè doktè w, lopital yo ak lòt etablisman sante bay sèvis yo san pwoblèm.
- **Peye sa ou dwe**. Antanke manm plan an, ou dwe peye sa ki vin annapre yo:
    - Ou dwe kontinye peye prim Medicare w yo pou rete nan plan nou an.
    - Pou pifò medikaman plan nou an kouvri yo, ou dwe peye pati pa w nan depans ki fèt la lè ou jwenn medikaman an.

- **Si w demenaje *nan* zòn sèvis plan nou an, nou bezwen konn sa** pou mete dosye sou manm yo ajou e pou konnen kijan nou ka kontakte w.
- **Si w demenaje *deyò* zòn sèvis plan nou an, ou pa p ka rete nan plan nou an.**
- **Si w demenaje, fè Administrasyon Sekirite Sosyal la (oswa Railroad Retirement Board la) konn sa.**

CHAPIT 9:
Si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti asirans lan, apèl ak plent)

SEKSYON 1 Sa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon bagay k ap trakase w

Chapit sa a esplike ki pwosesis ki egziste pou jere pwoblèm yo oswa si gen yon bagay k ap trakase w. Pwosesis ou pral itilize pou jere pwoblèm ou an depann de 2 bagay:

1. Si pwoblèm nan konsène benefis ki kouvri nan **Medicare** oswa **Medicaid**. Si w ta renmen jwenn èd pou deside si w sipoze suiv pwosesis Medicare a oswa pwosesis Medicaid la, oswa toule de, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).
2. Kalite pwoblèm ou rankontre a:
    - Pou kèk kalite pwoblèm, ou dwe itilize **pwosesis desizyon sou kouvèti asirans ak apèl la**.
    - Pou lòt kalite pwoblèm, ou dwe itilize **pwosesis pou depoze plent lan** (oswa pwosesis reklamasyon an).

Medicare te apwouve toule de pwosesis sa yo. Chak pwosesis gen pwòp règ, machasuiv ak delè pa l yo. Ni ou menm ni nou menm dwe respekte yo.

Enfòmasyon ki nan chapit sa a ap ede w konnen ki pwosesis ou sipoze itilize ak sa ou dwe fè.

Seksyon 1.1 Ekspresyon jiridik

Genyen yon seri ekspresyon jiridik pou kèk nan règ, machasuiv ak delè ki esplike nan chapit sa a. Majorite moun pa p konprann anpil nan ekspresyon sa yo. Se pou rezon sa a chapit sa a itilize kèk ekspresyon moun abitye tande olye li itilize ekspresyon jiridik sa yo.

Sepandan, pafwa, li enpòtan pou w konnen ekspresyon jiridik ki kòrèk la. Pou ede w konnen ki ekspresyon ou ta dwe itilize pou jwenn èd oswa enfòmasyon, nou itilize ekspresyon jiridik sa yo pou ba w detay sou fason ou ka jere kèk sitiyasyon byen presi.

SEKSYON 2 Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon ak yon èd pèsonalize

Nou toujou disponib pou ede w. Menm si w ta renmen plenyen akòz fason nou te trete w la, nou oblije respekte dwa ou genyen pou w plenyen an. Ou ta dwe toujou rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou jwenn èd. Nan kèk sitiyasyon, ou ka mande èd oswa konsèy nan men yon moun ki pa afilye avèk nou. Genyen de òganizasyon ki ka ede w:

Pwogram asistans pou asirans sante Eta (State Health Insurance Assistance Program, SHIP).

Chak Eta gen yon pwogram gouvènman an tabli ki gen konseye ki jwenn fòmasyon. Pwogram nan pa afilye avèk nou ni avèk okenn konpayi asirans oswa plan sante. Nan pwogram sa a, konseye yo ka ede w konprann ki pwosesis ou ta dwe itilize pou jere yon pwoblèm ou rankontre. Epitou, yo ka reponn kesyon, ba w plis enfòmasyon epi ba w konsèy sou sa pou w fè.

Sèvis konseye SHIP yo bay gratis. Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) nan 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337).

Medicare

Epitou, ou ka kontakte Medicare pou jwenn èd:

- Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) 24 sou 24, 7 jou sou 7. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.
- Ou ale sou Medicare.gov.

Ou ka jwenn èd ak enfòmasyon nan men Medicaid

Agency for Health Care Administration (Florida Medicaid)
P.O. Box 5197, Mail Stop 62
Tallahassee, FL 32314
Telefòn: 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970), lendi pou jedi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, ak vandredi, soti 8 è nan maten rive 7 è nan aswè

Ou ka jwenn èd ak enfòmasyon nan men òganizasyon amelyorasyon kalite a

Acentra Health
1650 Summit Lake Drive
Suite 102
Tallahassee, FL 32317
1-888-317-0751 (TTY 711)
Soti 9 è nan maten rive 5 è nan aprèmidi, lendi pou vandredi, oswa soti 10 è nan maten rive

4 è nan aprèmidi nan samdi, dimanch ak nan jou ferye yo. Epitou, ou ka kite mesaj 24 sou 24, 7 jou sou 7.

SEKSYON 3 Ki pwosesis pou w itilize pou pwoblèm ou genyen an

Etandone ou gen Medicare epi ou jwenn èd nan men Medicaid, genyen diferan pwosesis ou ka itilize pou jere pwoblèm ou an oswa plent ou an. Pwosesis ou pral chwazi a pa menm si pwoblèm nan konsènen benefis Medicare yo oswa benefis Medicaid yo. Si pwoblèm ou genyen an konsène yon benefis Medicare kouvri, itilize pwosesis Medicare a. Si pwoblèm ou genyen an konsène yon benefis Medicaid kouvri, itilize pwosesis Medicaid la. Si w ta renmen jwenn èd pou deside si w sipoze suiv pwosesis Medicare a oswa pwosesis Medicaid la, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

Pwosesis Medicare a ak pwosesis Medicaid la dekri nan diferan seksyon nan chapit sa a. Si w ta renmen konnen ki seksyon pou w li, itilize tablo ki anba a.

Èske pwoblèm ou genyen an konsène benefis Medicare yo oswa benefis Medicaid yo?

Pwoblèm mwen an konsène benefis **Medicare** yo.

Konsilte **seksyon 4**, **Fason pou jere yon pwoblèm ki konsène benefis Medicare w yo.**

Pwoblèm mwen an konsène kouvèti asirans **Medicaid** la.

Konsilte **seksyon 12, Fason pou jere yon pwoblèm ki konsène benefis Medicaid ou yo.**

SEKSYON 4 Fason pou jere yon pwoblèm ki konsène benefis Medicare w yo

Èske pwoblèm ou an oswa bagay k ap trakase w la gen rapò ak benefis ou yo oswa ak kouvèti asirans ou an?

Sa gen ladan l pwoblèm lè ou pa konnen si swen medikal ou yo (atik medikal, sèvis ak/oswa medikaman Pati D) kouvri oswa si yo pa kouvri, fason yo kouvri, ak pwoblèm ki gen rapò ak peman pou sèvis medikal yo.

Wi.

Konsilte **seksyon 5, Yon gid sou desizyon sou kouvèti asirans yo ak apèl yo.**

Non.

Konsilte **seksyon 11, Fason ou ka depoze yon plent sou kalite swen yo, kantite tan ou oblije tann nan, sèvis kliyan an oswa lòt bagay ki trakase w.**

Desizyon sou kouvèti asirans ak apèl

SEKSYON 5 Yon gid sou desizyon sou kouvèti asirans yo apèl yo

Desizyon sou kouvèti asirans yo ak apèl yo gen rapò avèk pwoblèm ki konsène benefis ou yo ak kouvèti asirans ou jwenn pou swen medikal ou yo (sèvis, atik ak medikaman Pati B, san wete peman yo). Pou bagay yo ka rete senp, lè nou vle pale sou atik medikal yo, sèvis yo ak medikaman Pati B Medicare yo, nou di se **swen medikal** yo ye. Ou itilize pwosesis desizyon

sou kouvèti ak apèl yo pou jere pwoblèm lè ou pa konnen si yon bagay kouvri oswa si l pa kouvri, oswa sou fason yon bagay kouvri.

Mande yon desizyon sou kouvèti asirans lan anvan ou jwenn yon sèvis

Si w ta renmen konnen si n ap kouvri yon swen medikal anvan ou jwenn li, ou ka mande nou pran yon desizyon sou kouvèti asirans pou ou. Yon desizyon sou kouvèti asirans lan se yon desizyon nou pran konsènan benefis ou yo ak kouvèti asirans ou an, oswa sou montan nou pral peye pou swen medikal ou yo. Pa egzanp, si yon doktè ki nan rezo plan nou an refere w pou w ale kay yon espesyalis medikal ki pa nan rezo a, referans sa a konsidere kòm yon desizyon sou kouvèti asirans ki favorab, sof si ou menm oswa doktè w ki nan rezo a ka montre ou te jwenn yon avi sou refi estanda pou espesyalis medikal sa a, oswa si dokiman ki rele *Prèv kouvèti asirans* lan esplike aklè sèvis yo refere w pou li a pa janm kouvri nan okenn kondisyon. Epitou, ou menm oswa doktè w ka kontakte nou pou mande nou yon desizyon sou kouvèti asirans si doktè w pa konnen si n pral kouvri yon sèvis medikal oswa si li refize bay swen medikal ou panse ou bezwen an.

Nan kèk ka ki limite, nou ka rejte yon demann desizyon sou kouvèti asirans, sètadi nou pa p menm egzamine demann nan. Pa egzanp, nou gendwa rejte yon demann si demann nan pa gen tout enfòmasyon ki nesesè yo, si yon moun ki pa otorize pou reprezante w voye demann nan pou ou oubyen si se ou ki mande retire demann ou an. Si nou rejte yon demann desizyon sou kouvèti asirans, n ap voye yon avi ba w pou esplike w pou ki rezon nou te rejte demann nan ak sa ou ka fè pou mande yon egzamen sou rejè sa a.

Nou pran yon desizyon sou kouvèti asirans chak lè nou deside kisa ki kouvri pou ou ak ki kantite kòb nou peye. Nan kèk ka, nou gendwa deside nou pa p kouvri swen medikal yo oswa nou pa p kouvri yo pou ou ankò. Si w pa dakò ak desizyon sou kouvèti asirans sa a, ou ka fè apèl.

Fason pou fè apèl

Si nou pran yon desizyon sou kouvèti asirans, kit se anvan, kit se apre ou jwenn yon benefis, lèfini ou pa satisfè ak desizyon an, ou ka **fè apèl** pou desizyon an. Yon apèl se yon demann fòmèl ou voye ban nou pou egzamine epi chanje yon desizyon nou te pran sou kouvèti asirans lan. Nan kèk ka, ou ka mande yon **apèl rapid** oswa akselere pou jwenn desizyon sou kouvèti asirans lan. Egzaminatè k ap jere apèl ou a se pa menm moun ki te pran premye desizyon an.

Lè ou fè apèl pou yon desizyon pou premye fwa, sa rele yon apèl nivo 1. Nan apèl sa a, nou egzamine desizyon nou te pran sou kouvèti asirans lan pou verifye si nou te respekte règ yo kòmsadwa. Yon fwa nou fin fè egzamen sa a, n ap fè w konnen ki desizyon nou pran.

Nan kèk ka ki limite, nou ka rejte yon apèl nivo 1, sètadi nou pa p menm egzamine demann nan. Pa egzanp, nou gendwa rejte yon demann si demann nan pa gen tout enfòmasyon ki nesesè yo, si yon moun ki pa otorize pou reprezante w voye demann nan pou ou oubyen si se

ou ki mande retire demann ou an. Si nou rejte yon demann apèl nivo 1, n ap voye yon avi ba w pou esplike w pou ki rezon nou te rejte demann nan ak sa ou ka fè pou mande yon egzamen sou rejè sa a.

Si nou refize tout oswa yon pati nan yon apèl nivo 1 ki gen rapò ak swen medikal, apèl ou a ap tounen yon apèl nivo 2 otomatikman epi yon òganizasyon egzamen endepandan ki pa afilye avèk nou pral egzamine apèl sa a.

- Ou pa bezwen fè anyen pou kòmanse yon apèl nivo 2. Selon règ Medicare yo, nou dwe voye yon apèl ou fè ki gen rapò ak swen medikal nan nivo 2 otomatikman si nou pa dakò nètale ak apèl nivo 1 ou fè a.
- Konsilte **seksyon 6.4** pou jwenn plis enfòmasyon sou apèl nivo 2 yo pou swen medikal.
- Seksyon 7 la bay esplikasyon sou apèl pou Pati D yo.

Si w pa satisfè ak desizyon yo pran nan apèl nivo 2 a, ou ka gen posiblite pase nan yon lòt nivo apèl (chapit sa a bay esplikasyon sou pwosesis apèl nivo 3, 4 ak 5 yo).

Seksyon 5.1 Jwenn èd pou mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa pou fè apèl

Men kèk resous k ap ede w si w deside mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa si w deside fè apèl pou yon desizyon:

- **Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711)**
- **Jwenn yon èd gratis** nan men pwogram asistans pou asirans sante Eta w la
- **Doktè w ka fè yon demann pou ou.** Si doktè w ede w depoze yon apèl ki pi wo pase apèl nivo 2 yo, w ap gen pou nonmen l antanke reprezantan w. Rele ekip sèvis pou manm yo epi mande fòm ki rele *Nominasyon yon reprezantan* an (fòm nan disponib tou sou CMS.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf or on our website at www.amerihealthcaritasvipcare.com/content/dam/amerihealth-caritas/vip-care/pdf/fl/member/eng/form-appoint-representative.pdf.coredownload.inline.pdf).
    - Si sa konsène swen medikal ou yo, doktè w ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa li ka depoze yon apèl nivo 1 pou ou. Si nou refize apèl ou a nan nivo 1, l ap pase nan nivo 2 otomatikman.
    - Si sa konsène medikaman Pati D w yo, doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki preskri w medikaman w yo ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa li ka mande yon apèl nivo 1 pou ou. Si nou refize apèl ou a nan nivo 1, doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki preskri w medikaman w yo ka mande yon apèl nivo 2.

- **Ou ka mande yon lòt moun reprezante w.** Ou ka nonmen yon lòt moun pou l sèvi w kòm reprezantan pou mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa pou fè apèl.

    - Si w ta renmen pou yon zanmi w, yon manm fanmi w oswa yon lòt moun reprezante w, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) epi mande fòm ki rele *Nominasyon yon reprezantan* an (fòm nan disponib tou sou CMS.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf oswa sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/content/dam/amerihealth-caritas/vip-care/pdf/fl/member/eng/form-appoint-representative.pdf.coredownload.inline.pdf). Fòm sa a bay moun sa a pèmisyon pou l aji nan non w. Ni ou menm ni moun ou chwazi pou reprezante w la dwe siyen l. Ou dwe ban nou yon kopi fòm ki siyen an.

    - Nou ka aksepte yon demann apèl nan men yon reprezantan san fòm nan, men nou pa p ka egzamine li toutotan nou poko jwenn fòm nan. Si nou pa jwenn fòm nan anvan dat limit ki fikse pou pran yon desizyon sou apèl ou a, n ap rejte demann apèl ou a. Si sa rive, n ap voye yon avi alekri ba w pou esplike w dwa ou genyen pou mande òganizasyon egzamen endepandan an egzamine desizyon nou te pran pou rejte apèl ou a.

- **Ou gen dwa pou angaje yon avoka tou.** Ou ka kontakte pwòp avoka pa w oswa ou ka jwenn non yon avoka nan asosyasyon bawo lokal ou a oswa atravè yon lòt sèvis ki refere moun. Genyen kèk gwoup ki bay moun ki kalifye yo sèvis jiridik gratis. Sepandan, **ou pa oblije angaje yon avoka** pou mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa pou fè apèl pou yon desizyon.

Seksyon 5.2 Règ ak delè ki aplike nan diferan sitiyasyon

Genyen 4 sitiyasyon diferan ki gen rapò ak desizyon sou kouvèti asirans yo ak apèl yo. Chak sitiyayson gen pwòp règ ak delè pa l yo. Men kèk detay sou chak nan sitiyasyon sa yo:

- **Seksyon 6:** Swen medikal: Fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa fè apèl
- **Seksyon 7:** Medikaman Pati D: Fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa fè apèl
- **Seksyon 8:** Fason ou ka mande nou kouvri yon ospitalizasyon ki dire plis tan si w panse yo ba w egzeyat twò bonè
- **Seksyon 9:** Fason ou ka mande nou kontinye kouvri sèten sèvis medikal si w panse kouvèti asirans lan sispann twò bonè (*sa aplike sèlman pou sèvis sa yo*: swen sante adomisil, swen nan etablisman swen enfimyè espesyalize ak sèvis nan etablisman

reyabilitasyon konplè pou pasyan ki pa entène (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF))

Si w pa konnen ki sitiyasyon ki aplike nan ka pa w la, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**). Epitou, ou ja jwenn èd oswa enfòmasyon nan men pwogram SHIP ou a.

SEKSYON 6 Swen medikal: Fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa fè apèl

Seksyon 6.1 Sa pou w fè si w gen difikilte pou jwenn yon kouvèti asirans pou swen medikal ou yo oswa si w ta renmen nou ranbouse w pou swen ou te jwenn yo

Tablo sou benefis pou swen medikal yo ki nan chapit 4 la dekri benefis pou swen medikal ou yo. Nan kèk ka, gen lòt règ ki aplike pou yon demann ki gen rapò ak yon medikaman Pati B. Nan ka sa yo, n ap esplike w ki diferans ki genyen ant règ ki aplike pou medikaman Pati B yo ak règ ki aplike pou atik ak sèvis medikal yo.

Seksyon sa a esplike w sa ou ka fè si w rankontre nenpòt nan 5 sitiyayson sa yo:

1. Ou pa jwenn kèk swen medikal ou ta renmen jwenn epi ou panse plan nou an sipoze kouvri swen sa yo. **Mande yon desizyon sou kouvèti asirans. Seksyon 6.2.**
2. Plan nou an pa vle apwouve swen medikal doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl sante vle ba w yo, epi ou panse plan nou an sipoze kouvri swen sa yo. **Mande yon desizyon sou kouvèti asirans. Seksyon 6.2.**
3. Ou te jwenn swen medikal ou panse plan nou an sipoze kouvri, men tou te di w nou pa p peye pou swen sa yo. **Fè apèl. Seksyon 6.3.**
4. Ou te jwenn swen medikal ou panse plan nou an sipoze kouvri epi ou te peye pou yo, lèfini ou vle mande plan nou an ranbouse w pou swen sa yo. **Voye fakti a ban nou. Seksyon 6.5.**
5. Nou te fè w konnen kouvèti asirans lan pou yon swen medikal ou toujou konn jwenn pral redui oswa pral kanpe, alòske nou te gentan di w nou te apwouve swen sa yo anvan sa, epi ou panse redui oswa lanpe swen sa yo ka danjere pou sante w. **Fè apèl. Seksyon 6.3.**

Nòt: Si kouvèti asirans ki pral kanpe a konsène swen lopital, swen sante adomisil, swen nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize oswa sèvis nan etablisman reyabilitasyon

konplè pou pasyan ki pa entène (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF), konsilte seksyon 8 ak 9 yo. Gen yon seri règ espesyal ki aplike pou jan de swen sa yo.

Seksyon 6.2 Fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans

Ekspresyon jiridik:

Yon desizyon sou kouvèti asirans ki konsène swen medikal ou yo rele yon **detèminasyon òganizasyon**.

Yon **desizyon sou kouvèti asirans ki rapid** rele yon **detèminasyon akselere**.

Etap 1: Deside si w vle jwenn yon desizyon sou kouvèti asirans ki estanda oswa ki rapid.

Yon desizyon sou kouvèti asirans ki estanda konn pran 7 jou sivil lè atik oswa sèvis medikal la dwe respekte règ nou yo sou otorizasyon alavans yo, li konn pran 14 jou pou tout lòt atik ak sèvis yo, oswa li konn pran 72 èdtan pou medikaman Pati B yo. Anjeneral, yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid pran 72 èdtan pou sèvis medikal yo oswa 24 èdtan pou medikaman Pati B yo. Ou ka jwenn yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid *sèlman* si delè nòmal la ka danjere pou sante w oswa si l ka anpeche w rejwenn tout fonksyon w ankò.

Si se doktè w ki fè nou konnen ou bezwen yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid akòz sante w, n ap aksepte pou n ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid otomatikman.

Si se ou ki mande yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid poukont ou, san doktè w pa kore demann sa a, se nou k ap deside si sante w mande pou n bay w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid. Si nou pa dakò pou n ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid, n ap voye yon lèt ba w k ap:

- Esplike nou pral suiv delè nòmal la.
- Esplike n ap ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid otomatikman si se doktè w ki mande desizyon sa a.
- Esplike ou ka depoze yon plent rapid pou desizyon nou te pran pou n ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki estanda olye nou ba w desizyon sou kouvèti asirans ki rapid ou te mande a.

Etap 2: Mande plan nou an pran yon desizyon sou kouvèti asirans oswa yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid.

- Pou kòmanse, rele, ekri oswa voye yon faks bay plan nou an pou mande nou otorize oswa bay yon kouvèti asirans pou swen medikal ou vle jwenn nan. Ni ou menm, ni doktè w ni reprezantan w ka fè sa. Chapit 2 gen kowòdone ki nesesè yo.

Etap 3: N ap egzamine demann ou fè pou n kouvri swen medikal yo epi n ap ba w yon repons.

Pou desizyon sou kouvèti asirans ki estanda yo, nou suiv delè nòmal la.

Sa vle di n ap ba w yon repons nan lespas 7 jou sivil apre nou resevwa demann ou konsènan yon atik oswa yon sèvis medikal ki dwe respekte règ nou sou otorizasyon alavans yo. Si règ nou tabli sou otorizasyon alavans yo pa aplike pou atik oswa sèvis medikal ou mande a, n ap ba w yon repons nan lespas 14 jou sivil apre nou resevwa demann ou an. Si demann ou konsène yon medikaman Pati B, n ap ba w yon repons nan lespas 72 èdtan apre nou resevwa demann ou an.

- **Sepandan,** si w mande plis tan oswa si nou bezwen plis enfòmasyon epi sa nan enterè w, **nou gendwa pran jiska 14 jou sivil anplis** si demann ou an konsène yon atik oswa yon sèvis medikal. Si nou ta bezwen plis jou, n ap ekri w pou fè w konn sa. Nou pa ka pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou konsène yon medikaman Pati B.
- Si w panse nou *pa sipoze* pran plis jou, ou ka depoze yon plent rapid. N ap ba w yon repons sou plent ou an kou nou pran desizyon an (pwosesis pou depoze plent yo diferan ak pwosesis pou desizyon sou kouvèti asirans yo ak apèl yo, epi w ap jwenn enfòmasyon sou plent yo nan seksyon 11 nan chapit sa a).

Pou desizyon sou kouvèti asirans ki rapid yo, nou suiv yon delè ki akselere.

Lè nou pran yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid, sa vle di n ap ba w yon repons nan lespas 72 èdtan si demann ou an konsène yon atik oswa yon sèvis medikal. Si demann ou konsène yon medikaman Pati B, n ap ba w yon repons nan lespas 24 èdtan.

- **Sepandan,** si w mande plis tan oswa si nou bezwen plis enfòmasyon epi sa nan enterè w, **nou gendwa pran jiska 14 jou sivil anplis**. Si nou ta bezwen plis jou, n ap ekri w pou fè w konn sa. Nou pa ka pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou konsène yon medikaman Pati B.
- Si w panse nou *pa sipoze* pran plis jou, ou ka depoze yon *plent rapid* (ale nan seksyon 11 pou jwenn enfòmasyon sou plent yo). N ap rele w kou nou pran desizyon an
- Si repons nou se non pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a, n ap voye yon lèt ba w pou esplike w pou ki rezon nou te refize.

Etap 4: Si nou refize demann ou fè pou jwenn yon kouvèti asirans pou swen medikal ou yo, ou ka fè apèl.

Si nou di non, ou gen dwa pou fè apèl pou mande nou rekonsidere desizyon an. Sa vle di w ap mande pou n kouvri swen medikal ou vle jwenn yo yon lòt fwa ankò. Si w fè apèl, sa vle di w ap antre nan pwosesis apèl nivo 1 an.

Seksyon 6.3 Fason ou ka depoze yon apèl nivo 1

Ekspresyon jiridik:

Yon apèl ou depoze bay plan nou an konsènan yon desizyon sou kouvèti asirans pou swen medikal ou yo rele yon **rekonsiderasyon** plan.

Yon apèl rapid rele yon **rekonsiderasyon akselere**.

Etap 1: Deside si w bezwen yon apèl estanda oswa yon apèl rapid.

Anjeneral, yon apèl estanda fèt nan lespas 30 jou sivil oswa 7 jou sivil pou medikaman Pati B yo. Anjeneral, yon apèl rapid fèt nan lespas 72 èdtan.

- Si w fè apèl pou yon desizyon nou te pran konsènan kouvèti asirans lan pou swen w yo, ou menm ak/oswa doktè w dwe deside si w bezwen yon apèl rapid. Si se doktè w ki fè nou konnen ou bezwen yon apèl rapid akòz sante w, n ap ba w yon apèl rapid.
- Egzijans ki aplike pou apèl rapid yo se menm egzijans ak sa ki aplike pou jwenn yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid, jan sa esplike nan seksyon 6.2 nan chapit sa a.

Etap 2: Mande plan nou an yon apèl oswa yon apèl rapid.

- **Si w mande yon apèl estanda, voye apèl estanda w la alekri.** Osinon, ou ka rele nou pou mande yon apèl. Chapit 2 gen kowòdone ki nesesè yo.
- **Si se yon apèl rapid w ap mande, voye l alekri oswa rele nou.** Chapit 2 gen kowòdone ki nesesè yo.
- **Se pou w voye demann apèl ou a nan lespas 65 jou sivil** apre dat ki sou avi nou te voye ba w pou ba w repons nou sou desizyon sou kouvèti asirans lan. Si w pa respekte delè sa a men ou gen yon rezon ki valab pou sa, esplike rezon ki fè apèl la anreta lè ou voye apèl la. Nou gendwa ba w plis tan pou fè apèl. Yon rezon ki valab se kapab yon maladi grav ki te anpeche w kontakte nou oswa si nou te ba w move enfòmasyon oswa si nou pa t ba w tout enfòmasyon ou te bezwen yo sou delè ki aplike pou apèl la.
- **Ou ka mande yon kopi enfòmasyon ki gen rapò ak desizyon medikal ou a. Ou m enm ak doktè w ka ajoute plis enfòmasyon pou kore apèl ou a.**

Etap 3: N ap egzamine apèl ou a epi n ap ba w yon repons.

- Nou gade tout enfòmasyon yo ak anpil atansyon pandan n ap egzamine apèl ou a. Nou verifye si nou te suiv tout règ ki aplike yo lè nou te refize demann ou an.
- Nou pral ranmase plis enfòmasyon si sa nesesè epi nou gendwa kontakte w oswa doktè w.

Delè ki aplike pou apèl rapid yo

- Pou apèl rapid yo, nou dwe ba w yon repons **nan lespas 72 èdtan apre nou resevwa apèl ou a**. N ap ba w yon repons pi bonè si sante w mande sa.
    - Si w mande plis tan oswa si nou bezwen plis enfòmasyon epi sa nan enterè w, **nou gendwa pran jiska 14 jou sivil anplis** si demann ou an konsène yon atik oswa yon sèvis medikal. Si nou ta bezwen plis jou, n ap ekri w pou fè w konn sa. Nou pa ka pran plis tan si demann ou konsène yon medikaman Pati B.
    - Si nou pa ba w yon repons nan lespas 72 èdtan (oswa lè peryòd tan ki pwolonje a fini si nou te pran plis jou), nou gen obligasyon pou n voye demann ou an nan pwosesis apèl nivo 2 a otomatikman, kote yon òganizasyon egzamen endepandan pral egzamine l. Òganizasyon egzamen endepandan an ap enfòme w alekri lè li resevwa apèl ou a. Seksyon 6.4 esplike pwosesis apèl nivo 2 a.
- **Si nou reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, nou dwe otorize oswa bay kouvèti asirans nou aksepte ba w la nan lespas 72 èdtan apre nou resevwa apèl ou a.
- **Si nou reponn non pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, n ap voye desizyon nou an ba w alekri epi n ap voye apèl ou a bay òganizasyon egzamen endepandan an otomatikman nan kad yon apèl nivo 2. Òganizasyon egzamen endepandan an ap enfòme w alekri lè li resevwa apèl ou a.

Delè ki aplike pou apèl estanda yo

- Pou apèl estanda yo, nou dwe ba w yon repons **nan lespas 30 jou sivil** apre nou resevwa apèl ou a. Si demann ou konsène yon medikaman Pati B ou poko resevwa, n ap ba w yon repons **nan lespas 7 jou sivil** apre nou resevwa apèl ou a. N ap ba w yon repons pi bonè si eta sante w mande sa.
    - Sepandan, si w mande plis tan oswa si nou bezwen plis enfòmasyon epi sa nan enterè w, **nou gendwa pran jiska 14 jou sivil anplis** si demann ou an konsène yon atik oswa yon sèvis medikal. Si nou ta bezwen plis jou, n ap ekri w pou fè w konn sa. Nou pa ka pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou konsène yon medikaman Pati B.
    - Si w panse nou *pa sipoze* pran plis jou, ou ka depoze yon plent rapid. Lè ou depoze yon plent rapid, n ap ba w yon repons pou plent ou an nan lespas 24 èdtan (ale nan seksyon 11 pou jwenn enfòmasyon sou plent yo).
    - Si nou pa ba w yon repons nan delè nou sipoze ba w repons lan (oswa lè peryòd tan ki pwolonje a fini), n ap voye demann ou an nan pwosesis apèl nivo 2 a, kote yon òganizasyon egzamen endepandan pral egzamine apèl la. Òganizasyon egzamen endepandan an ap enfòme w alekri lè li resevwa apèl ou a. Seksyon 6.4 esplike pwosesis apèl nivo 2 a.

- **Si nou reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, nou dwe otorize oswa bay kouvèti asirans lan nan lespas 30 jou sivil si demann ou an konsènen yon atik oswa yon sèvis medikal, oswa **nan lespas 7 jou sivil** si demann ou an konsène yon medikaman Pati B.
- **Si plan nou an reponn non pou yon pati oswa tout apèl ou a**, n ap voye apèl ou a bay òganizasyon egzamen endepandan an otomatikman nan kad yon apèl nivo 2. Òganizasyon egzamen endepandan an ap enfòme w alekri lè li resevwa apèl ou a.

Seksyon 6.4 Pwosesis apèl nivo 2 a

Ekspresyon jiridik:

Non fòmèl yo bay òganizasyon egzamen endepandan an se **antite egzamen endepandan** an. Pafwa yo konn rele l **IRE (Independent Review Entity).**

Òganizasyon egzamen endepandan an se yon òganizasyon endepandan Medicare angaje. Li pa afilye avèk nou ni li pa yon ajans gouvènman an. Òganizasyon sa a deside si desizyon nou te pran an kòrèk oswa si nou ta dwe chanje l. Medicare sipèvize travay li fè a.

Etap 1: Òganizasyon egzamen endepandan egzamine apèl ou a.

- N ap voye enfòmasyon konsènan apèl ou a bay òganizasyon sa a. Se enfòmasyon sa yo ki fòme **dosye w**. **Ou gen dwa pou mande nou yon kopi dosye w.**
- Ou gen dwa pou bay òganizasyon egzamen endepandan an kèk enfòmasyon siplemantè pou kore apèl ou a.
- Nan òganizasyon egzamen endepandan an, egzaminatè yo pral gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a ak anpil atansyon.

Si w te jwenn yon apèl rapid nan nivo 1 an, w ap jwenn yon apèl rapid nan nivo 2 a tou.

- Pou apèl rapid la, òganizasyon egzamen endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl nivo 2 w la **nan lespas 72 èdtan** apre li resevwa apèl ou a.
- Si demann ou an konsènen yon atik oswa yon sèvis medikal, lèfini òganizasyon egzamen endepandan an bezwen jwenn plis enfòmasyon epi sa nan eterè w, **li ka pran jiska 14 jou sivil anplis**. Si li ta bezwen plis tan, l ap ekri w pou fè w konn sa. Òganizasyon egzamen endepandan an pa ka pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou konsène yon medikaman Pati B.

Si w te jwenn yon apèl estanda nan nivo 1 an, w ap jwenn yon apèl estanda nan nivo 2 a tou.

- Pou apèl estanda a, si demann ou an konsène yon atik oswa yon sèvis medikal, òganizasyon egzamen endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl nivo 2 w la **nan**

lespas 30 jou sivil apre li resevwa apèl ou a. Si demann ou konsène yon medikaman Pati B, òganizasyon egzamen endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl nivo 2 w la **nan lespas 7 jou sivil** apre li resevwa apèl ou a.

- Si demann ou an konsènen yon atik oswa yon sèvis medikal, lèfini òganizasyon egzamen endepandan an bezwen jwenn plis enfòmasyon epi sa nan eterè w, **li ka pran jiska 14 jou sivil anplis**. Si li ta bezwen plis tan, l ap ekri w pou fè w konn sa. Òganizasyon egzamen endepandan an pa ka pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou konsène yon medikaman Pati B.

Etap 2: Òganizasyon egzamen endepandan an ba w repons li.

Òganizasyon egzamen endepandan an ap ba w repons li alekri epi l ap esplike rezon ki te fè l te pran desizyon li te pran an.

- **Si òganizasyon egzamen endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout yon demann ki gen rapò ak yon atik oswa yon sèvis medikal**, nou dwe otorize kouvèti asirans pou swen medikal la nan lespas **72 èdtan** oswa nou dwe bay sèvis la nan lespas 14 jou sivil apre nou resevwa desizyon an nan men òganizasyon egzamen endepandan an pou yon **demann estanda**. Pou **demann akselere yo**, nou genyen **72 èdtan** apre dat nou resevwa desizyon an nan men òganizasyon egzamen endepandan an.
- **Si òganizasyon egzamen endepandan an di wi pou yon pati oswa pou yon demann ki gen rapò ak yon medikaman Pati B**, nou dwe otorize oswa bay medikaman Pati B a nan lespas **72 èdtan** apre nou resevwa desizyon an nan men òganizasyon egzamen endepandan an pou yon **demann estanda**. Pou **demann akselere yo**, nou genyen **24 èdtan** apre dat nou resevwa desizyon an nan men òganizasyon egzamen endepandan an.
- **Si òganizasyon egzamen endepandan an di non pou yon pati oswa pou tout apèl ou a**, sa vle di li dakò ak plan nou an epi nou pa bezwen apwouve demann kouvèti asirans ou an (oswa yon pati nan demann sa a) (sa rele **konfime desizyon an** oswa **rejte apèk ou a**). Nan ka sa a, òganizasyon egzamen endepandan an pral voye yon lèt ba w ki:
    - Esplike desizyon an.
    - Fè w konnen ou gen dwa pou fè yon apèl nivo 3 si montan kouvèti asirans pou swen medikal ou mande a rive nan yon minimòm byen presi. Avi ou jwenn alekri a nan men òganizasyon egzamen endepandan an ap fè w konnen nan ki montan demann ou an dwe rive pou ou ka kontinye pwosesis apèl la,
    - Fè w konnen fason ou ka depoze yon apèl nivo 3.

Etap 3: Si dosye w ranpli kondisyon ki aplike yo, ou ka chwazi kontinye apèl ou a.

- Apre nivo 2 a, genyen 3 lòt nivo nan pwosesis apèl la (pou yon total 5 nivo apèl). Si w ta renmen pou apèl la ale nan nivo 3 a, w ap jwenn enstriksyon pou fè sa nan avi ou resevwa apre apèl nivo 2 w la.
- Se yon jij dwa administratif oswa yon avoka adjidikatè ki jere apèl nivo 3 a. Seksyon 10 la esplike pwosesis apèl nivo 3, 4 ak 5 yo.

Seksyon 6.5 Si w mande nou ranbouse w pou yon fakti ou te resevwa pou swen medikal ou te jwenn yo

Nou pa kapab ranbouse w dirèkteman pou yon sèvis oswa yon atik Medicare. Si w jwenn yon fakti pou yon sèvis oswa yon atik Medicare kouvri, voye fakti a ban nou. **Pa peye fakti a ak pwòp lajan pa w.** N ap kontakte pwofesyonèl oswa etablisman sante a dirèkteman pou n rezoud pwoblèm nan. Si w peye fakti a, ou kapab jwenn yon ranbousman nan men pwofesyonèl oswa etablisman sante sa a, depi ou te respekte règ ki tabli yo pou jwenn sèvis la oswa atik la.

Lè ou mande yon ranbousman, se mande ou mande yon desizyon sou kouvèti asirans nan men nou

Si w voye dokiman pou mande yon ranbousman ban nou, se mande ou mande yon desizyon sou kouvèti asirans. Pou pran desizyon sa a, n ap verifye si swen medikal ou te peye pou yo kouvri. Epitou, n ap verifye si w te respekte règ ki aplike pou itilize kouvèti asirans lan pou swen medikal ou yo.

- **Si nou di wi pou demann ou an:** Si swen medikal yo kouvri epi ou te respekte règ ki tabli yo, n ap voye peman an ba w pou sa sèvis la koute. Anjeneral, n ap fè sa nan lespas 30 jou sivil, men sa ka pran jiska 60 jou sivil apre nou resevwa demann ou an. Si w pa t peye pou swen medikal yo, n ap voye peman an dirèkteman bay pwofesyonèl oswa etablisman sante a.
- **Si nou di non pou demann ou an:** Si swen medikal yo pa kouvri oswa si w *pa* t respekte tout règ yo, nou pa p voye okenn peman. N ap voye yon lèt ba w pou fè w konnen nou pa p peye pou swen medikal yo ak rezon ki fè nou pa p peye.

Si w pa dakò ak desizyon nou pran pou refize peye a, **ou ka fè apèl**. Si w fè apèl, sa vle di w ap mande nou chanje desizyon sou kouvèti asirans nou te pran an lè nou te refize demann peman w lan.

Pou fè apèk, suiv pwosesis apèl ki dekri nan seksyon 6.3. Tanpri note sa konsènan apèl ki gen rapò ak ranbousman yo:

- Nou dwe ba w yon repons nan lespas 60 jou sivil apre nou resevwa apèl ou a. Si w mande nou ranbouse w pou swen medikal ou te deja resevwa, lèfini ou gentan peye pou yo, ou pa gen dwa pou mande yon apèl rapid.

- Si òganizasyon egzamen endepandan an deside nou ta dwe peye, nou dwe voye peman an ba w oswa bay pwofesyonèl sante a nan lespas 30 jou sivil. Si repons pou apèl ou a se wi nan nenpòt moman pandan pwosesis apèl la apre nivo 2 a, nou dwe voye peman ou mande a ba w oswa bay pwofesyonèl sante a nan lespas 60 jou sivil.

SEKSYON 7 Medikaman Pati D yo: Fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa fè apèl

Seksyon 7.1 Seksyon sa a esplike w sa pou w fè si w gen difikilte pou jwenn yon medikaman Pati D oswa si w vle nou ranbouse w pou yon medikaman Pati D

Benefis ou yo kouvri anpil medikaman sou preskripsyon. Medikaman w lan dwe sèvi pou yon endikasyon ki aksepte pou rezon medikal pou li ka kouvri (konsilte chapit 5 pou jwenn plis enfòmasyon sou endikasyon ki aksepte pou rezon medikal yo). Si w ta renmen jwenn enfòmasyon sou medikaman Pati D yo, règ yo, restriksyon yo ak sa yo koute, konsilte chapit 5 ak 6. **Seksyon sa a pale sou medikaman Pati D w yo sèlman.** Pou esplikasyon yo ka pi senp, nan rès seksyon sa a, olye nou repete *medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa entène ki kouvri* oswa *medikaman Pati D*, nou jis di *medikaman*. Epitou, nou di lis medikaman olye nou di *lis medikaman ki kouvri* oswa *fòmilè*.

- Si w pa konnen si yon medikaman kouvri oswa si w respekte règ yo, ou ka mande nou sa. Gen kèk medikaman ki mande pou w jwenn yon apwobasyon nan men nou anvan nou kouvri yo.
- Si famasi w la fè w konnen li pa ka prepare medikaman sou preskripsyon w lan jan òdonans lan mande sa, k ap ba w yon avi alekri pou esplike w kijan ou ka kontakte nou pou mande yon desizyon sou kouvèti asirans.

Desizyon sou kouvèti asirans pou medikaman Pati D yo ak apèl

Ekspresyon jiridik:

Yon desizyon sou kouvèti asirans inisyal sou yon medikaman Pati D rele yon **detèminasyon sou kouvèti asirans.**

Yon desizyon sou kouvèti asirans lan se yon desizyon nou pran konsènan benefis ou yo ak kouvèti asirans ou an, oswa sou montan nou pral peye pou medikaman w yo. Seksyon sa a esplike w sa ou ka fè si w rankontre nenpòt nan sitiyayson sa yo:

- Mande nou kouvri yon medikaman Pati D ki pa sou lis medikaman plan nou an. **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2**
- Mande nou retire yon restriksyon sou kouvèti asirans plan nou an pou yon medikaman (tankou yon limit sou kantite medikaman ou ka jwenn nan). **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2**

- Mande peye yon montan depans pataje ki pi ba pou yon medikaman ki kouvri nan yon nivo depans pataje ki pi wo. **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2.**
- Mande yon apwobasyon alavans pou yon medikaman. **Mande yon desizyon sou kouvèti asirans. Seksyon 7.4**
- Peye pou yon medikaman sou preskripsyon ou gentan achte deja. **Mande nou ranbouse w. Seksyon 7.4**

Si w pa dakò ak yon desizyon sou kouvèti asirans nou te pran, ou ka fè apèl pou desizyon nou an.

Seksyon sa a esplike w kijan ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans ak kijan ou ka mande yon apèl.

Seksyon 7.2 Fason pou mande yon eksepsyon

Ekspresyon jiridik:

Mande pou nou kouvri yon medikaman ki pa sou lis medikaman an se yon **eksepsyon nan fòmilè a**.
Mande pou nou retire yon restriksyon ki aplike pou n kouvri yon medikaman se yon **eksepsyon nan fòmilè a**.
Mande peye yon pri ki pi ba pou yon medikaman ki pa prefere ki kouvri se yon **eksepsyon nan nivo a**.

Si yon medikaman pa kouvri jan ou ta renmen pou l kouvri a, ou ka mande nou fè yon **eksepsyon**. Yon eksepsyon se yon kalite desizyon sou kouvèti asirans li ye.

Pou nou egzamine demann eksepsyon w lan, doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an dwe esplike rezon medikal ki fè ou bezwen pou n apwouve eksepsyon an. Men 3 egzanp eksepsyon ou menm oswa doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon ka mande nou fè:

1. Kouvri yon medikaman Pati D ki pa sou lis medikaman nou an. Si nou aksepte kouvri yon medikaman ki pa sou lis medikaman an, w ap gen pou peye montan depans pataje ki aplike pou medikaman ki nan nivo 4 la. Ou pa ka mande yon eksepsyon pou montan depans pataje nou egzije pou ou peye pou medikaman an lè nou dakò pou n kouvri yon medikaman ki pa sou lis medikaman an.

2. Retire yon restriksyon pou yon medikaman ki kouvri. Chapit 5 dekri règ oswa restriksyon siplemantè ki aplike pou sèten medikaman ki sou lis medikaman nou an. Si nou aksepte fè yon eksepsyon epi nou retire yon restriksyon pou ou, ou ka mande yon eksepsyon nan montan depans pataje nou egzije pou ou peye pou medikaman an.

3. Chanje kouvèti asirans pou medikaman an nan yon nivo depans pataje ki pi ba. Chak medikaman ki sou lis medikaman nou an fè pati youn nan senk nivo depans pataje nou itilize yo. Anjeneral, plis nivo depans pataje a ba, se mwens ou peye nan pati pa w la pou sa medikaman an koute.

- Si lis medikaman nou an gen lòt medikaman ki ka sèvi pou trete pwoblèm sante w la epi medikaman sa yo nan yon nivo depans pataje ki pi ba pase medikaman w lan, ou ka mande nou kouvri medikaman w lan nan montan depans pataje ki aplike pou lòt medikaman sa yo.
- Si medikaman ou pran an se yon pwodui byolojik li ye, ou ka mande nou kouvri medikaman w lan nan yon montan depans pataje ki pi ba. Se t ap nivo ki pi ba ki gen lòt pwodui byolojik ki sèvi pou trete pwoblèm sante w la.
- Si medikaman ou pran an se yon medikaman mak li ye, ou ka mande nou kouvri medikaman w lan nan montan depans pataje ki aplike pou nivo ki pi ba ki gen lòt medikaman mak pou trete pwoblèm sante w la.
- Si medikaman ou pran an se yon medikaman jenerik li ye, ou ka mande nou kouvri medikaman w lan nan montan depans pataje ki aplike pou nivo ki pi ba ki gen lòt medikaman mak oswa lòt medikaman jenerik pou trete pwoblèm sante w la.
- Ou pa ka mande nou chanje nivo depans pataje a pou nenpòt medikaman ki nan nivo 5, sètadi medikaman espesyalize yo.
- Anjeneral, si nou apwouve yon demann eksepsyon nan nivo, lèfini genyen plizyè nivo depans pataje ki gen lòt medikaman ou pa ka pran, w ap peye montan ki pi ba a.

Seksyon 7.3 Kèk bagay ki enpòtan pou w konnen sou eksepsyon yo

Doktè w dwe esplike nou rezon medikal yo

Doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an dwe voye yon lèt ban nou pou esplike rezon medikal ki fè w ap mande yon eksepsyon. Si w vle jwenn yon desizyon pi rapid lè ou mande eksepsyon an, voye enfòmasyon medikal ou jwenn nan men doktè w oswa nan men lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an ansanm aik demann ou an.

Anjeneral, lis medikaman nou an genyen plizyè medikaman pou trete chak pwoblèm sante. Diferan medikaman sa yo rele medikaman **altènatif**. Anjeneral, si yon medikaman altènatif gen menm efikasite ak medikaman ou mande a epi li pa p lakòz plis efè segondè oswa lòt pwoblèm sante, nou pa p apwouve demann eksepsyon w lan. Anjeneral, si w mande nou yon eksepsyon nan nivo a, nou pa p apwouve demann ou an, sof si tout medikaman altènatif ki nan nivo depans pataje ki pi ba yo pa p byen mache pou ou oswa si gen chans pou yo lakòz yon reyaksyon negatif oswa pou yo domaje w yon lòt fason.

Nou ka di wi oswa non pou demann ou an

- Anjeneral, si nou apwouve demann eksepsyon w lan, apwobasyon nou bay la valab jiskaske ane plan nou an fini. Sa konsa toutotan doktè w kontinye preksi w medikaman an epi medikaman sa a toujou gen sekirite e li toujou efikas pou trete pwoblèm sante w la.
- Si nou di non pou demann ou an, ou ka fè apèl pou mande yon lòt egzamen.

Seksyon 7.4 Fason ou ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans, san wete yon eksepsyon

Ekspresyon jiridik:

Yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid rele yon **detèminasyon sou kouvèti asirans ki akselere**.

Etap 1: Deside si w vle jwenn yon desizyon sou kouvèti asirans ki estanda oswa ki rapid.

Nou pran **desizyon sou kouvèti asirans ki estanda** yo nan lespas **72 èdtan** apre nou resevwa demann ou fè a. Nou pran **desizyon sou kouvèti asirans ki rapid** yo nan lespas **24 èdtan** apre nou resevwa demann ou fè a.

Si sante w mande sa, mande nou ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid. **Pou jwenn yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid, ou dwe ranpli 2 kondisyon:**

- Ou dwe mande yon medikaman ou poko resevwa (ou pa ka mande yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid pou nou ranbouse w pou yon medikaman ou gentan achte).
- Delè nòmal la ka reprezante yon gwo danje pou sante w oswa li ka anpeche kò w fonksyone kòmsadwa.
- **Si se doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an ki fè nou konnen ou bezwen yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid akòz sante w, n ap ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid otomatikman.**
- **Si se ou ki mande yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid poukont ou, san doktè w oswa pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an pa kore demann sa a, se nou k ap deside si sante w mande pou n bay w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid.** Si nou pa dakò pou n ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid, n ap voye yon lèt ba w k ap:
    - Esplike nou pral suiv delè nòmal la.
    - Esplike n ap ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid otomatikman si se doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an ki mande desizyon sa a.

- Esplike fason ou ka depoze yon plent rapid pou desizyon nou te pran pou n ba w yon desizyon sou kouvèti asirans ki estanda olye nou ba w desizyon sou kouvèti asirans ki rapid ou te mande a. N ap reponn plent ou an nan lespas 24 èdtan apre nou resevwa l.

Etap 2: Mande yon desizyon sou kouvèti asirans ki estanda oswa ki rapid.

Pou kòmanse, rele, ekri oswa voye yon faks bay plan nou an pou mande nou otorize oswa bay yon kouvèti asirans pou swen medikal ou vle jwenn nan. Epitou, ou ka kòmanse pwosesis pou desizyon sou kouvèti asirans lan sou sitwèb nou an. Nou dwe aksepte nenpòt demann nou jwenn alekri, san wete demann ki fèt atravè fòm ki rele *fòm demann detèminasyon sou kouvèti asirans selon modèl CMS la*, ki disponib sou sitwèb nou an sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl. Chapit 2 gen kowòdone ki nesesè yo. Pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an ka mande nou yon detèminasyon sou kouvèti asirans pou ou. Si w ta renmen pou yon lòt moun (tankou yon manm fanmi w oswa yon zanmi) fè yon demann pou ou, moun sa a dwe sèvi kòm reprezantan w. Epitou, ou ka mande nou yon detèminasyon sou kouvèti asirans nan telefòn nan **1-833-467-3502 (TTY 711)** oswa sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl. Pou ede nou trete demann ou an, bay non w, kowòdone w yo ak enfòmasyon ki montre pou ki demann ranbousman nou te refize ou fè apèl.

Ni ou menm, ni doktè w (oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an) ni reprezantan w ka fè sa. Epitou, ou ka mande yon avoka reprezante w. Seksyon 4 nan chapit sa a esplike fason ou ka bay yon lòt moun pèmisyon w alekri pou l sèvi antanke reprezantan w.

- **Si w ap mande yon eksepsyon, bay yon lèt pou kore demann nan** ki prezante rezon medikal yo pou eksepsyon an. Doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an ka voye lèt la ban nou nan faks oswa pa lapòs. Osinon, doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an ka rele nou nan telefòn epi voye lèt la nan faks oswa pa lapòs, si sa nesesè.

Etap 3: N ap egzamine demann ou an epi n ap ba w yon repons.

Delè pou desizyon sou kouvèti asirans ki rapid yo

- Anjeneral, nou dwe ba w yon repons **nan lespas 24 èdtan** apre nou resevwa demann ou an.
  - Pou eksepsyon yo, nou dwe ba w yon repons nan lespas 24 èdtan apre nou resevwa lèt doktè w ekri pou kore demann ou an. N ap ba w yon repons pi bonè si sante w mande sa.
  - Si nou pa respekte delè sa a, nou gen obligasyon pou n voye demann ou an nan nivo 2 nan pwosesis apèl la, kote yon òganizasyon egzamen endepandan ap egzamine l. N ap ekri w pou fè w konnen si nou te voye demann ou an bay òganizasyon egzamen endepandan an.

- **Si nou reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, nou dwe bay kouvèti asirans nou aksepte ba w la nan lespas 24 èdtan apre nou resevwa demann ou an oswa lèt doktè w ekri pou kore demann ou an.
- **Si repons nou se non pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a**, n ap voye yon lèt ba w pou esplike w pou ki rezon nou te refize. Epitou, n ap fè w konnen kijan ou ka fè apèl.

Delè pou yon desizyon sou kouvèti asirans ki konsène yon medikaman ou poko jwenn

- Anjeneral, nou dwe ba w yon repons **nan lespas 72 èdtan** apre nou resevwa demann ou an.
    - Pou eksepsyon yo, nou dwe ba w yon repons nan lespas 72 èdtan apre nou resevwa lèt doktè w ekri pou kore demann ou an. N ap ba w yon repons pi bonè si sante w mande sa.
    - Si nou pa respekte delè sa a, nou gen obligasyon pou n voye demann ou an nan nivo 2 nan pwosesis apèl la, kote yon òganizasyon egzamen endepandan ap egzamine l. N ap ekri w pou fè w konnen si nou te voye demann ou an bay òganizasyon egzamen endepandan an.
- **Si nou reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, nou dwe **bay kouvèti asirans** nou aksepte ba w la **nan lespas 72 èdtan** apre nou resevwa demann ou an oswa lèt doktè w ekri pou kore demann ou an.
- **Si repons nou se non pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a**, n ap voye yon lèt ba w pou esplike w pou ki rezon nou te refize. Epitou, n ap fè w konnen kijan ou ka fè apèl.

Delè pou yon desizyon sou kouvèti asirans ki konsène yon peman pou yon medikaman ou gentan achte

- Nou dwe ba w yon repons **nan lespas 14 jou sivil** apre nou resevwa demann ou an.
    - Si nou pa respekte delè sa a, nou gen obligasyon pou n voye demann ou an nan nivo 2 nan pwosesis apèl la, kote yon òganizasyon egzamen endepandan ap egzamine l. N ap ekri w pou fè w konnen si nou te voye demann ou an bay òganizasyon egzamen endepandan an.
- **Si nou reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, nou gen obligasyon tou pou n voye peman an ba w nan lespas 14 jou sivil apre nou resevwa demann ou an.
- **Si repons nou se non pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a**, n ap voye yon lèt ba w pou esplike w pou ki rezon nou te refize. Epitou, n ap fè w konnen kijan ou ka fè apèl.

Etap 4: Si nou di non pou demann kouvèti asirans ou an, ou ka fè apèl.

- Si nou di non, ou gen dwa pou fè apèl pou mande nou rekonsidere desizyon an. Sa vle di w ap mande pou n kouvri medikaman ou vle jwenn nan yon lòt fwa ankò. Si w fè apèl, sa vle di w ap antre nan pwosesis apèl nivo 1 an.

Seksyon 7.5 Fason ou ka depoze yon apèl nivo 1

Ekspresyon jiridik:

Yon apèl ou depoze bay plan nou an konsènan yon desizyon sou kouvèti asirans pou yon medikaman Pati D rele yon redetèminasyon plan.
Yon apèl rapid rele yon **redetèminasyon akselere**.

Etap 1: Deside si w bezwen yon apèl estanda oswa yon apèl rapid.

Anjeneral, yon apèl estanda fèt nan lespas 7 jou sivil. Anjeneral, yon apèl rapid fèt nan lespas 72 èdtan. Si sante w mande sa, mande yon apèl rapid.

- Si w fè apèl pou yon desizyon nou te pran konsènan yon medikaman ou poko jwenn, ou menm ak doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an dwe deside si w bezwen yon apèl rapid.
- Egzijans ki aplike pou apèl rapid yo se menm egzijans ak sa ki aplike pou jwenn yon desizyon sou kouvèti asirans ki rapid, jan sa esplike nan seksyon 7.4 nan chapit sa a.

Etap 2: Ou menm, reprezantan w oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon w dwe kontakte nou epi depoze apèl nivo 1 w lan. Si sante w mande yon repons rapid, mande yon apèl rapid.

- **Pou apèl estanda yo, voye yon demann alekri oswa rele nou.** Chapit 2 gen kowòdone ki nesesè yo.
- **Pou apèl rapid yo, voye apèl ou a alekri oswa rele nou nan 1-833-467-3502 (TTY 711).** Chapit 2 gen kowòdone ki nesesè yo.
- **Nou dwe aksepte nenpòt demann nou jwenn alekri**, san wete demann ki fèt atravè fòm ki rele *fòm demann redetèminasyon selon modèl CMS la*, ki disponib sou sitwèb nou an (www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/forms). Mete non w, kowòdone w yo ak enfòmasyon sou demann ranbousman w lan pou ede nou trete demann nan.
- **Se pou w voye demann apèl ou a nan lespas 65 jou sivil** apre dat ki sou avi nou te voye ba w pou ba w repons nou sou desizyon sou kouvèti asirans lan. Si w pa respekte delè sa a men ou gen yon rezon ki valab pou sa, esplike rezon ki fè apèl la anreta lè ou voye apèl la. Nou gendwa ba w plis tan pou fè apèl. Yon rezon ki valab se kapab yon

maladi grav ki te anpeche w kontakte nou oswa si nou te ba w move enfòmasyon oswa si nou pa t ba w tout enfòmasyon ou te bezwen yo sou delè ki aplike pou apèl la.

- **Ou ka mande yon kopi enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a epi ajoute plis enfòmasyon.** Ou m enm ak doktè w ka ajoute plis enfòmasyon pou kore apèl ou a.

Etap 3: N ap egzamine apèl ou a epi n ap ba w yon repons.

- Lè nou egzamine apèl ou a, nou gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak demann kouvèti asirans ou an ak anpil atansyon yon lòt fwa ankò. Nou verifye si nou te suiv tout règ ki aplike yo lè nou te refize demann ou an.
- Nou gendwa kontakte w, doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl ki ba w preskripsyon an pou jwenn plis enfòmasyon.

Delè ki aplike pou apèl rapid yo

- Pou apèl rapid yo, nou dwe ba w yon repons **nan lespas 72 èdtan apre nou resevwa apèl ou a**. N ap ba w yon repons pi bonè si sante w mande sa.
    - Si nou pa ba w yon repons nan lespas 72 èdtan, nou gen obligasyon pou n voye demann ou an nan nivo 2 nan pwosesis apèl la, kote yon òganizasyon egzamen endepandan ap egzamine l. N ap ekri w pou fè w konnen si nou te voye demann ou an bay òganizasyon egzamen endepandan an. Seksyon 7.6 esplike pwosesis apèl nivo 2 a.
- **Si nou reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, nou dwe bay kouvèti asirans nou aksepte ba w la nan lespas 72 èdtan apre nou resevwa apèl ou a.
- **Si repons nou se non pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a**, n ap voye yon lèt ba w pou esplike w pou ki rezon nou te refize epi n ap fè w konnen kijan ou ka fè apèl pou desizyon nou an.

Delè pou yon apèl estanda ki konsène yon medikaman ou poko jwenn

- Pou apèl estanda yo, nou dwe ba w yon repons **nan lespas 7 jou sivil** apre nou resevwa apèl ou a. N ap ba w yon desizyon pi bonè si w poko jwenn medikaman an epi eta sante w mande pou n fè sa.
    - Si nou pa ba w yon desizyon nan lespas 7 jou sivil, nou gen obligasyon pou n voye demann ou an nan nivo 2 nan pwosesis apèl la, kote yon òganizasyon egzamen endepandan ap egzamine l. N ap ekri w pou fè w konnen si nou te voye demann ou an bay òganizasyon egzamen endepandan an. Seksyon 7.6 esplike pwosesis apèl nivo 2 a.
- **Si nou reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, nou dwe bay kouvèti asirans lan osito sa nesesè pou sante w, men **7 jou sivil** apre nou resevwa apèl ou a pou pi ta.

- **Si repons nou se non pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a**, n ap voye yon lèt ba w pou esplike w pou ki rezon nou te refize epi n ap fè w konnen kijan ou ka fè apèl pou desizyon nou an.

Delè pou yon apèl estanda ki konsène yon peman pou yon medikaman ou gentan achte

- Nou dwe ba w yon repons **nan lespas 14 jou sivil** apre nou resevwa demann ou an.
    - Si nou pa respekte delè sa a, nou gen obligasyon pou n voye demann ou an nan nivo 2 nan pwosesis apèl la, kote yon òganizasyon egzamen endepandan ap egzamine l. N ap ekri w pou fè w konnen si nou te voye demann ou an bay òganizasyon egzamen endepandan an.
- **Si nou reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou te mande a**, nou gen obligasyon tou pou n voye peman an ba w nan lespas 30 jou sivil apre nou resevwa demann ou an.
- **Si repons nou se non pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a**, n ap voye yon lèt ba w pou esplike w pou ki rezon nou te refize. Epitou, n ap fè w konnen kijan ou ka fè apèl.

Etap 4: Si nou di non pou apèl ou a, ou deside si w vle kontinye pwosesis apèl la epi fè yon *lòt* apèl.

- Si w fè yon lòt apèl, sa vle di apèl ou a ap antre nan pwosesis apèl nivo 2 a.

Seksyon 7.6 Fason ou ka depoze yon apèl nivo 2

Ekspresyon jiridik

Non fòmèl yo bay òganizasyon egzamen endepandan an se **antite egzamen endepandan** an. Pafwa yo konn rele l **IRE (Independent Review Entity).**

Òganizasyon egzamen endepandan an se yon òganizasyon endepandan Medicare angaje. Li pa afilye avèk nou ni li pa yon ajans gouvènman an. Òganizasyon sa a deside si desizyon nou te pran an kòrèk oswa si nou ta dwe chanje l. Medicare sipèvize travay li fè a.

Etap 1: Ou menmn (oswa reprezantan w, doktè w oswa lòt pwofesyonèl sante ki ba w preskripsyon an) dwe kontakte òganizasyon egzamen endepandan an epi mande pou l egzamine dosye w la.

- Si nou di non pou apèl nivo 1 w lan, avi nou voye ba w la ap gen **enstriksyon sou fason ou ka fè yon apèl nivo 2** ak òganizasyon egzamen endepandan an. Enstriksyon sa yo ap di w kiyès ki ka fè apèl nivo 2 sa a, ki delè w ap gen pou respekte ak ki fason ou kapab kontakte òganizasyon egzamen endepandan an.
- **Se pou w voye demann apèl ou a nan lespas 65 jou sivil** apre dat ki sou avi nou te voye ba w la.

- Si nou pa t fè egzamen nou an nan delè ki aplikab la oswa si nou te pran yon desizyon ki defavorab konsènan yon detèminasyon **pou moun ki gen risk** nan kad pwogram jesyon medikaman nou an, n ap voye demann ou an bay antite egzamen endepandan an otomatikman. N ap ekri w pou fè w konnen si nou te voye demann ou an bay òganizasyon egzamen endepandan an.
- N ap voye enfòmasyon konsènan apèl ou a bay òganizasyon egzamen endepandan an. Se enfòmasyon sa yo ki fòme **dosye w**. **Ou gen dwa pou mande nou yon kopi dosye w.**
- Ou gen dwa pou bay òganizasyon egzamen endepandan an kèk enfòmasyon siplemantè pou kore apèl ou a.

Etap 2: Òganizasyon egzamen endepandan egzamine apèl ou a.

- Nan òganizasyon egzamen endepandan an, egzaminatè yo pral gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a ak anpil atansyon.

Delè ki aplike pou apèl rapid yo

- Si sante w mande sa, mande òganizasyon egzamen endepandan an yon apèl rapid.
- Si òganizasyon egzamen endepandan an aksepte pou l ba w yon apèl rapid, li dwe dwe ba w yon repons pou apèl nivo 2 w la **nan lespas 72 èdtan** apre li resevwa demann apèl ou a.

Delè ki aplike pou apèl estanda yo

- Pou apèl estanda yo, òganizasyon egzamen endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl nivo 2 w la **nan lespas 7 jou sivil** apre li resevwa apèl ou a si li konsène yon medikaman ou poko jwenn. Si w mande nou ranbouse w pou yon medikaman ou gentan achte deja, òganizasyon egzamen endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl nivo 2 w la **nan lespas 14 jou sivil** apre li resevwa demann ou an.

Etap 3: Òganizasyon egzamen endepandan an ba w repons li.

Pou apèl rapid yo:

- **Si òganizasyon egzamen endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout sa ou te mande a**, nou dwe **bay kouvèti asirans pou medikaman an** selon sa òganizasyon egzamen endepandan an te apwouve **nan lespas 24 èdtan** apre nou resevwa desizyon an nan men òganizasyon egzamen endepandan an.

Pou apèl estanda yo :

- **Si òganizasyon egzamen endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout kouvèti asirans sa ou te mande a**, nou dwe **bay kouvèti asirans pou medikaman an** selon sa

òganizasyon egzamen endepandan an te apwouve **nan lespas 72 èdtan** apre nou resevwa desizyon an nan men òganizasyon egzamen endepandan an.

- **Si òganizasyon egzamen endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout demann ranbousman w lan** pou yon medikaman ou gentan achte deja, nou dwe **voye peman an ba w nan lespas 30 jou sivil** apre nou resevwa desizyon an nan men òganizasyon egzamen endepandan an.

E si òganizasyon egzamen endepandan an di non pou apèl ou a?

Si òganizasyon egzamen endepandan an di non pou yon pati oswa pou tout apèl ou a, sa vle di li dakò ak desizyon nou te pran pou n pa apwouve demann ou an (oswa yon pati nan demann sa a). (Sa rele **konfime desizyon an**. Yo konn rele l **rejte apèl ou a** tou.) Nan ka sa a, òganizasyon egzamen endepandan an pral voye yon lèt ba w ki:

- Esplike desizyon an.
- Fè w konnen ou gen dwa pou fè yon apèl nivo 3 si montan kouvèti asirans pou medikaman ou mande a rive nan yon minimòm byen presi. Si montan kouvèti asirans pou medikaman ou mande a twò ba, ou pa kapab fè yon lòt apèl epi desizyon yo pran nan nivo 2 a se yon desizyon ki final.
- Fè w konnen montan ki dwe lakòz dezakò a pou kontinye pwosesis apèl la.

Etap 4: Si dosye w ranpli kondisyon ki aplike yo, ou ka chwazi kontinye apèl ou a.

- Apre nivo 2 a, genyen 3 lòt nivo nan pwosesis apèl la (pou yon total 5 nivo apèl).
- Si w ta renmen pou apèl la ale nan nivo 3 a, w ap jwenn enstriksyon pou fè sa nan avi ou resevwa apre desizyon sou apèl nivo 2 w la.
- Se yon jij dwa administratif oswa yon avoka adjidikatè ki jere apèl nivo 3 a. Seksyon 10 la esplike pwosesis apèl nivo 3, 4 ak 5 yo.

SEKSYON 8 Fason ou ka mande nou kouvri yon ospitalizasyon ki dire plis tan si w panse yo ba w egzeyat twò bonè

Lè ou entène lopital, ou gen dwa pou jwenn tout sèvis lopital ki kouvri ki nesesè pou dyagnostike e pou trete maladi w oswa blesi w.

Pandan ospitalizasyon w ki kouvri, doktè w ak pèsonèl lopital la pral travay avè w pou prepare w pou jou ou pral egzeyate a. Yo pral pran dispozisyon pou fè w jwenn swen ou ka bezwen yo apre ou soti.

- Jou ou soti nan lopital la rele **dat egzeyat** la.
- Lè yo deside dat egzeyat la, doktè w oswa pèsonèl lopital la pral di w sa.

- Si w panse yo mande w soti nan lopital la twò bonè, ou ka mande yon ospitalizasyon ki dire plis tan epi n ap egzamine demann ou an.

Seksyon 8.1 Pandan ou entène lopital, ou jwenn yon avi nan men Medicare ki fè w konnen ki dwa ou genyen

Nan lespas 2 jou sivil apre ou entène lopital, w ap resevwa yon avi alekri ki rele *Yon mesaj enpòtan nan men Medicare konsènan dwa w yo*. Tout moun ki gen Medicare jwenn yon kopi avi sa a. Si w pa t jwenn avi sa a nan men yon moun nan lopital la (tankou yon asistan sosyal oswa yon enfimyè), mande nenpòt anplwaye lopital la pou l remèt ou li. Si w bezwen èd, kontakte ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048).

1. Li avi sa a avèk anpil atansyon epi poze kesyon si w pa konprann li. Li esplike w:

- Dwa ou genyen pou jwenn sèvis Medicare ki kouvri pandan ak apre ou entène lopital, jan doktè w mande sa. Sa gen ladan l dwa pou w konnen kisa sèvis sa yo ye, kiyès ki pral peye pou yo ak ki kote ou ka jwenn yo.
- Dwa pou w patisipe nan nenpòt desizyon ki gen rapò ak ospitalizasyon w.
- Ki kote ou ka rapòte nenpòt sitiyasyon ki trakase w konsènan kalite swen ou resevwa yo nan lopital la.
- Dwa ou genyen pou **mande yon egzamen imedyat** pou desizyon pou yo egzeyate w la si w panse yo ba w egzeyat twò bonè. Se yon fason ki fòmèl e ki legal pou mande yo rapòte dat egzeyat la pou pi devan e pou nou kouvri swen lopital ou yo pou plis tan.

2. W ap gen pou siyen avi ki ekri a pou montre ou te resevwa l epi ou konprann dwa w yo.

- Ou menm oswa yon moun ki reprezante w ap gen pou siyen avi a.
- Siyen avi a *annik* montre ou te jwenn enfòmasyon sou dwa w yo. Avi a pa ba w dat egzeyat ou a. Siyen ou siyen avi a **pa vle di** ou aksepte yon dat egzeyat.

3. Kenbe kopi avi w la pou w gen enfòmasyon sou fason ou ka fè apèl (oswa sou fason ou ka rapòte yon bagay ki trakase w sou kalite swen yo) si w bezwen sa.

- Si w siyen avi a plus pase 2 kou sivil avant dat egzeyat la, w ap jwenn yon lòt kopi anvan yo ba w egzeyat la.
- Pou jwenn yon kopi avi sa a alavans, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) oswa rele nan 1-800 MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048. Epitou, ou ka

jwenn avi sa a sou sitwèb CMS.gov/medicare/forms-notices/beneficiary-notices-initiative/ffs-ma-im.

Seksyon 8.2 Fason ou ka depoze yon apèl nivo 1 pou chanje dat egzeyat ou nan lopital la

Si w ta renmen mande nou kouvri ospitalizasyon w pou plis tan, sèvi ak pwosesis apèl la pou fè demann sa a. Anvan ou kòmanse, se pou w konprann sa ou bezwen fè ak ki delè ou genyen pou sa.

- **Suiv pwosesis la**
- **Respekte delè a**
- **Mande èd si w bezwen sa.** Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**). Osinon, ou ka rele pwogram asistans pou asirans sante Eta w la (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) pou jwenn yon èd pèsonalize: Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) nan 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337). Kowòdone SHIP yo disponib nan chapit 2, seksyon 3.

Pandan yon apèl nivo 1, òganizasyon amelyorasyon kalite a egzamine apèl ou a. Li verifye si dat egzeyat yo planifye a apwopriye selon sitiyasyon medikal ou. **Òganizasyon amelyorasyon kalite** a se yon gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl sante gouvènman federal la peye pou verifye e pou amelyore kalite swen moun ki gen Medicare yo resevwa. Sa gen ladan l verifye dat egzeyat nan lopital yo pou moun ki sou Medicare. Ekspè sa yo pa fè pati plan nou an.

Etap 1: Kontakte òganizasyon amelyorasyon kalite a pou Eta w la epi mande yon egzamen imedyat sou egzeyat lopital ou a. Ou dwe aji san pèdi tan.

Kijan ou ka kontakte òganizasyon sa a?

- Avi ou resevwa alekri a (ki rele *Yon mesaj enpòtan nan men Medicare konsènan dwa w yo*) fè w konnen kijan ou ka kontakte òganizasyon sa a. Osinon, ou ka jwenn non, adrès ak nimewo telefòn òganizasyon amelyorasyon kalite a pou Eta w la nan chapit 2.

Aji san pèdi tan:

- Pou fè apèl ou, ou dwe kontakte òganizasyon amelyorasyon kalite *anvan* ou soti nan lopital la oswa **anvan minuit nan jou egzeyat la**.
    - **Si w respekte delè sa a**, ou ka rete lopital *apre* dat egzeyat ou a *san w pa peye* pandan w ap tann yon desizyon nan men òganizasyon amelyorasyon kalite a.

- **Si w pa respekte delè sa a, kontakte nou.** Si w deside rete lopital apre dat egzeyat ki planifye pou ou a, *ou ka gen pou peye pou tout depans ki fèt la* pou swen lopital ou resevwa yo apre dat egzeyat ki te planifye a.

- Yon fwa ou mande yon egzamen imedyat sou egzeyat lopital la, òganizasyon amelyorasyon kalite a ap kontakte nou. Nou pral ba w yon **avi detaye sou egzeyat** a midi nan jou apre li kontakte nou pou pi ta. Avi sa a bay dat egzeyat ki planifye pou ou a epi li esplike pou ki rezon doktè w, lopital la ak nou menm panse li apwopriye (selon sitiyasyon medikal ou) pou w egzeyate nan dat sa a.
- Pou jwenn yon modèl **avi detaye sou yon egzeyat** la, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048). Epitou, ou ka jwenn yon modèl avi sa a sou sitwèb CMS.gov/medicare/forms-notices/beneficiary-notices-initiative/ffs-ma-im.

Etap 2: Òganizasyon amelyorasyon kalite fè yon egzamen endepandan sou dosye w.

- Nan òganizasyon amelyorasyon kalite a, kèk pwofesyonèl sante (egzaminatè yo) pral mande w (oswa reprezantan w) poukisa ou panse sèvis yo ta dwe kontinye kouvri. Ou pa oblije prepare okenn bagay alekri, men ou ka fè sa si w vle.
- Egzaminatè yo pral gade enfòmasyon medikal ou yo tou, yo pral pale avèk doktè w epi yo pral egzamine enfòmasyon nou menm ak lopital la te bay yo.
- A midi nan demen apre egzaminatè yo fè nou konnen ou fè apèl pou pi ta, w ap jwenn yon avi ekri nan men nou k ap ba w dat egzeyat ki planifye pou ou a. Epitou, avi sa a esplike pou ki rezon doktè w, lopital la ak nou menm panse li apwopriye (selon sitiyasyon medikal ou) pou w egzeyate nan dat sa a.

Etap 3: Òganizasyon amelyorasyon kalite a pral ba w repons li pou apèl ou a nan lespas yon jou konplè apre li jwenn tout enfòmasyon li bezwen yo.

Kisa k ap rive se repons lan se wi?

- Si òganizasyon egzamen endepandan an di *wi*, **nou dwe kontinye kouvri sèvis lopital pou pasyan ki entène yo toutotan sèvis sa yo nesesè pou rezon medikal**.
- W ap gen pou kontinye peye pati pa w la nan depans ki fèt yo (tankou franchiz yo oswa ko-peman yo, si sa aplike). Mete sou sa, ka gen yon limit ki aplike sou sèvis lopital ki kouvri yo.

Kisa k ap rive se repons lan se non?

- Si òganizasyon egzamen endepandan an di *non*, li vle di dat egzeyat ki planifye a apwopriye selon sitiyasyon medikal ou. Nan ka sa a, **nou pral sispann kouvri sèvis**

lopital pou pasyan ki entène yo a midi nan jou *apre* òganizasyon amelyorasyon kalite a ba w repons li pou apèl ou a.

- Si òganizasyon egzamen endepandan an di *non* pou apèl ou a, lèfini ou deside rete lopital, **ou ka gen pou peye pou tout sa swen lopital yo koute** depi ou resevwa swen apre midi nan jou apre òganizasyon amelyorasyon kalite a ba w repons li pou apèl ou a.

Etap 4: Si repons pou apèl nivo 1 w lan se non, ou deside si w vle fè yon lòt apèl.

- Si òganizasyon amelyorasyon kalite a di *non* pou apèl ou a *epi* ou rete lopital apre dat egzeyat ki planifye pou ou a, ou ka fè yon lòt apèl. Si w fè yon lòt apèl, sa vle di w ap antre nan pwosesis apèl **nivo 2** a.

Seksyon 8.3 Fason ou ka depoze yon apèl nivo 2 pou chanje dat egzeyat ou nan lopital la

Pandan yon apèl nivo 2, ou mande òganizasyon amelyorasyon kalite a pou l egzamine desizyon li te pran pou premye apèl ou a yon lòt fwa ankò. Si òganizasyon amelyorasyon kalite a rejte apèl nivo 2 w la, ou ka gen pou peye tout sa ospitalizasyon w koute apre dat egzeyat ki te planifye pou ou a.

Etap 1: Kontakte òganizasyon amelyorasyon kalite a yon lòt fwa ankò epi mande yon lòt egzamen.

- Ou dwe mande egzamen sa a **nan lespas 60 jou sivil** apre dat òganizasyon amelyorasyon kalite a di w *non* pou apèl nivo 1 w lan. Ou ka mande egzamen sa a sèlman si w rete lopital apre dat kouvèti asirans pou swen w yo te kanpe.

Etap 2: Òganizasyon amelyorasyon kalite fè yon dezyème egzamen sou sitiyasyon w.

- Nan òganizasyon amelyorasyon kalite a, egzaminatè yo pral gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a ak anpil atansyon yon lòt fwa ankò.

Etap 3: Nan lespas 14 jou sivil apre yo resevwa demann ou fè pou jwenn yon apèl nivo 2, egzaminatè yo pral pran yon desizyon sou apèl ou a epi yo pral fè w konnen ki dezisyon yo pran.

Si òganizasyon egzamen endepandan an di wi:

- **Nou dwe ranbouse w** pati pa nou an nan sa swen ou te resevwa nan lopital yo koute apati midi nan jou apre dat òganizasyon amelyorasyon kalite a te rejte premye apèl ou a. **Nou dwe kontinye kouvri swen lopital pou pasyan ki entène ou resevwa yo toutotan yo nesesè pou rezon medikal.**

- Ou dwe kontinye peye pati pa w la nan depans ki fèt yo epi ka gen limit ki aplike nan kouvèti asirans lan.

Si òganizasyon egzamen endepandan an di non:

- Sa vle di li dakò ak desizyon nou te pran pou apèl nivo 1 w lan.
- Avi ou resvwa alekri a pral esplike w sa ou kapab fè si w vle kontinye pwosesis egzamen an.

Etap 4: Si repons lan se non, ou dwe deside si w vle kontinye apèl ou a nan nivo 3.

- Apre nivo 2 a, genyen 3 lòt nivo nan pwosesis apèl la (pou yon total 5 nivo apèl). Si w ta renmen pou apèl la ale nan nivo 3 a, w ap jwenn enstriksyon pou fè sa nan avi ou resevwa apre desizyon sou apèl nivo 2 w la.
- Se yon jij dwa administratif oswa yon avoka adjidikatè ki jere apèl nivo 3 a. Seksyon 10 nan chapit sa a ba w plis enfòmasyon sou pwosesis apèl nivo 3, 4 ak 5 yo.

SEKSYON 9 Fason ou ka mande nou kontinye kouvri sèten sèvis medikal si w panse kouvèti asirans ou an kanpe twò bonè

Lè w ap resevwa **sèvis sante adomisil, swen enfimyè espesyalize oswa swen reyabilitasyon (swen konplè nan etablisman reyabilitasyon pou pasyan ki pa entène)** ki kouvri, ou gen dwa pou kontinye jwenn sèvis ou yo toutotan swen sa yo nesesè pou dyagnostike oswa pou trete maladi w oswa blesi w.

Lè nou deside moman an rive pou n sispann kouvri nenpòt nan 3 kalite swen sa yo pou ou, nou dwe fè w konn sa alavans. Lè nou sispann kouvri swen sa yo, *n ap sispann peye pou yo*.

Si w panse nou sispann kouvri swen w yo twò bonè, **ou ka fè apèl pou desizyon nou an**. Seksyon sa a esplike w kijan ou ka fè apèl.

Seksyon 9.1 N ap enfòme w alavans lè kouvèti asirans ou an pral kanpe

Ekspresyon jiridik:

Avi sou yon atik oswa yon sèvis Medicare pa p kouvri. Li fè w konnen kijan ou ka mande yon **apèl akselere**. Mande yon apèl akselere se yon fason ki fòmèl e ki legal pou mande yon chanjman nan desizyon sou kouvèti asirans ki gen rapò ak moman kote nou sispann swen w yo.

1. **W ap jwenn yon avi alekri** omwen 2 jou sivil anvan plan nou an sispann kouvri swen w yo. Avi a fè w konnen:
    - Nan ki dat n ap sispann kouvri swen w yo.

- Kijan ou ka fè yon apèl akselere pou mande nou kontinye kouvri swen w yo pou plis tan.

2. **Ou menm oswa yon moun ki reprezante w ap gen pou siyen avi a pou montre ou te resevwa l.** Siyen avi a *annik* montre ou te jwenn enfòmasyon sou dat kote kouvèti asirans ou an pral kanpe. **Siyen ou siyen l lan pa vle di ou dakò** ak desizyon plan nou an pran pou l sispann swen yo.

Seksyon 9.2 Fason ou ka depoze yon apèl nivo 1 pou plan nou an kouvri swen w yo pou plis tan

Si w ta renmen mande nou kouvri swen w yo pou plis tan, w ap gen pou suiv pwosesis apèl la pou fè demann sa a. Anvan ou kòmanse, se pou w konprann sa ou bezwen fè ak ki delè ou genyen pou sa.

- **Suiv pwosesis la**
- **Respekte delè a**
- **Mande èd si w bezwen sa.** Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**). Osinon, ou ka rele pwogram asistans pou asirans sante Eta w la (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) pou jwenn yon èd pèsonalize: Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) nan 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337). Kowòdone SHIP yo disponib nan chapit 2, seksyon 3.

Pandan yon apèl nivo 1, òganizasyon amelyorasyon kalite a egzamine apèl ou a. Li deside si dat swen w yo kanpe apwopriye selon sitiyasyon medikal ou. **Òganizasyon amelyorasyon kalite** a genyen yon gwoup doktè ak lòt ekspè nan sante gouvènman federal la peye pou verifye e pou amelyore kalite swen moun ki gen Medicare yo resevwa. Sa gen ladan l egzamine desizyon plan an pran lè li chwazi yon dat pou sispann kouvri sèten kalite swen medikal. Ekspè sa yo pa fè pati plan nou an.

Etap 1: Depoze apèl nivo 1 w lan: kontakte òganizasyon amelyorasyon kalite epi mande yon apèl akselere. Ou dwe aji san pèdi tan.

Kijan ou ka kontakte òganizasyon sa a?

- Avi ou resevwa alekri a (ki rele *Avi sou yon atik oswa yon sèvis Medicare pa p kouvri*) fè w konnen kijan ou ka kontakte òganizasyon sa a (osinon, ou ka jwenn non, adrès ak nimewo telefòn òganizasyon amelyorasyon kalite a pou Eta w la nan chapit 2).

Aji san pèdi tan:

- Se pou w kontakte òganizasyon amelyorasyon kalite a pou kòmanse apèl ou a **pou pi ta a midi nan jou anvan dat avi a antre anvigè**, sètadi dat ki sou *Avi sou yon atik oswa yon sèvis Medicare pa p kouvri*.

- Si w pa respekte delè sa a epi ou vle fè apèl, ou toujou gen dwa pou fè apèl. Kontakte òganizasyon amelyorasyon kalite a nan kowòdone ki sou Avi sou yon atik oswa yon sèvis Medicare pa p kouvri a. Epitou, w ap jwenn non, adrès ak nimewo telefòn òganizasyon amelyorasyon kalite a pou Eta w la nan chapit 2.

Etap 2: Òganizasyon amelyorasyon kalite fè yon egzamen endepandan sou dosye w.

Ekspresyon jiridik:

Esplikasyon detaye sou yon atik oswa yon sèvis ki pa p kouvri. Yon avi ki bay detay sou rezon ki fè kouvèti asirans lan pral kanpe.

Kisa k ap rive pandan egzamen sa a?

- Nan òganizasyon amelyorasyon kalite a, kèk pwofesyonèl sante (egzaminatè yo) pral mande w (oswa reprezantan w) poukisa ou panse sèvis yo ta dwe kontinye kouvri. Ou pa oblije prepare okenn bagay alekri, men ou ka fè sa si w vle.
- Epitou, òganizasyon egzamen endepandan an pral gade enfòmasyon medikal ou yo, yo pral pale avèk doktè w epi yo pral egzamine enfòmasyon plan an te bay yo.
- Nan fen jounen kote egzaminatè yo te fè nou konnen ou fè apèl la pou pi ta, w ap jwenn dokiman ki rele *Esplikasyon detaye sou yon atik oswa yon sèvis ki pa p kouvri* a nan men nou ki bay detay sou rezon ki fè n ap sispann kouvri sèvis ou yo.

Etap 3: Nan lespas yon jou konplè apre yo jwenn tout enfòmasyon yo bezwen yo, egzaminatè yo pral fè w konnen ki desizyon yo pran.

Kisa k ap rive si egzaminatè yo di wi?

- Si egzaminatè yo di wi pou apèl ou a, nou dwe kontinye bay **sèvis ki kouvri a toutotan li nesesè pou rezon medikal**.
- W ap gen pou kontinye peye pati pa w la nan depans ki fèt yo (tankou franchiz yo oswa ko-peman yo, si sa aplike). Ka gen limit ki aplike sou sèvis ki kouvri yo.

Kisa k ap rive si egzaminatè yo di non?

- Si egzamine yo di *non*, **kouvèti asirans ou an pral kanpe nan dat nou te ba w la**.
- Si w deside kontinye resevwa swen sante adomisil, swen nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize oswa sèvis konplè nan yon etablisman reyabilitasyon pou pasyan ki pa entène (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) *apre* dat kouvèti asirans ou an kanpe, **w ap gen pou peye pou tout** sa swen sa yo koute ak pwòp lajan pa w.

Etap 4: Si repons pou apèl nivo 1 w lan se non, ou deside si w vle fè yon lòt apèl.

- Si egzaminatè yo di *non* pou apèl nivo 1 w lan, lèfini ou chwazi kontinye jwenn swen apre kouvèti asirans lan kanpe pou swen sa yo, ou ka fè yon apèl nivo 2.

Seksyon 9.3 Fason ou ka depoze yon apèl nivo 2 pou plan nou an kouvri swen w yo pou plis tan

Pandan yon apèl nivo 2, ou mande òganizasyon amelyorasyon kalite a pou l egzamine desizyon li te pran pou premye apèl ou a yon lòt fwa ankò. Si òganizasyon amelyorasyon kalite a rejte apèl nivo 2 w la, ou ka gen pou peye pou tout sa swen sante adomisil yo, swen nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize yo oswa sèvis konplè nan yon etablisman reyabilitasyon pou pasyan ki pa entène yo (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) koute *apre* dat nou te di w kouvèti asirans ou an t apral kanpe.

Etap 1: Kontakte òganizasyon amelyorasyon kalite a yon lòt fwa ankò epi mande yon lòt egzamen.

- Ou dwe mande egzamen sa a **nan lespas 60 jou sivil** apre dat òganizasyon amelyorasyon kalite a di w *non* pou apèl nivo 1 w lan. Ou ka mande egzamen sa a sèlman si w kontinye jwenn swen apre dat kouvèti asirans pou swen w yo te kanpe.

Etap 2: Òganizasyon amelyorasyon kalite fè yon dezyème egzamen sou sitiyasyon w.

- Nan òganizasyon amelyorasyon kalite a, egzaminatè yo pral gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a ak anpil atansyon yon lòt fwa ankò.

Etap 3: Nan lespas 14 jou sivil apre yo resevwa demann apèl ou a, egzaminatè yo pral pran yon desizyon sou apèl ou a epi yo pral fè w konnen ki dezisyon yo pran.

Kisa k ap rive si òganizasyon egzamen endepandan an di wi?

- **Nou dwe ranbouse w** pou pati pa nou an nan sa swen w yo koute depi dat nou te di w kouvèti asirans ou an t apral kanpe. **Nou dwe kontinye kouvri** swen ou resevwa yo toutotan yo nesesè pou rezon medikal.
- Ou dwe kontinye peye pati pa w la nan depans ki fèt yo epi ka gen limit ki aplike nan kouvèti asirans lan.

Kisa k ap rive si òganizasyon egzamen endepandan an di non?

- Sa vle di li dakò ak desizyon nou te pran pou apèl nivo 1 w lan.
- Avi ou resvwa alekri a pral esplike w sa ou kapab fè si w vle kontinye pwosesis egzamen an. Li pral ba w detay sou fason ou ka pase nan pwochen nivo apèl la, kote se yon jij dwa administratif oswa yon avoka adjidiaktè ki pral jere pwosesis la.

Etap 4: Si repons lan se non, w ap gen pou deside si w vle kontinye apèl ou a plis toujou.

- Apre nivo 2 a, genyen 3 lòt nivo nan pwosesis apèl la (pou yon total 5 nivo apèl). Si w ta renmen pou apèl la ale nan nivo 3 a, w ap jwenn enstriksyon pou fè sa nan avi ou resevwa apre desizyon sou apèl nivo 2 w la.

- Se yon jij dwa administratif oswa yon avoka adjidikatè ki jere apèl nivo 3 a. Seksyon 10 nan chapit sa a ba w plis enfòmasyon sou pwosesis apèl nivo 3, 4 ak 5 yo.

SEKSYON 10 Fason pou voye apèl ou a nan nivo 3, 4 ak 5 yo

Seksyon 10.1 Apèl nivo 3, 4 ak 5 yo pou yon demann ki konsène yon sèvis medikal

Seksyon sa a gendwa apwopriye pou ou si w te depoze yon apèl nivo 1 ak yon apèl nivo 2, lèfini toude apèl ou yo te rejte.

Si montan atik oswa sèvis medikal ou fè apèl pou li a rive nan yon nivo minimòm, ou ka gen posiblite ale nan lòt nivo apèl. Si montan an mwens pase minimòm nan, ou pa ka kontinye fè apèl. Repons ou jwenn alekri a pou apèl nivo 2 w la ap esplike w kijan ou ka fè yon apèl nivo 3.

Nan pifò sitiyayson ki gen rapò ak apèl yo, 3 dènye nivo apèl yo fonksyone prèske menm jan ak 2 premye nivo yo. Men kiyès ki egzamine apèl ou a nan chak nivo.

Apèl nivo 3

Yon **jij dwa administratif oswa yon avoka adjidikatè** ki travay pou gouvènman federal la pral egzamine apèl ou a e li pral ba w yon repons.

- **Si jij dwa administratif la oswa avoka adjidikatè a di wi pou apèl ou a, pwosesis apèl la *gendwa* fini oswa li *gendwa pa* fini.** Kontrèman ak desizyon yo pran nan apèl nivo 2 yo, nou gen dwa pou fè apèl pou yon desizyon ki favorab pou ou nan nivo 3 a. Si nou deside fè apèl, nou pral nan yon apèl nivo 4.
    - Si nou deside *pa* fè apèl, nou dwe otorize oswa fè w jwenn swen medikal ou yo nan lespas 60 jou sivil apre nou jwenn desizyon an nan men jij dwa administratif la oswa avoka adjidikatè a.
    - Si nou deside fè apèl pou desizyon an, n ap voye yon kopi demann apèl nivo 4 la ba w ansanm ak nenpòt dokiman ki mache avè l. Nou gendwa tann desizyon apèl nivo 4 la anvan nou otorize oswa anvan nou fè w jwenn swen medikal ki lakòz dezakò a.

- **Si jij dwa administratif la oswa avoka adjidikatè a di non pou apèl ou a, pwosesis apèl la *gendwa* fini oswa li *gendwa pa* fini.**
    - Si w deside aksepte desizyon ki rejte apèl ou a, pwosesis apèl la fini.

- Si w pa vle aksepte desizyon an, ou ka kontinye nan pwochen nivo pwosesis egzamen an. Avi ou resevwa a pral esplike w sa pou w fè pou yon apèl nivo 4.

Apèl nivo 4

Komite pou apèl Medicare a (komite a) pral egzamine apèl ou a epi li pral ba w yon repons. Komite sa a fè pati gouvènman federal la.

- **Si repons lan se wi oswa si komite a refize demann nou fè pou l egzamine yon desizyon favorab nan yon apèl nivo 3, pwosesis apèl la *gendwa* fini oswa li *gendwa pa* fini.** Kontrèman ak desizyon yo pran nan apèl nivo 2 yo, nou gen dwa pou fè apèl pou yon desizyon ki favorab pou ou nan nivo 4 la. Nou pral deside si nou vle fè apèl pou desizyon sa a pou voye l nan nivo 5 lan.
  - Si nou deside *pa* fè apèl pou desizyon an, nou dwe otorize oswa fè w jwenn swen medikal ou yo nan lespas 60 jou sivil apre nou jwenn desizyon an nan men komite a.
  - Si nou deside fè apèl pou desizyon an, n ap fè w konn sa alekri.
- **Si repons lan se non oswa si komite a refize demann egzamen an, pwosesis apèl la *gendwa* fini oswa li *gendwa pa* fini.**
  - Si w deside aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis apèl la fini.
  - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou ka gen posiblite kontinye nan pwochen nivo pwosesis egzamen an. Si komite a di non pou apèl ou a, avi ou resevwa a pral fè w konnen si règ yo pèmèt ou ale nan yon apèl nivo 5 ak kijan ou ka kontinye nan yon apèl nivo 5.

Apèl nivo 5

Yon jij nan yon **tribinal distri federal** pral egzamine apèl ou a.

- Yon jij pral egzamine tout enfòmasyon yo epi li pral deside di *wi* oswa *non* pou demann ou fè a. Desizyon li se yon repons final. Pa gen okenn nivo apèl ki rete apre desizyon tribinal distri federal la.

Seksyon 10.2 Apèl nivo 3, 4 ak 5 yo pou yon demann ki konsène yon medikaman Pati D

Seksyon sa a gendwa apwopriye pou ou si w te depoze yon apèl nivo 1 ak yon apèl nivo 2, lèfini toude apèl ou yo te rejte.

Si montan medikaman ou fè apèl pou li a rive nan yon nivo minimòm, ou ka gen posiblite ale nan lòt nivo apèl. Si montan an mwens pase minimòm nan, ou pa ka kontinye fè apèl. Repons

ou jwenn alekri a pou apèl nivo 2 w la ap esplike w kiyès pou w kontakte ak kisa ou ka fè pou mande yon apèl nivo 3.

Nan pifò sitiyayson ki gen rapò ak apèl yo, 3 dènye nivo apèl yo fonksyone prèske menm jan ak 2 premye nivo yo. Men kiyès ki egzamine apèl ou a nan chak nivo.

Apèl nivo 3

Yon **jij dwa administratif oswa yon avoka adjidikatè** ki travay pou gouvènman federal la pral egzamine apèl ou a e li pral ba w yon repons.

- **Si repons lan se wi, pwosesis apèl la fini.** Nou dwe **otorize oswa kouvri medikaman** jij dwa adminsitratif la oswa avoka adjidikatè a te apwouve **nan lespas 72 èdtan (24 èdtan pou apèl akselere yo), oubyen nou dwe peye nan lespas 30 jou sivil** apre nou jwenn desizyon an.
- **Si jij dwa administratif la oswa avoka adjidikatè a di non pou apèl ou a, pwosesis apèl la *gendwa* fini oswa li *gendwa pa* fini.**
    - Si w deside aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis apèl la fini.
    - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou ka kontinye nan pwochen nivo pwosesis egzamen an. Avi ou resevwa a pral esplike w sa pou w fè pou yon apèl nivo 4.

Apèl nivo 4

Komite pou apèl Medicare a (komite a) pral egzamine apèl ou a epi li pral ba w yon repons. Komite sa a fè pati gouvènman federal la.

- **Si repons lan se wi, pwosesis apèl la fini.** Nou dwe **otorize oswa kouvri medikaman** komite a te apwouve a **nan lespas 72 èdtan (24 èdtan pou apèl akselere yo), oubyen nou dwe peye nan lespas 30 jou sivil** apre nou jwenn desizyon an.
- **Si repons lan se non oswa si komite a refize demann egzamen an, pwosesis apèl la *gendwa* fini oswa li *gendwa pa* fini.**
    - Si w deside aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis apèl la fini.
    - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou ka gen posiblite kontinye nan pwochen nivo pwosesis egzamen an. Si komite a di non pou apèl ou a, avi ou resevwa a pral fè w konnen si règ yo pèmèt ou ale nan yon apèl nivo 5 ak kijan ou ka kontinye nan yon apèl nivo 5.

Apèl nivo 5

Yon jij nan yon **tribinal distri federal** pral egzamine apèl ou a.

- Yon jij pral egzamine tout enfòmasyon yo epi li pral deside di *wi* oswa *non* pou demann ou fè a. Desizyon li se yon repons final. Pa gen okenn nivo apèl ki rete apre desizyon tribinal distri federal la.

Fason pou depoze plent

SEKSYON 11 Fason ou ka depoze yon plent sou kalite swen yo, kantite tan ou oblije tann nan, sèvis kliyan an oswa lòt bagay ki trakase w

Seksyon 11.1 Ki kalite pwoblèm ki jere nan pwosesis plent lan?

Pwosesis plent lan sèvi *sèlman* pou kèk kalite pwoblèm. Sa gen ladan l pwoblèm ki gen rapò ak kalite swen yo, kantite tan ou oblije ret tann nan ak sèvis kliyan an. Men kèk egzanp ki montre ki kalite pwoblèm pwosesis plent lan ka jere.

Plent	Egzanp
Kalite swen medikal ou yo	• Èske ou pa satisfè ak kalite swen ou te resevwa yo (san wete swen ou te jwenn pandan ou te lopital)?
Respè vi prive w	• Èske yon moun pa t respekte vi prive w oswa èske yon moun te pataje enfòmasyon konfidansyèl ou yo ak lòt moun?
Atitid derespektan, move sèvis kliyan oswa lòt konpòtman negatif	• Èske yon moun te fè malelve oswa te derespekte w? • Èske ou pa satisfè avèk ekip sèvis pou manm nou an? • Èske ou santi se ankouraje yo ankouraje w pou kite plan nou an?
Kantite tan ou oblije ret tann	• Èske ou gen difikilte pou jwenn yon randevou oswa èske ou oblije tann twòp tan pou jwenn yon randevou? • Èske yo fè w tann twòp tan lè ou ale kay doktè w, nan famasi a oswa kote lòt pwofesyonèl sante? Èske ekip sèvis pou manm nou an oswa lòt anplwaye plan nou an fè w tann twòp tan? o Pa egzanp, se kapab lè ou tann anpil tan nan telefòn, nan yon sal datant oswa nan yon sal egzamen, oswa pou jwenn yon medikaman sou preskripsyon.
Pwòpte	• Èske ou pa satisfè ak pwòpte oswa ak eta yon klinik, yon lopital oswa kabinè doktè w?

Plent	Egzanp
Enfòmasyon ou jwenn nan men nou	• Èske nou te manke voye yon avi nou te sipoze voye ba w? • Èske enfòmasyon ki ekri yo difisil pou konprann?
Respè delè yo (Kalite plent sa yo gen rapò ak *respekte delè* ki gen rapò ak aksyon nou poze pou desizyon sou kouvèti asirans yo ak apèl yo)	Si w te mande yon desizyon sou kouvèti asirans oswa si w te fè apèl epi ou panse nou pa t reponn ou rapid ase, ou ka plenyen paske nou pran twòp tan. Men kèk egzanp: • Si w te mande nou yon *desizyon sou kouvèti asirans ki rapid* oswa yon *apèl rapid* epi nou te di non, ou ka depoze yon plent. • Si w panse nou pa t respekte delè ki aplike pou desizyon sou kouvèti asirans yo oswa pou apèl yo, ou ka depoze yon plent. • Si w panse nou pa t respekte delè ki aplike pou kouvri oswa pou ranbouse w kèk kalite atik oswa sèvis medikal oswa medikaman ki te apwouve, ou ka depoze yon plent. • Si w panse nou pa t respekte delè ki aplike pou transmèt dosye w la bay òganizasyon egzamen endepandan an, ou ka depoze yon plent.

Seksyon 11.2 Fason ou ka depoze yon plent

Ekspresyon jiridik:

Yon lòt non yo bay **plent** yo se **reklamasyon**.

Plenyen pou yon bagay vle di **depoze yon reklamasyon**.

Itilize pwosesis pou plent yo se menm bagay ak **itilize pwosesis pou depoze yon reklamasyon**.

Yon **plent rapid** rele yon **reklamasyon akselere**.

Etap 1: Kontakte nou san pèdi tan nan telefòn oswa alekri.

- **Anjeneral, premye bagay pou w fè se rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711).** Si gen nenpòt lòt bagay ou bezwen fè, ekip sèvis pou manm yo ap fè w konn sa.
- **Si w pa vle rele (oubyen si w te rele epi ou pa satisfè ak rezilta ou jwenn nan), ou ka ekri plent ou epi voye l ban nou.** Si w ekri plent ou an, n ap reponn ou alekri.
- Pa gen delè pou depoze yon reklamasyon. Si w vle depoze yon plent entèn, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502 (TTY 711)**. Ou ka depoze yon plent nenpòt lè, sof si se pou yon medikaman Pati D. Si plent lan konsènen yon medikaman Pati D, ou dwe depoze l nan lespas 60 jou sivil apre ou te rankontre pwoblèm ou vle plenyen pou li a.
    - **Si gen nenpòt lòt bagay ou bezwen fè, ekip sèvis pou manm yo ap fè w konn sa.**
    - **Epitou, ou ka ekri plent ou an epi voye l ban nou. Si w ekri plent ou an, n ap reponn ou alekri.**
- Tanpri bay enfòmasyon sa yo nan plent ou an:
    - Non w ak adrès ou.
    - Nimewo Medicare w (w ap jwenn nimewo sa a sou kat Medicare w, yon kat ki gen koulè wouj, blan ak ble).
    - Nimewo idantifikasyon manm ou (w ap jwenn nimewo sa a sou kat idantifikasyon manm ou an).
    - Rezon ki fè ou plenyen an.
    - Nenpòt lòt enfòmasyon, tankou dat, lè, moun ak kote ki enplike yo.
- Yon fwa ou fini, voye enfòmasyon w yo bay:

  AmeriHealth Caritas VIP Care
  Attn: Customer Experience, Grievances, and Complaints
  P.O. Box 7140
  London, KY 40742-7140
- Nou reponn pifò plent yo nan lespas 30 jou sivil. Si w bezwen plis enfòmasyon epi delè sa a nan enterè w oswa si w mande plis tans, nou ka pran jiska 14 jou sivil anplis (pou yon total 44 jou sivil) pou reponn plent ou an. Si nou ta bezwen pran plis jou, n ap ekri w pou fè w konn sa.
- Si w plenyen paske nou te refize yon demann ou te fè pou jwenn yon “desizyon sou kouvèti asirans ki rapid” oswa yon “apèl rapid,” n ap ba w yon “plent rapid”

otomatikman. Si w gen yon “plent rapid,” sa vle di n ap ba w yon repons nan lespas 24 èdtan.

- **Delè** ou genyen an pou depoze yon plent se 60 jou sivil apati dat ou te rankontre pwoblèm ou vle plenyen pou li a.

Etap 2: Nou pral egzamine plent ou an epi n ap ba w yon repons.

- **Si sa posib, n ap reponn ou tousuit.** Si se rele ou rele nou pou plenyen, nou ka gen posiblite ba w yon repons nan menm koutfil la.
- **Nou reponn pifò plent yo nan lespas 30 jou sivil.** Si w bezwen plis enfòmasyon epi delè sa a nan enterè w oswa si w mande plis tans, nou ka pran jiska 14 jou sivil anplis (pou yon total 44 jou sivil) pou reponn plent ou an. Si nou ta bezwen pran plis jou, n ap ekri w pou fè w konn sa.
- **Si w plenyen paske nou te refize yon demann ou te fè pou jwenn yon “desizyon sou kouvèti asirans ki rapid” oswa yon “apèl rapid,” n ap ba w yon “plent rapid” otomatikman.** Si w gen yon “plent rapid,” sa vle di n ap ba w **yon repons nan lespas 24 èdtan**..
- **Si nou pa dakò** ak yon pati oswa tout plent ou an oswa si nou pa aksepte nou responsab pou pwoblèm pou plenyen pou li a, n ap esplike w rezon ki fè sa nan repons nou ba w la.

Seksyon 11.3 Ou ka depoze yon plent pou kalite swen yo bay òganizasyon amelyorasyon kalite a tou

Lè plent ou gen rapò avèk *kalite swen* ou te resevwa yo, ou genyen 2 lòt opsyon:

- **Ou kapab depoze plent ou an dirèkteman bay òganizasyon amelyorasyon kalite a.** Òganizasyon amelyorasyon kalite a se yon gwoup doktè k ap egzèse ak lòt espesyalis swen sante ki jwenn yon peman nan men gouvènman federal la pou yo verifye epi pou yo amelyore swen pasyan Medicare yo resevwa yo. Chapit 2 gen kowòdone ki nesesè yo.

Oubyen

- **Ou kapab depoze plent ou an bay òganizasyon amelyorasyon kalite a epi ou kapab depoze l ban nou tou anmentan.**

Seksyon 11.4 Ou ka di Medicare ki plent ou genyen tou

Ou ka voye yon plent sou AmeriHealth Caritas VIP Care bay Medicare dirèkteman. Pou depoze yon plent bay Medicare, ale sou Medicare.gov/my/medicare-complaint. Epitou, ou ka rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY/TDD yo ka rele nan 1-877-486-2048.

Pwoblèm konsènan benefis Medicaid ou yo

SEKSYON 12 Fason pou jere yon pwoblèm ki konsène benefis Medicaid ou yo

Pou depoze yon apèl oswa yon reklamasyon oubyen pou depoze yon plent konsènan òganizasyon ki ba w Medicaid, konsènan benefis Medicaid ou yo oswa konsènan sèvis ou jwenn yo, ou ka ekri nan adrès ki anba a oswa ou ka rele Ajans pou Administrasyon Swen Sante a nan 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970), lendi pou jedi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, ak vandredi, soti 8 è nan maten rive 7 è nan aswè.

Agency for Health Care Administration (Medicaid)
P.O. Box 5197 Mail Stop 62
Tallahassee, FL 32314

CHAPIT 10:
Fason pou soti nan plan nou an

SEKSYON 1 Fason pou soti nan plan nou an

Soti nan AmeriHealth Caritas VIP Care se yon pwosesis ki kapab **volontè** (se chwa pa w) oswa **envolontè** (se pa chwa pa w):

- Ou gendwa kite plan nou an paske se sa ou *vle* fè. Seksyon 2 ak 3 bay enfòmasyon sou fason ou ka soti nan plan nou an volontèman.
- Genyen kèk sitiyasyon ki limite kote nou oblije fè w soti tou. Seksyon 5 esplike ki sitiyasyon ki fè nou oblije kanpe w antanke manm.

Si w kite plan nou an, plan nou an dwe kontinye fè w jwenn swen medikal ak medikaman sou preskripsyon w yo epi ou dwe kontinye peye pati pa w la nan depans ki fèt yo jiskaske enskripsyon w kanpe.

SEKSYON 2 Kilè ou ka soti nan plan nou an?

Seksyon 2.1 Ou ka gen posiblite kanpe enskripsyon w paske ou gen ni Medicare ni Medicaid

Pifò moun ki sou Medicare yo ka kanpe enskripsyon yo sèlman pandan yon peryòd byen presi pandan ane a. Etandone ou gen Medicaid, ou kapab chwazi youn nan opsyon Medicare yo nenpòt mwa pandan ane a pou kanpe enskripsyon w nan plan nou an.

- Original Medicare *avèk* yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki separe,
- Si w kalifye, yon plan D-SNP entegre ki ba w benefis ak sèvis Medicare w yo ak pifò oswa tout benefis ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Nòt: Si w sispann gen yon kouvèti asirans pou medikaman Medicare, si w pa resevwa èd siplemantè a (Extra Help) ankò oswa si w fè 63 jou suivi oswa plis san w pa gen yon kouvèti asirans pou medikaman ki kreditab, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D si w enskri nan yon plan medikaman Medicare pi devan. Si w resevwa èd siplemantè a (Extra Help), Medicare gendwa enskri w nan yon plan medikaman, sof si w chwazi pa enskri otomatikman.

- Rele biwo Medicaid Eta w la nan 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970) pou konnen ki plan Medicaid ki disponib pou ou.
- Lòt plan sante Medicare yo disponib pandan **peryòd enskripsyon ouvè** a. Seksyon 2.2 ba w plis detay sou peryòd enskripsyon ouvè a.
- **Anjeneral, enskripsyon w pral kanpe nan premye jou nan mwa apre nou jwenn demann ou fè pou chanje plan an.** W ap vin enskri nan nouvo plan w lan nan menm jou sa a tou.

Seksyon 2.2 Ou ka kanpe enskripsyon w pandan peryòd enskripsyon ouvè a

Ou ka kanpe enskripsyon w pandan **peryòd enskripsyon ouvè** a chak ane. Pandan peryòd sa a, egzamine kouvèti asirans ou genyen pou swen sante ak medikaman epi deside ki kouvèti asirans ou vle pou ane ki vin apre a.

- **Peryòd enskripsyon ouvè** a kòmanse **15 oktòb epi li fini 7 desanm**.
- **Chwazi kenbe menm kouvèti asirans ou genyen kounye a oswa chanje kouvèti asirans ou an pou ane ki vin apre a.** Si w deside chanje plan, ou ka chwazi nenpòt nan kalite kouvèti asirans sa yo:
    - Yon lòt plan sante Medicare, kit li gen yon kouvèti asirans pou medikaman, kit li pa gen sa.
    - Original Medicare *avèk* yon plan medikaman Medicare ki separe.
    - Original Medicare *san* yon plan medikaman Medicare ki separe.
    - Si w kalifye, yon plan D-SNP entegre ki ba w benefis ak sèvis Medicare w yo ak pifò oswa tout benefis ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Ou jwenn èd siplemantè a (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou medikaman w yo: Si w enskri nan Original Medicare epi ou pa enskri nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki separe, Medicare gendwa enskri w nan yon plan medikaman, sof si w fè konnen ou pa vle enskri otomatikman.

Nòt: Si w sispann gen yon kouvèti asirans pou medikaman Medicare, si w pa resevwa èd siplemantè a (Extra Help) ankò oswa si w fè 63 jou suivi oswa plis san w pa gen yon kouvèti asirans pou medikaman ki kreditab, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D si w enskri nan yon plan medikaman Medicare pi devan.

- **Enskripsyon w nan plan nou an pral kanpe** lè kouvèti asirans nouvo plan w lan kòmanse nan 1ye janvye.

Seksyon 2.3 Ou ka kanpe enskripsyon w pandan peryòd enskripsyon ouvè Medicare Advantage la

Ou ka pote *yon* chanjman nan kouvèti asirans sante w pandan **peryòd enskripsyon ouvè Medicare Advantage** la chak ane.

- **Peryòd enskripsyon ouvè Medicare Advantage** la kòmanse 1ye janvye epi li fini 31 mas. Pou moun ki fèk vin benefisyè Medicare yo e ki enskri nan yon plan MA, li kòmanse nan mwa yo vin kalifye pou jwenn Pati A ak Pati B epi li fini nan dènye nan 3yèm mwa apre yo vin kalifye a.
- **Pandan peryòd enskripsyon ouvè Medicare Advantage la**, ou kapab:
    - Chwazi yon lòt plan sante Medicare Advantage, kit li gen yon kouvèti asirans pou medikaman, kit li pa gen sa.
    - Soti nan plan nou an epi jwenn yon kouvèti asirans atravè Original Medicare. Si w chwazi Original Medicare pandan peryòd sa a, ou kapab enskri nan yon plan medikaman Medicare ki separe anmenmtan.
- **Enskripsyon w pral kanpe** nan premye jou nan mwa apre ou enskri nan yon lòt plan Medicare Advantage oswa apre nou jwenn demann ou fè pou enskri nan Original Medicare. Si w chwazi enskri nan yon plan medikaman Medicare tou, enskripsyon w nan plan medikaman an pral kòmanse nan premye jou nan mwa apre plan medikaman an jwenn demann enskripsyon w lan.

Seksyon 2.4 Nan kèk sitiyasyon, ou ka kanpe enskripsyon w pandan yon peryòd enskripsyon espesyal

Nan kèk sitiyasyon, ou gendwa kalifye pou kanpe enskripsyon w nan lòt peryòd pandan ane a. Sa rele yon **peryòd enskripsyon espesyal**.

Ou gendwa kalifye pou kanpe enskripsyon w pandan yon peryòd enskripsyon espesyal si w rankontre nenpòt nan sitiyasyon ki vin annapre yo. Se kèk egzanp yo ye sèlman. Si w vle jwenn yon lis konplè, ou ka kontakte plan nou an, rele Medicare oswa ale sou Medicare.gov.

- Anjeneral, lè ou demenaje
- Si w gen Medicaid
- Si w kalifye pou jwenn yon èd siplemantè (Extra Help) pou peye pou kouvèti asirans pou medikaman Medicare w la
- Si nou vyole kontra nou pase avè w la
- Si w jwenn swen nan yon etablisman, tankou nan yon mezon retrèt oswa nan yon lopital swen alontèm (long-term care, LTC)

- Si w enskri nan pwogram swen ki enkli tout bagay pou granmoun aje yo (PACE)
- **Nòt:** Si w patisipe nan yon pwogram jesyon medikaman, ou gendwa kalifye pou sèten peryòd enskripsyon espesyal. Chapit 5, seksyon 10 ba w plis detay sou pwogram jesyon medikaman yo.
- **Nòt:** Seksyon 2.1 ba w plis detay sou peryòd enskripsyon espesyal la pou moun ki gen Medicaid.

Peryòd enskripsyon yo varye selon sitiyasyon w.

Pou konnen si w kalifye pou yon peryòd enskripsyon espesyal, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048. Si w kalifye pou kanpe enskripsyon w akòz yon sitiyasyon espesyal, ou ka chwazi chanje kouvèti asirans Medicare w ni pou swen sante ni pou medikaman. Ou ka chwazi:

- Yon lòt plan sante Medicare, kit li gen yon kouvèti asirans pou medikaman, kit li pa gen sa,
- Original Medicare *avèk* yon plan medikaman Medicare ki separe,
- Original Medicare *san* yon plan medikaman Medicare ki separe.
- Si w kalifye, yon plan D-SNP entegre ki ba w benefis ak sèvis Medicare w yo ak pifò oswa tout benefis ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Nòt: Si w sispann gen yon kouvèti asirans pou medikaman Medicare, si w pa resevwa èd siplemantè a (Extra Help) ankò oswa si w fè 63 jou suivi oswa plis san w pa gen yon kouvèti asirans pou medikaman ki kreditab, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D si w enskri nan yon plan medikaman Medicare pi devan.

Si w jwenn yon èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou kouvèti asirans pou medikaman w lan: Si w enskri nan Original Medicare epi ou pa enskri nan yon plan medikaman Medicare ki separe, Medicare gendwa enskri w nan yon plan medikaman, sof si w fè konnen ou pa vle enskri otomatikman.

Anjeneral, enskripsyon w pral kanpe nan premye jou nan mwa apre ou voye demann ou pou chanje plan w lan.

Nòt: Seksyon 2.1 ak 2.2 ba w plis detay sou peryòd enskripsyon espesyal la pou moun ki gen Medicaid ak èd siplemantè (Extra Help).

Seksyon 2.5 Jwenn plis enfòmasyon sou moman kote ou ka kanpe enskripsyon w

Si w gen kesyon sou fason ou ka kanpe enskripsyon w, ou kapab:

- **Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711)**

- Jwenn enfòmasyon nan ti liv ki rele ***Medicare & You 2027*** la
- Rele **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048)

SEKSYON 3 Fason pou soti nan plan nou an

Tablo ki anba a esplike sa ou ka fè pou kanpe enskripsyon w nan plan nou an.

Pou soti nan plan nou an epi enskri nan:	Men sa pou w fè:
Yon lòt plan sante Medicare	• Enskri nan nouvo plan sante Medicare a. • W ap soti nan AmeriHealth Caritas VIP Care otomatikman lè kouvèti asirans nouvo plan w lan kòmanse.
Original Medicare *avèk* yon plan medikaman Medicare ki separe.	• Enskri nan nouvo plan medikaman Medicare a. • W ap soti nan AmeriHealth Caritas VIP Care otomatikman lè kouvèti asirans nouvo plan medikaman w lan kòmanse.
Original Medicare *san* yon plan medikaman Medicare ki separe	• **Voye yon demann pou dezenskri ban nou alekri.** Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) si w bezwen plis enfòmasyon pou fè sa. • Osinon, ou ka rele **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande dezenskri. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048. • W ap soti nan AmeriHealth Caritas VIP Care lè kouvèti asirans Original Medicare w la kòmanse.

Nòt: Si w sispann gen yon kouvèti asirans pou medikaman Medicare, si w pa resevwa èd siplemantè a (Extra Help) ankò oswa si w fè 63 jou suivi oswa plis san w pa gen yon kouvèti asirans pou medikaman ki kreditab, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D si w enskri nan yon plan medikaman Medicare pi devan.

Si w gen kesyon sou benefis Medicaid ou yo, rele Ajans pou Administrasyon Swen Sante a nan 1-866-467-4970 (TDD 1-866-467-4970) lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa vandredi, soti 8 è nan maten rive 7 è nan aswè. Mande ki jan enskri nan yon lòt plan oswa retounen nan Original Medicare ka afekte fason ou jwenn kouvèti asirans Medicaid ou a.

SEKSYON 4 Ou dwe kontinye jwenn atik medikal ou yo, sèvis ou yo ak medikaman w yo atravè plan nou an jiskaske enskripsyon w kanpe

Toutotan enskripsyon w poko fini epi nouvo kouvèti asirans Medicare w la poko kòmanse, ou dwe kontinye jwenn atik medikal ou yo, sèvis ou yo ak medikaman w yo atravè plan nou an.

- **Kontinye sèvi avèk pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo nou an pou jwenn swen medikal.**
- **Kontinye sèvi avèk famasi oswa kòmande pwodui nan famasi pa korespondans ki nan rezo nou an pou jwenn medikaman sou preskripsyon w yo.**
- **Si w entène lopital nan jou enskripsyon w kanpe, plan nou an pral kouvri ospitalizasyon w jiskaske yo ba w egzeyat** (menm si yo ba w egzeyat apre nouvo kouvèti asirans sante w gentan kòmanse).

SEKSYON 5 AmeriHealth Caritas VIP Care dwe kanpe enskripsyon w nan plan nou an nan kèk sitiyasyon

AmeriHealth Caritas VIP Care dwe kanpe enskripsyon w nan plan nou an si nenpòt nan sitiyasyon sa yo rive:

- Si w pa gen Pati A ak Pati B Medicare ankò.
- Si w pa kalifye ankò pou Medicaid ankò. Jan sa esplike nan chapit 1, seksyon 2.1, plan nou an la pou moun ki kalifye ni pou Medicare ni pou Medicaid. Si w vin pa kalifye pou Medicaid ankò, plan an ap konsidere w kòm yon moun ki toujou kalifye pandan sis mwa apre mwa yo fè nou konnen ou pa kalifye ankò. N ap enfòme w alekri epi yon jesyonè swen oswa yon reprezantan ekip sèvis pou manm yo pral ede w resètifye kalifikasyon w pou Medicaid. Si w nan peryòd sis mwa plan nou an bay pou nou konsidere w kòm yon moun ki kontinye kalifye, n ap kontinye bay tout benefis Medicare kouvri ki nan plan Medicare Advantage yo. Sepandan, pandan peryòd sa a, nou pa p kouvri okenn benefis Medicaid ki fè pati plan Eta Medicaid la ni nou pa p peye prim Medicare yo ni depans pataje Eta a t ap sipoze peye si te toujou kalifye pou Medicaid. Montan ou peye pou sèvis Medicare kouvri yo ka ogmante pandan peryòd sa a. Si w pa resètifye pou Medicaid, w ap dezenskri nan premye jou nan mwa ki vin apre peryòd sis mwa a.
- Si w demenaje deyò zòn sèvis la.
- Si w fè plis pase 6 mwa deyò zòn sèvis nou an.
    - Si w pral demenaje oswa fè yon vwayaj k ap dire anpil tan, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**) pou

konnen si kote ou pral demenaje a oswa kote ou pral vwayaje a fè pati zòn sèvis plan nou an.

- Si w pran prizon.
- Si w pa yon sitwayen ameriken ankò, ou pa yon moun yo rele "nasyonal" Etazini ankò oswa ou pa yon moun ki pa sitwayen men ki kalifye ankò.
- Si w bay manti oswa si w kache kèk enfòmasyon sou yon lòt asirans ou genyen ki ba w yon kouvèti asirans pou medikaman.
- Si w fè espre bay fo enfòmasyon lè w ap enskri nan plan nou an epi enfòmasyon sa yo afekte kalifikasyon w pou plan nou an (nou pa ka fè w soti nan plan nou an pou rezon sa a si nou pa jwenn pèmisyon Medicare a dabò).
- Si w ap plede aji yon fason k ap deranje moun epi konpòtman w fè l difisil pou nou fè w jwenn swen medikal oswa li fè l difisil pou nou fè lòt manm plan nou an jwenn swen. (nou pa ka fè w soti nan plan nou an pou rezon sa a si nou pa jwenn pèmisyon Medicare a dabò).
- Si w kite yon lòt moun sèvi ak kat manm ou an pou jwenn swen medikal. (nou pa ka fè w soti nan plan nou an pou rezon sa a si nou pa jwenn pèmisyon Medicare a dabò).
    - Si nou kanpe enskripsyon w pou rezon sa a, medicare gendwa mande enspektè jeneral la mennen yon ankèt sou dosye w.

Si w gen kesyon oswa si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou sitiyasyon ki ka fè nou kanpe enskripsyon w, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**).

Seksyon 5.1 Nou <u>pa ka</u> mande w kite plan nou an pou okenn rezon ki gen rapò ak sante w

AmeriHealth Caritas VIP Care pa gen dwa pou mande w kite plan nou an pou okenn rezon ki gen rapò ak sante w.

Kisa ou ta dwe fè si sa rive ?

Si w panse nou mande w kit eplan nou an akòz yon rezon ki gen rapò ak sante w, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.

Seksyon 5.2 Ou gen dwa pou depoze yon plent si nou kanpe enskripsyon w nan plan nou an

Si nou kanpe enskripsyon w nan plan nou an, nou dwe esplike w pou ki rezon nou fè sa alekri. Epitou, nou dwe esplike w kijan ou ka depoze yon reklamasyon oswa yon plent pou desizyon nou pran pou n kanpe enskripsyon w.

CHAPIT 11: Avi legal

SEKSYON 1 Avi sou lwa ki aplikab yo

Lwa prensipal ki aplike pou dokiman sa a ki rele *Prèv kouvèti asirans* lan se tit XVIII nan lwa ki rele Social Security Act la ak règlemantasyon Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) yo anba menm lwa sa a. Mete sou sa, ka gen lòt lwa federal ki aplike epi, nan kèk ka, lwa Eta kote ou abite a ka aplike tou. Sa gendwa afekte dwa ak responsablite w yo, menm si dokiman sa a pa mansyone ni esplike lwa sa yo.

SEKSYON 2 Avi sou entèdiksyon diskriminasyon

Nou pa fè diskriminasyon sou pèsòn akòz ras, gwoup etnik, peyi kote moun soti, koulè, relijyon, sèks, laj, andikap mantal oswa fizik, eta sante, demann ranbousman ki fèt, antesedan medikal, enfòmasyon jenetik, prèv ki montre si moun ka asire oswa kote moun rete anndan zòn sèvis nou an. Tout òganizasyon ki bay plan Medicare Advantage, tankou plan nou an, dwe obeyi lwa federal yo ki entèdi diskriminasyon, tankou tit VI nan lwa ki rele Civil Rights Act yo te pase an 1964, lwa ki rele Rehabilitation Act yo te pase an 1973, lwa ki rele Age Discrimination Act yo te pase an 1975, lwa ki rele Americans with Disabilities Act, seksyon 1557 nan lwa ki rele Affordable Care Act, ak tout lòt lwa ki aplike pou òganizasyon ki jwenn kòb nan men gouvènman federal la, ansanm ak nenpòt lòt lwa ak règ ki aplike pou nenpòt lòt rezon.

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon oswa si gen yon bagay k ap trakase w konsènan yon ka diskriminasyon oswa yon tretman ki pa jis, rele **Biwo pou Dwa Sivil** la nan pati Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la nan 1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697) oswa rele Biwo pou Dwa Sivil lokal ou a. Epitou, ou ka jwenn enfòmasyon sou Biwo pou Dwa Sivil la nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la sou sit HHS.gov/ocr/index.html.

Si w gen yon andikap epi ou bezwen èd pou jwenn swen, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**). Si w gen yon plent, tankou yon pwoblèm pou antre yon kote sou yon chèz woulant, ekip sèvis pou manm yo ka ede w.

AmeriHealth Caritas VIP Care respekte tout lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou. AmeriHealth Caritas VIP Care pa mete pèsòn sou kote ni li pa trete pèsòn yon fason ki diferan akòz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, laj yo, andikap yo oswa sèks yo.

AmeriHealth Caritas VIP Care:

- Bay moun ki andikape yo asistans ak sèvis gratis pou ede yo kominike fasilman ak nou, tankou:
- Entèprèt konpetan nan lang siy
- Enfòmasyon sou lòt fòma (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma ankò)
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis gratis pou ede yo nan lang pa yo, tankou:
  - Entèprèt konpetan
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòma

Si w bezwen jan de sèvis sa yo, kontakte ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo nan **1-833-467-3502 (TTY 711)**. Nou disponib lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, ant dat 1ye avril ak 30 septanm, oswa sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, ant dat 1ye oktòb ak 31 mas.

Si w panse AmeriHealth Caritas VIP Care pa t bay sèvis sa yo oswa si w panse li te fè yon lòt kalite zak diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks, ou ka depoze yon reklamasyon bay:

Pa lapòs: AmeriHealth Caritas VIP Care Grievances Department
Attn: Customer Experience, Grievances, and Complaints
P.O. Box 7140
London, KY 40742-7140

Nan telefòn: **1-833-467-3502 (TTY 711)**
Faka: **1-833-381-7150**

Ou gen posiblite depoze yon reklamasyon pa lapòs, nan faks oswa nan telefòn. Si w bezwen èd pou depoze yon reklamasyon, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo disponib pou ede w.

Epitou, ou ka depoze yon plent sou dwa sivil bay Biwo pou Dwa Sivil la, ki fè pati Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, pa mwayen elektwonik, sou pòtay Entènèt yo kreye pou depoze plent bay Biwo pou Dwa Sivil la nan https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf oswa pa mwayen lèt oswa nan telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
Office for Civil Rights Centralized Case Management Operations
200 Independence Avenue, SW Suite 509F, HHH
Building Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019, (TDD: 1-800-537-7697)
Faks: 1-202-619-3818
Imèl: ocrmail@hhs.gov

Fòm pou depoze plent yo disponib sou https://www.hhs.gov/civil-rights/filing-a-complaint/index.html

SEKSYON 3 Avi sou dwa sibwogasyon peyè segondè Medicare yo

Nou gen dwa ak responsablite pou n touche yon peman pou sèvis Medicare ki kouvri yo kote se pa Medicare ki prensipal peyè a. Selon règlemantasyon CMS yo, nan 42 CFR seksyon 422.108 ak 423.462, AmeriHealth Caritas VIP Care, antanke òganizasyon Medicare Advantage, pral egzèse menm dwa pou touche yon peman ak dwa sekretè a egzèse selon règlemantasyon CMW yo nan sou-pati B rive D nan pati 411 nan 42 CFR epi règ ki tabli yo nan seksyon sa a gen priyorite sou règ ki aplikab nan Eta yo.

CHAPIT 12: Definisyon

Sant chirijikal anbilatwa (ambulatory surgical center) – Yon sant chirijikal anbilatwa se yon òganizasyon ki fonksyone sèlman pou bay pasyan ki pa bezwen entène yo sèvis chirijikal anbilatwa, kote pasyan sa yo pa sipoze rete nan sant lan pou plis pase 24 èdtan.

Apèl (appeal) – Yon apèl se yon aksyon ou poze si w pa dakò ak yon desizyon nou te pran pou n refize yon demann pou n kouvri yon sèvis swen sante oswa yon medikaman sou preskripsyon, oubyen yon demann pou n peye pou yon sèvis oswa yon medikaman ou gentan jwenn deja. Epitou, ou ka fè apèl si w pa dakò ak yon desizyon nou te pran pou n kanpe yon sèvis ou t ap resevwa.

Peryòd benefis (benefit period) – Se fason Original Medicare mezire kantite tan ou fè ap itilize sèvis nan lopital ak nan etablisman swen enfimyè espesyalize (skilled nursing facility, SNF). Yon peryòd benefis kòmanse nan jou ou antre lopital la oswa nan jou ou antre nan etablisman swen enfimyè espesyalize a. Peryòd benefis la fini lè ou vin gen 60 jou suivi san w pa resevwa okenn swen lopital pou pasyan ki entène (oswa swen nan yon SNF). Si w entène lopital oswa si w antre nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize apre yon peryòd benefis fini, yon nouvo peryòd benefis ap kòmanse. Pa gen limit nan kantite peryòd benefis yo.

Pwodui byolojik (biological product) – Se yon medikaman sou preskripsyon ki fèt apati yon sous ki natirèl e ki vivan, tankou yon selil ki soti nan yon bèt, nan yon plant, yon bakteri oswa yon chanpiyon. Pwodui byolojik yo pi konplèks pase lòt medikaman epi yo pa ka kopye egzakteman jan yo ye a. Se pou rezon sa a fòm altènatif yo rele byosimilè (konsilte definisyon yo pou “**pwodui byolojik orijinal**” ak “**byosimilè**”).

Byosimilè (biosimilar) – Se yon pwodui byolojik ki sanble anpil, menm ki pa egzakteman menm jan ak yon pwodui byolojik orijinal. Sekirite ak efikasite byosimilè yo nan menm nivo ak pwodui byolojik orijinal la. Gen kèk byosimilè ou ka jwenn nan famasi a nan plas pwodui byolojik orijinal la san w pa bezwen yon nouvo preskripsyon (konsilte definisyon pou “**byosimilè entèchanjab**” la).

Medikaman mak (brand name drug) – Se yon medikaman sou preskripsyon ki fabrike e ki vann nan menm konpayi famasetik ki te etidye e ki te devlope medikaman an. Medikaman mak yo gen menm fòmil ak menm engredyan aktif ak vèsyon jenerik medikaman an. Sepandan, se lòt fabrikan medikaman ki fabrike e ki vann medikaman jenerik yo. Leplisouvan, medikaman jenerik yo pa disponib toutotan brevè envansyon pou medikaman mak la poko ekspire.

Plan swen (care plan) – Se yon plan pou sèvis ou pral resevwa yo ak fason ou pral resevwa yo. Plan w lan ka gen ladan l sèvis medikal, sèvis sante konpòtmantal, ak sèvis ak sipò alontèm (Long-Term Services and Supports, LTSS).

Ekip swen (care team) – Yon ekip swen ka gen doktè, enfimyè, konseye oswa lòt pwofesyonèl sante ki la pou ede w jwenn swen ou bezwen yo. Epitou, ekip swen w lan ede w prepare yon plan swen.

Etap kouvèti katastwofik (catastrophic coverage stage) – Se etap nan benefis pou medikaman Pati D a ki kòmanse lè ou (oswa lòt moun ki kalifye e ki aji pou ou) gentan depanse $2,400 pou medikaman Pati D ki kouvri w yo pandan ane ki kouvri a. Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri w yo.

Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) – Se ajans federal ki jere Medicare a.

Plan pou moun ki bezwen swen espesyal pou yon maladi kwonik (Chronic-Care Special Needs Plan, C-SNP) – C-SNP yo se SNP kote moun ki ka enskri se sèlman moun ki kalifye pou MA e ki gen sèten maladi ki grav e ki kwonik.

Ko-asirans (coinsurance) – Se yon kantite kòb ou ka gen pou peye sou fòm yon pousantaj (tankou 20%) ki reprezante pati pa w la nan depans ki fèt pou yon sèvis oswa pou yon medikaman sou preskripsyon apre ou fin peye franchiz ou a.

Plent (complaint) – Non fòmèl yo bay pwosesis plent lan se **depoze yon reklamasyon**. Pwosesis plent lan sèvi *sèlman* pou kèk kalite pwoblèm. Sa gen ladan l pwoblèm ki gen rapò ak kalite swen yo, kantite tan ou oblije ret tann nan ak sèvis kliyan ou resevwa a. Epitou, sa gen ladan l plent ou genyen lè plan nou an pa respekte delè ki aplikab yo nan pwosesis apèl la.

Etablisman reyabilitasyon konplè pou pasyan ki pa entène (comprehensive outpatient rehabilitation facility, CORF) – Se yon etablisman ki bay sitou sèvis reyabilitasyon apre yon maladi oswa yon blesi, san wete sèvis fizyoterapi, sèvis sosyal oswa sikolojik, sèvis respiratwa, sèvis èqoterapi ak sèfis òtofoni, ansanm ak sèvis evalyasyon anviwònman kay la.

Ko-peman (copayment oswa copay) – Se yon kantite kòb ou ka gen pou peye antanke pati pa w la nan depans ki fèt pou yon sèvis oswa yon founiti medikal, tankou yon vizit kay doktè, yon ospitalizasyon oswa yon medikaman sou preskripsyon. Yon ko-peman pa yon pousantaj, men se yon montan ki fiks (pa egzanp $10).

Depans pataje (cost sharing) – Depans pataje a se yon kantite kòb yon manm gen pou l peye lè li jwenn yon sèvis oswa yon medikaman. Depans pataje a gen ladan l nenpòt konbinezon nan 3 kalite peman sa yo: (1) nenpòt franchiz plan an gendwa enpoze anvan li kòmanse kouvri sèvis yo oswa medikaman yo; (2) nenpòt ko-peman ki fiks plan an egzije lè ou resevwa

yon sèvis oswa yon medikaman; oswa (3) nenpòt ko-asirans, sètadi yon pousantaj sou montan total ki peye pou sèvis la oswa medikaman an, plan an egzije lè ou resevwa yon sèvis oswa yon medikaman.

Nivo depans pataje (cost-sharing tier) – Chak medikaman ki nan lis medikaman ki kouvri yo fè pati youn nan senk nivo depans pataje yo. Anjeneral, plis nivo depans pataje a wo, se plis w ap peye pou medikaman an.

Detèminasyon sou kouvèti asirans (coverage determination) – Se yon desizyon ki fè konnen si plan nou an kouvri yon medikaman yo preskri w ak kantite kòb ou ka gen pou peye pou li. Anjeneral, si w bay famasi a yon preskripsyon epi famasi a fè w konnen medikaman sou preskripsyon sa a pa kouvri nan plan nou an, sa pa reprezante yon detèminasyon sou kouvèti asirans. W ap gen pou rele oswa ekri plan nou an pou jwenn yon desizyon fòmèl sou kouvèti asirans lan. Nan dokiman sa a, detèminasyon sou kouvèti asirans yo rele **desizyon sou kouvèti asirans**.

Medikaman ki kouvri (covered drugs) – Se ekspresyon nou itilize pou tout medikaman plan nou an kouvri yo.

Sèvis ki kouvri (covered services) – Se ekspresyon nou itilize pou tout sèvis ak founiti plan nou an kouvri yo.

Kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kreditab (creditable prescription drug coverage) – Se yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon (tankou yon kouvèti asirans ou jwenn nan men yon anplwayè oswa nan men yon sendika) ki dwe peye an mwayèn yon kantite kòb ki omwen egal ak kouvèti asirans estanda Medicare a. Anjeneral, lè yon moun ki gen yon kouvèti asirans konsa vin kalifye pou Medicare, li ka kenbe kouvèti asirans sa a san li pa peye yon penalite si l deside enskri nan kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon Medicare a pi devan.

Swen gad (custodial care) – Swen gad yo se swen pèsonèl yo ba w nan yon mezon retrèt, nan yon ospis oswa nan yon lòt etablisman lè ou pa bezwen swen enfimyè oswa swen medikal espesyalize. Moun ki bay swen gad yo se moun ki pa gen konpetans oswa ki pa t jwenn yon fòmasyon pwofesyonèl. Swen sa yo gen ladan yo ede w fè aktivite ki pou fèt chak jou yo, tankou benyen, met rad sou ou, manje, leve oswa kouche nan kabann ou, leve oswa chita nan chèz ou, deplase epi sèvi ak twalèt la. Yo ka gen ladan yo kèk swen sante pifò moun ka bay tèt yo poukont yo, tankou vide ti gout nan je. Medicare pa peye pou swen gad.

Tarif depans pataje pou chak jou (daily cost-sharing rate) – Yon tarif depans pataje ka aplike pou chak jou lè doktè w preskri w yon kantite medikaman k ap dire mwens pase yon mwa konplè epi ou gen pou peye yon ko-peman. Tarif depans pataje pou chak jou a se ko-peman an divize pa kantite jou ki genyen pou medikaman an nan yon mwa. Men yon egzanp: Si ko-peman w pou jwenn yon kantite medikaman k ap dire yon mwa se $30, lèfini 30 jou se

kantite jou plan nou an itilize pou yon mwa, tarif depans pataje w pou chak jou se pral $1 chak jou.

Franchiz (deductible) – Se kantite kòb ou dwe peye pou swen sante w yo oswa pou medikaman sou preskripsyon w yo anvan plan nou an kòmanse peye.

Dezenskri oswa dezenskripsyon (disenroll oswa disenrollment) – Pwosesis kote enskripsyon w antanke manm plan nou an vin kanpe.

Kòb pou dispansasyon (dispensing fee) – Se yon kòb yo mande chak fwa yo remèt ou yon medikaman ki kouvri. Kòb sa a se yon peman pou tan famasyen an pase ap prepare epi anbale medikaman sou preskripsyon an.

Plan pou moun ki gen bezwen espesyal e ki kalifye pou de pwogram (dual eligible special needs plans, D-SNP) – D-SNP yo se plan pou moun ki kalifye ni pou Medicare (tit XVIII nan lwa ki rele Social Security Act la) ni pou asistans medikal nan yon plan Eta a anba Medicaid (tit XIX). Eta yo kouvri yon pati oswa tout depans Medicare yo, selon Eta a ak kalifikasyon moun nan.

Moun ki kalifye pou de pwogram (dually eligible individual) – Se yon moun ki kalifye ni pou Medicare ni pou Medicaid.

Ekipman medikal dirab (durable medical equipment, DME) – Se yon seri ekipman medikal doktè w mande pou ou pou yon rezon medikal. Pa egzanp, se kapab yon wòkè, yon chèz woulant, yon beki, yon matla elektrik, founiti pou dyabèt, yon ponp pèfizyon nan sewòm, yon aparèy ki pale pou ou, yon ekipman pou ba w oksijèn, yon nebilizè oswa yon kabann lopital yon pwofesyonèl sante mande pou w itilize l lakay ou.

Ijans (emergency) – Se yon sitiyasyon kote ou menm oswa nenpòt lòt moun ki pa yon pwofesyonèl medikal, ki pridan e ki gen yon konesans nòmal sou kesyon sante ak medsin, panse ou gen sentòm medikal ki mande yon atansyon medikal imedyat pou w pa mouri (epi, si w se yon fi ki ansent, pou w pa pèdi tibebe w nan vant), pou w pa pèdi yon manm kò w, pou w pa pèdi yon fonksyon nan yon manm kò w, oswa pou w pa pèdi oswa domaje yon fonksyon kò a yon fason ki grav. Sentòm medikal sa yo se kapab yon maladi, yon blesi, yon gwo doulè oswa yon pwoblèm sante k ap vin pi mal byen rapid.

Swen ijans (emergency care) – Se sèvis ki kouvri: 1) ou jwenn nan men yon pwofesyonèl sante ki kalifye pou bay sèvis ijans; epi (2) ki nesesè pou trete, evalye oswa estabilize yon pwoblèm medikal ki ijan.

Prèv kouvèti asirans (Evidence of Coverage, EOC) ak enfòmasyon pou divilge (disclosure information) – Se dokiman sa a ansanm ak lòt dokiman ki mache avè l, kondisyon siplemantè yo oswa lòt kouvèti asirans fakiltatif ou chwazi, ki esplike sa ki nan kouvèti asirans ou an, sa nou dwe fè, dwa w yo ak sa ou dwe fè antanke manm plan nou an.

Eksepsyon (exception) – Se yon kalite desizyon sou kouvèti asirans ki pèmèt ou jwenn yon medikaman ki pa sou fòmilè nou an (yon eksepsyon nan fòmilè a) oswa yon medikaman ki pa prefere nan yon nivo depans pataje ki pi ba (yon eksepsyon nan nivo a), depi nou apwouve sa. Epitou, ou ka mande yon eksepsyon si plan nou an egzije pou w eseye yon lòt medikaman anvan ou ka jwenn medikaman w ap mande a, si plan nou an egzije pou w jwenn yon otorizasyon alavans pou yon medikaman epi ou ta renmen pou n retire restriksyon an, oswa si plan nou an gen yon limit sou kantite oswa sou dòz medikaman w ap mande a (yon eksepsyon nan fòmilè a).

Èd siplemantè (Extra Help) – Se yon pwogram Medicare ki la pou ede moun ki gen revni ak resous ki limite oeye pou sa pwogram medikaman sou preskripsyon Medicare a koute, tankou prim yo, franchiz yo ak ko-asirans lan.

Medikaman jenerik (generic drug) – Se yon medikaman sou preskripsyon FDA apwouve poutèt li gen menm engredyan aktif ak medikaman mak la. Anjeneral, medikaman jenerik la gen menm efikasite ak medikaman mak la epi li konn koute mwens.

Reklamasyon (grievance) – Se yon kalite plent ou depoze konsènan plan nou an, pwofesyonèl ak etablisman sante nou yo oswa famasi nou yo. Se kapab yon plent ki gen rapò ak kalite swen ou resevwa yo tou. Li pa gen rapò ak dezakò ki konsène kouvèti asirans lan oswa peman yo.

Evalyasyon sou risk sante (health risk assessment) – Se yon egzamen sou antesedan medikal ou yo ak eta sante aktyèl ou a. Li sèvi pou jwenn enfòmasyon sou sante w ak sou fason li gendwa chanje pi devan.

Èd sante adomisil (home health aide) – Se yon moun ki bay sèvis ki pa mande konpetans yon enfimyè ki gen lisans oswa yon terapet genyen, tankou èd pou swen pèsonèl yo (p. eg. benyen, sèvi ak twalèt la, met rad sou ou oswa fè egzèsis doktè a preskri w yo).

Ospis (hospice)– Se yon benefis ki bay yon tretman espesyal pou yon manm ki jwenn yon sètifikasyon medikal kòmkwa li gen yon maladi tèminal, sa vle di yon maladi k ap fè l mouri nan lespas 6 mwa. Plan nou an dwe ba w yon lis ospis ki nan zòn jeyografik ou a. Si w chwazi yon ospis epi ou kontinye peye prim yo, ou toujou yon manm plan nou an. Ou ka toujou jwenn tout sèvis ki nesesè pou rezon medikal ansanm ak benefis siplemantè nou ofri yo.

Sejou lopital antanke pasyan ki entène (hospital inpatient stay) – Se yon sejou lopital kote yo entène w nan lopital la yon fason ki fòmèl pou w jwenn sèvis medikal espesyalize. Menm si w rete nan lopital la pandan yon nuit, yo gendwa toujou konsidere w kòm yo pasyan ki pa entène.

Montan ajisteman mansyèl ki gen rapò ak revni a (income related monthly adjustment amount, IRMAA) –Si revni brit ajiste ki modifye ou te rapòte sou deklarasyon enpo IRS la sa gen 2 lane depase yon montan byen presi, w ap peye prim estanda a ak yon montan

ajisteman mansyèl ki gen rapò ak revni a, oswa IRMAA. IRMAA a se yon kòb anplis ki ajoute sou prim ou peye a. Mwens pase 5% nan moun ki sou Medicare yo afekte. Kidonk, pifò moun pa p peye yon prim ki pi wo.

Etap kouvèti inisyal (initial coverage stage) – Se etap apre ou peye franchiz ou a (si w gen youn) men lè depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a pou ane a poko rive nan limit nan depans ki ka fèt ak lajan ki soti nan pòch ou a.

Peryòd enskripsyon inisyal (initial enrollment period) – Lè ou vin kalifye pou Medicare pou premye fwa, se peryòd tan kote ou ka enskri pou Pati A ak Pati B Medicare. Si w kalifye pou Medicare lè ou vin gen 65 lane, peryòd enskripsyon inisyal ou a se peryòd ki dire 7 mwa ki kòmanse 3 mwa anvan mwa ou vin gen 65 lane a, ki gen mwa ou vin gen 65 lane a ladan l, e ki fini 3 mwa apre mwa ou vin gen 65 lane a.

D-SNP entegre (integrated D-SNP) – Se yon D-SNP ki kouvri sèvis Medicare yo ak pifò oswa tout sèvis Medicaid yo nan yon sèl plan sante pou kèk kalite gwoup moun ki kalifye ni pou Medicare ni pou Medicaid. Moun sa yo se moun ki kalifye pou benefis konplè nan toude pwogram yo ye.

Plan enstitisyonèl pou moun ki gen bezwen espesyal (institutional special needs plan, I-SNP) – I-SNP yo se plan pou moun ki kalifye pou MA ki viv nan kominote a men ki bezwen kalite swen ki disponib nan yon etablisman, oswa ki rete (oswa ki sipoze rete) pou omwen 90 jou suivi nan sèten etablisman alontèm. I-SNP yo gen kalite plan sa yo ladan yo: SNP enstitisyonèl ekivalan (institutional-equivalent SNP, IE-SNP) SNP enstitisyonèl ibrid (hybrid institutional SNP, HI-SNPs) ak SNP enstitisyonèl nan etablisman (facility-based institutional SNP, FI-SNP).

Plan enstitisyonèl ekivalan pou moun ki gen bezwen espesyal (institutional-equivalent special needs plan, IE-SNP) – Yon IE-SNP se yon plan ki la sèlman pou moun ki kalifye pou MA ki viv nan kominote a men ki bezwen swen ki disponib nan yon etablisman.

Byosimilè entèchanjab (interchangeable biosimilar) – Se yon byosimilè ki ka ranplase yon pwodui byolojik orijinal nan famasi a san w pa bezwen yon nouvo preskripsyon paske li ranpli kèk kondisyon siplemantè pou l ka ranplase lòt pwodui a otomatikman. Famasi a ka ba li nan plas lòt pwodui a otomatikman si lwa Eta a tabli yo pèmèt sa.

Li medikaman ki kouvri yo (list of covered drugs) (fòmilè oswa lis medikaman) – Se yon lis medikaman sou preskripsyon plan nou an kouvri.

Sibvansyon pou moun k pa gen anpil revni (low income subsidy, LIS) – Konsilte definisyon pou èd siplemantè a.

Pwogram rabè fabrikan (manufacturer discount program) – Se yon pwogram kote fabrikan medikaman yo peye yon pati nan sa plan nou an depanse pou medikaman mak ak

pwodui byolojik ki kouvri nan Pati D a. Rabè yo kalkile selon akò gouvènman federal la pase ak fabrikan medikaman yo.

Pri jis maksimòm (maximum fair price) – Se pri Medicare te negosye a pou yon medikaman.

Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a (maximum out-of-pocket amount) – Se kantite kòb maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pandan ane sivil la pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo. Montan ou peye pou prim Pati A ak Pati B Medicare yo ak medikaman sou preskripsyon yo pa konte pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a. (**Nòt:** etandone manm nou yo jwenn èd nan men Medicaid tou, prèske pa gen manm ki janm rive peye montan maksimòn ki ka soti nan pòch yo).

Medicaid (oswa pwogram asistans medikal la) (Medical Assistance) – Se yon pwogram gouvènman federal la jere ansanm ak Eta a pou yon seri moun ki pa touche anpil revni e ki pa gen anpil resous. Pwogram medicaid Eta yo varye, men pifò depans ki fèt pou swen sante yo kouvri si w kalifye ni pou Medicare ni pou Medicaid.

Endikasyon ki aksepte pou rezon medikal (medically accepted indication) – Se itilizasyon yon medikaman FDA apwouve oswa ki gen referans pou kore l, tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Micromedex DRUGDEX Information System.

Nesesè pou rezon medikal (medically necessary) – Ekspresyon sa a fè referans ak sèvis, founiti oswa medikaman ki nesesè pou evite, dyagnostike oswa trete pwoblèm sante w la, epi ki ann akò avèk nòm pratik medikal ki aksepte yo.

Medicare – Se pwogram asirans sante federal la pou moun ki genyen 65 lane oswa plis, pou kèk moun ki poko gen 65 lane ki gen sèten andikap, epi pou moun ki gen maladi ren nan faz tèminal (anjeneral, se moun ki gen ensifizans renal pèmanan ki fè yo bezwen dyaliz oswa yon grèf ren).

Peryòd enskripsyon ouvè Medicare Advantage la (Medicare Advantage Open Enrollment Period) – Se peryòd tan ki kòmanse 1ye janvye e ki fini 31 mas kote moun ki manm yon plan Medicare Advantage kapab anile enskripsyon yo nan plan an epi chwazi yon lòt plan Medicare Advantage oswa chwazi jwenn kouvèti asirans yo atravè Original Medicare. Si w chwazi Original Medicare pandan peryòd sa a, ou kapab enskri nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki separe anmenmtan. Epitou, peryòd enskripsyon ouvè Medicare Advantage la disponib pandan yon peryòd 3 mwa apre yon moun vin kalifye pou Medicare pou premye fwa.

Plan Medicare Advantage (Medicare Advantage plan, MA) – Yo konn rele l Pati C Medicare tou. Se yon plan ki disponib nan men yon konpayi prive ki gen yon kontra avèk Medicare pou ba w tout benefis Pati A ak Pati B Medicare w yo. Yon plan Medicare Advantage se kapab i) yon HMO, ii) yon PPO, iii) yon plan prive ki gen peman pou sèvis yo (Private Fee-for-Service (PFFS))

oswa iv) yon plan kont epay medikal Medicare (Medical Savings Account, MSA). Anplis plan sa yo, yon plan Medicare Advantage ki yon HMO oswa yon PPO kapab yon plan pou moun ki gen bezwen espesyal tou (Special Needs Plan, SNP). Nan pifò ka yo, plan Medicare Advantage yo ofri Pati D Medicare tou (kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon yo). Plan sa yo rele **plan Medicare Advantage avèk yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon yo**.

Sèvis Medicare kouvri (Medicare-covered services) – Se sèvis ki kouvri nan Pati A ak Pati B Medicare. Tout plan sante Medicare yo dwe kouvri tout sèvis ki kouvri nan Pati A ak Pati B Medicare. Ekspresyon "sèvis Medicare kouvri yo" pa gen ladan l okenn benefis siplemantè, tankou swen vizyon, swen dantè oswa swen odisyon, ki ka disponib atravè yon plan Medicare Advantage.

Plan sante Medicare (Medicare health plan) – Yon plan sante Medicare se yon plan ki disponib nan men yon konpayi prive ki gen yon kontra avèk Medicare pou bay moun ki gen Medicare e ki enskri nan plan nou an benefis Pati A ak Pati B. Ekspresyon sa a gen ladan l tout plan Medicare Advantage yo, plan Medicare Cost yo, plan Special Needs yo, plan Demonstration/Pilot yo ak pwogram ki rele Programs of All-inclusive Care for the Elderly yo (PACE).

Kouvèti asirans pou medikaman Medicare (Medicare Drug coverage (Pati D Medicare)) – Se yon asirans ki ede w peye pou medikaman sou preskripsyon, vaksen, pwodui byolojik ak kèk founiti ou jwenn san w pa entène e ki pa kouvri ni nan Pati A ni nan Pati B Medicare.

Pwogram jesyon terapi pa mwayen medikaman (medication therapy management program (MTM)) – Se yon pwogram Pati D Medicare ki disponib pou moun ki gen bezwen konplèks nan domèn sante e ki ranpli yon seri kondisyon oswa ki patisipe nan yon pwogram jesyon medikaman. Anjeneral, nan kad sèvis MTM yo, ou dwe gen yon konvèsasyon ak yon famasyen oswa ak yon pwofesyonèl sante pou repase medikaman w yo.

Kontra Medigap (asirans siplemantè Medicare) (Medicare supplement insurance) – Se yon asirans siplemantè Medicare yon konpayi prive vann pou bay sèvis ki pa disponib nan Original Medicare. Asirans Medigap yo fonksyone avèk Original Medicare sèlman (yon plan Medicare Advantage pa yon kontra Medigap).

Manm (manm plan nou an oswa manm plan an) (member (member of our plan, plan member)) – Se yon moun ki sou Medicare ki kalifye pou jwenn sèvis kouvri e ki enskri nan plan nou an, depi Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) konfime enskripsyon l lan.

Ekip sèvis pou manm yo (member services) – Se yon depatman nan plan nou an ki responsab pou reponn kesyon ou genyen sou enskripsyon w, benefis ou yo, reklamasyon w yo ak apèl ou yo.

Famasi ki nan rezo a (network pharmacy) – Se yon famasi ki pase yon kontra avèk plan nou an e ki pèmèt manm plan nou an jwenn benefis pou medikaman sou preskripsyon yo. Nan pifò ka yo, plan an kouvri medikaman sou preskripsyon w yo sèlman si w al chèche yo nan youn nan famasi ki nan rezo nou an.

Pwofesyonèl oswa etablisman sante ki nan rezo a (Network Provider) – Yon **pwofesyonèl oswa etablisman sante** se kapab yon doktè, yon lòt pwofesyonèl sante, yon lopital oswa yon lòt etablisman sante ki gen lisans oswa ki jwenn yon sètifikasyon nan men Medicare ak Eta a pou bay sèvis swen sante. **Pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a** pase yon kontra avèk plan nou an pou aksepte peman konplè. Nan kèk ka, yo kowòdone epi yo bay manm plan nou an sèvis ki kouvri. Pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a konn rele **pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan plan an** tou.

Peryòd enskripsyon ouvè (open enrollment period) – Se peryòd tan ki kòmanse 15 oktòb e ki fini 7 desanm chak ane kote manm yo ka chanje plan sante yo oswa plan medikaman yo, oswa kote yo ka chwazi Original Medicare pito.

Detèminasyon òganizasyon (organization determination) – Se yon desizyon plan nou an pran pou kouvri oswa pa kouvri yon atik oswa yon sèvis oswa pou detèmine konbyen kòb w ap gen pou peye pou yon atik oswa yon sèvis ki kouvri. Nan dokiman sa a, detèminasyon òganizasyon yo rele desizyon sou kouvèti asirans.

Pwodui byolojik orijinal (original biological product) – Se yon pwodui byolojik FDA apwouve e ki ka konpare ak vèsyon byosimilè lòt fabrikan yo vann. Yo konn rele yo pwodui referans tou.

Original Medicare (Medicare tradisyonèl oswa Medicare frè pou sèvis (Traditional Medicare oswa Fee-for-Service Medicare)) – Original Medicare se yon pwogram gouvènman an ofri. Li pa yon plan sante prive, tankou yon plan Medicare Advantage oswa yon plan medikaman sou preskripsyon. Nan Original Medicare, sèvis Medicare yo kouvri lè yo peye doktè, lopital ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante yon seri montan Kongrè Etazini an fikse. Ou kapab jwenn swen nan men nenpòt doktè, lopital oswa pwofesyonèl ak etablisman sante ki aksepte Medicare. Ou dwe peye franchiz la. Medicare peye pati pa l la nan montan Medicare apwouve a, epi ou peye pati pa w la. Original Medicare genyen 2 pati: Pati A (asirans pou lopital) ak Pati B (asirans pou swen medikal) epi li disponib toupatou nan peyi Etazini.

Famasi ki deyò rezo a (out-of-network pharmacy) – Se yon famasi ki pa gen yon kontra avèk plan nou an pou kowòdone oswa bay manm plan nou an medikaman ki kouvri. Plan nou an pa kouvri prèske okenn medikaman ou jwenn nan famasi ki deyò rezo a, sof si kèk kondisyon ranpli.

Pwofesyonèl ak etablisman sante ki deyò rezo a (out-of-network provider, out-of-network facility) – Se pwofesyonèl ak etablisman sante ki pa gen yon kontra avèk plan nou

an pou kowòdone oswa bay manm plan nou an sèvis ki kouvri. Plan nou an pa ni anplwaye, ni posede, ni jere okenn pwofesyonèl oswa etablisman sante ki deyò rezo a.

Depans ak lajan ki soti nan pòch ou a (out-of-pocket costs) – Konsilte definisyon pou depans pataje a anwo a. Montan depans pataje yon manm gen pou l peye, sètadi pati pa l li gen pou l peye pou yon sèvis oswa yon medikaman li resevwa, se depans li fè ak lajan ki soti nan pòch li a.

Limit depans ak lajan ki soti nan pòch ou a (out-of-pocket threshold) – Se montan maksimòm ou ka gen pou peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou medikaman Pati D w yo.

Plan PACE – Yon plan PACE (Program of All-Inclusive Care for the Elderly) se yon plan ki mete ansanm sèvis medikal, sèvis sosyal avèk sèvis ak sipò alontèm (long-term services and supports, LTSS) pou ede moun ki frajil yo viv yon fason ki endepandan epi kontinye rete nan kominote yo a (olye yo ale nan yon mezon retrèt) pou tout kantite tan sa posib. Moun ki enskri nan plan PACE yo jwenn benefis Medicare ak Medicaid yo atravè plan nou an.

Pati C (Part C) – Konsilte definisyon pou plan Medicare Advantage (MA) la.

Pati D (Part D) – Se yon pwogram benefis pou medikaman sou preskripsyon Medicare ki volontè.

Medikaman Pati D (Part D drugs) – Se medikaman ki ka kouvri nan Pati D a. Nou gendwa ofri oswa nou gendwa pa ofri tout medikaman Pati D yo. Kongrè Etazini an retire kèk kategori medikaman nan kouvèti asirans Pati D a. Genyen kèk kategori medikaman Pati D ki dwe kouvri nan chak plan.

Penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D (Part D late enrollment penalty) – Se yon montan ki ajoute sou prim ou peye chak mwa pou plan w lan pou yon kouvèti asirans pou medikaman Medicare si w te rete san w pa t gen yon kouvèti asirans ki kreditab (yon kouvèti asirans ki sanse peye an mwayèn yon kantite kòb ki omwen egal ak kouvèti asirans pou medikaman estanda Medicare a) pandan yon peryòd 63 jou suivi oswa plis apre ou te vin kalifye pou enskri nan yon plan Pati D pou premye fwa. Si w pèdi èd siplemantè w (Extra Help), ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta si w te fè 63 jou suivi oswa plis san w pa t gen Pati D oswa yon lòt kouvèti asirans ki kreditab.

Prim (premium) – Se kantite kòb ou peye regilyèman bay Medicare, yon konpayi asirans oswa yon plan sante pou jwenn yon kouvèti asirans pou swen sante oswa pou medikaman sou preskripsyon.

Sèvis prevantif (preventive services) – Se sèvis swen sante ki la pou ede w rete an sante, pou detekte pwoblèm sante yo bonè, pou detèmine tretman ki pi efikas yo e pou evite sèten maladi. Egzamen, piki, analiz nan laboratwa ak tès depistaj se sèvis prevantif yo ye. Epitou, yo gen ladan yo pwogram pou suiv sante a, konsèy ak edikasyon pou ede w pran swen sante w.

Pwofesyonèl sante prensipal (primary care provider, PCP) – Se yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl sante ou konsilte an premye pou pifò pwoblèm sante yo. Nan anpil plan sante Medicare, ou sipoze konsilte pwofesyonèl sante prensipal ou anvan w ale kay yon lòt pwofesyonèl sante.

Otorizasyon alavans (prior authorization) – Se yon apwobasyon ou dwe jwenn alavans pou jwenn sèvis oswa sèten medikaman, selon yo seri kritè ki defini. Nan tablo sou benefis pou swen medikal yo ki nan chapit 4 la, sèvis ki kouvri yo make lè yo mande yon otorizasyon alavans. Nan fòmilè a ak nan kritè nou afiche sou sitwèb nou an, medikaman ki kouvri yo make lè yo mande yon otorizasyon alavans.

Pwotèz ak òtèz (prosthetics and orthotics) – Se yon seri aparèy medikal tankou, san limit, atèl pou bra, pou do oswa pou kou; manm atifisyèl; je atifisyèl; ak aparèy ki nesesè pou ranplase yon manm ki anndan kò a oswa yon fonksyon kò a, san wete founiti ostomi ak terapi nitrisyon anteral ak paranteral.

Òganizasyon amelyorasyon kalite (Quality Improvement Organization, QIO) – Se yon gwoup doktè k ap egzèse ak lòt espesyalis swen sante ki jwenn yon peman nan men gouvènman federal la pou yo verifye epi pou yo amelyore swen pasyan Medicare yo resevwa yo.

Limit sou kantite (quantity limits) – Se yon zouti jesyon ki la pou limite fason yo itilize yon medikaman pou rezon kalite, sekirite ak itilizasyon. Limit la gendwa aplike sou kantite medikaman nou kouvri pou chak preskripsyon an oswa li gendwa aplike sou yon peryòd tan byen presi.

Zouti benefis an tan reyèl (real-time benefit tool) – Se yon pòtay oswa yon aplikasyon enfòmatik ki pèmèt moun ki enskri yo jwenn enfòmasyon ki konplè, ki egzak, ki ajou, ki apwopriye nan domèn klinik e ki adapte ak bezwen yo sou fòmilè a ak benefis yo. Sa gen ladan l montan depans pataje yo, medikaman altènatif nan fòmilè a ki ka sèvi menm jan ak yon lòt medikaman pou menm pwoblèm sante yo, ak restriksyon sou kouvèti asirans lan (otorizasyon alavans, terapi pa etap, limit sou kantite a) ki aplike sou medikaman altènatif yo.

Referans (referral) – Se yon òdonans doktè prensipal ou ekri pou ou ka ale kay yon espesyalis oswa pou w jwenn sèten sèvis medikal.

Sèvis reyabilitasyon (rehabilitation services) – Sèvis sa yo se swen reyabilitasyon pou pasyan ki entène, fizyoterapi (pou pasyan ki pa entène), òtofoni ak ègoterapi.

Medikaman ki seleksyone (selected drug) – Se yon medikaman ki kouvri nan Pati D kote Medicare te negosye yon pri jis maksimòm.

Zòn sèvis (service area) – Se zòn jeyografik kote ou dwe abite a pou enskri nan yon plan sante. Pou plan ki limite doktè ak lopital ou ka itilize yo, ekspresyons sa a fè referans ak zòn

kote ou ka jwenn sèvis woutin tou (sèvis ki pa sèvis ijans). Plan nou an dwe dezenskri w si w demenaje deyò zòn sèvis plan nou an.

Swen nan etablisman swen enfimyè espesyalize (skilled nursing facility (SNF) care) – Se swen enfimyè ak sèvis reyabilitasyon ou resevwa yon fason ki kontini, chak jou, nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize. Pa egzanp, se kapab fizyoterapi ak enjeksyon anba po ou ka jwenn nan men yon enfimyè ki anrejistre oswa nan men yon doktè sèlman.

Plan pou moun ki gen bezwen espesyal (special needs plan) – Se yon kalite plan Medicare Advantage espesyal ki bay yon seri swen sante espesyal pou kèk gwoup moun, tankou sila yo ki gen ni Medicare ni Medicaid, ki rete nan yon mezon retrèt oswa ki gen sèten pwoblèm sante kwonik.

Terapi pa etap (step therapy) – Se yon zouti itilizasyon ki mande pou w eseye yon lòt medikaman dabò pou trete pwoblèm sante w la anvan nou kouvri medikaman doktè w te preskri w an premye.

Revni sekirite siplemantè (Supplemental Security Income, SSI) – Se yon benefis Administrasyon Sekirite Sosyal la peye chak mwa bay moun ki gen revni ak resous ki limite e ki andikape, ki avèg oswa ki gen 65 lane oswa plis. Benefis SSI yo pa menm ak benefis sekirite sosyal yo.

Sèvis ki nesesè rapid (urgently needed services) – Yon sèvis plan an kouvri ki mande yon atansyon medikal imedyat, men ki pa yon ijans, se yon sèvis ou bezwen rapid si w deyò zòn sèvis plan nou an pou yon ti tan oswa si li pa rezonab pou w jwenn sèvis la nan men yon pwofesyonèl sante ki nan rezo a akòz lè a, kote ou ye a ak sikonstans yo. Pa egzanp, sèvis moun ka bezwen rapid se maladi ak blesi moun pran sanzatann, oswa lè yon pwoblèm sante ki te la deja vin pi rèd bridsoukou. Vizit woutin kay doktè ki nesesè pou rezon medikal yo (tankou egzamen ki fèt chak ane a) pa konsidere kòm sèvis moun bezwen rapid, menm si w deyò zòn sèvis plan nou an oswa si rezo plan nou an pa disponib pou yon ti tan.

Ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo

Metòd	Ekip sèvis pou manm yo – Kowòdone
Rele	**1-833-467-3502** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ekip sèvis pou manm yo (**1-833-467-3502** (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan **711**)) genyen sèvis entèprèt nan lòt lang ki gratis pou moun ki pa pale anglè yo.
TTY	**711** Si w rele nan nimewo sa a, apèl la gratis. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè. Ant 1ye avril ak 30 septanm, ou ka rele nou lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.
Faks	**1-833-381-7150**
Ekri	AmeriHealth Caritas VIP Care Member Services P.O. Box 7151 London, KY 40742-7151
Sitwèb	www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) (SHIP nan Florid)

Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) se yon pwogram Eta a ki jwenn lajan nan men gouvènman federal la pou bay moun ki gen Medicare konsèy ki gratis sou asirans sante ki disponib nan zòn yo.

Metòd	Kowòdone
Rele	1-800-96-ELDER (1-800-963-5337)
TTY	1-800-955-8770
Ekri	Florida Department of Elder Affairs 4040 Esplanade Way, Suite 270 Tallahassee, FL 32399-7000
Sitwèb	www.floridashine.org

Deklarasyon sou divilgasyon anba lwa PRA a *Selon lwa pou rediksyon demach administratif yo rele Paperwork Reduction Act yo te pase an 1995, pèsòn pa oblije reponn yon demann enfòmasyon si demann sa a*

pa gen yon nimewo kontwòl OMB ki valid sou li. Nimewo kontwòl OMB ki valid pou demann enfòmasyon sa a se 0938-1444. Si w ta renmen fè kèk remak oswa sijesyon pou amelyore fòm sa a, ekri nan: CMS, 7500 Security Boulevard, Attn: PRA Reports Clearance Officer, Mail Stop C4-26-05, Baltimore, Maryland 21244-1850